BABAD DIPANEGARA IV

PUPUH XXXII
MASKUMAMBANG

1. Lamun dalu tan harsa sare Nrepati, mengkana tyas sira, paran temahane hiki, wus tan bisa haneng donya.
2. Nadyan silih sida sirna laknat kapir, sapa rewang hingwang, dene teka gampang mami, bendara dhingini mring wang.
3. Pan ning mengko dadi lola hingkang ngabdi, keri haneng donya, mengkana kalamun henjing, sinamur lenggah pendhapa.
4. Lan kang rama myang sagung kang pra ngulami, Pangran Behi prapta, lan Pangran Dipanegari, Basah kalih sakanycanya.
5. Hatur huning lamun mengsah waja sami, kathah hingkang pejah, wangsul dhateng Kedhu malih, Pagelen pan sampun kerta.
6. Kangjeng Sultan mesem hangandika haris, gih paman tarima, Dipanagara sireki, dene nora mulih sira.
7. Mring Pagelen Pangran Behi tur neki, mas putu punika, kedah remen neng ngarsaji, pikajeng mring Basah tiga.
8. Basah Ngabdul Latip mapan kang nyepuhi, ngandika Nalendra, Basah kinen haso sami, wus luwar Sri Naranata.
9. Sagung wadya samya susah tyas sireki, tumingal Nalendra, kelamun sanget prihatin, mapan ketawis hing netya.
10. Lan tan harsa salin kang busana meksih, hagemnya kang garwa, mengkana jemungah hiki, Kangjeng Sultan miyos salat.
11. Sabakdanya Sang Nata lenggah neng mesjid, sagung pra ngulama, mengkana samya tur neki, hatenapi Kyahi Maja.
12. Sampun sanget paduka hingkang prihatin, mesem Sri Nalendra, sun niki nora prihatin, hiya mring hingkang wus mulya.
13. Hala hiki dene bojo lan Agami, nging lestari nira, mapan kang sun prihatinni, dadya sura pra ngulama.
14. Kang pandhita sarip hatennapi kaji, Pangran Behi turnya, punapaha Sri Bupati, meksih ngagem hagemira.
15. Kangjeng ratu mapan dereng salin salin, punika kang dadya, susahe di dalem sami, mesem Sang Nata ngandika.
16. Paman behi puniki pan kajeng mami, drerapon hemuta, donya risak temah neki, putra sampeyan punika.
17. Kang jasmani mapan donya pamaneki, drerapon tus kawula, sampun henget mring kang werni, lamun boten mekatenna.
18. Ngupadosa paman dhumateng hing pundi, kang mirib kewala, werna myang ngibadah neki, Ki Maja nambungi nebda.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

19. Hinggih ta lah kawula miharsa warti, duk sinare hika, kramat samargi margi, pratela heloking sukma.
20. Mendah dene miyosa kakung rumiyin, mapan wus pratela, lamun siniyan Hyang Widi, nulya kondur Sri Nalendra.
21. Mapan mundhut ningkah kang sentana hiki, Kangjeng ratu hika, kaprenah nak sanak neki, lan Dolah Prawiradirja.
22. Pan sinareng lawan kang tilaran hiki, Ki Guru Kasongan, karsanya Sri Narapati, mrih heca tyas sagung wadya.
23. Dadya jangkep sakawan ningkah Nerpati, kang sepuh pribadya, kang hibu Pangran dipati, Den Ayu Retna Kusuma.
24. Nulya Raden Ayu Retnaningrum hiki, kang hanem punika, Raden Ayu Retnaningsih, Den Ayu Retnakumala.
25. Hingkang bibi Pangeran Dipanagari, mapan sampun seda, Den Ayu Manubrangteki, kang bibi Den Ayu Basah.
26. Raden Ayu Retna dewati puniki, sampun samya seda, lami kalih sedaneki, duk meksih neng Tegalharja.
27. Dadya sagung ngulama pandhita sami, lan kang pra pratiwa, lan putra sentana sami, dadya heca tyasnya samya.
28. Dene sampun Sang Nata mundhut pawestri, mengkana Nalendra, mapan sangsaya tyasneki, lamun ningali punika.
29. Pesarehaning kang rayi swargi, lan panepenira, dadya nata kondur hiki, dhumateng hing sambirat.
30. Pan sadaya myang repot tan nana kari, tumut ngalih samya, dhumateng hing Sambiradin, hingkang kantun kawis harja.
31. Panembahan lan repot kang sepuh sami, nging jeng ratu hika, hageng mapan tumut ngalih, dereng tega mring kang putra.
32. Henengena Jeng Sultan kang lagya kingkin, yata kang warnaha, Kangjeng Sultan sepuh hiki, hingkang haneng hing ngayogya.
33. Mapan manggung punika den huring huring, dhumateng hing Jendral, sabab kondur tanpa kardi, pan malah hasring tinerka.
34. Hapanggiyan kalawan kang wayah hiki, mapan laknattolah, saking bingungnya tyasneki, Den Menggung Sastradilaga.
35. Hingkang ngradin dhumateng monyca nagari, wus hageng barisnya, wus bedhah hing Rajekwesi, hing rembang sampun kinepang.
36. Pan ning Lasem pasisir wus teluk sami, kantun Surabaya, mapan lagya den ayati, laknattolah kathah pejah.
37. Dadya sanget jeng sultan den uring-uring, susah lajeng grerah, dhasar sampun mosaneki, pan wus laku sepuh ira.
38. Nulya kondur Kangjeng Sultan Sepuh hiki, dhateng rahmattolah, sinarekaken Mentawis, tunggil kalawan kang Eyang.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

39. Kangjeng Sultan hingkang jumeneng Mentawis, kang kaping sapisan, Sang Nata ngaturan huning, kalamun wahu kang Eyang.
40. Sampun kondur dhumateng rahmattollahi, sangsaya tyasira, henget mring hubayaneki, dadya wus tun derbe karsa.
41. Hingkang Eyang kang rayi wus kondur dhingin, nging kantun satunggal, Kangjeng Sultan kang den sihi, Jeng Gusti Iman Li Basah.
42. Hing tyasira nging kantun nerahsa yekti, mring purbaning sukma, lamun kinarsakna hiki, hing dalu siyang sumongga.
43. Haneng donya, wus tan hana kang den sihi, Ki Maja punika, mapan asring resah neki, sebarang parentahira.
44. Pangran Behi myang putra sentana sami, lan kang pra pratiwa, nung hanung rembag pan sami, nuhun parentah kang tata.
45. Langkung resah punika dados satunggil, pengulu lan jeksa, pepatih dados satunggil, mapan Ki Maja sadaya.
46. Paparentahnya henjing sonten ngolah ngalih, pajang sapunika, Raden Arya Sindurjeki, sampun seleh monakawan.
47. Sabab hasring punika dipun resahi, marang Basah pajang, nenggih Seh Kasan Besari, parentahira Ki Maja.
48. Sabab kang lér Jatosnem kerebat malih, mring kapir sadaya, dadya Seh Kasan Besari, ngendhih Den Riya Sindurja.
49. Raden Riya hajrih nulya seleh hiki, hing wektu punika, Ki Maja sring muring muring, sabab sanget hisinira.
50. Mapan kathah kelajeng tekabur neki, dadya saya resah, Ki Maja parentahneki, sabab sanget hisinira.
51. Hawis matur dhumateng Sri Narapati, marma samya rembag, sagung kang pratiwa sami, nuruti Sri Naranata.
52. Basah rema tinimbalan sampun prapti, karsane Nalendra, hingkang kinarya pepatih, westa Den Danukusuma.
53. Mapan iku hingkang wus ta lering patih, negari ngayogja, pinaringan nama hiki, panunggil sami kewala.
54. Nenggih Raden Dipati dinurja hiki, mapan ingkang jeksa, lami meksih dherek hiki, westa Kyahi niti praja.
55. Nanging sampun sanget lunges karsa haji, mapan hanakkira, kang kinarsakken gentosi, paninggih sampun ngulama.
56. Duk ing nguni pan dados pathok nagari, dhongkelan punika, pinaringan nunggak semi, nenggih Kyahi nitipraja.
57. Kang pengulu nenggih muridnya pribadi, mapan Kyahi Maja, kang westa kaji mam raji, lan panuwunnya pribadya.
58. Kangjeng Sultan mapan lajeng hanuruti, nenggih Kyahi Maja, karsanira Sri Bupati, mapan nyentana kewala.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

59. Tunggil damel lan lawan Pangran hangebehi, dadya suka rena, sagung kang pratiwa sami, tenapi putra sentana.
60. Pra ngulama pandhita sarip lan kaji, mengkana hing roma, kepenakannya pribadi, Raden Dipati Danurja.
61. Mapan nusul tan purun kantuna hiki, putrane kang rama, Raden Dipati kang surgi, mapan kekalih punika.
62. Hingkang sepuh den menggung marta namari, kang hanem namanya, Raden Gondakusumeki, sampun katur mring Nalendra.
63. Mapan lajeng kinasiyan mring nerpati, bekta prajuritnya, kang samya wangsannireki, tan purun kantun neng Jruma.
64. Kawandasa mapan Panjinnya kekalih, samya prawirannya, hanenggih namannireki, Mas Panji Sontaduwirya.
65. Lan Mas Panji Citraduwirya puniki, karsane Nalendra, sedaya pinundhut sami, kinarya sisiyannira.
66. Mantra lebet dadya kiwa tengen niki, dene kang wedana, mapan meksih tetep hiki, den menggung Mertanagari.
67. Hingkang tengen den menggung Puthut laweku, samya kawandasa, Raden Gondakusumeki, mapan kinnarya wedana.
68. Ponakawan pan Mas Kasim lurah neki, hing roma punika, dereng wonten Basahneki, mapan den hiras kewala.
69. Nenggih dhateng Raden Basah Ngabdul Latip, gentya kang winarna, nenggih kang monyca negari, den Basah Sastradilaga.
70. Sampun kathah telukkannira nagari, laknat kathah pejah, Pagelen lawan Mentawis, sepi datan wonten mengsah.
71. Nanging kantun hingkang tengga beteng sami, mengkana Ki Maja, pan kumat tekaburneki, ngaturi bedhah ngayogja.
72. Sabab suwe sagung laknat mapan sami, kinnerig sadaya, dhumateng monca nagari, cina hing Nglasem sadaya.
73. Mapan sampun samya manyjing Agami, den Sasradilaga, dadya supe weling haji, hanyjamahi nyonah cina.
74. Pan punika hingkang dados margineki, hapes jurit tira, kapenakkanira sabil, lan Kangji Muhhamad Kangsan.
75. Pan ing pathi lawan bapakipun sabil, tiga sedhereknya, hingkang samya tumut sabil, lan Raden Mulyakusuma.
76. Tubin sabil Raden Sastradilageki, pan lumajeng nulya, dhumateng mentawis malih, cina kathah pinejahan.
77. Dening laknat sabab kanycanya keh mati, datan lami nulya, laknattolah wangsul malih, dhateng Mentaram sadaya.
78. Sampun prapta dadya nagri hing Mentawis, kathah malih mengsah, lajeng karya beteng hiki, hing baligo tinadhahan.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

79. Mring dipati Purawan sakoncaneki, lawan Kannigara, mapan hinggih den tawahi, mring Pangran Sumanagara.
80. Sakancanya langkung rame hing ngajurit, pan sadina dina, tan wonten kuciwa sami, dereng nuhun bantu samya.
81. Mapan meksih sami kuwawi nadhahi, mengkana winarna, Kangjeng Sultan kinen kardi, langgar Halit panepen hika.
82. Cinelakken lawan mesjid hageng hiki, Ki Maja haturnya, mapan ngiras makmum hiki, gangsal wektu bar jumungah.
83. Kangjeng Sultan mapan lajeng hanututi, neng langgar kewala, datan kondur kondur hiki, Sang Nata neng pesanggrahan.
84. Kang ngladosi nging Tumenggung tiga hiki, giliran punika, Raden Mertanegareki, lawan Raden Puthutlawa.
85. Raden Gondakusuma hingkang nyaponi, pesareyan nata, Ki Maja haturireki, yen marengi sri narendra.
86. Pan kawula hayun nyambi mulang hiki, paduka mirsakna, Sang Nata mapan lilani, Ki Maja malih turira.
87. Padukaji kekadhangan jalma supi, hantawis punika, kang kresa naming satunggil, mesem ngandika Nalendra.
88. Sun tan weruh hapa karsaning yang Widi, hing wektu punika, jumungah pan dados kalih, hingkang celak lan Nalendra.
89. Kawisharja mapan lawan Sambiradin, ngulami kang mulang, hing celereng mapan satunggil, Seh Barmawi namannira.
90. Pan wus kathah santri hingkang prapta ngaji, dene Sambirata, Ki Maja pemahosneki, kitab kang hageng kewala.
91. Pan gentosan sagung kang prangulama sami, Ki Maja mengkana, wicanten mring pra ngulami, heh konca sagung ngulama,
92. Hapa sira seja talab marang mami, pan nantun kewala, yen tan sedya talab hiki, hanguran padha metuwa.
93. Sri Nalendra mesem sareng hamiharsi, Ki Maja wuwusnya, nulya handika haris, heh sira Mertanagara.
94. Puthutlawa Gondakusuma wus dadi, muride Ki Maja, sabab padha ngrungu hiki, dadi sira kena kala.
95. Pan katiga gumujeng samya tur bekti, yen kenging patikbra, paduka ji hinggih kenging, Sri Natagumujeng suka.
96. Mapan hingsun wus maca kitab pribadhi, hiki mapan tunggal, padha min hajul ngabidin, lawan muni bilat hika.
97. Sira hiku katelu kabutuh dadi, ngalor ngidul kala, samya suka gujengneki, mengkana wus tan winarna.
98. Kawarnaha wahuta hingkang hajurit, laknat sring kuciwa, wungsal wangsul datan dadi, malah kathah hingkang modar.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

99. Medal malih kinrerig Magelang hiki, lawan hing ngayogja, sala mapan kang bantoni, dadya samya hageng ngira.
100. Hing baligo lawan kannigara hiki, mapan ki Hurawan, lan Pangran Sumanegari, kawratan kathahen lawan.
101. Mas Tumenggung Martaduwirya pan sabil, tatu dhadhanira, kabrereg wong Islam sami, hing Kanigara mengkana.
102. Mapan Rongga hing gancahan hingkang sabil, pan sareng sadina, samya tatu dhadhaneki, wus katur marang Nalendra.
103. Nulya Raden dipati Danurja sabil, bantoni ngayuda, kalawan kang Basah kalih, budhalan saprajuritnya.
104. Sampun prapta hing Pasekan Den Dipati, nging beteng wus dadya, laknat lajeng tan medali, samya neng betengkewala.
105. Hing baligo lawan kanigara hiki, Basah mapan samya, rembag hagiliran sami, kang mathoki den Dipatya.
106. Mapan lajeng mesanggrahan Den Dipati, hing dhusun ganjuran, sabab hangsal calang kalih, laknattolah malih prapta.
107. Langkung kathah nulya Rahaden Dipati, Basah tinimbalan, lajeng datan mawi gilir, mapan prang sadinadina.
108. Yen kabujung laknat ngungsi beteng sami, nging mariyemira, hingkang den dellaken hiki, mengkana lajeng bubuhan.
109. Gusti Basah ngajengaken mengsah hiki, kang saking ngayogya, lan Pangran Sumanegari, sakancanipun sadaya.
110. Basah Ngusman ngajengaken mengsah hiki, lan Raden Dipatya, hingkang saking Kedhu sami, lawan dipati hurawan.
111. Sakancanya mengkana mapan marengi, kang mengsah Ngayogja, sampun datan saged mijil, pan hasring kuciwanira.
112. Kathah pejah laknat lawan murtad hiki, Kangjeng Gusti iman, Muhamad li Basah nenggih, mapan pinaringan serat.
113. Saking Raden Dipati Danurja hiki, lapur yen sah Ngusman, Li Basah pan mantuk sakit, lawan Dolah seh kangjika.
114. Ngabdul Kadir kenging mriyem dhadhaneki, kontal datan pasha, nanging mapan lajeng sakit, lan ngantos luntak ludira.
115. Kang bulkiya pan nanging kantun satunggil, Seh Dolah kajika, Mustapa sakoncaneki, jeng Gusti watos tyasira.
116. Lajeng tedhak nanging tan bekta prajurit, dhumateng ganjuran, yun panggih Raden Dipati, nanging prajurit waneng prang.
117. Hingkang dherek kawandasa kathahneki, Dolahnyasatunggal, Raden prawira puniki, kusuma panji satunggal.
118. Raden Panji Sumaduwirya sun iki, kang gadhah magetan, mengkana kepareng hugi, kadya wus karsa Hyang Sukma.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

119. Den Dipati kahinggahan denning kapir, kaberag yudanya, sagung Islam mawut sami, sabab sanget henjingira.
120. Dadya kagyat mengkana kapethuk nuli, laknat lawan murtad, lan jeng gusti Basah kamil, ngaturan mundur tan harsa.
121. Sabab sampun samya katingal puniki, lingsem yen wangsula, kadya wus karsaning Widi, prapta marga sabillolah,
122. Gusti Iman Muhamad kang Ngabdul kamil, Ali Basah hika, lajeng campuh hing ngajurit, hing ngedrel kanin kang jaja.
123. Mapan lajeng hanrus mring walikat neki, nging meksih neng kuda, hingkang rah hameratani, marang hing rasukanira.
124. Gennya ngasta lawung lajeng rentah hiki, waneng prang tumingal, lamun kangjeng gusti kanin, dadya sareng nempuh samya.
125. Kawandasa mapan sedya kang mbek pati, hingkang gangsal hika, ngunduraken Kangjeng gusti, ngampingan meksih nengkud.
126. Lajeng kuwel sanjata wus datan muni, wahos campuh hika, kalawan sangkuh puniki, laknat bangkenya gelasah.
127. Den Dipati sareng mulat Kangjeng Gusti, yen kanin kang jaja, mapan nulya melajengi, tumut ngunduraken hika.
128. Sagung hingkang prajurit pan wangsul sami, kang lumajeng hika, tumingal waneng prang hiki, kawandasa ngamuk samya.
129. Sareng nempuh lajeng laknat murtad hiki, kalindhih yudanya, sangsaya keh bangke neki, lawan kang kekecer hika.
130. Laknat lajeng samya ngungsi beteng sami, Islam mapan samya, hingkang bujung wangsul sami, den Panji Sumaduwirya.
131. Mapan lajeng prapta hing sabillolahi, hajur kang kunarpa, mapan tatu sangkuh sami, neng tengah laknat bangkenya.
132. Raden Dolah Prawirakusuma kanin, pan kerapanira, kenging mimis tan punapi, liya punika sadaya.
133. Wadya Islam pan samya lujeng puniki, nengna kang winarna, gusti Basah hangranuhi, sampun tedhak sakingkuda.
134. Tinangisan mring sagung prajurit sami, myang Raden Dipatya, lan sagung pratiwa sami, rumahos tiwas sadaya.
135. Haneng tandhu mapan hasring supe neki, hing samarga marga, binekta kondur puniki, dhumateng hing sambirat.
136. Hingkang mikul prajurit lawan Bupati, den Sumaduwirya, liyannya wus den saheni, marang Rahaden Dipatya.
137. Sampun katur dhumateng Sri Narapati, lamun hingkang putra, kanin jaja lawan hasring, supe hing samarga marga.
138. Sri Nalendra kendel tan ngandika hiki, geger sambirat, wurohan swaranning tangis, Pangran Behi lan Ki Maja.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

139. Pangran prabu lan pangeran Ngabdul Majid, pan pethuk sadaya, lan Pangran Dipanagari, Panembahan sampun prapta.
140. Pan sedaya lajeng kapethuk hing margi, prapta hing pasowan, sambirat Sri Bupati, lumajeng methuk kang putra.
141. Pan hingaras mustakannira kang siwi, pan henget sakedhap, Kangjeng Gusti haningali, wahu dhumateng kang rama.
142. Mapan lajeng hingkang waspa hadres mijil, wus prapta pendhapa, lajeng sinarekken hiki, gusti Raden hayu Basah.
143. Mapan lajeng nungkemi padanireki, praputri sadaya, sepuh hanom muhun sami, tanapi jeng Panembahan.
144. Samya watos dhumateng Sri Narapati, nging kantun punika, hingkang dados telenging sih, den Dolah Prawiradirja.
145. Tinimbalan tan pantara nulya prapti, dereng mantun hika, labet nanging tan punapi, kenging pelor wentisira.
146. Hingkang garap benggala westa nur ngali, sareng praptanira, Dolah lajeng hanungkemi, pada sanget tangisira.
147. Kangjeng Sultan sangsaya ngles tyasneki, ningali kang putra, langkung dres hingkang rah mijil, gonda lir garu cendhana.
148. Nging jeng gusti pan sampun henget sekalir, lan cetha ngandika, mapan lir waluyaneki, Kangjeng Sultan hangandika.
149. Sapa kulup hiya hingkang sira tuding, hanggenteni sira, yen hana karsa Hyang Widi, Kangjeng gusti haturira.
150. Nging pun Senthot jeng gusti ngandika haris, heh ta Senthot sira, poma den hangati hati, lawan hingsun jaluk tondha.
151. Kulit putih hiku kang minongka bekti, kehe mapan rolas, sabab hiku marga mami, kaya mengkene hiki hiya.
152. Hingkang garap benggala wenggala westa nurngali, Kangjeng Sultan nulya, kondur marang mesjid malih, sedaya wus kinen bubar.
153. Hingkang tengga benggala wan kang rayi, kalawan kang Eyang, Kangjeng Ratu Ageng nenggih, tan tebih dhukun benggala.
154. Sareng dalu hingkang rayi den haturi, sare nunggil hika, rinangkulan ngandika ris, bendara hanger kariya.
155. Mapan hingsun wus tan bisa neng donyaki, Raden hayu nulya, hingkang raka den sukemi, kalawan hasru karuna.
156. Lan benggala dhukun sanget denya nangis, dadya tur huninga, dhumateng Sri Narapati, nulya kondur Sri Nalendra.
157. Sampun rawuh pendhapa nulya Jeng Gusti, pan henget sakedhap, ngabekti marang Nerpati, lajeng prapta sabillolah.
158. Kang ludira langkung kathah hingkang mijil, harum gandanira, lingsir dalu wayah neki, Kangjeng Gusti kondurira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

159. Pan dhumateng hing rahmattolah puniku, hangsala kang marga, hing sabillolah sayekti, gumuruh sagung karuna.
160. Hingkang rayi Kangjeng Gusti hanungkemi, Sang Nata ngandika, dipanegara sireki, gawa den munduren nira.
161. Hingkang layon Kangjeng Gusti Ngabdul kamil, Muhamad li Basah, karsannya Sri Narapati, ri sampunnya sinahenan.
162. Mapan lajeng binekta dhateng surambi, tinengga ngulama, pandhita sarip lan Khaji, sedalu samya dikiran.
163. Kangjeng Sultan lenggah haneng langgar hiki, pan sandhing kewala, lawan layonnya kang siwi, celak nging let gedhek hika.
164. Pan sedalu datan hana kang wong guling, saking sungkawanya, kang putra sentana sami, kecalan wawrating yuda.
165. Sareng sampun bakda subuh kangjeng gusti, hingakat ken nulya, sinarekken kitha giri, tinunggil seh guru hika.
166. [hal.23]Hing kuweron ki pangulu lan ngulami, pandherek sadaya, pandhita sarip lan Khaji, hingkang jajari neng ngarsa.
167. Mantri Lebet den menggung marta nagari, lawan Puthut Lawa, nulya waneng prang nambungi den Dolah Prawiradirja.
168. Pan nindhihi sagung hingkang husar sami, mapan ta rinnengga, hanglir duk jumeneng neki, yen kala mangkat hayuda.
169. Kang salompret tambur mapan datan keri, kelajeng Nalendra, tumut lumampah neng wingking, tan kantun putra santana.
170. Saking dene geng tresna Sri Narapati, dhumateng kang putra, Ki Maja mapan tan kari, layon medal kawisharja.
171. Kangjeng Sultan kendel kawisharja hiki, myang putra santana, mengkana hamertandhani, mendhung kedhik kang ngakasa.
172. Mapan saking kidul kilen dhateng neki, nulya dres kang jawah, dene hingkang dherek sami, datan wonten kang kodanan.
173. Kyahi Maja mengkana hing ngaturneki, punika kang tondha, lamun bale haras nangis, nenuhun dhateng Hyang Sukma.
174. Lintonipun malih prajurit kang luwih, samya krahos tyasnya, Panembahan Pangran Behi, mapan kumembeng kang wespa.
175. Kangjeng Sultan mesem hangandika haris, pan sampun rinasa, punika kang wus hutami, dene kula lan sampeyan.
176. Mapan dereng kantenan karsaning Widi, pan wayah sampeyan, teksih wonten kang ngurmati, hinggih dhateng layonira.
177. Kang pretondha tan hewah rahmating Widi, pan dadya sangsaya, gung putra sentana sami, kathah kagagasing driya.
178. Nulya kondur Sang Nata mring Sambiradin, lajeng manyjing langgar, kathah kreratos tyasneki rumahos lola donya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

179. Lurah Kasim mengkana hingaturneki, duk wahu kawula, dikir subuh pan hudani, dhumateng putra Nalendra.
180. Mapan kados penganten binayang kari, pan nitih jempana, ginarebeg sagung hestri, hangagem raja keputran.
181. Kasangsangan pan sekar sinureng pati, lawan ngagem jamang, rinumpak hing susutyadi, hanting-anting tebah jaja.
182. Hingkang ngadhep pan wanodya kalih sisih, neng nginggil jempana, pinahesan mapan sami, sekawan samya geng ngira.
183. Myang kang werna raja keputrannya sami, dene kang salira, gangsal kadya mas sinangling, balerengi netra kula.
184. Ngaler ngilen miyos sanginggiling masjit, dene kang jempana, pan hanglir surya lumaris, Sang Nata sujud mring sukma.
185. Lawan nebut mapan halkimdulilahi, mengkana winarna, hingkang dherek layon sami, prapta lajeng sohan nata.
186. Ki Pangulu myang sagung kang prangulami, pan dinangu nulya, niskara wus katur sami, Sang Nata lajeng ngandika.
187. Heh pangulu pan wus sisan karsa mami, banjur ngangkat Basah, padha sebaha hing mesjit, lan kabeh sakancanira.
188. Ki Pangulu sandika lengser sing ngarsi, kanjeng Panembahan, [hal.26]hing ngaturan pan wus prapti, myang sagung putra sentana.
189. Lajeng samya kinen sohan wonten mesjid, tan kantun Ki Maja, Pangran Behi kang makili, dhateng Rahaden Dipatya.
190. Den dhawuhken karsanya Sri Narapati, hing sasabilira, kangjeng gusti kang gentosi, den Dolah Prawiradirja.
191. Kang misesa sagung prajurit hing jawi, dene namanira, mapan hinggih meksih lami, nging wewah Ngabdul mustapa.
192. Raden Basah Prawiradirja puniki, kang Ngabdul mustapa, ngulami sami ngestreni, pandhita putra sentana.
193. Wus mupeket myang sagung pratiwa sami, langkung sukarena, mring karsaning Sri Bupati, mengkana wus tan winarna.
194. Kang niskara benggala dhukun nur ngali, sanget tangisira, tinilar mring Kangjeng Gusti, mengkana sesambattira.
195. (nomor ini terlewatkan, tidak ada 195).
196. Haku gusti mapan nora bisa kari, hing donya ngakerat, nging kowe hingsun ngengerri, hing siyang dalu mengkana.
197. Sasambatnya nuhun hidi mring nerpati, yun ngamuk pribadya, Sri Nalendra tan marengi, mapan kinon ngentoshana.
198. Lamun sampun pitung dintenya kang siwi, kinon sareng Basah, panglurugnya nging ngentosi, kang pitung dinten kewala.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRES.COM

199. Kangjeng Sultan sangsaya ngles hing tyasneki, mirsa sambattira, benggala dhukun nur ngali, Khaji haluwi kang winarna.
200. Nuwun pamit pan kepengin pejah sabil, mirsa tuturira, punika mas Lurah Kasim, Kangjeng Sultan hangandika.
201. Bok den ririh mongsa wurung besuk kaji, mapan suryagama, nanging sira hotot neki, lawan Khaji mangsur hika.
202. Khaji haluwi humatur sarya hanangis, gumantung tyas hamba, mapan nanging pejah sabil, kepengin hajeng huninga.
203. Rahosipun ganyjarranipun hingsabil, dados suryagama, mapan hawis tangled neki, lan konca hawis purunnya.
204. yata mesem sarwi ngemu waspa haji, kathah kang kegagas, nulya hangandika haris, ya wus kaji bener sira.
205. Mapan hiku yekti wekasaning ngurip, wus sakareppira, mapan hingsun hangamini, bareng nganur ngali sira.
206. Kalih mapan langkung lega tyasnya sami, nulya ngaras pada, wus lengser saking ngarsaji, sampun panggih Raden Basah.
207. Mapan lajeng nuhun dados husar sami, pan wus tan winarna, sareng pitung dinten neki, den Basah Prawiradirja.
208. Nulya budhal sawadya kuswa puniki, mring sawetan praga, wus panggih Raden Dipati, Den Basah Prawiradirja.
209. Laknattolah lan murtad lajeng medali, saking hing Ngayokja, mapan langkung kathah neki, nulya pinethukken yuda.
210. Dhateng Raden Basah Prawiradirjeki, myang sagung pratiwa, pan lajeng campuh hing jurit, waneng prang kalawan husar.
211. Mapan wus nir hingkang subasita sami, bayatan wikara, nging ngesthi yun bela gusti, hingkang hussar pangiridnya.
212. Nenggih Dolah prawira rana lan kaji, hal winurngallika, waneng prang pangiridneki, den riya kretana dika.
213. Laknat murtad pan langkung pangedrel neki, mriyem wus tan munya, hingkang husar tempuh sami, husar langkung ramenira.
214. Pecang mengsah lan wahos wus tan ngundhili, bestul wus tan munya, husar laknat kathah mati, lumajeng hangungsi samya.
215. Mring pelangkir pelangkir wus bubrah hiki, hing ngamuk waneng prang, gelasah bangkene reki, kanggesang lumajeng samya.
216. Kajihalwi lawan benggala nur ngali, wus prapta sabilnya, sareng lan turongga neki, kang wahos putung kalihnya.
217. Kang prajurit waneng prang kalih kang sabil, ponakawanira, Kangjeng Gusti Basah surgi, pun mukmin lawan pun kaska.
218. Pan sekawan samya jur kunarpaneki, tunggil bangke laknat, pan kathah banyjanganneki, kapal kalawan senjata.

219. Dadya sanget laknattolah kendhaneki, lan sanget risaknya, ngantos lami tan medali, Ki Maja ngot malih hika.
220. Tekaburnya sababa sampun pulih, hing prangnya punika, lawan saged ngaben jalmi, kawarnaha Sri Nalendra,
221. Hing tyasira wus telas sengarsi harsi, kanikmattan dunya, nging kantun mring kang sejati, marma barang haturira.
222. Den Dipati lawan Kangjeng Pangran Behi, tiga Raden Basah, Kangjeng Sultan hanuruti, Pangran Ngabdul Rakim hika.
223. Lagya grerah lami tan nindhihi jurit, lawan ki hurawan, mapan hiya lagya sakit, pan linorod kalihira.
224. Pangran Ngabdul Rakim hingkang hanggentosi, nenggih hingkang putra, pangeran sumanegari, hiku rawan secadirja.
225. Kyahi Maja kelangkung hamuring muring, sabab kihurawan, nging punika hingkang meksih hangadhep sakajengira.
226. Temahannya nguring huring mring nerpati, genya mahos kitab, pan kinarya memiringi, kitab lubab kang winaca.
227. Genya karya murid ginepokken hiki, marang Sri Nalendra, sebarang kang murid sami, Sang Nata mesem kewala.
228. Pan Ki Maja saya keh kelajeng neki, barang ngelmi hika, mapan hingngaken pribadhi, hingkang rinilan mring sukma.
229. Hingkang ngadhep ngulama muridnya sami, kang dede muridnya, mapan datan hayun huning, sabab kathah sring selaya.
230. Hingkang murid datan kenging den wahoni, mengkana nujuha, kitab nyatur bab ngulami, pandhita kalawan khukma.
231. Hingkang ngadheppa hulami gangsal puniki, sedaya muridnya, Ki Pangulu den takeni, hapa tegese ngulama.
232. Lan pandhita khukma suhada hiki, Ki Pangulu turnya, kawula pandereng huning, Ki Maja latah guyunya.
233. Seprandene sira padha ngaku Halim, mengkana tan bisa, bedanya sawiji wiji, ki Barmawi haturira.
234. Mapan hinggih tampi kawula kiyahi, sekawan punika, mapan yektos sanes hugi, kajengnya jingga nomnoman.

PUPUH XXXIII
D U R M A

1. Paran sira Barmawi hiki ran nana, hingkang sawiji wiji, Barmawi haturnya, pan hinggih kang ngulama, punika yekti tan pisthi, dados khukemma, khukkemma nerambahi,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

2. Nanging hinggih sing ngulama hawittira, yen wis pinaring pesthi, nugrahan hyang sukma, lajeng dados khukemma, Ki Maja hanebda malih, mararanana, rupane hingkang ngendi.
3. Kang hulama bedane lawan khukemma, Barmawi haturneki, hinggih kang hulama, mapan konca sadaya, khukkem sampeyan kiyahi, Ki Maja suka, bener temen barnawi.
4. Henjang malih Barmawi nulya den hundang, tan purun Seh Barmawi, saweg hewed mulang, dadya kantun sekawan, ki pangulu lan ki kawis, lan kidhadhappan, lawan Kyahi melangi.
5. Dumugekken kang rahos wingi punika, Ki Pangulu turneki, tan dugi kawula, sekawan mapan samya, Ki Maja gumujeng hangingling, dene ta sira, kumaki gelem dadi.
6. Pan pengulu hiku luwih habottira, golongan khukmeki, dene kang pandhita, supi wekasanira, tan bisa parentah jalmi, kang hakeh hika, sabab wekasan tokid.
7. Dadi nora kena lamun tinurutta, marang wong hakeh hiki, kejaba khukkema, hiku pesthi kang bisa, kang tinut mring hakeh hiki, lan tokhid huga, mapan kandhangan Iblis.
8. Marmanira kabeh sira hiku padha, hajananganggo tokhid, duk mirsa Nalendra, sinipi dukanira, selaminnya den piringi, mesem kewala, kadya karsaning Widi.
9. Hing sadinten punika sanget bendunya, heh tamaja sireki, durung tutug sira, kiyanatte tennira, kitab sira goling Haling, tekaburrira, ngandel ken sira hiki.
10. Sugih murid lan cineluk guru sira, hingsun tan nedya yekti, guru bathangira, lan sakeh ngelmu padha, pan sira haku pribadi, kang duwe hika, ngelmu kagungan Widi.
11. Pinaringken mring manusa kabeh hika, sing kinarsakna dadi, maja mapan sira, dudu Jeng Rasullolah, pan padha manungsa yekti, tekaburrira, den neki pati pati.
12. Kangjeng Sultan nulya kinen nimbalana, ngulama lawan Khaji, tan pantara prapta, handher ngarsa Nalendra, ngulami kang sepuh hiki, wot galeh hika, lan Kyahi wonten nasari.
13. Khaji Dolah Badarrodin sakanycanya, sangnata ngandika ris, heh sanak ngulama, lan Badarrodin sira, hingsun yun takon sayekti, mring ngelmunira, poma haja wewadi.
14. Den belaka kabeh hiku hapa sira, padha tan nganggo tokhid, sedaya haturnya, nuhun duka Nalendra, lamun boten mawi tokhid, pundi marginya, ngabekti mringHyang Widi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

15. Pan wicalan sinuhun mapan sekawan, iman kalawan tokid, makripat lan Islam, kados pundi genbucal, mila punika ngalampahi, haprang lan laknat, sing parentahe tokidnya.
16. Kyahi Maja sareng mirsa dukanira, lamun sanget Nerpati, langkung hajrihira, nulya kengkenan hika, mertelakken mring Nerpati, Kyahi Dhadhappan, lawan Kyahi melangi.
17. Lawan kitab kang winaca kinen bekta, wus prapta hing ngarsaji, mengkana haturnya, pukulun pan punika, kitab kang winahos yekti, dhateng pun paman, tan rumahos ngewahi.
18. Mapan nanging nurut kitab hungellira, saya duka nerpati, heh Dhadhappan sira, hingsun masan tan nedya, mahoni wirayatneki, mring kitab hika, mahu hingsun miharsi.
19. Hana ngucap wong supi tokid wekasnya, pan tokid hiku Iblis, poma haja hana, wong nganggo tokidhika, lan tan kena tinut jalmi, Kyahi Dhadhappan, mengkana haturneki.
20. Pan kawula tan mireng wahu punika, henggen kawula wingking, ki mlangi hika, pan tumungkul kewala, datan tumut matur hiki, mapan sangsaya, bendunira nerpati.
21. Dene hana ngulama kidib punika, dangu Sri Narapati, mring kang samya seba, Raden Martanagara, lawan Puthut Lawa hiki, Gondakusuma, hapa sira tan miharsi.
22. Lamun hana mahu kang wong hundhang hundhang, katiga matur sami, pandidalem konca, kados mirsa sadaya, tumungkul Kyahi hajali, nata ngandika, wus lungaha hajali.
23. Tanpa gawe padha sinebut ngulama, wus mundur kalihneki, Ki Maja gya prapta, pan hesmu langkung jrihnya, sarya gumeter turneki, mapan kawula, dremi nirokken yekti.
24. Hingkang kitab pan wonten mungel punika, kalamun tokid Iblis, Sang Nata ngandika, heh tapira Ki Maja, wilangane Islam hiki, dalan ngibadah, Ki Maja hatureki.
25. Mapan hinggih nanging sekawan punika, iman kalawan tokid, makripat lan Islam, Sang Nata hangandika, paran gene nganggo hiki, kang telu hika, binuwang salah siji.
26. Kyahi Maja lajeng tumungkul kewala, tan saged matur nuli, Sang Nata ngandika, heh paran sira padha, ngulama kalawan Khaji, panganggenira, ngelmu kang papat hiki.
27. Pan sedaya haturnya dereng kaduga, Sang Nata ngandika ris, mangkane yen hingwang, lamun during mupakat, padha howah hana mami, hingsun pan lila, hamrih bener ngabekti.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

28. Hingkang iman tegese mapan panrima, rehning pinaring hurip, mring alah tangala, tokid tegese nyata, olahe hanglakoni, maring parentah, habot hendhang tan nampik.
29. Kang makripat wus nora roro pan ningal, badan pan rusak hiki, tan tinolih hika, cipta mongsa kariya, nging karep maring kang jati, purbaning sukma, Islam hing tegesneki.
30. Mapan pasrah wus tan derbe hapa hapa, kabeh purbaning Widi, nging kari sumongga, dunya kherat wus padha, nging sih hing rabil ngalamin, makluk wus sirna, hiku pangrasa mami.
31. Kumpulira papat tokid haranira, pratondha wus ngantepi, sapawahonana, lamun durung raharja, hage sun mengkonougi, pan hingsun lila, hamrih mupakatneki.
32. Hatur sembah sadaya tumungkul samya, mapan dereng dumugi, lir karsa Nalendra, Ki Maja ris haturnya, sanes kang hamba rahosi, tokid punika, mapan tokiding Iblis.
33. Boten purun sujud mring kang liya Allah, nanging ngekahi jangji, kang huni kewala, saking Allah tangala, mring Hadam lumuh kepati, mapan punika, kitab wirahosneki.
34. Pan wus bener najan hiku hiya tunggal, lamun wekasan neki, nanging kari pasrah, Iblis hiku tan hana, pandurung tarima yekti, nungkul lan Hadam, nadyan wong Islam hiki.
35. Hiya nora tarima kungkul lan laknat, padha gendholan dalil, nanging kari hesah, Islam gendhollanira, mapan jeng rasul lolahi, hiku hupama, jeng nabi Adam dhingin.
36. Iblis hiku dadi dalille silaknat, nurut karep pribadi, hiku prabedanya, wekasane pan padha, dene jeneng tokid, tan roro hika, nanging rabil ngalamin.
37. Kapir Islam pan hiku kinarepan, nanging kari sahiki, laknat mapan batal, sabab Iblis kang jarah, pan tinut sakarep neki, paran Ki Maja, yen nora nganggo tokid.
38. Dadi huripira hiku kaya kaya, dene Islam kang pesthi, hiku yake jarah, marang jeng rasullolah, sabab hiku kang gedhongi, ngelmuning Allah, tan hana liya maning.
39. Hingkang dadya dalan tokid praptanira, marang rabil ngalamin, dene sira Maja, ngaku bisa pribadya, mapan hiku mokhal pesthi, wus nora nana, kang liya Kangjeng nabi.
40. Yen kawula mapanta padha kewala, kang liyanya jeng nabi, singa kinarsakhena, ngelmu kagungan sukma, dudu sira kang duweni, tekaburira, ngaku elmu mahujuddi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

41. Sipat ngelmu ngalim maklum nora nana, liyanya Kangjeng nabi, kang tinut hing ngeslam, Ki Maja mapan nulya, nuhun hapunten puniki, krerahos kathah, kelajeng wuwusneki.
42. Sri Nalendra haris denira ngandika, heh Ki Maja pan huwis, ya hingsun hapura, senadyan hingsun huga, jaluk hapurane reki, yen wong selaya, hiku mapan sayekti.
43. Padha bahe luputira mring Hyang Sukma, hapa dene mring nabi, Ki Maja pan nulya, nembah majeng tur salam, kumembeng wispanireki, rumahos kathah, halat mring Sri Bupati.
44. Ri sawusnya mapan wus datan winarna, kalih dinten wetawis, mapan nyahi maja, gadhah hanak punika, lajeng konduran ngemasi, Kyahi Maja, langkung prihatineki.
45. Bojonira kalih palestra sadaya, kathah hanakke reki, kang meksih lit samya, Sang Nata langkung welasnya, mapan nulya den trimani, hingkang sentana, Kangjeng ratu kang surgi.
46. Rondha hanem mapan dereng gadhah putra, hayu kuning tur sugih, nenggih namanira, Raden hayu punika, prawira diningrat nguni, riwusnya ningkah, nulya ngalih nameki.
47. Raden hayu Maja mapan sapunika, mengkana kang winarni, nenggih Kyahi Maja, langkung suka pirena, yen mring masjid wira wiri, dalU siyanga, datan tanak halinggih.
48. Sampun lama nulya kumat malih hika, marma yen dhasar pesthi, nora kena howah, wus karsaning Hyang Sukma, Ki Maja sring memiringi, mring muriddira, Kyahi pangulu haji.
49. Imam raji dadya sowan mring Nalendra, pan saking hajrihneki, hewed patrapira, dhumateng Kyahi Maja, hayun hamabeni hajrih, pan guronira, marma seleh, pribadi.
50. Kangjeng Sultan mapan haris hangandika, paran sira maN raji, dene seleh hika, hapa sabab hira, Ki Pangulu haturneki, tan wonten sabab, saking bodho sayekti.
51. Dereng saged sumerep rahosing kitab, marma balangkung hajrih, pan mangke sumongga, kang karsa Sri Nalendra, hamba sampun tan kadugi, mesem Sang Nata, mapan sampun hudani.
52. Hingkang dados pakewedde hing tyasira, Kyahi pangulu haji, nulya Sri Nalendra, lajeng nimbali hika, Dolah Suryagama prapti, ngarsa Nalendra, seh Kaji Badarrodin.
53. Ris ngandika heh kaji sun kongkon sira, dhawuhna karsa mami, mring si paman Maja, dene saselehira, pangulu kaji mam Raji, si paman Maja, hingkang sun kon genteni.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

54. Dadi hiku pan wus nora ketanggungan, kaya dhek Demak dhingin, wali pangulunya, Suhunan Kudus hika, Dolah Kaji Badarrodin , lengser sing ngarsa, Ki Maja pan marengi.
55. Datan wonten hing masjid linggih nenggriya, lawan den hayuneki, pan lagya pasiyan, neng mesjid datan tanak, Kaji Badarrodin prapti, wus pinanggihan, lenggahan neng pendhapi.
56. Kaji Badarrodin dhawahaken nulya, timballaning nerpati, Ki Maja sahurnya, lajeng bengis kewala, heh Dolah kaji sayekti, mapan kawula, boten nedya hangimpi.
57. Lamun dadi pangulu dika haturna, pan sanget lumuh mami, nanging dadi iman, punika reme kula, kalamun pareng nerpati, nanging punika, hingkang kula bumeni.
58. Kaji Badarrodin mengkana sahurnya, sampun leres Kyahi pan sanes punapa, pengulu lawan iman, mila karsanya nerpati, kadya punika, mrih sampun hewed Kyahi.
59. Milanipun hanak pangulu kajika, seleh kawula dugi, saking heweddira, hajrih dhateng sampeyan, mapan sampeyan kang teksih, ngimani hika, lan saru tingalneki.
60. Yen pangulu makmun dados tanpa karya, nenggih yen den tingali, Kyahi Maja nulya, mapan sanget srengennya, dhateng kang ji Badarrodin , hasru hanebda, heh Kaji Badarrodin.
61. Mapan dika tan sumurup ngelmunira, yen iman lawan kali, mapan benah huga, Mekah hanglir punapa, pan dika weruh pribadi, Dolah haturnya, hinggih leres kiyahi.
62. Nanging Mekah sadaya pan kawisesa, mring sultan ngrum sami, pan tan wonten nata, sekawan mapan samya, sarip Basah iman kali, nanging punika, hisine hingkang nagri.
63. Pan sekawan punika gadhahi karya, hing ngrum kula tan huning, nenggih tatanira, dene hing jawi punika, pan satunggil huger neki, wakilnya tiga, pangulu jeksa patih.
64. Marmanipun karsanira Sri Nalendra, sampeyan kinarya wakil, pangulu punika, drerapon gadhah karya, Ki Maja nyentak habengis, pan kula huga, dede bebetting kali.
65. Dika matur yen mung niku karepkula, Dolah mundur wus prapti, hingarsa Nalendra, gya matur saneskara, mapan tan ngantos dumugi, Sri Naranata, bendu yayah sinipi.
66. Nulya kondur saking langgar Sri Nalendra, datan ngandika hiki, sagung kang neng ngarsa, pan langkung hajrih hira, rawuh pasanggrahan haji, lenggah pandhapa, nulya kinon nimbali.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

67. Hingkang paman Pangran prabu sampun prapta, lan Pangran Ngabdul Majid, Pangran Behi mapan, nuju sepi punika, nganglang gung baris pan sami, nata ngandika, heh sira Ngabdul Majid.
68. Hingsun kongkon tundhung hiku simaja, neng kene tanpa kardi, mundhak karya hika, hewuh sabarang karya, wus tita lamun tan becik, hatine hiya, sebarang makewuhi.
69. Paman prabu sampeyan tumut lumampah, sandika turnya kalih, wus lengser sing ngarsa, kalih pan sampun prapta, wismane Ki Maja sami, mapan wus panggya, lajeng dipun dhawuhi.
70. Kyahi Maja karsanira Sri Nalendra, hing sadinten puniki, dika kinen kesah, saking hingSambirata, pundi kang dika dhemeni, sampun kalilan neng ngriki makeweddi,
71. Kyahi Maja mapan langkung hajrih hira, mengkana haturneki, punika pangeran, mapan wonten punapa, kawula tan ngrahos yekti, kalamun dosa, bilih kalintu tampi.
72. Sri Nalendra dereng tererang kang pamirsa, pangeran Ngabdul Majid, mengkana sabdanya, pan kula tan huninga, hingkang dadi duka yekti, Ki Maja turnya, wahu seh Badarrodin .
73. Dipun gutus dhawuhi dhateng kawula, nenggih pra kawis neki, pengulu punika, nenggih wangsulan kula, kahol khak hujarring ngelmi, bilih menawa, Badarrodin ngewahi.
74. Badarrodin mapan nulya tinimballan, mring Pangran Ngabdul Majid, tan pantara prapta, dinangu haturira, kawula boten mewahim malah tur kula, dereng ngantos dumugi.
75. Sri Nalendra lajeng kondur tan ngandika, Pangran prabu nambungi, dhasar Kyahi Maja, sok dhamen gawe duka, gelem tan gelem mahiki, handika lunga, mapan sadina hiki,
76. Mokhal lamun sinuhun kakilappan, mring karep dika hiki, Ki Maja sahurnya, nuhun hinah kawula, hayun hasowan pribadi, ngaturken hika, pan wirahosing ngelmi.
77. Hingkang hekak Pangran prabu hangandika, mong Kurang nerpati, kang ngelmu lir dika, mapan mongsa kilappa, dika yun seba tan keni, Kyahi Maja, tumungkul langkung hajrih.
78. Pangran Ngabdul Majid malih hangandika, paran mangke tur neki, marang Sri Nalendra, Ki Maja haturira, boten gadhah hatur malih, nging nuhunhnnah, Pangran dinten puniki.
79. Pangran Ngabdul Majid nulya kondur hika, lawan kang paman hiki, Pangran prabu prapta, hing ngarsa Sri Nalendra, wus katur niskara neki, pan tan winarna, Ki Maja kang winarni.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

80. Hing sadinten punika sanget bingungnya, nedha rembag pan sami, kang para ngulama, kang dede murid hira, hangleresaken kar[hal.48]saji, hingkang muridnya, kendel sami tan hangling.
81. Sareng sampun bakda ngisa Kyahi maka, dhateng dalemmireki, nenggih Kangjeng Pangran, Ngabdul Majid wus prapta, mapan hing ngaturan ngirid, sowan Sang Nata, pangeran datan hapti.
82. Mapan hajrih nging punika wangsulannya, Ki Maja lajeng prapti, marang dalemira, Pangran Dipanagara, pan samya wangsulan neki, kados kang paman, mengkana kang winarni.
83. Kangjeng Sultan sareng sampun bakda ngisa, miyos dhateng pendhapi, kinen nimballana, kang rayi lan kang putra, Pangeran Dipanagari, mapan kalawan, pangeran Ngabdul Majid.
84. Kalih sampun prapta ngarsane Nalendra, dangu prakawis nguni, nenggih Kyahi Maja, Pangran haris haturnya, kados sanget kuwur neki, dugi kawula, hing wahu mapan prapti.
85. Wisma hamba saweg kesah sapunika, Pangran Dipanegari, mengkana haturnya, pan hinggih sapunika, pun khaki mahosan meksih, wisma kawula, wahu yun tumut hugi.
86. Sowan nanging kawula kang boten suka, bilih ngenget hangengeti, pan datan ngandikan, wahu teksih neng ngrika, Sang Nata ngandika haris, hapa karyanira, jeng Pangran hatur neki.
87. hamba taken yun sowan ngaturken hika, nenggih rahosing ngelmi, pan kawula tedha, mugi den wicantena, kawula hingkang nyagahi, matur Nalendra, nging datan suka hiki.
88. Wicantennya pun khaki ngelmi khak hika, kalawan langkung ghaib, sampeyan pangeran, pan mongsa sumerepa, sanadyan kang pra ngulami, mapan sadaya, dereng sumerep sami.
89. Sri Nalendra mesem haris hangandika, kejaba ngelmuning belis, kene hingkang longka, yen ngelmune wong Islam, wus pesthi mupakat yekti, sagung ngulama, marma heling sun dhingin.
90. Pinelingan mas lurah lan ki Papringan, lamun wekasaneki, Ki Maja hakarya, ngrubeddi barangkarya, hiki wus pratela yekti, hingsun pribadya, hingkang maha sayekti.
91. Hiki nyata mas lurah barang hujarnya, lawan Ngabduldhingin, yen datan raharja, Ki Maja hing tyasira, dereng dumugi sebdaji, Ki Maja prapta, lajeng sowan nerpati,
92. Hesmu kagyat Sang Nata nulya ngandika, heh ta Maja sireki, prapta hamek hapa, hingsun tan ngundang sira, Ki Maja matur hesmu hajrih, mapan kawula, sohan yun matur yekti.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

93. Menggah ngelmi hingka hain Sri Nalendra, lahiring kreraton mangkin, kang gaib punika, Allah lawan Muhamad, pan Allah tan nyata yekti, nanging Muhamad, punika hingkang lahir.
94. Hanglir iman kalawan pangulu hika, lahir kalawan batin, Sang Nata duk mirsa, mring haturnya Ki Maja, mapan langkung bendu neki, hasru ngandika, heh maja sira eblis.
95. Durung tutuk karepira harencana, mring sun salawas neki, Ngabdul Majid sira, hingsun harep tetanya, matura hingkang sayekti, hapa ta sira, hiya gelem ngabekti.
96. Mring si Maja lan sira Dipanagara, myang sarupane hiki, kang neng ngarsaning wang, lanang wadon matura, den belakaha jakelir, poma ta padha, pangeran Ngabdul Majid.
97. Hatur sembah dewa ji mapan kawula, dereng sumerep yekti, Ki Maja haturnya, Sri Narendra ngandika, heh ta hiya Ngabdul Majid, Allah muhkhamad, loro tan nyata siji.
98. Nging Muhamad pan hiku lahiring Allah, kang tinut Islam hiki, pan nanging Muhamad, Allah pan nora nyata, Dul Majid hupamaneki, hingkang nagara, masjid gedhe sayekti.
99. Mapan ratu hiku hupama lir iman, yen bodho tan sayekti, hangimani hika, sabab kang punjul hana, hing sajrone masjid hiki, hiku si Maja, ngaku punjul pribadi
100. Marmanira dadi wakil tan narima, maksih nungkul lan mami, yen pengulu hika, meksih wakil haranya, lan iman benneh sayekti, iman mesesa, paran sira Dul Majid.
101. Lawan kabeh hiku hingkang padha hana, hingsun takon sayekti, hapa padha rila, hangratu mring Ki Maja, sedaya haturnya sami, karya punapa, mapan tan kirang yekti.
102. Abdi dalem ngulami kados Ki Maja, Ki Maja langkung hajrih, konangan kajengnya, gumeter haturira, pan punika sanes tampi, panuhun hamba, kados Mekah pan naming.
103. Sri Nalendra mesem haris hangandika, heh hiya Ngabdul Majid, hiku wis pratela, lamun Iblis ngrencana, hature pan bolak balik, mengko hing Mekah, hingkang kinarya dalil.
104. Den harani hingsun durung mikir baya, nadyan Mekah Dulmajid, papat hiku badan, dene nyawane hiya, samengko neng ngrum hiki, pan Kangjeng Sultan, hing ngrum kang masesani,
105. Sira dhenger Pangran Ngabdul Majid nembah, pukulun tan kadugi, jeng sultan ngandika, pan badan hupamanya, negarahiku Dulmajid, iman ratunya, pangucap hingkang patih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

106. Kang pangulu paningal tegese hika, jeksa pamirsa hiki, dene gung gahota, prajurit hupamanya, paran Ki Maja sireki, tumungkul hika, tan saged matur malih.
107. Pangran Ngabdul Majid mengkana haturnya, pukulun kados pundi, punika sadaya, mapan bingung tyas hamba, Sri Nalendra ngandika haris, marmane sira, hiku den mejanani.
108. Bener hingkang ngarani tan weruh hika, mengkene Ngabdul Majid, iman tegesira, lahiring ngurip hika, pan manungsa pratelaneki, pangulu hiya, lahiring rasa pesthi.
109. Pan ing netra nyatane hing mengko hika, jeksa pamirsa hiki, lahire hingakal, kuping pratelanira, patih pan pangucap hiki, nepsu lahirnya, lesan pratelaneki.
110. Pan mengkana duk neng danyu meneng hika, juluk bubuwan siji, hiya kang wisesa, hingsun kinen masrahna, papat hapa kang sun pilih, tunggal kewala, pan hiku karep neki.
111. Kang den helih nanging haranya kewala, dhingin gene ngarani, ratu wali hika, mukmin lawan pandhita, dene ratu Ngabdul Majid, pan hiya iman, iman pan hiya hurip.
112. Mapan wali hiku rasa jaten nira, pengulu haran neki, dene kang pandhita, hangun-angun hukiya, mapan jeksa haran neki, mukmin pan hiya, Ngabdul Majid pan budi.
113. Dadi haran patih mengko lahirrira, paran gene hamethil, pan saben manungsa, hiku padha kewala, dene suniki dul majid, karsa Hyang Sukma, haneng hing tanah jawi.
114. Pan kinarya kalih jeng rasul lolah, dadi pangirid sabil, Islam lawan laknat, panugrahan kewala, pinundhutarina wengi, tan weruh hingwang, hiku kagungan Widi.
115. Mapan kudu jinaluk hiku wong ngapa, pan tekabure dadi, kitab hampunganya, pan dumeh bisa mawa, mara jupuk kenden haglis, pan kitab hira, wastanen ngarsa mami,
116. Lamun nora sira hiku pan wus kena, marang khukum molahi, wus ping telu sira, ngrencana marang hing wang, Ki Maja sareng miharsi, langkung jrihira, gumeter ta tur neki.
117. Mapan sampun iman pangulu sumongga, kang kinarsakken haji, hamba sampun lila, Sang Nata sru ngandika, heh Maja liwat sireki, karya pitenah, hiya sapa kang wani.
118. Lamun meksih sira hiku nora lunga, jer kitab nora keni, lamun sira lunga, samengka hingsun bisa, golek kang luwih sireki, pretandhanira, hiku Khaji maraji,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

119. Tur tadhingin hiku panuhunira, lan murid hira yekti, saprandene huga, hiku silih tan bisa, saking pangucappireki, sadina dina, pan manggung memiringi.
120. Pan sakhiki pratelane hatenira, yen tan selamet yekti, selawase hika, sun turut haturira, sakeh layang sun tan keni, yen mangsulana, haturira pan dalil.
121. Kuran hiku hingkang haduwe parentah, mengko wekasaneki, pan sira pribadya, hingkang jaluk wasesa, heh Ki Maja sira hiki, kelamun meksa, tan nurut karsa mami.
122. Mesthi sira sun kukum lawan hagama, sabab wus tela yekti, yen ngrusuhi sira, manggung karya rubeda, lah mara matur ramaning, yen meksih hana, ngelmunira kang kari.
123. Kyahi Maja tan saged malih matura, kelangkung hajrih neki, Sang Nata ngandika, heh Ngabdul Majid sira, sesuk sebaha sireki, lan mertalaya, kancanira Bupati.
124. Hingkang haneng hing kene padha sebaha, sandika turnya kalih, wus kondur Nalendra, manjing mring pasanggrahan, lingsir dalu wancineki, kawarnaha henjang, mengkana Pangran Behi.
125. Dalu prapta denira nganglang barisan, henjang sowan pan sami, gung putra santana, kang haneng Sambirata, lawan kang para dipati, pepak sadaya, haneng pasowan sami,
126. Sri Nalendra wus miyos lenggah pandapa, lajeng kinen nimbali, kang putra santana, prapta ngarsa Nalendra, Bupati pan meksih kari, haneng pasowan, Sang Nata haningali.
127. Mring kang paman Pangran Behi sampun prapta, mesem nata ngandika haris, paman duk punapa, hangsal sampeyan prapta, lan punapa lujeng sami, kang neng barisan, Pangran Behi turneki.
128. Wahu dalu pukul songa hamba prapta, habdi dalem kang baris, pan lujeng sadaya, mesem Sri Naranata, hing wingking wonten prakawis, kabetah kula, paman prabu ngadani.
129. Lajeng samya sinamur lan gugujengan, mengkana kang winarni, nenggih Kyahi Maja, sedalu datan nendra, sareng henjang ngundang hiki, kang pra ngulama, myang Dolah Badarrodin .
130. Pan tinantun lawan samya mahos kitab, hestu leres nerpati, mengkana Ki Maja, langkung kaduwungira, kathahen haturireki, lawan tinetah, mring sagung prangulami.
131. Dolah Khaji Badarrodin mapan nulya, kinen sohan nerpati, hanuhun hapura, sagung halatnya samya, hingkarsa sampun, ngladosi, mapan sumongga, nanging panuhun neki.

132. Ketibipun hingkang sami ngulaminya nenggih Khaji Maraji, lan Ki Kawis hika, Barmawi Ki Dhadhapan, Ketib lami mapan sami, linorod hika, dinadosaken modin.
133. Nging punika panuwunipun Ki Maja, hinggih bilih marengi, mesem Sri Nalendra, ngandika mring kang paman, nenggih Pangeran Ngebehi, mapan tan hewah, kekah dhasar sayekti.
134. Wahu dalu pan sanget srengen kawula, sapradene pan meksih, tekabur punika, ngaken saged pribadya, Pangran Behi haturneki, leres Nalendra, mila sampun tan kenging.
135. Hing ngewahan henget sakedhap kewala, dhumateng ngelmi neki, lamun kabetah, yen dhangan supe nulya, hing siyang kelawan latri, tekaburrira, nging punika kang pesthi.
136. Khaji Badarrodin tumungkul kewala, Sang Nata ngandika ris, paman pan sampeyan, kula kengken lumampah, mring masjid ngadegken hiki, pengulu Maja, lan panuwunya sami.
137. Mapan sampun kula tututti sadaya, kabeh meluwa hiki, marang mesjid padha,sandika samya turnya, sagung putra sentaneki, lawan bupatya, wus rampung karsa haji.
138. Nulya kondur Sang Nata hamesanggrahan, mengkana Pangran Behi, myang putra santana, lan sagung pradipatya, sedaya dhumateng misjid, wus tan winarna, kawarna sampun lami.
139. Hing Pagelen mapan kahinggaghan laknat, kelangkung hageng neki, dadya tan kuwawa, Basah Ngabdul Muhyika, kalawan Basah Dul Latip, mapan hing ngrema, dereng dipun tanemi.
140. Basah marma dadya kether jurittira, nging sidha teng Mentawis, Pagelen sadaya, mondhok hing Wates samya, wus katur marang Nrepati, Sri Naranata, nulya kinen nimbali.
141. Raden Basah Prawiradirja wus prapta, lan saprajuritneki, saking wetan Praga, dadya nging kantun hika, bulkiyah kang meksih baris, neng wetan Praga, lawan Raden Dipati.
142. Lajeng kinen mantuk lawan tata tata, karsanya Sri Bupati, kinen ngantukhena, mring Pagelen sadaya, mengkana hingkang winarni, hing sambirat, kinggahan laknat kapir.
143. Saking Kedhu kelangkung hing hagengira, medal jeksa puniki, Pangeran Pakuningrat, lawan Jayapideksa, tan kuwawi hanadahi, hatur huninga, dhateng Sri Narapati,
144. Lamun mengsah saking Kedhu langkung gengnya, hayun mring Sambiradin, mengkana wus prapta, laknat hing Penanggullan, geger Sambirata nguni, gung repot samya, pan wus minggah ngardi.

145. Sambirata marengi suwung punika, prajurit nanging kedhik, Mantri Lebet hika, pan naming kawandasa, lan nuju Jumungah hiki, Kyahi Maja, karsanya Sri Bupati.
146. Mapan kinen dumugekna gennya salat, Jumungah mapan sami, lawan Suryagama, Suranata kelawan, bar Jumungah mapan sami, para ngulama, Sri Nalendra pribadi.
147. Kang methukken sagung putra santana, Bupati lebet hiki, kang dherek Nalendra, nging ngampil Punakawan, gamel kadados pengarsi, nging kawandasa, Mantri Lebet kang ngirid.
148. Raden Menggung Martanagara kalawan, Raden Puthutlaweki, den Gondakusuma, prapta hing dhusun Monggang, laknat prapta Tanyjung hiki, hajeng hajengan, nanging marmane Widi,
149. Laknattolah menggah datan lajeng hika, denyana kathah hiki, barisnya wong Islam, mempen neng padhusunan, Kangjeng Sultan kang kaheksi, haneng hing marga, lan putra sentaneki,
150. Myang Bupati mapan samya kekapallan, denya na husar hiki, dhateng laknattolah, dadya nata barisnya, riwus nulya hamarani, dhusun hing Monggang, hingkang den mariyemmi.
151. Mantri Lebet kawan dasa datan hewah mempen neng dhusun sami, mengkana Ki Maja, riwus Jumungah bakda, lajeng nusul prapta sami, tigang gendera, saya kathah kaheksi.
152. Laknattolah sangsaya hangatya-hatya, tinerka methuk jurit, mengkana Ki Maja, pan harembaggan samya, kalawan Pangeran Behi, lamun sembada, Sri Nata den haturi.

PUPUH XXXIV
S I N O M

1. Mapan ngundurran kewala, sabab habdi langkung kedhik, seprandene Sambirata, sapunika sampun bersih, punapa den kekahi, yen pareng hingkang sinuhun, benjang henjang kewala, sinabet pun laknat kapir, hanimbali Raden Dipati Danureja,
2. Lan Seh Ngusman Hali Basah, datan tanggel benjing enjing, sagendhinge laknattolah, dene sapunika yekti, mengkana Sri Nalendra, wus dhahar Mantri Lebet nulya kinen dhawuhana.
3. Mundur nanging ywa ketara, kinen turut mapan sami, sampun mundur Sri Nalendra, ngaler ngetan lampahneki, dhateng Ngreja sahiki, sareng wus tebih kadulu, Islam hing lampah hira, laknat nerka yen ngingeri, nulya lajeng laknat manyjing Sambirata.
4. Sang Nata rawuh Ngrejasa, nulya Kangjeng Pangran Behi, matur dhateng Sri Nalendra, Basah Prawiradirjeki, lawan Pagelen sami,

hanyabetta saking kidul, prayogi dhinawuhan, Ki Maja datan ngrembaggi, sabab sampun libur den Prawiradirja.

5. Pan ngangkat karya pribadya, badhe langkung hawratneki, Raden Dipati punika, dereng wonten kaya neki,Sang Nata wus nuruti, mring Ki Maja haturipun, gandek sampun lumampah, nimbali Raden Dipati, geganycangan lan Seh Husman Hali Basah.
6. Pangeran Sumanagara, kelawan Secadirjeki, mapan tan kalilan bekta, meksih hakantun habaris, haneng sawetan Pragi, mengkana gandhek wus rawuh, sundhuk lan Den Dipatya, dhawuhken timballan haji, langkung kagyat Raden Dipati Danurja.
7. Lan Seh Ngusman Hali Basah, gya nembang tengara nuli, budhal lan sawadya kuswa, Basah lan Raden Dipati, prapta sakilen pragi, wektu mahrib kendel sagung, samya salat sadaya, bakda salat Den Dipati, lan She Ngusman sampun prapta hing Ngrejasa.
8. Wus panggih lan Kyahi Maja, tenapi jeng Pangran Behi, hing ngirid sowan Nalendra, wus cundhuk lan Sri Bupati, mengkana haturneki, yen pareng hingkang sinuhun, benyjing henjing kawula, haturi tedhak ningali, lepen tubah ngriki kacelakken mengsah.
9. Wantu samya kathahira, Islam lawan laknat kapir, bilih ramening ngayuda, tan wande prapta hing nriki, mengkana Sri Bupati, sampun dhahar haturipun, Den Dipati Danurja, henengna kawarna henjing, Kangjeng Sultan wus tedhak mring lepen tubah,
10. Raden Dipati Danurja, wus nembang tengara jurit, gumregut wadya bulkiya, mengkana hingkang winarni, Raden Basah miharsi, Prawiradirja puniku, kalamun sambirat, kalebet tan laknat nuli, Raden Basah sigra hanembang tengara.
11. Lan sagung Pagelen samya, nenggih Basah Ngabdul Latip, lan Basah Ngabdul Muhyika, pan langkung gregutnya sami, Basah tiga puniki, kalawan prajuritipun, pan sareng praptanira, kalawan Raden Dipati, pan saking ler lan Seh Ngusman Hali Basah.
12. Den Basah Prawiradirja, mapan lajeng nempuh jurit, tan kantun Basah kalihnya, Tumenggung Rongga lan Panji, nanging kendel Ngabehi, hingkang binekta puniku, prajurit jajar samya, Pagelen tinilar sami, haneng Wates saking kidul Basah tiga,
13. Laknat langkung bingungira, kinepang neng Sambiradin, hingkang ler Raden Dipatya, lan Ngusman Li Basah hiki, kang kilen hingkang baris, Pangran Pakuningrat hiku, lawan Cakranagara, Jayapideksa tan kari, laknattolah mapan lajeng nempuh hika.
14. Ngaler ngilen hundurira, binereg Den Basah hiki, pan saking kidul punika, laknattolah kathah modir, rut lepen marga neki, yun medal

hing marga hiku, pan sampun cinegattan, mring Ngusman Li Basah hiki, kang tinempuh dadya Pangran Pakuningrat.

15. Hing Toya Kendel wus prapta, sayah laknat mogok nuli, mapan langkung pangedrelnya, tan kendel mariyem neki, nanging sakedhap hiki, laknat lajeng lampahipun, prapta hing Tunjung nulya, samarga dipun tangledi, bangkenira kekecer laknat samarga.
16. Mogok neng Tanjung punika, Mantri Lebet kawan desi, mengkana Sri Naranata, kinen samya tulung jurit, Raden Mertanagari, lan Raden Puthutlaweku, Raden Gondakusuma sampun mangkat sing ngarsaji, sakancanya lawan sampun kathah prapta.
17. Raden Dipati tumingal, lan Basah sekawan hiki, yen Mantri Lebet tumedhak, dadya langkung hajrih sami, Dolah Rongga lan Panji, Ngabehi pan sareng nempuh, tan mawi suba sita, laknat yudanya kalindhih, langkung kathah bangkenira laknattolah.
18. Lumajeng pan sampun prapta, Penanggullan mogok malih, pan kadya pengagengira, Husar punika kang kenging, ngantos dangu mogokki, handandani bangkenipun, kang pengage kewala, dene laknat hingkang Halit, pan tinilar kekacer sahenggenira.
19. Mapan meksa tan kuwawa, laknat pan lumajeng malih, saya kathah hingkang modar, mengkana kasaput wengi, Islam pan kendel sami, mapan dereng huntungipun, tan telas laknattolah, pan kathah bandhangan neki, kang senjata kuda mengkana winarna.
20. Islam pan lujeng sadaya, satunggal nanging kang prapti, hing sabillolah punika, mas Panji Dasamukeki, liwung pengamuk neki, ngantos putung wahosipun, hajur kunarpanira, nging kathah kang labet sami, wadya Islam kenging pelor tan punapa.
21. Seh Muhamad, Ngusman Li Basah, kenging mringyem kontal hiki, mapan dhawah saking kuda, kudanya lajeng ngemasi, nanging pitulung Widi, tan pasah Seh Ngusman hiku, mapan wus tan winarna, kawarnaha Sri Bupati, datan harsa kondur dhateng Sambirata.
22. Tomadigda kinen karya, nenggih pesanggrahan malih, hing Pengasih namanira, mengkana Raden Dipati, kinon wangsulla malih, dhateng pambarisanipun, lawan Ngusman Li Basah, dhumateng sawetan Pragi, Basah tiga wus kinen mantuk punika.
23. Mring Wates hatata tata, badhe mring Pagelen sami, mengkana Sri Naranata, mapan mesanggrahan meksih, mring Kedhu gubah hiki, hangentosi dadosipun, genya karya punika, pesanggrahan tan winarni, sampun dadya nulya kondur Sri Nalendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

24. Mring Pengasih sawadyanya, rawuhira tan winarni, mengkana Raden Dipatya, mapan tampi suratneki, saking Residen hiki, Palek hing Magelang hiku, Jendral Dhekok kajengnya, pan meksa ngajak bedhami, lamun sampun kangge seratnya punika.
25. Palek kinen hapepanggya, rumiyin lan Den Dipati, mengkana hatur Nalendra, kang surat dhateng Pengasih, Sang Nata hanimbali, dhumateng Ki Maja hiku, kalawan hingkang paman, Kangjeng Pangran hangebehi, mapan samya tinantun serat punika.
26. Kyahi Maja haturira, kalawan Pangeran Behi, dadosa duk jahalanang, pan langkung tangeh puniki, ngelmi kital tan kenging, yen mawi bedhami tuhu, lamun sampun berraat, yen kapir tan hasrah dhiri, mapan kathah hingkang sesiku punika.
27. Mekaten Raden Dipatya, tan sumerep ngelmi pasthi, boten wande kalepattan, lamun tamtuwa kepanggih, hageng sisikuneki, dhumateng hing ngelminipun, wantu dereng huninga, dhateng sikuning Agami, Sri Nalendra dadya dhahar haturira.
28. Kang paman lan Kyahi Maja, mengkana Raden Dipati, tan kalilan lamun panggya, lan Residhen Kedhu hiki, mapan wus tan winarni, Jayanagaran winuwus, mapan tamiyan mengsah, Kurnel Salwe westaneki, mapan ngirid sagung wadya hing ngayogya.
29. Karya beteng hing Siyangan, mengkana dipun tangleddi, mring Raden Jayanagara, sakanycanira bupati, hing sakidul yokjeki, lan wetan ngayogya hiku, myang prawira tamtoma, langkung rame siyang latri, datan nuwun bantu mring Raden Dipatya.
30. Tinantun meksih kaduga, laknat kapir kathah modir, mengkana bupati hingkang, prapta hing sabillolahi, kang sentana nerpati, pangran demang putranipun, Raden Senakusuma, pan hajur kunarpaneki, pan kelajengke loloh pengamukira.
31. Lawan Bugis kalih hika, pan Rongga Dhaheng Markinycing, Ngebehi Dhaheng Marewang, beteng hing Siyangan dadi, Kurnel Salwen puniki langkung resah prerangipun, wong ili pinejahan, lanang wadon myang bebayi, yen kecandhak mapan rinampet kewala.
32. Sedaya daya puliha, sabab laknat kathah modir, semana kidul ngayokja, mapan kathah hingkang sahid, mengkana Den Dipati, mapan harembaggan hiku, lawan Rahaden Basah, Prawiradirja tenapi, Pangeran Behi yun matur hing Sri Nalendra.
33. Rahaden Jayanagara, pan den suwun hundurneki, sabab winestanan tiwas, rumeksa hing tanah neki, rembag katiga sami, den Basah lega tyasipun, marma lami punika, tan dhateng Pagelen nuli, Raden Basah mapan hewed hing tyasira.

34. Dhumateng Rahaden Basah, Ngabdul Latip pan sayekti, mengkana tiga rembagan, mapan Basah Ngabdul Latip, sinuwun mring nerpati, ginentosaken puniku, dhateng Jayanagara, kadya wus karsaning Widi, pan hing wektu punika sagung punggawa,
35. Mapan panas pinanasan, tenapi Ki Maja hiki, mapan langkung panasira, dhumateng Raden Dipati, lan dhateng Pangran Behi, Sang Nata wus huning hiku, lamun sagung punggawa, yen mengkono mapan sami, nging Sang Nata wus mupus karsa Hyang Sukma.
36. Mengkana hestining driya, nadyan sirna laknat kapir, hiya teka tenah jawa, kaya wus tan bisa mami, mring saliming tyasneki, mring wong jawa kabeh hiku, dadya hangles tyasira, kagagas kang samya surgi, marma barang haturnya catur punggawa.
37. Pangran Behi Kyahi Maja, den Basah Raden Dipati, Sang Nata nurut kewala, sabab hinggalih wus sepi, mring rahmat hing donyeki, kang sinuhun mring Hyang Agung, pan nanging teteppira, sagung kang nglampahi sabil, lawan sahid sagung Islam tanah jawi.
38. Jalu hestri rare hika, hangsala supangat Nabi, Muhamadsam kang mustapha, nanging sih Rabilngalamin, hing siyang lawan latri, Kangjeng Sultan kang sinuwun, marang Allah-ta-ngala, teteppe kang iman sami, katrimaha sabil sahidnya sadaya.
39. Ngantepi Islamnya samya, nglampahi parentah dalil, hing Kuran pan hayat kithal, nanging sih rabbilngalamin, hing akherat puniki, tetepa hingkang sinuhun, mengkana mapan nulya, Raden Jayanagareki, tinimbalan mring Pengasih sampun prapta.
40. Tan kantun wadya tamtama, tigang ngatus kathahneki, pan samya tumut sedaya.mengkana wus den dhawuhi, lan Basah Ngabdul Latip, tan kalilan mantuk hiku, mring Pagelen punika, mapan kinon hanggentosi, mring lampahanira Den Jayanagara.
41. Prajurit kinon masrahna, myang sagung kang pra dipati, sakidul yogja sadaya, mring den Basah Ngabdul Latip, mapan wus tan winarna, nanging tamtama puniku, Ngabehi Panji Rongga, kawandasa kathah neki, kedah tumut dhateng Raden Janegara.
42. Mengkana karsa Nalendra, Raden Jayanagareki, kinarya sisihanira, Raden Puthutlawa malih, prajurit tamtameki, kawandasa dadya hiku, mapan sisiyanira, lawan Mantri Lebet malih, sabab Raden Tumenggung Martanagara.
43. Lan Raden Gondaku[hal.75]suma, karsanira Sri Bupati, kinarya Basah hing Rema, Mantri Lebet tumut sami, kang bektanya

pribadi, mengkana wus tan cinatur, pan lajeng kinen mangkat, Basah tiga badhe hiki, nging pinilih hingkang tan kalilan bekta,

44. Binantonken den Dipatya, sedaya tan wonten keri, tur kiyabarkiyahika, karkiya suraya sami, mandhung waneng prang hiki, lan Basah Pagelen hiku, Ngabdul Muhyi punika, saking Wates budhal sami, prapta ngelak lajeng pinethukken yuda.
45. Nanging let lereng punika, denya jeng-ajengan baris, dadya naming mariyeman, tan hana kang miyatani, nengna kang lagya jurit, Ki Maja hingkang winuwus, sampun karsaning sukma, tan marem hing tiyasneki, weling hatur mring Pangran Ngabehi nulya.
46. Nuwun pamit mring Nalendra, yun nglampahi perlu hiki, ngaten hayun hangradina, Pajang lan nuhun denter jurit, gangsalatus puniki, Bulkiya kang tigang ngatus, Seh Husman Hali Basah punika hingkang pangirid, Mangkuyuda lan Tumenggung Brajayuda.
47. Samya nyatus prajuritnya, jangkep gangsal hatus hiki, mapan langkung tiga welas, lan konca methakan sami, hanak hurawan hiki, mapan hinggih kula suwun, lan Tumenggung hing Pajang, hingkang kapelajeng sami, mapan badhe kula hantukhaken samya,
48. Pangran Behi hangandika, yen kenging bok sampun Kyahi, hingkang ngadhep Sri Nalendra, mapan tan wonten Kyahi, kula sring kesah hugi, Ki Maja mapan sumahur, kados pundi pangeran, yen tan ceceker pribadi, mapan kathah hinggih hanak putu kula.
49. Punapa hingkang tinedha, hing benjing wekasaneki, pedah sampeyan sentana, nganggura dipun hingoni, lan sagung senapati, yen sampeyan gadhah kayun, hinggih mongsa lepata, pan kawula tiyang halit, lamun boten pangeran pados pribadya.
50. Pangeran Ngabehi nebda, punika geseh kiyahi, hatur dika mring Nalendra, nenggih parentah hing dalil, nanging hanglar Agami, punika salamenipun,yen niyat ngulari tedha, mapan batal sabil neki, datan hangsal pan mindhak hangsal duraka.
51. Yen hamrih tedha kewala, pan sampun rampung rumiyin, punika duk jahalannang, Ki Maja sumahur bengis, sampeyan hanyageddi, rumiyin kawula hiku, sedaya kang parentah, Sri Nalendra nanging dremi, pan hing mangke wonten Rahaden Dipatya.
52. Pangeran Behi ngandika, senadyan mangke kiyahi, pan meksih wonten handika, parentahira Nrepati, hingkang hinggil pribadi, lamun mekaten puniku dika pun patrima, kaprentah Raden Dipati, sabab Basah kaprentah hadhi Danurja.

53. Yen mekoten karep dika, nuwun dadi Basah hiki, puniku wekasanira, Ki Maja sahurireki, sinten sinten puniki, kang parentah hinggih purun, nadyan wonten nginggila, kalamun boten pekasila, gih pangeran punika mindhak punapa.
54. Gumujeng Kanjeng Pangeran, dene teka geseh Kyahi, kalawan hatur handika, mring nata selamineki, Ki Maja sahurneki, sampeyan tan huning tuhu, lamun ngelmi punika, mawi Tennajullam-turki, Pangran Behi mesem aris hangandika.
55. Kyahi wedi kawula, lamun matura pribadi, pan hanging ngatur kawula, handika matur pribadi, mengkana sampun kering, prapta ngarsa kang Sinuhun, sampun katur niskara, mesem Sang Nata nglilani, pan wus huning sakajengira Ki Maja.
56. Nanging hingkang tyas Nalendra, mapan wus sedya ngantepi, sebarang kang wus kawedal, ngandika mring Pangran Behi, kinon maringi tulis, mring Raden Dipati hiku, barang panuhunira, Ki Maja wus den lilani, sampun lengser kalih singarsa Nalendra.
57. Mengkana wus tan winarna, kawarnaha hingkang jurit, den Basah Prawiradirja, lawan Basah Ngabdul Muhyi, Raden Martanagari, mapan tanpa wekas hiku, let lereng mariyemnya, tan kendel hing siyang latri, dadya rembag dalu samya jebol hika.
58. Medal Pinatak margannya, laknat mapan tan hudani, heca dennya mariyeman, Raden Basah gelarneki, sagung mahosan sami, hingkang kinon baris hiku, sampun prapta hing Kroya, Basah tiga badhe sami, myang prajurit pan datan kantun sadaya.
59. Sanget samya sayahira, sabab dalu lampahneki, harip lawan medal ngarga, marma samya tilem hiki, tanyana den tututti, prajurit pan samya susul, kalawan Basahira, laknat prapta ngepung nuli, lajeng ngedrel sinareng mariyemira.
60. Langkung gugup Raden Basah, lan sagung prajurit sami, nambur nylompret lan dandan, nenggih Basah Ngabdul Muhyi, hingkang medal rumiyin, lan ngirid lan Husar sagung, hing Pagelen sadaya, hing jawi dhusun wus prapti, lagya baris pan lajeng binuju nulya.
61. Dhateng Husar laknattolah, mengkana sagung prajurit, riwus denira hadandan, mapan sareng medal sami, tan ngantos tata hiki, laknat lajeng nempuh purun, mariyem wus tan monnya, nanging ngedrel senjalit, mapan nanging senjata mungel ping tiga.
62. Islam sareng henjingira, mapan nurut kukus sami, pan lajeng caruk kewala, sangkuh lawan wahos hiki, laknat mapan kalindhih, Raden Prawiradirjeku, mengkana wuwusira, mring Raden Martanagari, lamun kang mas tan nelasaken punika.

63. Mapan wande dados Basah, sareng miharsa puniki, den mengku Martanagara, pan langkung bramatyaneki, kalawan hingkang rayi, Raden Gondakusumeku, wus nir sagung hing baya, pan liwung pengamukneki, ngantos putung watos hagemnya pribadya.
64. Nulya nyandhak malih hika, wahos hampilanireki, den Basah Prawiradirja, tilarane Kangjeng Gusti, Basah hingkang suwargi, Kyahi Macan namanipun, dadya telas sadaya, laknat kedhik hingkang hurip, Mayor Bokus lan Raden Sindunagara.
65. Kalih pan samya lumawa, nging Sindunagara kanin, mapan kantun wahosira, wasiyat namanireki, ki Wotha maleleki, bangke laknat mapan tumpuk, lan kang kekecer samya, pitung atus kathah neki, wadya Islam hingkang prapta sabillolah.
66. Pan Lurah Mandhung satunggal, Mas Behi Niti raneki, prajurit tatu sadaya, nanging samya tan punapi, kathah bandhangan neki, mapan warna warna hiku, mariyem kalih punika, sapelor sendawaneki, senjata lit tigang atus myang bandhangan.
67. Punika mapan handhungan, myang badhe sangkelat hiki, yatra mapan kathah hika, kapal punika kejawi, hangsalnya tiyang siti, wus radin Pagelen hiku, hingkang tengah punika, Raden Basah lajeng hiki, dhateng Rema kendel dhusun lajer hika.
68. Netepaken Raden Basah, Mertanagara puniki, prajurit rema sadaya, lan Pagelen kilen prapti, duk nguni mapan sami, prajurit ngungsi mring gunung, nging Dolah Panji Rongga, kang samya dhateng Mentawis, sampun pepak sewu prajurit sadaya.
69. Pagelen kilen punika, kang tengah sewu pribadi, Basah Ngabdul Muhyi hika, nanging hingkang wetan meksih, kancikan laknat hiki, mengkana hingkang winuwus, Kurnel Kaleres hika, mapan langkung nepsuneki,hing risakke Mayor Bokus balanira.
70. Kinerig sagung kelana, Kurnel nindhihi pribadi, datan kantun Mayor hika, langkung kathah balaneki, mapan wus budhal hiki, sing Kedhung Mahesa hiku, mengkana Raden Basah, Prawiradirja puniki, mapan sampun hing ngaturan huning hika.
71. Mring Basah Ngabdul Muhyika, lamun laknat handhatengi, mapan langkung kathahira, nulya Raden Basah hiki, nata sagung prajurit, nanging tadhah karsannipun, Basah Ngabdul Muhyika, hingkang kinen baris ngarsi, mapan samya prajurit pinara tiga.
72. Den Basah Martanagara, kang dadya pengawat kering, kanan den Prawiradirja, nenggih Basah Ngabdul Muhyi, minongka dhadhaneki, mengkana katingal sampun, laknat pan lajeng hika, tata baris ngedrel nuli, pan binarung kalawan mariyemira.

73. Prajurit Pagelen tengah, pan kalindhih yudaneki, binnereg mring laknattolah, Basah Prawiradirjeki, mapan nulya ngabani, nyabet saking kanan hiku, Basah Mertanagara, hingkang nyabet saking kering, laknattolah mapan kathah hingkang modar.
74. Kalindhih laknat yudannya, Islam mapan bereg sami, Kurnel mapan langkung kurdha, gya ngabani husarneki, kelana kang pangirid, Kapitan Huta puniku nulya hanginum samya, wus tan sedya mundur hurip, gulung majeng pelangkir kang lumakya.
75. Dadya wangsul malih samya, lajeng campuh hing ngajurit, husar mapan samya husar, dharat panggih lan pelangkir, langkung ramening jurit, mapan dereng untungipun, tan telas laknattolah, samya wuruh ing ajurit, den Tumenggung Gondakusuma winarna.
76. Kenging mriyem wentisira, dhawah kudanya ngemasi, nging Raden Gondakusuma, hangsal pitulung Hyang Widi, labet datan punapi, mengkana kasaput dalu, lajeng sapih kang yuda, laknattolah kathah modar, bangkenira pan binekta mundur samya.
77. Kang hageng-hageng kewala, laknat bangkenya kang ngalit, tinilar mapan gelasah, mengkana Islam kang prapti, dhateng sabillolahi, Dolah Sontaduwiryeku, lawan Citraduwirya, Mas Panji Singa puniki, hingkang labet jajar Islam gangsal welas.
78. Nanging samya tan punapa, dadya pur samya durneki, mengkana pan sareng hinjang, laknatan medali malih, lajeng mundur mring kemit, mengkana hingkang winuwus, Raden Prawiradirja, nantun mring kang raka hiki, Raden Basah Mertanagara punapa.
79. Kedugi sampun den tilar, rumeksa mring bawahneki, den Basah Martanagara, wangsulanira kadugi, lawan berkat Nerpati, mengkana Pagelen sampun, kilen lawan kang tengah, padhang laknat mapan sami, neng jro beteng sampun datan saged medal.
80. Den Basah Prawiradirja, mengkana hingkarsaneki, mring Pagelen hingkang wetan, mapan meksih peteng hiki, pan nulya den tanemi, Basah nenggih putranipun, Pangran Behi punika, dados Dolah Kariyeki, namanira Raden Prawirakusuma.
81. Dados jangkep Basah tiga, Pagelen wus pulih malih, den Basah Prawiradirja, nenggih hingkang den tenggani, tanemannya pribadi, neng Pagelen wetan hiku, tan mati tur huninga, dhumateng Sri Narapati, denya ngangkat den Basah Prawiradirja.
82. Dhumateng Rahaden Basah, Prawirakusuma hiki, mengkana mapan wus lama, nging laknat tan saged mijil, Pagelen padhang sami, Raden Basah nulya mantuk, mring Mentaram sawadya, kuswa mapan datan kari, lajeng sowan dhumateng Sri Naranata.

83. Hangaturaken bandhangan, nenggih kang mariyem kalih, lan wahos cotha malela, myang pelor sun dawaneki, kalawan matur malih, kelamun Pagelen hiku, wetan panti naneman, Basah Dolah Karniyeki, dene hingkang kawula gentosken hika.
84. Nenggih pun Suramustapha, kang huni Panjinireki, nenggih Di Dalem Karkiya, mesem Nata ngandika ris, ya wus tarima mami, myang sarupanning sagung, kang padha ngangkat karya, nanging tyasira Nerpati, hesmu gela mring Basah Prawiradirja.
85. Sabab handingini karsa, hinguni pan tan wineling, lamun Pagelen kang wetan, nenggih kinen hananemi, Basah wus tan winarni, mengkana Ki Maja hiku, mapan sampun lumampah, dhumateng sawetan Pragi, nging selaya lan Seh Ngusman Hali Basah.
86. Seh Ngusman hayun mopoha, hajrih timbalan Nerpati, yun tumut datan kadugi, dhumateng Ki Maja hiki, lawan Dolah satunggil, Seh Khaji Ngabdul Kadir-ku, marma hanongga krama, yen den hajak mangkat hiki, nging semados dereng pepak.
87. Dadya lami Kyahi Maja, mapan datan mangkat hiki, nenggih dhumateng hing pajang, hesmu kaduwung puniki, haturnya mring Nrepati, hayun wande isin kangkung, sare Ngusman Li Basah, tan kenging tinantun hiki, hing tyasira hingkang hingaben punika.
88. Nenggih prajurit Bulkiya, Seh Ngusman Li Basah hiki, kang badhe kinarya bondha, nanging Seh Ngusman wus huning, marma tan purun hiki, mring Ki Maja kajengipun, lamun badhe selaya, Ki Maja sahaturneki, marmanira She Ngusman hawrat tyasira.
89. Mengkana Kyahi Maja, langkung kewran hing tyasneki, rumahos kathah klajengnya, denira matur nerpati, myang mring sesamineki, dadya nantun muridipun, nenggih Kyahi Dhadhapan, pan kelawan Kyahi mlangi, haturira kalih pan kadugi hika.
90. Ngangge dalil mansawa hika, sabab wenang dening langip, pan ngudurna nging sakedhap, Ki Maja dadya nuruti, mring ture murineki, Kyahi Dhadhapan puniku, pan sine kajeng nulya, Ki Dhadhapan mring Melathi, lajeng panggih lan Mayor Wiranagara.
91. Dadya tanggel tinanggelan, sabab mayor muridneki, duk halit neng mlangi hika, tan winarna niskareki, nulya wamya hababahi, panggih canten hiku kalih, pan dados marga, Dhadhapan mayor hiki, neng melangi wus sumados dintenira.
92. Ki Maja panedhanira, residhen pangulu patih, hing Sala Yokja sadaya, Mayor mapan hanyagahi, nging nedha kendelneki, sagunging haprang sedarum, sagah Kyahi Maja, nulya hatur surat nuli, mring Pengasih wus katur mring Sri Nalendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

93. Duk tupiksa hingkang surat, nata langkung bendhu neki, wahu dhumateng Ki Maja, mengkana timbalanneki, heh basakhena hiki, mapan durung tutug tutug, maja karya rencana, olehnya manggung bagusi, yen mangkono hiya dhingin hana hapa.
94. Mapan sagung kang bicara, dene nora nana dadi, turhiku hiya kang ngajak, saben saben Jendral hiki, lan masrahake huwis, tanah Jawa kabeh hiku, seprandene tan dadya, hujare ngelmu tan keni, dene mengko hingkang den bicara hapa.
95. Residhen yun temu hika, lan Danurja nora keni, tutur lamun Kuran hika, hingkang nora hanglilani, tur nora miwitti, pan derma Residhen Kedhu, gawa layange Jendral, satuture sun turuti, durung lawashupama lamun laliya.
96. Dene banget karya nistha, telusuran luru hurip, tuture lamun tan kena, wus tita lamun tan keni, ginugu hujarneki, ngulama haparanneku, mapan salawasira, gung bebeka karyaneki, lan maningnge mapan wus hakeh ngulama.
97. Wong Islam Khaji pandhita, sarip lan sentana sami, kang wus padha sabillolah, dene angisin isinni, donya serama pati, mapan nora sedya hingsun, lamun Allah-tangala, iya nora hanglilani, hing luhure Islam hingkang haneng Jawa.
98. Agami nabi Muhamad, sun tedha hasirna sami, haneng donya tan pa karya, mapan sun sedya belani, marang kang padha sabil, jer hiku parentahingsun, kabeh wong tanah Jawa, Islam hingkang padha sabil, mapan hingsun kang duweni karya.
99. Hanjaluk menenging haprang, hingsun mapan tan nglilani, mengkono maning Ki Maja, bicara sun tan nglilani, lamun tan wani jurit, hangur kon bali hiku, Badarrodin pan sira, sun kondhawuhna hiki, mring Ki Maja yen mengkono karsaningwang.
100. Lawan maning dhingin sira, mampira Danurja hiki, layang gawanen balekna, Dolah Khaji Badarrodin, sandika haturneki, nembah nulya lengser hiku, singarsa Sri Nalendra, tigang dinten nulya prapti, Dolah Khaji Badarrodin lawan bekta.
101. Paturannira Ki Maja, lawan kang ngiringken hiki, punika pan hayat Kuran, hinggih kang hamba lampahi, nulya Sri Narapati, hanimbali ngulameku, kang meksih kantun samya, prapta per ngarsa Nrepati, lawan Khaji pandhita lawan ngulama,
102. Heh sanak Khaji ngulama, hingsun yun tanya sayekti, mapan hiki ayat Kuran, hapanan nan seman sawah hiki, pajara kang sayekti, mapan hingsun tan sumurup, mring nanan seman sawah hika, sedaya samya turneki, mapan hestu sampun yen mansawah punika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

103. Agami Nabi Muhamad, lapal punika kang kenging, duk halame Nabi Musa, lapal punika kang kenging, pan samya haturneki, Kaji Mamraji puniku, lan Seh Barmawi hika, nulya kinen hamangsuli, Dolah Khaji Badarrodin mring Ki Maja.
104. Kalamun wus tan kalilan, sebarang paturanneki, nging kinen mantuk kewala, lamun datan purun jurit, Kyahi Maja puniki, sareng tampi suratipun, Den Dipati Danurja, mengkana timbalanneki, Sri Nalendra langkung hajrih kaduwungnya.
105. Mring sagung paturannira, sedaya kang wus kawijil, mapan hing salamenira, kathah kang kelajeng yekti, dhateng Sri Narapati, yun mantuk wirang kelangkung, lawan kang prajanjeyan, lan mayor mapan wus dadi, nanging kantun ngentosi dinten kewala.
106. Mengkana hestu hapangya, mapan haneng hing melangi, Ki Maja lan sagung samya, kang den welingaken hiki, mapan pepakkan sami, Sala lan Ngayogya hiku, Mayor tan kantun hika, tan winarna bicareki, Kyahi Maja lajeng sowan Sri Nalendra.
107. Mring Pengasih sampun prapta, lajeng jujug haneng mesjid, nulya weling haturika, marang Dolah Badarrodin, nuhun sohan nerpati, Khaji Badarrodin hiku, lajeng sowan Nalendra, Sang Nata mapan marengi, lenggah haneng surambi langgar punika.
108. Khaji Badarrodin turnya, pun paman lamun marengi, nuhun sohan hatur salam, sakanycannipun ngulami, ngandika Sri Bupati, mapan hingsun wus tan hayun, salaman lan wong bisa, mapan hingsun bodho yekti, bok menawa nenulari bodhoningwang.
109. Heh Badarrodin tutura, marang Ki Maja sireki, Dolah Badarrodin nulya, mundur singarsa Nrepati, lan Ki Maja wus panggih, sampun winnertanan hiku, timbalanning Nalendra, lamun tan harsa pepanggih, lan sampeyan, lawan tan manis kang sebda.

PUPUH XXXV.
DHANDHANGGULA

1. Kyahi Maja sareng hamiharsa, lamun Nata tan harsa pepanggya, tumungkul krasa tyase, lamun gung lepatipun, hatenapi mring ngelmineki, rumahos lamun tiwas, barang haturipun, hingkang sampun kalampahan, dadya sanget nelongsa sajroning ngati, marang Allah-tongala.
2. Hatenapi dhumateng jeng nabi, dadya medal Ki Maja luhira, ngrahos barang kadudone, nulya haris hamuwus, wahu marang seh Badarrodin , handika humatura, dhumateng sang prabu,

kawula nuhun sapisan, hangabekti dhumateng Sri Narapati, mapan sedya kawula.

3. Hanglampahi hing karsa Nrepati, Dolah Khaji Badarrodin nulya, wangsul matur mring Sang Katong, Sang Nata ngres tyasipun, sareng mirsa hing ngaturneki, she Badarrodin nulya, tinimbalan hiku, lawan sagung kang hulama, lawan Khaji hingkang badhe tumut sami, wus samya prapta ngarsa.
4. Kyahi Maja nulya hatur bekti, jawab hasta lawan Sri Nalendra, hesmu kumembeng wespane, hanglir wekasan pangguh, Khaji lawan kang pra ngulami, sedaya pan mengkana, marma datan dangu, Sang Nata hangres kang driya, duk tumingal dhumateng Ki Maja hiki, kadya karsaning sukma.
5. Mapan lajeng kinon mangkat sami, datan ngantos matur Kyahi Maja, tan winarna niskarane, mapan wus prapta hiku, nenggih wetan hing pragi malih, Seh Ngusman Hali Basah, hing ngundang tan purun, lawan Seh Dolah Khajika, Ngabdul Kadir dadya hingkang tumut nanging, Dollah Khaji Mustapha,
6. Nanging lawan kanycanya pribadi, datan pepak sedaya mengkana, sagah samya nusul bahe, nanging Tumenggungipun, hingkang pepak Mangkuyudeki, Hurawan Brajayuda, sadilaga hiku, Tumenggung Pajang sadaya, datan tumut samya gela hing tyas neki, dhumateng Kyahi Maja.
7. Dadya nanging nak muridnya hiki, lan sedherekira hingkang milya, nanging kathah kantun mangke, murid sedherekipun, hingkang sampun sami ngulami, sabab kiyahi maja, sring selayanipun, kalawan Sri Naranata, lan ngelmunya sring nyelakhaken hiki, dhateng Kyahi Dhadhapan.
8. Kadya sampun karsaning Hyang Widi, Kyahi Maja kuwur manahira, datan kantenan kajenge, mengkana sareng dalu, lajeng mangkat mring pacoh hiki, gangsal atus wetara, hingkang ngiring hiku, mapan lajeng tinurutan, Kurnel Lebron Ki Maja haturan huning, kalamun tinurutan.
9. Mapan lajeng kinen ngatiyati, sareng henyjang laknat pan katingal, Islam sampun baris mangko, pan tan kuciwa hiku, Kyahi Maja hemut tyasneki, dhumateng ngelminira, lan karsa sang prabu, sedya sabil karsanira, sampun nyandhak wahos yun ngawaki jurit, sagung kang pradipatya.
10. Lan prajurit samya ngrebut sami, Ki Mlangi wus ngagem sanjata, sedaya wus nedya rempon, sareng ningali hiku, Kyahi Maja yun nyalirani, Khasan Besari mapan, wus humpetan hiku, mengkana

Kyahi Dhadhapan, mapan sanget genira matur puniki, Kyahi prayogi sabar.

11. Pan kawula yun nyoba kariyin, methukhaken dhumateng punika, menawi sahe kajenge, wus karsaning Hyang Agung, Kyahi Maja kendho tyasneki, mengkana Ki Dhadhapan, lumajeng mring ngayun, ngawe-hawe tanganira, Kapitan Rup mengkana nulya nimbangi, sampun samya pepanggya.
12. Nulya samya nyapih kang prajurit, Kurnel Lebron marek nulya panggya, kalawan Ki Maja mangko, dadya wus sahe hiku, sareng dalu Ki Maja hiki, sing weringin hika, Kurnel nyipeng hiku, neng Beteng Pelem mengkana, sareng henjing Ki Maja dipun haturi, mring Kelathen bicara,
13. Wus dilalah karsaning Hyang Widi, Kyahi Maja gampang manahira, pan wus tan winarna mangko, mengkana kang winuwus, Sri Nalendra miharsa warti, kalamun Kyahi Maja, mring Kelathen hiku, langkung ngungun hing tyasira, mring prajurit hing kang samya tumut hiki, lawan hingkang predikan.
14. Pitung dinten pan hantawis neki, Sri Nalendra mapan nuju lenggah neng surambi langgar mangko, hingkang sohan neng ngayun,Badarrodin lawan Barmawi, Puthutlawa kalawan, Jayanagareku, ngrahosi mring Mangkuyuda, lawan sagung hingkang samya tumut hiki, handangu ngelminira.
15. Mring Barmawi lan Khaji Mamraji, hapa hingsun tan holih duraka, sabab kang lumaku kabeh, mapan parentah ingsun, kejabane Ki Maja hiki, pan kareppe pribadya, Barmawi turipun, kados boten pramilanya, sabab sampun paduka dhawahken hiki, wande hing lampahira.
16. Tan pantara Mangkuyuda prapti, mapan lawan Seh Khaji Mustaphi, Mlangi wona kramane, kagyat Sang Nata dulu, gya hingawe sekawan sami, lumajeng ngaras pada, samya nangis hiku, Sang Nata hangles kang driya, lon ngandika wus padha menenga hiki, mara sira tuturra.
17. Pan sekawan samya haturneki, lamun tiwas di dalem sadaya, wus katur sanes karuna, mangkya Ki Maja hiku, mapan haneng Surakerteki, Khaji Dul Latip prapta, samya nangis hiku, pan sarenti dhatengira, Sri Nalendra mengkana ngandika haris, wus hajana rinasa.
18. Pan gantungan wong haneng donyeki, begja lara pati nora bakal, wus padha muliha kabeh, nulya luwar Sang Prabu, Kyahi Maja wus tan winarni, mengkana Sri Nalendra, hanimbali hiku, mring

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Basah Prawiradirja, lan kang paman Kangjeng Pangran Behi, sampun prapta hing ngarsa,

19. Sri Nalendra hangandika haris, mapan dangu Pagelen wartanya , Den Basah halon hature, sampun padhang sedarum, laknattolah tan saged mijil, hingkang langkung keringan, Pagelen sedarum, habdi dalem basah tiga, mapan hanging den Basah Mertanagari, kelamun kesah nglalang.
20. Laknattolah samya hineb kori, nadyan silih lumampah pribadya, laknat kelangkung kawuse, Sang Nata malih nantun, mring kang paman Jeng Pangran Behi, kula mapan yun kesah , mring Pagelen hiku, ngupados pangulu hika, kalih dolan sampeyan tengga hing wingking, kalih wayah sampeyan.
21. Lawan Basah Prawiradirjeki, pan katiga sandika turira, Den Basah haris hature, punapa kang sinuhun, nenggih boten mundhut prajurit, Sang Nata ris ngandika, wus tan susah hiku, hing buri poma den yitna, mapan hingsun yun lunga tanpa karyeki, nanging wong jro kewala.
22. Kang sun gawa lawan Ngabdul Majid, paman prabu kabeh pan sun tinggal, prajurit nging papat bahe, Tamtama Suryagameku, Mantrijero Suranateki, lawan kabeh ngulameku, kang prelu hayun sun pilihi padha, ngulama Pagelen hendi, kang dadi prayoga gentenhana.
23. Mring Ki Maja kang penguloneki, pan sedaya sandika turira, henjang nulya budhal katong, Ki Jayacapa hiku, pan tinilar karsa Nrepati, budi haneng gedhogan, lan medal luhipun, nyahi lurah Seca nama tur huninga lamun Jayacapa nangis, nulya kinen nusul.
24. Tan winarna Sang Nata neng margi, sampun rawuh hing Pagelen nulya, tigang dalu neng margine, masanggrahan sang prabu, haneng mesjid hing kawis hinggil, Basah Martanagara, tinimbalan sampun, lan Dolah Gondakusuma, mapan sampun prapta ngarsa Nrepati, hesmu kangen Nalendra.
25. Lajeng lenggah Sang Nata surambi, hingkang paman Pangran Prabu hika, lan Pangran Ngabdul Majidde, myang kang hulama sagung, hing Pagelen wus samya prapti, hing ngirid Raden Basah, Martanegareku, lan Raden Gondakusuma, nulya tunggil ngulama Pagelen sami, lan ngulama Mentaram.
26. Pajang Kedhu mapan sampun nunggil, Raden Basah nunggil Puthutlawa, lan Dolah Badarodinne, lan tuwan Sarip hiku, Samparwadi mapan hanunggil, Raden Gondakusuma,

Jayanegaraku, dene sagung kang ngulama, hingkang sepuh Pagelen naming kekalih, nenggih hambengan wiyar.

27. Seh Kestu Brongkol puniki, Seh Muhamad hingkang sepuh samya, ginuron prabu lamane, punika kang tinantun, hinggih dhateng Sri Narapati, sedaya cacahira, kang ngulama sagung, mapan satus kawan dasa, langkung kalih ingkang dherek mring Nerpati, Pajang Kedhu Mentaram.
28. Hing Pagelen wus samya tinari, haturira pan sami kewala, hanenggih Mukhamad Kusen, pan kapenakanipun, nenggih Kyahi pangulu nguni, Ibrahim hingkang surga, wus pitajeng tuhu, nenggih dhateng ngelminira, lawan daweg sepu hanemipun mangkin, lan sampun tan kuciwa.
29. Lan Ki Maja datan kantun yekti, lawan teksih ta ler pangulunya, Sang Nata wus nurut mangko, mring sagung haturipun, wahu hingkang para ngulami, mapan pinaring nama, nunggak semi hiku, hanglir Ki Pangulu Surga, mapan nama Pengulu Pekih Ibrahim, wus mupakat sadaya
30. Gung ngulama myang pratiwa sami, Raden Basah wus kinon wangsulla, dhumateng barisan maleh, samya sukareneku, sabab tangler pangulu sami, lawan Raden Dipatya, Sang Nata winuwus, neng Pagelen mapan lama, sring meng-ameng dhateng lepen Cecinggoling, mapan ningali baya.
31. Kang ngladosi pan Dolah satunggil, Raden banyak widhe namanira, lan rongga kawis hinggille, nenggih rongga Mentahun, pan punika hingkang pinanci,ngladosi Sri Nalendra, mring den Basah hiku, kawarnaha hing Mentaram, pesanggrahan Pengasih kinecuh iki, dhumateng laknattolah.
32. Pan huninga yen sepi Nrepati, prajuritnya lebet dherek samya, marma laknat purun mangko, Raden Basah puniku, pan katungkulan Pangran Behi, kalih mapan tanyana, yen laknat puniku, hing semangke dalu mangkat, mring Pengasih kelangkung denira dhemit, jawah sanget petengnya.
33. Pangran Behi mapan baris neki, neng cepuri den Basah Prawiradirja, meksih neng pondhokke, lan saprajuritipun, lamun siyang hanglanglang hiki, marma samya tanyana, sabab laknat hiku, wus lama tan medal yuda, lan Den Basah kang dados hecaning galih, sabab Kangjeng pangeran.
34. Barisira haneng ngajenghiki, hanindhihi Pangran pakuningrat, lawan Cakranagarane, Jayapideksa hiku, laknattolah langkung hasandi, saben dhusun kamargan, yen tinaken hiku, mapan

ngaken prajuritnya, Pangran Behi yun kondur dhateng Pengasih, mapan hawat ngandikan.

35. Marmanira lampahnya lestari, sareng wektu subuh praptanira, haneng hing Pengasih mangko, hingkang tengga puniku, pesanggrahan Pengasih hiki, Pangran Dipanagara lagya salat subuh, salat sami, langkung tan wonten nyana
36. Laknattolah sareng prapta hiki, samya gugup hika, hing ngedrel tan buh polahe, mapan lajeng kinepung, Pangran Dipanagara hiki, nanging marmaning sukma, pan sedaya hiku, samya wal saged lumajar, nanging dunya brana hingkang sirna henting, hing Pengasih sadaya.
37. Pan tan ngantos saged hangopeni, saking dene sanget kuwurira, gangsal kang prapta sabile, kabetah lajeng ngamuk, Mantri Sepuh wastanireki, pan mas Praba Leksana, lawan ngampil hiku, hawasta Ki Dermatruna, sahanaknya nongsong priyataka hiki, nanging jaja sadaya.
38. Mapan nuju samya kemit hiki, Raden Basah sareng hamiharsa, gugup lajeng nambur mangke, prajurit mapan sagung, kagyat langkung kasesa neki, sabab tan wonten nyana, sanget henjingipun, laknat sareng mireng hika, tambur muni lawan salompret puniki, lajeng tata barisnya.
39. Raden Basah Prawiradirjeki, lajeng budhal tan ngentos sumekta, prajurit nging sahanane, kang kantun samya nusul, saking sanget kasesaneki, nenggih Rahaden Basah, langkung hajrihipun, rumahos kalamun tiwas, tigang ngatus prajurit kang sareng hiki, tinata turut marga.
40. Sareng prapta lajeng nempuh jurit, langkung rame laknat kathah modar, Islam saya kathah mangko, hingkang prapta hanusul, laknat mundur prangnya kalindhih, Panran Behi winarna, sareng mirsa hiku, yen Pengasih kalebbetan, laknat mapan langkung hajrih neki, rumahos lamun tiwas.
41. Dene ngantos kabobollan hiki, lajeng nambur lawan mirsa swara, sanjata Pengasih rame, nging besmen tan kadulu, Panran Behi nulya nututi, lan Pangran Pakuningrat, Cakranegarekum, Jayapideksa winarna, laknattolah hingkang kabujung hing jurit, lajeng kapethuk marga.
42. Nenggih lawan pangeran Ngabehi, lajeng campuh wingking tinututan, laknat kelangkung bingunge, kekecer bangjenipun, genya ngrayah pan kathah hiki, tinilar hurut marga, sing kasesanipun, wahu denira limajar, henengena laknat wus datan winarni, kawarnaha den Basah.

43. Sampun panggih lan Pangeran Behi, Pangran Dipanagara katiga, pan samya ngrahos tiwase, dene prajurit hiku, mapan tiga kang prapta sabil, kang labet kalih, welas, nanging laknat hiku, pan langkung denya kasesa, marmanira datan ngantos hambesmebbi, hing Pengasih punika.
44. Tiga rembag samya hatur huning, lamun tiwas denya tengga, pasanggrahanya Sang Katong, tan winarna wus katur, hingkang serat dhateng Nrepati, Sang Nata mapan nulya, sing pagellen kondur, tan winarna rawuhira, hing Pengasih sangsaya cobaning Widi, dhateng Sri Naranata.
45. Raden Basah Prawiradirjeki, manggung beka dhumateng Nalendra, yatra bandar sedayane, mapan kedah sainuwun, sagung hing prang dipun sagahi, lan malih panuwunya, Raden Basah hiku, Raden Dipati Danurja, nenggih lawan Raden Basah Ngabdul Latip, wontening ngarsa Nata.
46. Lawan sagung prajurit puniki, pan sinuwun sadaya punika, basah lan pradipatine, hingkang parentah sagung, hing prajurit sinuhun sami, Sang Nata hesmu kewran, mengkana nulyeku, hanimbali mring kang paman, Pangran Behi lan Pangeran Ngabdul Majid, Mas Pangulu kalawan,
47. Nenggih Dolah Khaji Badarrodin , Puthutlawa lan Jayanagara, kang sowan ngarsa Sang Katong, ris ngandika sang prabu, mring kang paman Pangeran Behi pan kados pundi paman, tan hewed puniku, lamun tiyang nyepeng pedhang, dipun sambi nyepeng harya kados pundi, punapa tan kapiran,
48. Pangran Behi mengkana turneki, mapan sampun tan kirang kawula, nging meksa dreng panuwune, sagah kadugi sampun, mapan ngrangkep kang damel kalih, sayektosipun punika, sing marinanipun, dhateng kagungan Nalendra, sabab kathah tan kantenan damel neki, wonten hawi Danurja,
49. Basah nedha hawis hangsalneki, milanipun sinuwun punika, myang bantu mekaten maleh, hingkang bupatya sagung, mapan kathah kendho prang neki, hadhi Danurja kirang, hing pamerdenipun, dene paduka Nalendra, hing ngaturan dhahar dhateng Basah nenggih, tigang hewu sawulan.
50. Sri Nalendra mesem ngandika ris, kados pundi paman prayoginya, pangulu Ngabdul Majide, Badarrodin sireku, pan sedaya samya turneki, prayogi tinurutan, mapan mindhak cukup, paduka ji kang rumeksa, lawan rikuh yen tebih Raden Dipati, lan sahe sawaira.
51. Kang jagani hing karsa Nrepati, pan pangulu patih lawan jeksa, lan Basah satunggal mangko, tan kirang sawangipun, pan sedaya

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

haturnya sami, Basah Prawiradirja, tan kerod tyasipun, mengkana Sri Naranata, sareng mirsa sedaya haturnya sami, mesem haris ngandika.

52. Yen mengkono wus rembukireki, Badarrodin sira dhawuhena, Basah Prawiradirjane, yen wus kalilan hiku, hing sebarang panuwunneki, dene cahosanira, hiya marang hingsun, telung hewu saben tanggal, sun tarima hiya nanging karsa mami, nanging sewu kewala.
53. Hakeh hakeh tan na karyaneki, lawan sapa hingkang gentenana, mring Danurja barisane, lan Ngabdul Latip hiku, Badarrodin lengser sing ngarsi, tan winarna wus panggya, lan den Basah hiku, wus dhinawuhaken sadaya, Raden Basah langkung suka manahneki, mengkana haturira.
54. Hinggih huwa kalamun marengi, Sri Nalendra panuwun kawula, Kangjeng Pangran ngebehine, baris sawonten kidul, hanggentosi Basah Dul Latip, dene Raden Dipatya, kang gentosi hiku, Pangeran Sumanagara, lawan kula suwunakena masinggih, Basah Pangran punika.
55. Dene huwa kawula pribadi, pundi pundi sedaya kang hawrat, kula kang tulung badhene, riwus nulya humatur, Ba[hal.111]darrodin mring sri bopati, saha turre den Basah, tinurutan sampun, Den Dipati tinimballan, lawan Basah Ngabdul Latip sampun prapti, neng Pengasih sadaya,
56. Hing Pengasih saya hakeh jalmi, sabab sampun kang putra santana, lan bopati miji kabeh, haneng Pengasih kumpul, Pangran Behi wus ngalih hiki, baris sakidul Yokja, kang ngajengken hiku, semangke nging kantun tiga, Pangran Pakuningrat Candranegareki, lawan Jayapideksa.
57. Laknattolah langkung hageng neki, karya beteng haneng Pananggullan, kang punggawa katigane datan kuwawi hiku, hanadhahi nulya turhuning, dhumateng Raden Basah, pan katungkul hiku, hanampani kang lapuran, lawan harta lan nyambi nata prajurit, ngantos kelajeng dadya.
58. Hingkang beteng kapirsa Nrepati, Raden Basah pan ngantos kadukan, gya mangkat saking pondhokke lan saprajuritipun, nulya baris hing Sacang hiki, pan sampun jeng-ajengan, nging let kalih dhusun, tan wonten purun majenga, nulya nuhun Raden Basah mring nerpati, Raden Jayanagara.
59. Lawan Raden Puthut Lawa hiki, sakanycanya Mantri Lebet lawan, prawira tamtoma mangke, gya pinaringken hiku, sampun mangkat saking Pengasih, Raden Prawiradirja, mapan haturipun, badhe

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

ngantep hing ngayuda, marmanipun nuwun habdi dalem kalih, Mantri Lebet Tamtoma.

60. Hamrih hajrih sagung kang prajurit, Seh Muhamad Husman Hali Basah, mapan sareng hing praptane, haneng sadhang sedarum, kang bulkiya mantri jro hiki, tamtoma sareng henyjang, nembang tengareku, den Basah Prawiradirja, laknattolah panuju samya jeng neki, mapan kadya semayan.
61. Samya keh nyatan kuciwa sami, sareng prapta turus campuh yuda, mapan kelangkung ramene, husar samya husar pangguh, Islam dharat campuh pelangkir, mengkono Kebonyabrang, lawan marga hewuh, sing Pengasih sesanderran, mapan hapi hing ngutus mring Sri Bopati, kinon ningali yuda.
62. Mapan kalih calunthangan sami, kelangenan samya gesulira, Raden Prawiradirjake, lawan seh Husman hiku, langkung hajrih sareng ningali, dhumateng Kebonyabrang, lawan marga hewuh, jelih jelih saking wuntat, nguwuh huwuh lamun dinuta Nrepati, dadya sagung pratiwa,
63. Mapan samya hangawaki jurit, wus nirbaya tan pawikara, Basah kalih pangiride, tan pantara wus carub, laknat Islam dados satunggil, sanjata mriyem pejah, kang prang samya wuru, nging sangkuh lan wahos hika, hingkang majeng hangsal pitulung Hyang Widi, laknat lajeng belasah.
64. Bangkenira kedhik hingkang hurip, pengagengnya laknat pan kecandhak, Mayor lawan Kapitane, kedhik hingkang lumayu, pan binuru lajeng hangungsi, manyjing mring beteng samya, pan lajeng kinepung, samya yun rinangsang pisan, dereng kontung Den Dolah Puthutlaweki, kenging mariyem kontal.
65. Nanging hangsal pitulung Hyang Widi, tan tumama Dolah Jayanagara, kenging mariyem kapale, hingkang westa pun jugul, lajeng pejah tamtoma katri, kang prapta sabillolah, pan Panji sedarum, kala meksih ruketira, mapan sampyuh lan Mayor Kapitan sami, dadya mundur sadaya.
66. Dereng kuntung benteng bedhahneki, mapan kathah hangsalnya bandhangan, sanjata lit lan kapalle, mriyem satunggal hiku, nanging datan binekta sami, katungkul rarebatan, sanjata lit hiku, dadi kang katur Nalendra, nanging polet nanging gangsal warni warni, mapan wus tan winarna.
67. Wetan Proga Pangran Basah hiki, pan kalindhih nenggih yudanira, laknat lajeng karya benteng, haneng gamplong puniku, Raden Basah Prawiradirjeki, tan purun tutulunga, tumunten puniku dadya

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kasep lajeng dadya, Penanggulan mapan wus tan bisa mijil, hingkang pinatah tengga.

68. Pangran Pakuningrat den kandheni, ja pideksa Ki Cakranagara, binantokken dhateng Gamplong, Raden Basah katungkul, hudur harta lan Den Dipati, dadya Sri Naranata, sangsaya les tyasipun, rumahos dinukan suksma, sabab saben-saben nurut haturneki, hingkang para niyaka.
69. Datan wonten kang karsa pribadi, Kangjeng Sultan hing dalu lan siyang, pan naming sihing Hyang Manon, nenggih lestarenipun, hingkang dhateng sabillolahi, sedaya katrimaha, hing madya puniku, mengkana Sri Naranata, mapan nanging galih, hing wekasaneki, sih hing Allah-ta-ngala.
70. Dhateng hingkang samya sabil sahid, pan sinamur mengameng jeng sultan, dhateng hing Terayung mangko, remen mesjid Terayu, hingkang dherek nging pra ngulami, sedaya pan tinilar, neng Pengasih hiku, mengkana hingkang winarna, Kyahi Maja sampun wonten hing Betawi, mapan kinon kongkonan.
71. Hatur surat dhumateng Nrepati, Jendral Dhekok nuhun kendeling prang, hanenggih hingkang kinengken, Ki Dhadhapan puniku, lawan Kyahi Khasan Besari, Kapitan Rup punika, kathah sreratipun, wus katur mring Sri Nalendra, sinusul ken dhumateng Trerayu hiki, langkung hewa tyas Nata.
72. Sagung serat tan harsa ningali, lajeng kinen mangsulken sadaya, dhateng Raden Dipatine, lan Raden Basah hiku, dening nuwun kendeling jurit, marengi Sri Nalendra, nging becara sagung, Sang Nata wus datan karsa, mongso borong Den Basah Raden Dipati, Pangran Behi katiganya.
73. Nging satunggal welingnya Nrepati, datan kenging lamun ngewahana, hayat kital parentahe, hingkang hingutus pangguh, hinggih lawan Raden Dipati, mas pangulu pribadya, lan Dolah puniku, Badarrodin melang ika, Pangran Puryawija sekawan sami, lengser sing ngarsa nata
74. Sri Nalendra lajeng kondur hiki, mring Pengasih pan wus tan winarna, Kapitan Herup hature, mring Raden Basah hiku, pan kawula hinggih wineling, mring Komsaris Jendral, Hijeman puniku, kalamun pareng Sang Nata, sagung tanah kang wonten residheneki, sedaya hakanthiya.
75. Lan ngulami dados sami sami, sampun wonten hinggih kang parentah, den Basah halon sebdane, ya dhingin hingsun matur, nulya Raden Basah kepanggih, lawan Raden Dipatya, mapan tapa

nuju, pepak kang putra santana, myang pratiwa Raden Prawiradirjeki, ngaturken haturira.

76. Kapitan Rup dadya hangaturi, mas pangulu myang sagung ngulama, mapan sampun prapta mangko, pan samya rembagipun, sahe katur Sri Narapati, mengkana lajeng sowan, sekawan puniku, wus prapta ngarsa Nalendra, mapan nuju lenggah langgar Sri Bupati, neng surambi punika.
77. Sampun katur kang niskara sami, Sri Nalendra mesem hangandika, ya wus bener nanging kasep, kalamun hingsun turut, hiya hiku wekasaneki, dadya prang rebut donya, paran polahingsun, yen katemu besuk kono, lan kang padha wus prapta sabillolahi, dhingin duk jahalanang.
78. Nora Kurang kemurahan Widi, tur hika meksih pepak padha, hingkang sabil dorung hakeh, lan hingsun bias hiku, males marang nak putuneki, hingkang padha tininggal, hingsun datan hayun, karya pitenah mring bala, dadya samya tumungkul tan saged hiki, lamun malih matura.
79. Sri Nalendra hangandika malih, heh Danurja lan Prawiradirja, sira wangsulan dhewe, layang betawi hiku, mapan hingsun lan paman behi, wus haja sira ngucap, dene karsaningsun, pan wus nora howah-howah, mapan samya sandika haturnya kalih, pan wus datan winarna.
80. Jendral Dhekok mapan kirim tulis, mring den Basah prawiradirjeki, langkung handhap tembungane, ngajak panggihan hiku, lamun pareng lan wektuneki, haneng hing Penanggulan, lawan kirim bestul, sarakit dadya Den Basah, geng tyasira mengkana Sri Narapati, ningali Raden Basah.
81. Mapan hewa sabab kathah hiki, kang dene hamper pratingkahing laknat, hing sebarang parentahe, marang prajurit sagung, nging satunggal kang tan ngewahi, parentahnya Nalendra, barjemungah hiku, hingkang meksih tineteppan, pamerdinya den Basah mring salat hiki, gangsal wektu tan hewah.
82. Sri Nalendra kang dados tyasneki, nging satunggal dhateng hingkang putra, Den Ayu Gusti Basahe, mapan tinilar hiku, mring kang raka marma Nrepati, kelangkung denya welas, wus lami tanantun, karma dhumateng Nalendra, datan harsa malah hasring muni, kemutan mring kang raka.
83. Mila sanget Sang Nata hamerdi, kramanira dhumateng kang putra, sabab wus sumedya katong, tilar donya puniku, kanikmatan donya tan nolih, nanging mring kelanggengan, kang dados tyasipun, lan

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

nenuhun mring Hyang Sukma, lestarine sihing Hyang hing benyjing ngakir, lan mring sagunging samya.

84. Wadya Islam kang nglampahi sabil, lawan sahid muga narimaha, subkhanahu-ta-ngalane dhumateng imanipun, nulya hana marmaning Widi, Den Ayu Gusti Basah, mring kang rama nurut, langkung sokur Sri Nalendra, mring Hyang Sukma nulya kinen hanimbali, Basah Mertanagara.
85. Basah rema kang kinen gentosi, hingkang rayi Den Gondakusuma, mapan wus dhinawuhake, hingkang niskara sagung, nenggih dhateng Raden Dipati, mengkana mapan nulya, nimbali punika, Raden Dipati Danurja, mring den Basah Prawiradirja, wus prapti, pan lajeng dhinawuhan.
86. Mapan kinon wahu hanimbali, mring den Basah Mertanegarika, wus winarta niskarane hing karsa sang sinuhun, Raden Basah langkung tyasneki, sanget hangarsa harsa, sanes dhawahipun, wekasan medal tyasira, dadi bedik Basah hing Pagelen hiki, lawan Basah Mentaram
87. Datan sanes lan [hal.131]Raden Dipati, mapan meksih gadhah putra jaka, lan Pangran Ngabdul Majidde,samya gela tyasipun, nanging kantun kelahir hiki, pan samya ngarsa harsa, mengkana winuwus, den Basah Prawiradirja, mapan lajeng sowan Kangjeng Ratu hiki, mring pesanggrahanira.
88. Sareng prapta pan dinangu hiki, hana hapa Basah sira prapta, den Basah hatur sembahe, mapan nuwun kepangguh, wayah dalem pan mungpung kenging hinggih wekasan panggya, benyjing lamun sampun, krama kados boten suka, hingkang gadhah Kangjeng Ratu ngandika ris, hingsun tan ngrunggu warta.
89. Sapa hingkang bakal den paringi, Raden Basah matur hesmu waspa, nenggih Basah hing pagelen, Jeng Ratu Hageng hiku, hingkang wayah dipun timbali, Den Ayu Gusti Basah, sampun prapta ngayun, den Basah Prawiradirja, ajeng nangis sumungkem panggonireki, hemut dhateng kang swarga.
90. Pan katiga samya muhuneki, Kangjeng Ratu Hageng mring kang wayah, jeng Gusti Iman Basahe, mapan wus tan cinatur, kawarnaha wahu kang prapti, Basah Martanagara, wus katur sang prabu, karsanira Sri Nalendra, hingkang kinon mangku Rahaden Dipati, Basah Martanagara.
91. Kangjeng Raden Ayu Gusti hiki, hingkang kinon wahu mangku hika, den Basah Ngabdul Latipe, haneng bendunganiku, para putra pepekkan sami, pan Kangjeng Panembahan lawan Kangjeng

ratu hingkang nenggani hika, neng bendungan riwus pinanggihneki, mapan lajeng hingarak.

92. Sing Pengasih mring bendungan niki, mapan nuju hing wulan ramelan, tanggal kaping pitulase, putra Santana sagung, myang pratiwa kang dherek hiki, prajurit mapan samya, jajari hing ngayun, langkung kathah jalma ningali, mapan ngantos lampahan sadinten prapti, samya henggar tyasira.
93. Nging den Basah Prawiradirjeki, hingkang datan tumut dherek hika, kalawan saprajurite, wus tan winarna hiku, kawarnaha Jendral puniki, nerangken bab panggihan, Pennanggullan hiku, Raden Basah wangsulannya, ngajak panggih aneng dhusun Turus hiki, lajeng tan kadadosan.
94. Lajeng taken pikajenganneki, Raden Basah mapan wangsulannya, nyaraj mring Jendral kajenge, tigang prekawis hiku, kendel lawan bicanten hiki, katiga lawan haprang, Jendral pan tinurut, punapa sakajengira, Jendral mapan Raden Basah kang nadhahi, Jendral lajeng milih haprang.
95. Dadya lajeng ngangkat haprang malih, wulan sawal kendel tigang wulan, Sang Nata mapan karsane, dene tanah Mentarum, Raden Basah lan Pangran Behi, kang kinen nindhihana, sagung haprang hiku, Sri Nalendra mapan harsa, halelana prajurit tinilar sami, hanging bekta bulkiya.
96. Suranata Suryagoma hiki, Mantri Jero prajurit tamtoma, jayengan hiku husarre, mapan pangiriddipun, Basah Ngusman Basah Dul Latip, lawan Raden Dipatya, putra sentaneku, hingkang dherek nanging gangsal, Pangran Prabu lawan Pangran NgabdulRakim, Pangran Dipanagara
97. Pangran Hadinagara puniki, Pangran Suryasipura kalawan, mas pangulu sakanycanne, kang pra ngulama hiku, sampun budhal saking Pengasih, mapan sareng kalawan, Pangran Behi hiku, budhal mring sakidul Yokja, sawadyanya Raden Basah kang ngenggenni, hing Pengasih punika.
98. Tan winarna niskarannya sami, hingkang haprang wus rame sadaya, kawarna Kangjeng Sang Katong, Pagelen sampun rawuh, mesanggrahan hingrati hiki, hurut sewu margannya, hanimbali hiku, Basah hing Pagelen tiga, Raden Gondakusuma wus prapti, Basah Ngabdul Muhyika.
99. Raden Basah Prawirakusumeki, sampun panggih lan Raden Dipatya, samya dhinawuhan mangko, lamun Sang Nata hayun, tedhak marang hing gowong hiki, wingking samya den yitna,

tengga tanahipun, nging Basah Pagelen tengah, Ngabdul nuhyi kinarsakken dherek hiki, lan saprajuritira.

100. Dening buri sira kang ngopeni, lamun nana mungsuh hingkang teka, Basah kang katempuh karo, mring rumeksane hiku, Basah kalih samya turneki, sandika tan winarna, Sri Nalendra hiku, saking Rantisam budhal, lan sawadya kuswa kang dadya pengarsi, Basah yuda kenaka.

PUPUH XXXVI
P A N G K U R

1. Basah Ngabdul Muhyika, mapan dadya pengarsaneki, pan sewu prajuritipun sepalih kang binekta, tan winarna Sri Nalendra sampun rawuh, hing Gowong sawadya kuswa, Tumenggung Gowong pan kalih
2. Tumenggung Gajah Pramada, lan Tumenggung Kretadesa nameki, nulya dhinawuhan sampun, marang Raden Dipatya, kinon karya pasanggrahan mapanniku, kang celak Beteng Sepuran, sandika kalih turneki,
3. Tan winarna sampun dadya, pan ing Wonnasraya namanireki, nulya tur huninga sampun, budhal Sri Naranata, saking Pucang myang sawadya kuswahiku, wus rawuh hing Wonnasraya, tigang dinten wonten margi.
4. Kalawan Beteng Sepuran, mapan samya nenggih katingalneki, nanging helet jurang hiku, langkung pakewedira, nging kuciwa tebih toya tadhah hiku, susah sagung pra ngulama, kangelan ngibadah neki.
5. Nulya na marmaning sukma, mapan samya nenggih, sendhang pribadi, saben saben pondhok hiku, lan wong Pagelen samya, ledhok gowong prapta wewadeyanniku, sebarang wonten sadaya, datan kirang tedha sami.
6. Mengkana Beteng Sepuran, langkung kathah bantu kang samya prapti, laknat dados kalihiku, nenggih barisanira, hing Sepuran lawan hing Kedalon iku, mapan samya kathahira, Basah tiga rembag sami.
7. Sareng sinabet punika, Basah Ngabdul Muhyi dipun bebahi, nginggahi Sepuran hiku, lawan Gajah Premada, Seh Muhammad Ngusman Li Basah hiku, nginggahi Kedalon hika, lawan Basah Ngabdul Latip.
8. Puthut LawaJanegara, karsanira wahu Sri Narapati, binantok haken puniku, mring Ngusman Hali Basah, sampun dadya

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

rembagnya sadaya sagung, mengkana henjang winarna, gya nembang tengara jurit.

9. Sumahab kang wadya kuswa, sareng mangkat wahu kang Basah katri, mapan hanglir watu turun, nenggih saking hing ngarga, pan panuju laknattolah mapan hayun, mara kalih lampahira, kadya wus karsaning Widi.
10. Kapethuk hing Jelatar, Dolah Khaji Ngabdul kadir waweling, dhumateng hing ranggannipun, yen hingsun mengko prapta, sabilolah poma haja sira rebut, kabeh konca poma poma, dimen rusak jisim mami.
11. Mengkana sareng katingal, mengsah lajeng ngedrel mriyemi wadya Islam lajeng nempuh, Seh Dolah Khaji hika, Ngabdul Kadir mapan hanrerajang purun, bulkiya lawan tamtoma, Mantri Jro ngamuk sami.
12. Kadya wus karsaning sukma, Dolah Khaji Ngabdul kadir pan prapti, dhumateng hing jangjennipun, wantu Seh Dollah hika, Ngabdul Kadir yen huning mring laknat hiku, wus hical kang subasita,nirbaya tanpa wigati.
13. Lan Mas Prawiradeksana, mapan Mantra Lebet puniki, pan sareng pangamukhipun, kalih putung watangnya, pan kelajeng prapta hing sabillolahu, rinubung mring laknattolah, Seh Khajo Mustapa huning.
14. Lawan Raden Puthut Lawa, samya ngamuk ngrebut kunarpaneki, myang sagung prajurit hiku, sareng majeng sadaya, kathah mundhut laknat kalindhih prangipun, hing sepuran pan mengkana, prangnya Basah Ngabdul Muhyi.
15. Kirang kedhik pan meh bedhah, Beteng ngira laknat wus geger hiki, kang neng jro Beteng hiku, pan katingal kewala, saking pesanggrahaning Wonasrayeku, samya suka gung tumingal, mring solahe laknat sami.
16. Mapan dereng huntungira, kapalira Basah sukunya kalih, kenging hing mariyem rampung, pejah Panji pan tiga, hingkang prapta hing sabillolah puniku, dadya samya mundurira, mapan kesaput ing wengi.
17. Mapan sareng hundurira, hingkang saking Jelatar puniki, lawan hingkang Sepuran hiku, lawan bekta layonnya, Seh Dolah Khajiku, Ngabdul Kadir gung bulkiya, sedaya pan samya nangis.
18. Lawan mas Panji punika, Mantra Lebet Prawiradeksaneki, wus katur hingkang sinihun, lan Panji Pagelen tiga, hingakang sabil kang layon samya pinundhut, dhateng ngarsane Nalendra, sabab wus kedalon hiki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

19. Pan kendel sadalu hika, hingkang layon neng ngarsane nerpati, mapan harum gandannipun, mengkana sareng henyjang, lajeng kinen ngangkatken layon puniku, mantuk mring Pagelen tiga, Seh Dolah Khaji Dulkadir.
20. Lan Panji Prawiradeksana, sinahenan neng tanah Gowong ngiki, Basah tiga rembaggipun, yun majeng malih hika, nulya hana lapuran saking Mentarum, den Basah Prawiradirja, hatur tiwas tengga nagri.
21. Pesanggrahan Sri Nalendra, hing Pengasih sampun risak puniki, sagung repot dhateng kulur, lan Kangjeng Panembahan, Kangjeng Ratu Hageng neng Dhawuhaniku, tan hewah lawan kang wayah, habdi dalem kathah sabil.
22. Tumenggung Cakranagara, wahu hingkang prapta sabillolahi, lan gangsal ngabehinipun, lan Panji Toya Gesang, pan pun Suradikda ya laknat gung lampus, mengkana sareng miharsa, Sang Nata ngungun tyasneki.
23. Sagung prajurit Mentaram, myang pratiwa putra Santana sami, langkung kewran manahipun, sareng samya miharsa, hing Pengasih mapan sampun risak hiku, watas nak rabinnya samya, nging jrih matur mring Nrepati.
24. Mengkana na malih prapta, serat saking Basah kang wetan hiki, tur huning yen labet hiku, kenging mriyem wentisnya, lajeng dhawah hingkang turongga pan lampus, lawan Raden Ayu Natayuda, prapta hing sabillolahi.
25. Lawan Tumenggung Sebara, tondha mohi rusak kunarpaneki, dadya Pagelen puniku, kang wetan pan kancikan, dhateng laknat Basah Ngabdul Muhyihiku, langkung keron manahira, prajurit Pagelen sami.
26. Mapan kathah mantuk hika, saking sanget kuwatos tyasnya sami, Basah tiga samya matur, dhumateng Sri Nalendra lamun habdi dalemiku, mantuk mring Pagelen tiga, Seh Dolah Khaji Dulkadir.
27. Mengkana Raden Dipatya, haturira dhumateng Sri Narapati, hatanapi mas pangulu ngaturira kondur samya, mring Mentawis sabab habdi dalem sagung samya sanget keronnira, neng ngriki tan saged jurit.
28. Sang Nata dhahar haturnya, dhateng sagung hingkang pratiwa sami, sareng henyjang budhalipun, saking Wonasraya, haneng marga pan kapethuk suratipun, den Basah Gondakusuma, ngaturken sal-hangsal neki.
29. Bandhangan tambur gander, lan salompret kang kathah sanjata lit, mriyem kakalih puniku, karsanira Nalendra, pinaringken malih

kinen bekta wangsul, mring Basah Gondakusuma, mengkana wus tan winarni.

30. Sang Nata wus rawuh hika, hing Pagelen mesanggraha Nrepati, haneng hing Kroya puniku, ngasokhaken gung wadya, Basah Gondakusuma karsa sang prabu, lan Basah Ngabdul Muhyika, mapan kinen hangopeni.
31. Mring Pagelen hingkang wetan, sabab Basah hira pan meksih pannaming wakil Tumenggung, tan pitajeng Nalendra, ris wusnya Sang Nata gya budhal hiku, myang sagung kang wadya kuswa, kondur dhumateng Mentawis.
32. Sampun prapta hing Mentaram, mesanggrah aneng palihan Nrepati, Basah Prawiradirjeku, lanwan Pangeran Basah, tinimbalan kalih sampun prapta ngayun, dinangu hingkang niskara, sampun katur sedayeki.
33. Sri Nalendra hangandika, paran sira bab ing haprang hiki, yen wus tan kaduga hiku, hangur-hangur padha matura, karuhane mungpung meksih jembar hiku, den Basah Prawiradirja, mengkana hing ngaturneki.
34. Rumiyin myang sapunika, nadyan silih pewaha mengsah malih, yen teksih gesang pukulun, pan tan sedya suminggah, Sri Nalendra ris ngandika hiku, heh hiya Prawiradirja, kelamun nyata sireki.
35. Sun jaluk pretandhanira, Basah kalih sandika haturneki, sampun lengser saking ngayun, Basah Prawiradirja, lawan Pangran Basah Sumanegareku, mengkana wus tan winarna, sareng dinten hisnen hiki.
36. Den Basah Prawiradirja, lawan Pangran Basah Sumanegari, wus budhal sawadyannipun, saking Gen-than punika, harsa gitik laknat saking baris hiku, hing Petir kepareng nulya, dadya kapethuk hing margi.
37. Mapan samya kajengira, laknattolah hayun mring Genthan hiki, dadya samya kajengipun, kapethuk Sela Belah, lajeng campuh langkung rame swaranipun, sanjata lir hardi bentar, lajeng ruket hingkang jurit.
38. Peteng kukusing sendawa, laknat Islam sampun wuru juritneki, mengkana karsa hyang agung, Basah Prawiradirja, mapan labet kenging pelor bahunipun, dadya kalindhih prangira, sagung wadya Islam hiki.
39. Kalawan Panji waneng prang, somaliyekya kendhang gumulung sabil, prajurit jajar puniku, hingkang sabil sadasa, laknattolah pan

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

kathah kang modar hiku, kabrereg Islam yudanya, mengkana gya den tutulungi.

40. Mring Dul Latip Hali Basah, kang prajurit jayengan wolung desi, mapan sare hajengipun, laknat menggah tyasira, sabab sampun kathah modar kancanipun, Kapitan Rup tatu hika, kalawan Mayor hireki.
41. Dadya samya hundurira, nanging Islam hangsal bandhangan hiki, welandi gesang puniku, satunggil namanira, nenggih Jakup mengkana tur huning sampun, dhateng Kangjeng Sri Nalendra, lamun Raden Basah kanin.
42. Kenging pelor bahonira, pasah nanging mapan datan punapi, dene kang prajurit sagung, sakal sakit hika, kang misesa den Basah panuwunipun, dhumateng Sri Naranata, nenggih Pangran Ngabdul Majid.
43. Kalilan wus tan winarna, kawarnaha Kangjeng Pangeran Behi, mapan sanget grerahipun, kondur mring Kilen Praga, dadya sagung prajurit dherek sedarum, myang Bupati Kidul Yokja, Sang Nata karsanireki,
44. Kang misesa Kidul Yokja, pan winangsulaken malih hiki, mring Raden Janegareku, Tumenggung kidul Yokja, myang prajurit wus pinaringken sadarum, mring Raden Jayanagara, lajeng kinen mangkat sami.
45. Saking hing sakilen Praga, Raden Jayanagara budhal nuli, myang sagung kidul Yukjeku, Dolah Resasentana, Raden Jawinata Honggawikrameku, lan Tumenggung Bahuyuda, wus prapta kidul Yokjeki.
46. Lajeng baris wetan ngumpak, kawarna hanenggih Sri Narapati, salaminya sakit hiku, Basah Prawiradirja, kang prajurit samya kendho juritipun, lan wonten hatur huninga, lamun laknat badhe prapti.
47. Kurnel salwen tinindhih hira, badhe nyabrang dhateng sakilen pragi, kang baris siyangan hiku, mengkana Sri Nalendra, nulya budhal saking hing paliyaniku, mantra jro lan bulkiya, kang munggeng ngarsa Nrepati.
48. Seh Dolah Khaji punika, Ngabdul kadir pan sampun den sulihi, hanenggih Seh Khaji Mansur, pinaring nama Dolah, dadya sisihira Khaji Mustapeku, Mas Pangulu munggeng wus tata, myang sagung kang pra ngulami.
49. Suranata Suryagoma, sampun rawuh hing Kecubung Nrepati, lajeng mesanggrahan hiku, neng Kecubung demmangan, Raden

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

Basah Mretanagara puniku, kalawan Raden Dipatya, nusul mapan sampun prapti.

50. Lan ngirid Bupati magang, hing Pagelen mapan sekawan hiki, lawan saprajuritipun, kala wektu punika, langkung hageng kang coba dhateng sinuhun, Bupati kalih selaya, kalawan Basah hireki.
51. Nanging Kangjeng Sri Nalendra, mapan sampun tan ningali kekalih, marma punapa turipun, kang wadya tinurutan, hanggre sagah mengsah lawan laknat hiku, Basah Ngabdul Latip prapta, lawan saprajurit neki.
52. Lajeng kinon baris hika, haneng Galur lawan Raden Dipati, kang munggeng ngarsa sang prabu, Basah Mertanagara, lawan Ngusman Li Basah kang baris hiku, haneng hing Wates punika, nenggih Pangran Dul Majid.
53. Lawan Pangran Pakuningrat, lawan sagung wahu hingkang prajurit, Prawiradirjan sedarum, Mengkana kahinggahan, laknattolah mapan sareng praptannipun, Wates lawan Galur hika, samya pinethukken jurit.
54. Langkung rame swaranira sanjata lit lawan mariyem sami, Sang Nata marma tyasipun, marang Raden Dipatya, sabab kedhik hingkangprajurit puniku, hingkang kathah nanging magang, lawan Basah Ngabdul Latip.
55. Prajuritnya nging Jayengan, pan kapalan wolung dasa puniki, Seh Ngusman Li Basah hiku, kang kinen tetulunga, sakanycanya prajurit bulkiya sagung, lan Basah Mertanagara, mapan kinen tumut sami.
56. Dene hingkang tinnindhihan, Mantri Lebet lan Suranata hiki, Suryagoma budhal sagung. Saking ngarsa Nalendra, hingkang ngadhep nanging kantun Mas Pengulu, sakanycanya prangulama, lan putra santana sami,
57. Basah kalih sampun prapta, paning Galur panggih Raden Dipati, Sri Nalendra hayun dulu, saking kecubung udhal, laknattolah datan saged nyabrang Galur, dadya nanging prang senjata, datan saged nyabrang kalih.
58. Nyabrang lepen punika, laknat Islam nging senjatanan sami, mengkana hingkang winuwus, kang haprang [hal.139]Wates hika, Pangran Ngabdul Majid pan kalindhih hiku, lawan Pangran pakuningrat, nanging tan hatur hudani.
59. Hundurira tan katingal, mapan samya kalingan dhusun hiki, dadya Islam mapan sagung, manyjing mring padhusunan. laknattolah langkung sanget sagedipun, tan mawi besmening griya, marma hingkang haprang hiki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

60. Hing Galur mapan tanya na, lamun Islam kalihdhih juritneki, samya nyana lamun bujung, sabab tan besmi griya, lan sanjata mapan sampun kendel dangu, marmanira samya heca, denira sanjatan hiki.
61. Mengkana husar katingal, Sri Nalendra dangu mring gamelneki, lawan ponakawaniku, sedaya haturira, tiyang ngili girekken mahesannipun, saking sanget pannasira, marmannya datan ketawis.
62. Lingsir kilen wayahira, hawit henyjang wahu denira jurit, husar mapan prapta sampun, samya kagyat sadaya, mas pangulu humatur dhateng sang prabu, kelamun punika husar, Sang Nata dipun haturi,
63. Mundur sagung husar nulya, bujung husar hanyenyjatani, nanging marmaning Hyang Agung, sami lujeng sadaya, sagung dherek dhumateng sang prabu, Den Dipati kang winarna, kalawan kang Basah katri.
64. Sareng miharsa punika, lamun wingking rame sanjata muni, samya langkung kagyatipun, wus narka yen Nalendra, dadya samya langkung kuwur manahipun, nulya samya mundur hika, sedya tulung mring Nrepati.
65. Wus nir sagung hingkang baya, sareng mundur nulya kapethuk sami, kalawan husar sedarum, lajeng campuh kang yuda, kuwel telas laknattolah kedhik hiku, husar hingkang meksih gesang, tinulungan mring pelangkir.
66. Lan kang saking Galur hika, sampun nyabrang laknat lajeng ngebyuki, Islam pan karoban mungsuh, kelangkung bingungira, lajeng mundur Islam kalindhih prangipun, binujung mring laknattolah, nanging marmaning Hyang Widi.
67. Islam dereng huntungira, pan kedhik kang prapta sabelneki, sedaya hanging salikur, prajurit Pagelen samya, kang satunggil hanenggih papatihipun, Raden Dipati Danurja, laknat kathah hingkang modir.
68. Nulya sapih hingkang yuda, mapan sampun nenggih kasaput wengi, laknat lajeng samya mundur, mring prenah sowing-sowang, lawan bekta mring bangkene rewangipun, nanging kang hageng kewala, kang alit tinilar sami.
69. Islam kathah hangsalira, kang bandhangan kapal husar pan sami, mengkana hingkang winuwus, Raden Jayanagara, denya baris neng geger sakanycanipun, laknattolah mara tiga, wahu denira nginggahi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

70. Mas Dolah Resasentana, mapan kinen methukaken puniki, mengsah saking wetan hiku, Den Menggung Jawinata, methukhaken hingkang saking ler puniku, hingkang hageng laknattolah, mapan saking kilen hiki.
71. Mapan pinethukken hika, dhateng Raden Jayanegareki, lawan Khaji Ahmad hiku, Tumenggung Mangkuyuda, lajeng campuh pan sanget karoban mungsuh, nging Raden Jayanagara, wirang yen mundura hurip.
72. Lan Tumenggung Bahuyuda, Khaji Ahmad pan sampun sumedya sabil, prajurit tamtama hiku, golong pengamuk hira, langkung rame pan wus karsaning Hyang Agung, Rahaden Jayanagara, prapta hing sabillolahi.
73. Kalawan seh Khaji Ahmad, lan Tumenggung Bahuyuda puniki, prajurit tamtama hiku, sedasa hingkang bela, bahuyudan mapan tiga belanipun, samya risak kang kunarpa, laknattolah kathah modar.
74. Mas Dolah Resasentana, lawan Raden Jawinata puniki, kang sal bereg yudannipun, wangsul mring gegre samya, laknattolah sedaya pan sampun mundur, lajeng hanyahenni samya, kang prapta sabillolahi.
75. Lajeng ngaturi huninga, mring Nalendra pan wus datan winarni, Sang Nata haneng wanagung, gennira mesanggrahan, pan sadina dina denira prang pupuh, laknattolah lawan Islam, kendel lamun dalu hiki.
76. Dadya Sang Nata pribadya, kang nindhihi selaminira sakit, Basah Prawiradirjeku, lan Pangran Ngabehika, marmanira datan kendel kang prang pupuh, mas Dolah Sura Mustapha, Tumenggung Karkiya sabil,
77. Kalawan Panji Jayengan, Jayeng Sinom nenggih westanireki, mapan prang kulur puniku, kathah laknat kang modar, prang sidhatan Mantri Lebet sabil hiku, Kyahi Puthut Sumondha, kalawan hanakireki.
78. Lawan prawira jetmika, sedhereknya prawira gendereki, kang sabil sekawan hiku, hanak sedherek samya, laknattolah mapan kathah ingkang lampus, mengkana sagung pratiwa, hatenapi kang prajurit.
79. Samya nuwun mring Nalendra, haso sabab sanget sayah pan sami, haprang sampun lami hiku, tan wonten kendelira, Sri Nalendra mapan welanda dyan urut, lajeng minggah dhateng crema, kang harga westanereki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

80. Mengkana hingkang winarna, Pangran Behi grerahnya dhangan sami, lawan Raden Basah hiku, Prawiradirja nulya, kalih nusul dhumateng sinuhun, lawan Kangjeng Panembahan, wus prapta ngarsa Nrepati.
81. Mapan wus datan winarna, niskaranya pitung dinten hantawis, mesanggrahan cermihiku, kawarna laknattolah nulya minggah mapan langkung hagengipun, Sri Nalendra hangandika, dhateng kang paman ngebehi.
82. Lan Basah Prawiradirja, mapan kalih samya kinen sumingkir, dereng dhangan pisan hiku, menawa kambuh samya, tan pantara laknattolah prapta sampun, She Ngusman Li Basah nulya, kinen nata gung prajurit.
83. Kalawan Pangeran Basah, Seh Muhamad Ngusman Li Basah hiki, pan dadya pangiridipun, sagung prajurit dharat, Pangran Basah Sumanagara puniku, mapan pangirid kapalan, Nalendra hingkang nindhihi.
84. Lawan Kangjeng Panembahan, wadya Islam gelarnya sampun dadi, nyeluman gung dharat hiku, kapalan kang katingal, laknattolah sareng hamirsa hiku, prajurit hingkang kapalan, lajeng ngedrel bereg wani.
85. Mundur sagung kapalan, dadya laknat langkung hageng tyasneki, mapan sareng hinggahipun, sepalih winektara, seh Muhamad Ngusman Hali Basah hiku, pan nula ngabani hika, Islam lajeng nempuh wani.
86. Tan wonten mawi sanjata, naming sami wahos gung Islam sami, nirbaya pengamukipun, pan sareng panempuhnya, laknattolah dadya langkung kagetipun, kathah kang kacemplung hika, hingkang panggah telas modir.
87. Pan tumpuk bangkene laknat, hingkang niba jurang laknat pan sami, modar putung sukunipun, kang wingking kathah prapta, laknattolah nging tan saged minggah hiku, pan lajeng mingre sadaya, laknattolah hinggahneki.
88. Pan kesapih dalu hika, Sri Nalendra sagung kang wadya sami, pan wus dhinawuhan mundur, sagung kang wadya Islam, sampun mundur mengkana hingkang winuwus, Seh Muhamad Ngusman Li Basah, prapta hing sabillolahi.
89. Mas Dolah Khaji Mansura, lan Mas Panji Suraturkiya sabil, Seh Ngusman Li Basah hiku, pan wus sinedya driya, lan wus sanget Seh Ngusman hing sepuhipun, kawarnaha laknattolah, sampun lajeng minggah sami.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

90. Mapan dhateng dhusun cerma, Sri Nalendra mesanggrahan pringtali, Panembahan pisahiku, kalintu marmanira, lajeng kondur dhateng pesanggrahannipun, mapan wus datan winarna, kawarnaha Sri Bupati.
91. Pangran Behi haturira, lan Den Basah Prawiradirja hiki, yen pareng hingkang sinuhun, senadyan ngantep yuda, pan prayogi neng wetan praga tuhu, wiyar radin papannira, Sri Nalendra hanuruti.
92. Pan sampun rembag sadaya, pra pratiwa prajurit lan ngulami, Sang Nata gya budhal hiku, lan sagung wadya kuswa, sampun tedhak mapan saking rosan tangsul, miyos gamplong marminnira, lajeng mesanggrahan hiki.
93. Hing siluk Sri Nalendra, mapan nuju Jendral Dhekok puniki, wonten sentolo puniku, kirang kedhik pethukkan, sareng sampun haso kang wadya sedarum, Sri Nalendra nulya tedhak, wahu dhumateng Kemejing.
94. Hingkang dherek Basah tiga, Kang Sentana mapan Pangeran Behi, lawan Pangran Harya Prabu, Diningrat nging punika, sampun sepuh mapan datan krerasan kantun, salaminnya Nalendra, mapan remen sada sabil.
95. Sapurugnya hingkang putra Kangjeng Sultan Jeng Pangran datan kari, tinilar mopo kelangkung, mengkana sampun prapta, hing Kemijing Kangjeng Sultan karsanipun, mapan yun nindhihi husar, lan kang paman Pangran Behi.
96. Dene kang kinarya husar, prapratiwa lawan sagung ngulami, kang dados pangiridipun, nenggih Raden Dipatya, lawan Mas Pengulu basah kalih hiku, Rahaden Prawiradirja, lawan Raden Ngabdul Latip.
97. Pan kinen nindhihi dharat, kang pangirid Dolah Puthutlaweki, kalawan Dolah puniku, nenggih Prawirarana, Pangran Basah Sumanagara puniku, karsanira Sri Nalendra, kinnarya penggalak jurit.
98. Lan sagung kang pra Dipatya, wetan praga dene prajuritneki, kang samya dharat puniku, kinen masrahken hika, marang Basah kalih hingkang badhe ngadu, sampun dadya rembag samya, semangsane laknat prapti.
99. Henengna Sri Nalendra, Jendral Dhekok yata hingkang winarni, mapan wus miharsa hiku, yen Sang Nata wus nyabrang, marang wetan praga sawadya kusweku, langkung gugup manahira, nulya budhal hanututi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

100. Saking sentolo punika, lawan sagung hingkang para hupsir, mapan kathah hupsiripun, mengkana sampun prapta, hing Tangkilan pecalang turhuning hiku, dhumateng Sri Naranata, yen laknattolah nututi.
101. Nulya Kangjeng Sri Nalendra, Pangran Basah hingkang kinon rumiyin, hanglir rembagnya puniku, Basah Prawiradirja, lawan Basah Ngabdul Latip nulya hiku, masangken wadya kang dharat, haneng hing tulungan hiki.
102. Laknattolah sareng mirsa, langkung galak nulya binujung hiki, Basah Sumanegareku, lawan sakanycanira, pan lumajeng basah kalih gya lumayu, tiga habuso ngebat hika, binujung melajeng sami.
103. Laknat langkung pangedrelnya, kawarnaha kang wadya dharat sami, pan meksih hampingan dhusun, lawan handhodok samya, hingkang watos mapan rinebahan hiku, nanging laknat wus huninga, gennya majeng minggring-minggring.
104. Hesmu kapok duk Prang Crema, wadya Islam wus tan drana tyasneki, mapan dereng mangsanipun, Dolah Prawirarana, lawan Dulah Puthutlawa ngabaniku, Islam wus nir sagung baya, tan dya sareng ngadeg sami.
105. Lajeng nempuh majeng rampak, laknattolah langkung panggah hing jurit, pan sanget pangedrelipun, Islam nusupan samya, matang kukus sendawa hanulya campuh, kuwel wus dados satunggal, sanjata wus datan muni.
106. Nging sangkuh lan wahos hika, laknattolah samya rentah kang topi, Islam rentah serbanipun, saking ramening yuda, mapan panggih samya nuju purunipun, Dolah mapan samya dharat, nenggih hingkang hangawakki.
107. Basah Ngabdul Latip hika, sampun mudhun wahu saking turanggi, nging Basah Prawiradirjeku, hingkang meksih neng kuda, Pangran Basah Sumanagara puniku, nyabet saking pungkur hika, lawan sakancanireki.
108. Mas Rongga Puthut Guritna, lan mas Dolah prawira rana puniki, Dolah Prawirayudeku, liwung pengamukira, ngantos datan ngambah siti Islam sagung, laknat kalindhih prangira, kang wuri husar bantoni.
109. Kelangkung resah prangira, mapan carub husar kalawan plangkir, saking samya liwungipun, mengkana wadya Islam, mapan carub dharat lan kapalanipun, kawarnaha Sri Nalendra, langkung welas haningali.

110. Dhumateng prangnya kang wadya, sabab sampun tan saged mundur sami, Sri Nalendra nulya tulung, ngajengken pradipatya, lan ngulama nyabet saking kanan hiku, mengkana laknat prangira, kalindhih lumajeng sami.
111. Dadya Islam saged benggang, samya mundur pan hanglir den genteni, laknat mapan hunduripun, lawan ngedrel senjata, Mas Pengulu kenging pelor lajeng dhawuh, pan lumajeng kudanira, lawan Kangjeng Pangran Behi.
112. Dhawah bandhang kang turongga, Pangran Pakuningrat mengkana hugi, mapan samya dhawah iku, dadya mundur sadaya, nanging kantun Sang Nata lan Pangran prabu, mengkana Raden Dipatya, hangundangi jerit jerit.
113. Sri Nalendra hantenana, husar laknat sareng mireng pan sami, yen hiku hingkang Sinuhun, hingkang kantun pribadya, husar hingkang lumajeng pan samya wangsul, ngebyuki mring Sri Nalendra, hambestul hana medhangi.
114. Sang Nata hangagem astra, mapan sampun binekta melajeng ngampil, Den Dipati saya bingung, Sang Nata tulungana, mapan kadya sampun karsaning Hyang Agung, geng coba mring Sri Nalendra, pradipati meksih gendring.
115. Lan sagung kang prangulama, lawan Khaji nanging marmaning Widi, Sang Nata mapan lestantun, denira mundur hika, nanging hingkang paman Kangjeng Pangran prabu, mapan kathah labet pedhang, ngantos jur rasukanneki.
116. Sabab ngampingi Nalendra, hingkang samya pasah datan punapi, dadya lajeng sapihipun, kang samya bondayuda, Islam laknat mapan samya sayahipun, mengkana Islam kang prapta, dhumateng sabillolahi.
117. Mas Dolah prawirarana, lan Mas Dolah Prawirayuda hiki, Mas Dolah Sumadipureku, den mas selamet hika, lan Mas Rongga Puthut Guritna puniku, mapan kalih Suryagoma, Seh Khaji Muhamad Tayib.
118. Seh Khaji Muhamad Kasan, laknattolah kelangkung kathahneki, kang hageng-ageng puniku, mapan samya binekta, lajeng mundur dhumateng Ngayokja hiku, kang ngalit samya tinilar, belasah bangkenereki.
119. Mengkana Sri Naranata, mesanggrahan haneng Prajeg puniki, pan nanging haso sedalu, henyjang hanulya budhal, mapan kondur mesanggrahan dhateng Siluk, ngasokhaken hingkang wadya, laknat mapan kendhak hiki,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

120. Lami tan medali yuda, sareng sampun haso Sri Narapati, sagung hingkang wadya hiku, tedhak malih Nalendra, mring Tangkilan lan putra santana sagung, mapan halong nusul samya, hinggih Pangran Ngabdul Rakhim.
121. Lan Pangran Suryawijaya, Pangran Dipakusuma nuwun hiki, dados tindhih husar hiku, mengkana wus linilan, neng Tangkilan laknattolah lajeng ngalurug, sawarnine beteng nglimpak, wus katur mring Sri Bupati.
122. Lajeng hanimbali Basah Sri Nalendra mapan dipun haturi, mundur sing Tangkilan hiku, kirang radin papanira, tinurutan mundur mring Kemojing hiku, nulya laknattolah prapta, pinethuk Tulungan malih.
123. Kelangkung ramening yuda, kang senjata barung lan mriyemneki, tan hana kuciwa hiku, husar pan samya husar, laknattolah mapan kathah hingkang lampus, husarnya kathah kang modar, dadya kalindhih prang neki.
124. Islam pan bereg kewala, laknatolah kekecer bangkeneki, lajeng samya ngungsi hiku, laknat mring Beteng Breja, yen sampuna selak kasaputting dalu, lawan manjing beteng samya, kados laknat telas modir.
125. Islam wangsul pabujungnya, mapan kathah hangsal bandhangan sami, sanjata lan kapal hiku, mapan wus tan winarna, Pangran Behi lan Raden Dipati matur, ngaturaken rembagira, basah samya kang pradipati.
126. Sri Nalendra hing ngaturan, lajeng tedhak dhumateng Sambiradin, mengkana mapan tinurut, budhal Sri Naranata, lawan sagung sawadya kuswa sedarum, sagung Beteng kang kamargan, mapan kathah den besmeni.
127. Jendral Dhekok duk miharsa, langkung gugup lamun Sri Narapati, mesanggrahan Candhi hiku, mengkana mapan nulya, tinututan mapan karsaning Hyang Agung, Islam datan purun yuda, mapan nanging ngolah ngalih.
128. Denira hamesanggrahan, salaminnya nata neng Sambiradin, lamun linurugan hiku, nanging ngalih kewala, nadyan laknat pan kendho panglurugipun, pan datan prerang samya, nanging beng-ngubengan hiki.
129. Sang Nata nimbali Basah, paran marma dene tan perang hiki, den Basah tan saged matur, mapan katiga pisan, Pangran Behi mengkana hing ngaturipun, bilih marengi Nalendra, punika rembagnya sami.
130. mapan ngaturan, lajeng tedhak dhateng monyca nagari, Sang Nata duk mirsa hiku, mring hature kang paman, dadya mesem

lawan hangandika harum, mendah paman kang tinilar, hasmaradona gumanti.

PUPUH XXXVII
ASMARADANA

1. Kados pundi polahneki, tiyang Mentawis sadaya, kanjeng pangeran hature, kawula langkung tan rembag, hinggih lamun punika, lan malih sinten jinujug, kelawan mongsa sanesa.
2. Yen sampun dhumateng tekdir, Sri Nalendra hangandika, lamun mengkoten karepe, neng ngriki pan tan pakarya, sahe mantuk kewala, gya nembang tengara hiku, budhal saking Sambirata.
3. Sawadya kuswa tan kari, Sri Nalendra karsanira, hangobongi Ngayokjane, sokur lamun kapethuk, lan laknat haneng marga, mapan miyos Tajem hiku, mengkana natur huninga.
4. Lamun laknat barisneki, neng kilen Tajem punika, nanging let sabin kimawon, mapan datan purun medal, lajeng Sri Naranata, miyos wetan Gowok hiku, kendel haneng Mawatreja.
5. Nanging laknat ngupakardi, pan lajeng miyos Ngayokja, kidul ning Krapyak mangko, sagung beteng kang kamargan, pan kathahing ngobongan, kang tengga samya lumayu, pan kathah hangsal jarahan.
6. Laknat tan methukken jurit, mengkana wus tan winarna, prapta sakilen Pragane, mapan lajeng Sri Nalendra, mapan hamesanggrahan, haneng Mesjid Genthan hiku, lawan ngasok haken wadya.
7. Den Basah Martanagari, nusul mapan sampun prapta, nging sagung prajurit mangko, kathah kantun Wetan Praga, hingkang jajar sadaya, Dolah Panji rongga hiku, kang dherek mring Kilen Praga.
8. Mengkana wus tan winarni, nulya laknattolah prapta, mapan kelangkung kathahe, Kurnelira mapan tiga, tap-huntapan kewala, nenggih lawan rawuhipun, Kangjeng Panembahan hika.
9. Basah Prawiradirjeki, nulya ngaturi huninga, laknat prapta bendungane, Sang Nata mapan ngaturan, nenggih lengser kewala, sabab langkung kathahipun, lawan malih mara tiga.
10. Sri Nalendra hanuruti, mring hature Raden Basah, lajeng budhal sing Genthane, tan kantun Jeng Panembahan, lan kang putra santana, basah tiga munggeng pungkur, lan sagung kang pra Dipatya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Prapteng jawi dhusun hiki, nulya laknat pan katingal, saking wetan lan saking ler, lan saking kilening desa, sareng pangedrelira, Raden Dipati winuwus, lan Pangran Suryawijaya.
12. Sri Nalendra den haturi, lumajeng nanging Sang Nata, mapan nuju nitih mangko, dede Kyahi Jayacapa, datan saged henggala, pan samya tinilar hiku, sabab pelor langkung dresnya.
13. Kangjeng Pangran Ngabdul Rahim, kelangkung denira duka, marang Raden Dipatine, lan Pangran Suryawijaya, heh ta Suryawijaya, dene mengkono sireku, haninggal mring Sri Nalendra.
14. Dene nora hidhep ngisin, wedi maneh yen honoha, nging wedi nging dresing pelor, nulya wangsul kalih hira, lajeng matur Sang Nata, hing ngaturan nitih hiku, mring Kyahi Wijayacapa.
15. Ki Jayacapa puniki, kenging karya panengeran, yen Islam hinggil yudanne, pan lajeng nrajang kewala, yen badhe hanchap hika, kang gendring pelajengipun, datankenging den hampaha.
16. Kapal tan saged hanututi, marang Ki Wijayacapa, marma ngaturan Sang Katong, hasalin Ki Jayacapa, mapan Raden Dipatya, lawan pangeran puniku, tan tahan pelor dres hira.
17. Sang Nata mesem nuruti, mring hatur kalih punika, gya nitih Jayacapanne, karsanira Sri Nalendra, winangsulaken hika, lawan lajeng ngasta lawung, nanging Kyahi Jayacapa.
18. Mapan meksa datan kenging, Sri Nalendra pan binekta, lumajeng Jayacapanne, pan dadya kantun sadaya, mapan wus tan winarna, kawarna den Basah hiku, lan sagung kang pradipatya
19. Pan lajeng kinepung hiki, dhateng sagung laknattolah, kelangkung kewran ing tyase, dadya hangrompol kewala, wahu dennya lumampah, mapan ta hing ngurung-hurung, laknat tan purun celaka.
20. Mapan basah tiga hiki, sekawan Kangjeng Pangeran, Ngabehi lan saputrane, lan Pangran Suryanagara, Dolah Panji lan Rongga, samya kapalan puniku, tan wonten mawi sanjata.
21. Marma datan saged sami, males pan kinarya lesan, sing males bestul kimawon, nanging marmaning Hyang Sukma, pan hasring hangsalira, lamun husar laknat maju, pinethukken mundur nulya.
22. Pangran Suryanegareki, dilalah karsaning sukma, mapan sanget tekabure, menkana sesesumbarira, heh hiya laknattolah, hentekna hobat mimismu, lamun tek mara jupukka.
23. Mapan hingsun hangenteni, mara sisan medhatiya, lawan diperak marene, dinukan dhateng kang Eyang, jeng Pangran Ngabehika, ja mengkono sira putu, sesiku temahanira.

24. Kadya wus karsa Hyang Widi, Pangeran Suryanagara, tan kendel dinukan mangko, wahu dhumateng kang Eyang, mapan datan pantara, kenging pelor jangganipun, lajeng prapta sabillolah.
25. Dhawah saking hing turanggi, mapan datan mawi solah, wus datan winarna mangko, gung Islam lujeng sadaya, nanging Pangran punika, wus samya prapta sedarum, ngarsane Sri Naranata.
26. Mapan lajeng Sri Bupati, mesanggrahan hing Tangkisan, laknat hingkang ngodhol mangke, lajeng kendel hing sidhatan, kantun sewu wetara, hingkang kathah samya wangsul, lawan ngantukhaken hika.
27. Mring bangkene koncaneki, mengkana dalu winarna, Sang Nata nimbali mangko, marang hingkang kajineman, sadika westanira, lawan Gadhingan puniku, Asnawi Jayeng Magada.
28. Lawan SabukLumpang hiki, gangsal kinon lumebetta, mring laknat pamondhokkanne, pinaringan wahos samya, Rongga Kili sadika, Asnawi Pelered hiku, Jayeng Magada punika.
29. Dipayana wahosneki, Gadhingan pun badhu hika, pun bathang sabukhalune, gangsal wus mundur sing ngarsa, prapta dhusun Sidhatan, mapan ngantos surupipun, nenggih kang wulan punika.
30. Mengkana laknat winarni, pan langkung prayitneng baya, mapan tan kena kumresek, mapan lajeng sinenjata, bangun henjing wetara, hingkang wulan sampun surup, mengkana Kyahi Sadika.
31. Mapan sampun rembag sami, lumebet mring pambirisan, sadika pan pengajenge, gangsal pan samya berangkang, sinered landheyannya, mapan marmaning Hyang Agung, gangsal lestari lebetnya.
32. Datan konangan puniki, malah lajeng tumut samya,gegeni saradhadhune, kancanya kinethik samya, poma haja na padha, hanumbak mring saradhadhu, marma dangu kendelira.
33. Mengkana mapan marengi, mayor lan Kapitan medal, ketanggor sadika mangko, mapan lajeng hingacaran, mayor pan lajeng niba, tan mawi hasambat hiku, Kapitan hapan tumulya,
34. Winahos Kapitan modir, mapan lajeng geger hika, barisane laknat mangko, Litnan medal tinadhahan, sampun modir sadaya, sadika mapan wus metu, lan sekawan kanycanira.
35. Nanging Mohammad Asnawi, tatu mapan tan punapa, gangsal punika hangsale, kalih niga myang nyekawan, nging Sadik pribadya, hingkang ngantos hangsal wolu, lajeng haningali samya.
36. Gangsal mapan haneng sabin, langkung rame hing prangira, pan lawan rewange wewe, laknat kathahhingkang modar, satus

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

langkung wetara, selak siyang nulya mundur, kajineman gangsal samya.

37. Wus prapta Tangkisan sami, lajeng sowan mring Nalendra, wus katur hing niskarane, mengkana laknat winarna, sareng henyjang punika, pan gelasah bangkennipun, lan telas pengagengira.
38. Pan samya tanyana jalmi, kang karya geger punika, sabab tan wonten tilase, sagung bangke tinilikan, pan bangsanya pribadya, dadya langkung girisipun, riwus handandani samya
39. Sagung bangsane kang modir, nulya budhal mantuk hika, mapan gancangan lampahe, hajrih lamun tinututan, mapan wus tan winarna, laknat sanget kendhakipun, dadya lami datan yuda.
40. Mengkana hingkang winarni, den Basah Prawiradirja, lan pangeran Basah mangko, den Basah Mertanagara, Basah Prawirakusuma, mapan samya rembagipun, ngaturi mring Nalendra.
41. Tedhak dhateng wetan pragi, Den Dipatya sampun rembag, lan pangeran ngabehinne, Sang Nata nurut kewala, mengkana lajeng budhal, lan sawadya kuswa hiku, tan kantun jeng Panembahan.
42. Hing marga datan winarni, wus rawuh hing Siluk hika, Pangran prabu sowan mangko, mapan lajeng hatur salam, dhumateng Sri Nalendra, lawan mring kang rayi hiku, nenggih Kangjeng Panembahan.
43. Riwus tata lenggah sami, Sri Nalendra hangandika, paman sampun dhangan mangko, Pangran Prabu haturira, mapan dereng sadaya, Sang Nata ngandika harum, prayogi sampeyan ngiwa.
44. Mapan sampun tumut jurit, Pangran Prabu haturira, kawula wus sepuh mangko, pan inggih mongsa wandeya, Sultan lamun palestra, mumpung wonten margenipun, kelangkung kepingin kula.
45. Prapta hing sabillolahi, Panembahan hangandika, kang mas prayogi den rereh, hing benjang yen dhanganpisan, mapan sahe punika, Pangran Behi haturipun, sami lawan Panembahan.
46. Pangran Prabu ngandika ris, ya dhimas wus sun tarima, nanging nora bias hingong, lamun pisah lawan Sultan, mesem jeng Panembahan, marmanipun kula nusul, kang mas gih kados sampeyan.
47. Kawarna Basah Dul Latip, prapta lawan Puthut Lawa, mapan tur huninga mangko, yen laknattolah punika, kang wonten Kilen Praga, badhe krerigan puniku, dhateng mariki sadaya.
48. Lawan sagung kang prajurit, mapan sampun kathah prapta, nusul dhumateng Sang Katong, mengkana wus tan winarna, Sang Nata

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

nuju lenggah, Panembahan munggeng ngayun, Pangran Ngebehi kelawan.

49. Pangran Prabu hatennapi, Pangran Ngabdul Rakim hika, Pangran Suryawijayanne, Pangeran Dipanagara, Pangran Dipakusuma, lawan Raden Basah hiku, Mertanagara kang ngarsa.
50. Pangran Jayakusumeki, samya kang mantun nendra, Sang Nata ngandika halon, dhateng Kangjeng Panembahan, Kyahi mapan kawula, tampi wangsite Hyang Agung, kalamun badhe kawula.
51. Nika wekasaneki, pan tan dados napa-napa, dadya hingkang sowan mangko, samya tumungkul sadaya, kalawan ngemu wespa, Panembahan halon matur, paran Sultan hingkang dadya.
52. Hing besuk wekasaneki, Sri Nalendra hangandika, Sala kangmas Purbayanne, hing ngriki mapan resahan, nging puniku sadaya, samya gung durakanipun, dhateng Rabilngalaminna.
53. Hatennapi mring jeng Nabi, sabab manut laknattolah, Panembahan lon hature, sultan paran karsanira, Sri Nalendra ngandika, kenging tan kenginga hiku, Kyahi mapan kawula.
54. Nanging nuhun hambelanni, dhumateng kang samya prapta, hinggih hing sabillolahe, senadyan hinggih kawula, lamun hayun duraka, kedhik mapan meksih hiku, Kyahi kantun haneng donya.
55. Nanging yen kenging tan kenging, hasanget panuhun kula, nanging Rakiming Hyang Manon, kang kula suwun punika, pan nging tetepira, sadaya samya tumungkul, mapan lawan ngemu waspa.
56. Mengkana wus tan winarni, tigang dina hantarannya, laknattolah prapta mangko, mapan langkung kathahira, pan kerigan sadaya, sagung hingkang beteng iku, praptanira mara tiga.
57. Saking kilen kidul hiki, lawan hingkang saking wetan, Raden Prawiradirjane, Sri Nalendra hingaturan, mapan mundur kewala, nenggih ngaler ngilen hiku, sabab laknat langkung gengnya.
58. Sri Nalendra wus nuruti, gya nitih Ki Jayacapa, laknat pan sareng praptanne, mengkana Ki Jayacapa, hing ngampah datan kena, pan punika tengreripun, lamun badhe hasor yuda,
59. Mapan lajeng lampahneki, dadya sagung hingkang wadya, tan wonten nangledi mangko, pan dherek mundur sadaya, mengkana kang winarna, husar laknattolah hiku, mapan nututi sedaya.
60. Dadya hatutut tan hiki, nulya campuh hing ngayuda, pan Kangjeng Panembahan, hudar laknat kathah lampus, nulya kang pelangkir nulya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

61. Laknattolah hanututi, Islam prang liris kewala, dadya sagung pelangkire, tan saged hanututana, nanging husar kewala, mapan hingkang haprang hiku, dadya kecer bangkenira.
62. Kalih belah winetawis, laknattolah husarira, kang prapta pinggir praganne, tigang dasa winetara, Islam pan lajengnya brang, mring Kilen Praga sedarum, sampun sapih hingkang yuda.
63. Mengkana Islam kang prapti, nenggih dhateng sabillolah, Kangjeng Pangran harya mangko, Prabu Diningrat punika, Raden Tumenggung hika, Puthut Lawa lan Den Menggung, Mertadirja mapan lawan.
64. Mas Rongga Pasekan hiki, lan Lurah Bandar punika, Mas Behi lega marane, lan Mas Kertawongsa hika, lawan kaji satunggal, Sekar Harum wismannipun, prajurit jajar sadasa.
65. Husar laknat kathah modir, mengkana wus tan winarna, Sang Nata pan kendel mangko, haneng Celapar punika, hangasokhaken wadya, Panembahan pamit hiku, kondur mring pesanggrahannya,
66. Sang Nata sampun nglilani, lan Basah Martanagara, nuhun pamit mring Sang Katong, lan Dulatip Hali Basah, Pangeran Dipanagara, yun manggen ken repot sagung, pan wus kalilan sadaya.
67. Mengkana Pangran Ngebehi, lan Basah Prawiradirja, Basah Sumanagarane, Basah Prawirakusuma, lawan Raden Dipatya, Sang Nata ngaturan hiku, mesanggrahan mring Tangkisan,
68. Sabab neng Celapar hiki, haneng ngardi kirang cekap, kinarya ngaso wadya keh, nuruti Sri Naranata, budhal saking Celapar, sawadya kuswa tan kantun, tan winarna haneng marga.
69. Hing Tangkisan sampun prapti, pitung dinten winetara, Sang Nata neng Tangkisanne, pecalang hatur huninga, yen laknattolah prapta, mapan langkung hagengipun, den Basah Prawiradirja.
70. Lawan Kangjeng Pangran Behi, humatur dhateng Nalendra, rembag ngunduran kimawon, sabab laknat langkung kathah, prajurit mapan kathah, hingkang dereng prapta wahu, Sang Nata nurut kewala.
71. Marang hing ngaturireki, kang paman lan Raden Basah, mapan hing ngaturan mangko, mundur marang hing Pinatak, nadyan tinututan, ngrika kang papan pekantuk, gya budhal Sri Naranata,
72. Saking hing Tangkisan hiki, mapan dhumateng Pinatak, lawan sawadya kuswane, sampun rawuh Sri Nalendra, kawarna laknattolah, mapan tan nututi hiku, sareng prapta hing Tangkisan.
73. Sang Nata wus panggih sepi, lajeng wangsul laknattolah, dhumateng hing Bakung mangko, lan dhateng Krerethiga,

kawarna Sri Nalendra, mapan hing ngaturan hiku, lajeng dhateng lepen buka.

74. Dhumateng jeng Pangran Behi, Sri Nalendra hangandika, hing ngredi punapa mangko, mapan boten wonten laknat, Pangran Behi haturnya, mapan boten haturipun, nenggihpun Prawiradirja.
75. Hing wingking pan wonten kedhik, nanging pandugine Basah, laknat hayun mantuk mangko, dhateng Pagelen punika, marma paduka Nata lumampah hawonten ngayun, menawi wingking punika.
76. Mapan hinggih medal ngriki, Sang Nata nurut kewala, dhateng kang paman hature, nulya mangkat Sri Nalendra, nitih Ki Jayakresna, kang munggeng ngarsa sang prabu, nging Raden Riya Sindurja.
77. Lawan pinilih satunggil, Ki Ngebehi Surawona, Punakawan kalih mangko, Bantheng Wareng pan Pun Rata, pan ngampil pegantenan, lawan pakecohan hiku, nging sekawan kang neng ngarsa.
78. Kangjeng Pangeran Ngabehi, Ngabdul Rahman tunggil Basah, neng wingking lan prajuritte, Raden Dipati Danurja, lan kang pradipatya, samya nunggil lampahipun, kang munggeng wingking Nalendra.
79. Nanging gamel lawan ngampil, lan Pangran Dipakusuma, sareng prapta hing Sangire, nenggih Kyahi Jayacapa, kedah wangsul kewala, pan samarga marga hiku, pineksa mring gamel samya.
80. Pan nuju tan den titihi, hing ngampil gamel kewala, mengkana kapethuk mangko, neng Sangir lan laknattolah, dadya samya kagyatnya, Kyahi Surawona wangsul, lan Raden Riya Sindurja.
81. Lawan Punakawan kalih, Bantheng Wareng lan Pun Rata, laknat lajeng ngedrel mangko, surak lawan bendhe hika, Bantheng Wareng karuna, kalawan Pun Rata hiku, ngaturi wangsul Nalendra.
82. Nging sampun tan saged hiki, kang mergi langkung Halitnya, kapit jurang lan hardine, dadya dangu Sri Nalendra, kinerutug senjata, Punakawan kalih hiku, nangis mengkana haturnya.
83. Punika didalem sami, mapan sampun minggah ngarga, Sang Nata ngandika halon, yen hingsun miluwa munggah, ngendi dalanne hika, gunung hanglir hondha hiku, wus mara sira dhingina,
84. Mengkana marmaning Widi, Bantheng Wareng lan Pun Rata, pan saged minggah kapale, lajeng tinut mring Nalendra, pan meksih binedhilan, saking hing ngandhap puniku, nenggih dhateng laknattolah

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

85. Ki Jayacapa puniki, medhot ngupados Nalendra, nanging hesmu bingung mangko, kinepung mring laknattolah, pan lawan binedhilan, Ki Jayacapa puniku, lajeng minggah dhateng ngarga.
86. Wus panggya lan Sri Bupati, nusup-nusup Jayacapa, Sang Nata lajeng lampahe, pan ngaler ngetan Nalendra, wingking rame swarannya, hingkang senjata puniku, dinugi yen Raden Basah.
87. Wahu hingkang methuk jurit, tanyana lamun kang paman, Kangjeng Pangran Ngebehine, Ngabdul Rahman lan kang putra, Pangran Jayakusuma, Raden Hatmakusumeku, dhasar wus sinedya driya.
88. Marma tan hayun gumingsir, laknattolah kathah modar, wus prapta sabillolahe, Kangjeng pangeran punika, Ngabehi Ngabdul Rahman, kalawan kang putra hiku, Pangeran Jayakusuma
89. Raden Hatmakusumeki, langkung risak kang kunarpa, sabab laknat kathah jidhet, mengkana wus tan winarna, kawarnaha Nalendra, mapan sampun rawuh hiku, haneng dhusun Sidawayah.
90. Lenggah ngandhap hasem hiki, Den Dipati sampun prapta, lan sagung pradipatine, den Basah Prawiradirja, lawan pangeran Basah, Sumanagara puniku, Basah Prawirakusuma.
91. Pangran Suryawijayeki, Pangeran Dipakusuma, jeng Pangran Ngabdul Rahime, pan sampun pepak sadaya, hingkang dherek pan samya, Sang Nata nulya handangu, mring kang paman tan katingal.
92. Lawan hingkang putra kalih, Pangeran Jayakusuma, lawan hingkang rayi mangko, Rahaden Atmakusuma, Sri Nalendra hatanya, paman behi tan kadulu, marang ngendi paranira.
93. Dene kabeh pan wus prapti, tan wonten purun matura, samya tumungkul kimawon, Sri Nalendra hismu duka, dhateng Raden Dipatya, lan mring Raden Basah hiku, hismu kumepyar tyas Nata.
94. Sabab mirsa bedhil muni, hing wingking wahu punika, mapan kelangkung ramene, pan wusan hingkang paman, datan wonten katingal, kalawan kang putra hiku, Pangeran Jayakusuma.
95. Dadya nata muring-muring, lawan wedal hingkang duka, hingsun takon satemene, mokhal wong semono kehnya, lamun nora weruha, nulya Raden Riya matur, sinuhun pan dugi hamba.
96. Paman dalem Kangjeng Gusti, kados sampun sabillolah, kalawan kalih putrane, Sang Nata sareng miharsa, mring hature Den Riya, Sindurja kendel hadangu, mapan tan saged ngandika.
97. Sarta mijil wis paneki, rumahos kantun pribadya, lawan hing tanah jawane, rumahos tan saged nata, lamun hamrih salimnya, dhumateng kang samya kantun, mengkana jeng Sri Nalendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

98. Esmu seret sabda haji, heh wus ta padha kariya, hingsun hayun ngrebut mangko, mring kunarpanira paman, nulya sareng haturnya, laknattolah sampun mundur, lan malih hingkang kunarpa.
99. Paman dalem sampun yekti, sahundurnya laknanattolah, mapan hinggih hingkang layon, mapan sampun sinahonan, dhumateng Raden Basah, Ngabdul Latip pan satuhu, kawula hining pribadya.
100. Mengkana Sri Narapati, sangsaya les hingkang driya, sareng miharsa hature, mring sagung kang praniyaka, lajeng datan ngandika, gya mundhut tatiyan hiku, karsanira Sri Nalendra.
101. Mapan tedhak saking ngardi, wangsul dhumateng Tangkisan, pan wus sumedya Sang Katong, yen tilar kang nikmat donya, lan kathah hingkang gagas, sampun tedhak kang sinuhun, datan mawi hangendika.
102. Nenggih Pangran Ngabdul Rakim, hingkang lumampah neng ngarsa, lawan Punakawan mangko, Bantheng Wareng lan pun natam, dadya Raden Dipatya, mapan sanget hajrihipun, lawan kang Basah katrinnya.
103. Langkung watos tyasnya sami, dhumateng Sri Naranata, tan harsa ngandika kang mangko, mapan langkung sungkawanya, tinilar mring kang paman, mengkana kasaput dalu, lajeng kendel wonten Crema.
104. Sadalu neng pinggir kali, denya nare Sri Nalendra, sangking sanget sukawane, nanging kang rayi satunggal, hingkang ngadhep punika, Pangran Ngabdul Rakim hiku, gamel ngampil Punakawan.
105. Kawarna Raden Dipati, lawan kang Basah katrinnya, myang sagung kang pratiwanne, rembag samya ngundang hingkang, Basah Martanagara, lan Basah Dul Latip hiku, kinarya nglipur Nalendra
106. Sabab punika kang meksih, pan datan tumut kadukan, kinen methuk Tangkisanne, pan lawan kinethik hika, kalih samya ngakena, nusul saking kajengipun, pribadi kalih punika.
107. Enjing budhal Sri Bupati, pan saking crema punika, tan winarna hing marginne, sampun rawuh hing Tangkisan, nging gamel Punakawan, ngampilan kang rayi hiku, sajuga kang haneng ngarsa.
108. Nenggih Pangran Ngabdul Rakim, Pangeran Suryawijaya, mapan tunggil Basah mangko, lawan kang putra sajuga, Pangran Dipakusuma, tunggil Den Dipati hiku, mengkana Sri Naranata.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

109. Mapan langkung kang prihatin, dhumateng wekasannira, sabab wus tan pakanthine, marma tan arsa ngandika, hingkang rayi punika, Pangran Ngabdul Rakim hiku, tan tebih lawan Nalendra.
110. Datan mesanggrahan haji, neng pinggir sendhang kewala, saking rempuning tyas katong, nging nyipta yun tilar dunnya, kadya yen katekana, mring laknattolah puniku, Sang Nata wus datan nedya.
111. Lamun gumingsira malih, mengkana hingkang winarna, Pangran Dipanagarane, lan Basah Mertanagara, Dul Latip Hali Basah, mapan samya prapta hiku, lajeng sowan mring Nalendra.
112. Katri samya haturneki, lamun marengi Nalendra, nenggih Raden Dipatine, lan Basah Prawiradirja, Basah Sumanagara, tinantun kajenganipun, punapa hinggih teksiha.
113. Purun mengsah laknat yekti, yen sampun tan purun nata, mapan kantenan wawrate, Sang Nata haris ngandika, ya wus mongsa bodhoha, sun wus datan derbe kayun, Pangran Ngabdul Rakim turnya.
114. Leres Basah Ngabdul Latip, lawan pun tole kalihnya, Sang Nata ngandika halon, wus Ngabdul Rakim miyanga, kabeh tarinen padha, lan Si Ngabdul Latip hiku, sandika kalih haturnya.
115. Wus lengser saking ngarsaji, kalih mapan sampun panggya, pan nuju pepakan mangko, langkung susah manahira, sagung kang pra pratiwa, sabab Sang Nata tanpa yun, ningali lawan ngandika.
116. Marma samya susahneki, sagung kang wadya sadaya, gya Pangran Ngabdul Rakimme, lan Ngabdul Latip Li Basah, mengkana sampun prapta, dhawuhken karsa Sang Prabu, dhumateng Raden Dipatya.
117. Lawan hingkang Basah kalih, mengkana samya haturnya, kelamun mesih gesange, kawula mapan tan nedya, sumingkir hing ngayahan, dhumateng hingkang sinuhun, suka pejaha hing rana.
118. Yen mengsah laknattolahi, pan sampun samya nemaha, tan hajrih hageng inggile, pan nanging sagung pratiwa, nuwun hapunten samya, sagung kalepatanipun, dhumateng Kangjeng Sang Nata.
119. Sedaya haturnya sami, Pangran Ngabdul Rakim nulya, lan Basah Ngabdul Latipe, humatur mring Sri Nalendra, lamun samya mengkana, sedaya hingaturipun, sagung hingkang prapratiwa.
120. Nulya samya den timbali, prapta dher ngarsa Nalendra, Sang Nata ngandika halon, heh hiya sira Danurja, hing mengko karsaningwang, kalamun nyata pan hiku, hature Si Prawiradirja.
121. Lawan Sumanegareki, hangantepi mring hislannya, mapan hiya karsaning ngong, dene hiki hing Mentaram, sun pratelu kewala, Si Prawiradirja hiku, mapan hiya hamanggona.

122. Hana sakidul Yokjaki, dene Si Sumanagara, mulih hamaraba wahe, dene hiki Kulon Praga, sun balekhake hiya, mring Si Ngabdul Latip hiku, katiga matur sandika.
123. Poma haja na gumingsir, senadyan prapta sabilnya, hanaha bawah dhewe-dhewe, dene lamun sayah sira, hingsun lilani hiya, haso marang Gunung Kidul, hiku Si Prawiradirja.
124. Pene Sumanegareki, Gunung Mrapi hangasoha, Ngabdul Latip haneng kenne, lan sa[hal.182]gung rerepothika, ngendi sadhemenira, pesthi Basah kang katempuh, hiya mring pangreksanira.
125. Basah tiga haturneki, pan samya sagah sadaya, nging den Prawiradirjane, humatur dhateng Nalendra, lamun marengi karsa, paduka hingkang sinuhun, hanjenengana kawula.
126. Mesem nata ngandika ris, heh hiya Prawiradirja, mapan hingsun sayektine, hayun hanglindhungi radat, wus nora duwe karsa, lawan manompa pan hewuh, yen hingsun meluwa sira.
127. Pesthi hiku padha meri, dene mengko karsaningwang, hayun hanglelen bahe, tan karuwan kang sun seja, dene sira Danurja, hapa kang dadi karepmu, melu karipan prayoga.
128. Lan kabeh Bupati miji, ya hapa sakarepira, hingsun tan ngarani mangko, nging Basah Mretanagara, hiku hingkang sun gawa, lawan Ngabdul Rahim hiku, gamel lawan Punakawan.
129. Tumungkul Raden Dipati, dangu tan saged matura, [hal.183]mengkana halon hature, pan pejah gesang kawula, hayun dherek Nalendra, lan Bupati miji sagung, mapan samya haturira.
130. Lawan hingkang putra kalih, Pangeran Dipanagara, Pangran Dipakusumane, Pangeran Suryawijaya, mapan nuwun kantuna, kedah tumut Basah hiku, mapan linilan kewala.
131. Sampun dados rembag sami, den Basah Prawiradirja, lan pangeran Basah mangko, Sumanegara pan nulya, kinen sareng budhala, saking hing Tangkisan hiku, karsanira Sri Nalendra.
132. Dhumateng sawetan Pragi, kalawan sawadyanira, pan wus tan winarna mangko, kawarnaha mring Nalendra, saking Tangkisan budhal, tedhak mring Pinatak hiku, hayun panggih lan kang rama.
133. Kangjeng Panembahan hiki, Ngabdul Ngarip karsanira, mapan hayun pamit mangko, sampun ngrahos Sri Nalendra, lamun wekasan panggya, Panembahan hiku, neng Sangir pesanggrahannya.
134. Mengkana Sri Narapati, mapan sampun hapepanggya, lawan Panembahan mangko, lajeng ngrangkul Panembahan, lan

kumembeng kang wespa, Sang Nata mengkana hiku, kados wus karsaning sukma.

135. Kalih pan rumahos sami, lamun wekasan hapanggya, riwus nata ngandika lon, Kyahi kawula yun kesah, hinggih saking Mentaram, Panembahan lon turipun, kesah marang ngendi Sultan.
136. Paran polahe kang kari, hing Mentaram pesthi bubrah, lamun Sultan kesah mangko, Sri Nalendra hangandika, Kyahi kados punapa, mapan kawula satuhu, kados karsaning Hyang Sukma.
137. Tan pirsa wekasaneki, nanging kelamun huninga, mring Paman Behi tilase, pan kedah nepsu kewala, marma kajeng kawula, mapan nyingkiraken nepsu, dene Mentawis sapunika.
138. Hingkang kula ken nenggani, mapan hinggih Basah tiga,dene rerepot sagunge, hing pundi kang rinemenan, katempuh dhateng Basah, hinggih hing pangreksanipun, ketempaha dhateng Basah.
139. Panembahan ngandika ris, mongsa padhaha lan Sultan, hingsun tan precaya mangko, Sri Nalendra hangandika, Kyahi hanglir punapa, kawula tan saged sampun, ngampah mring nepsunika.
140. Yen tan kesah kula Kyahi, pitung dinten hantawisnya, kawula mresa srengenge, punika lamenira, yen tinulungan Sukma, pun laknattolah puniku, pitung dinten kados sirna.
141. Nging kang celak kula Kyahi, genipun hatilar dunya, sabab kula satuhune, sampun tan saged neng dunya, sareng paman punika, kinarsakken mring Hyang Agung, mapan kawula pribadya.
142. Tan saged parentah jalmi, dene punika sadaya, hingkang teksih kantun mangko, pan sanes kajengnya samya, Kyahi lawan kawula, dene sampeyan wus sepuh, marma tan saged kawula.
143. Dene yen hanema kedhik, kenging kula kanthi hika, Panembahan sareng hanon, timbalannira Nalendra, mengkana haturira, lamun mengko nora karsamu, senadyan mati huripa.
144. Sultan haku lumuh kari, mring Nalendra hangandika, Kyahi langkung rubede, pan hinggih lampah kawula, badhe hanrerang baya, lan tan wonten kula jujug, pan manut lembaking driya.
145. Lawan yun nyerah hing tekdir, punapa saparengira, mrih panyjangken lelakone, yen kula datan kesaha, mapan hinggih kewala, singa kinarsakna hiku, mengkana jeng Panembahan,
146. Esmu seret ngandika ris, lamun wus mengkono Sultan, mapan hiya waking ngong, sun duga wus nora kuwat, nanging panedhaningwang, hing sahenggon mati hingsun, muga Allah narimoha.

147. Ngantepi mring Islam mami, hiku lamun pinatenan, yen tan mati kaya priye, mapan hingsun wus tan nedya, donya prapteng ngakerat, lamun haderbeya ratu, saliyane Sultan sira.
148. Sabab badan hingsun hiki, sun rasa wus nora bangkat, kelamun cinekel bahe, Sultan paran karsanira, Sri Nalendra ngandika, lawan ngemut waspa hiku, dadya samya mijil lara.

PUPUH XXXVIII
M I J I L

1. Mapan lamun cinepeng Kyahi. gih sampeyan nurut, nging satunggal sampun nedya bahe, lamun nedya dados batal Kyahi, iman sikuneki, nging nedya puniku.
2. Sakit pejah pan sampun pinasthi, gantungan sumahos, marma kula punika yektosa, nanging kantun hinggih wektuneki, kang kula hentosi, pejah gesang tuhu.
3. Pan kawula Kyahi datan huning, kagungan Hyang Manon, nging manungsa semongga darbehe, bekja sakit Kyahi lawan pati, katig wus pesthi, gantungan puniku.
4. Mapan hinggih ganjaran wus pesthi, wong haneng dunyeku, datan hewah hing lokhil mahpulle, nging manungsa Kyahi tan hudani, mring papestheneki, karsaning Hyang Agung.
5. Nging hugere Islam mung satunggil, pan pasrah kimawon, sakit pejah tan gumingsir mangke, nanging iman hingkang den hanteppi, parentah hing dalil, Kuran yektosipun.
6. Marma hanggresa mpun nedya Kyahi, sahe lan puniku, basa sahe punika tegese, dhepe-dhepe mapan kedah hugi, gennya luru hurip, nikmating dunyaku,
7. Nging punika hugreripun Kyahi, iman hisak hipun, sabab donya mapan pengrahose, hanglabeti benjing prapteng ngakir, nging punika Kyahi, mapan dipun hemut.
8. Dene badan pisak neng dunyeki, Islam ngamalipun, Panembahan wus padha galihe, mapan haris ngandika mring siwi, wis ta Sultan mami, nging nuhun pangestu.
9. Muga hingsun holeh sih Hyang Widi, supangating rasul, den helingna pratingkah mangkono, Kangjeng Sultan hangandika haris, hinsaAllah Kyahi, gya jawab hasteku.
10. Nanging hingsun dherek haken puji, lawan donganing wong, jinurunga mring Allah karsane, Kangjeng Sultan haris haturneki, gih nuhun Kyahi, gya budhal sing gunung.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Panembahan pan wus tan winarni, Kangjeng Sultan mangko, tedhak saking Sangir prapta mangke, hing Pinatak lawan sawadyeki, mengkana karsaji, sagung dharat hiku.
12. Tan kalilan dherek mapan sami, kinon kantun mangko, neng Pinatak sagung dharat kabeh, hingkang dherek nging kang pradipati, santana satunggil, putra kalihiku.
13. Punakawan nging tiga puniki, ngampil kalih mangko, pan lanycaran Sang Nata karsane, tigang dasa mapan winetawis, hingkang dherek sami, pan kapalan hiku.
14. Marma dharat tan kalilan hiki, sabab karsa katong, panerajang laknat barisane, lamun mawi dharat hangrubedi karsannya Nrepati, wus babeghan hiku.
15. Mapan hingkang munggeng hing ngarsaji, Raden Basah mangko, nenggih Martanagara lan maneh, hingkang rayi Pangran Ngabdul Rakim, Pangran Dipanagari, Den Dipati pungkur.
16. Lawan sagung kang para dipati, sing Pinatak bodhol, mapan miyos sing Waja sang rajeng, marmaning Hyang laknat tan huning, sagung hingkang baris, haneng Waja hiku.
17. Lepen lereng kenging den sabrangi, marmaning Hyang Manon, bakda ngisa Sang Nata hangkate, sing Pinatak mapan sampun prapti, guneman Nrepati, mapan waktu subuh.
18. Pan lampahan tigang dinten hiki, lamun lumrahing wong, sing Pinatak nenggih gunemane, mapan kendel Kangjeng Sri Bupati, ngasokken turanggi, neng ngandhap gurdeku.
19. Basah Martanagara pan nuli, hanimbali mangko nenggih wahu dhateng prajurite, rongga Bapang Gomawijayeki, mapan sampun prapti, wong bocor sedarum.
20. Lawan ngambal kalih hatus hiki, mengkana Sang Katong, mapan dangu den Basah barise, Bapang Gomawjaya turneki, habdi dalem sami, prajurit myang sagung.
21. Pradipati lawan Basah neki, neng Kejawan katong, Sri Nalendra mengkana karsane, mapan nusul mring Kejawan hiki, mapan saso naming, sadinten sadalu.
22. Neng Guneman gya budhal Nrepati, mring Kejawan mangko, datan kantun sawadya kuswane, tan winarna neng marga Nrepati, Kejawan wus prapti, nging den Basah hiku.
23. Gondakusuma mapan wus ngalih, dennya baris mangko, haneng Panjer lan saprajuritte, hing Kejawan nanging den tenggani, bupati kekalih, tiga lawan ratus.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

24. Haturira Rahaden Dipati, tinimbalan mangko, Raden Basah lan saprajurite, nging Sang Nata mapan tan nglilani, karsannya Nrepati, yun lelana hiku.
25. Pitung dinten neng ngrema Nrepati, nulya budhal mangko, mapan dhateng hing tanah panjere, tan winarna hing marga wus prapti, tanah panjer haji, hing Pelumbon dhusun.
26. Raden Basah Gondakusumeki, mapan baris mangko, haneng Lepen Kajar lan sagunge, kang prajurit myang niyaka sami, nulya den timbali, mapan prapta sampun.
27. Lawan sagung kang niyaka sami, myang prajurit mangko, pitung ngatus mapan wetarane, dados sangang ngatus kumpul neki, lawan kang prajurit, basah hingkang sepuh.
28. Kadya sampun karsaning Hyang Widi, Sri Nalendra mangko, hing tyasira yun lelana bahe, Basah Gondakusuma turneki, nuhun karsa haji, nging Nata tanpa yun.
29. Pan mengkana sabdannya Nrepati, heh Basah karseng ngong, gung prajurit bubarena kabeh, dimen haso mapan hayun mami, hanutuken hiki, lelana mring gunung.
30. Hayun weruh niskaraning wukir, haja prang dhingin mangko, lamun hingsun durung mudhun mangke, Raden Basah langkung cuwaneki, nanging matur hajrih, pan wus tan cinatur.
31. Sri Nalendra nulya budhaliki, sing Palumbon mangko, lawan Basah Mertanagarane, nanging sagung kang prajurit sami, kinon mantuk hiki, nging panjer Tumenggung.
32. Kalapeking lan prajurit neki, kang dherek Sang Katong, sabab hiku kang wruh jajahane, myang punggawa kang saking Mentawis, tigang dasa hiki, pan wus tan cinatur.
33. Sri Nalendra dennya jajah hardi, panjer lawan mangko bah Werayang lan Selamanike, Gowong mapan samya den tedhaki, mengkana Nrepati, cobaning hyang Agung.
34. Pan ginnanycar grerah sanget hiki, pan dadya Sang Katong, mesanggraha neng lobang handonge, BasahMertanagara karsaji, kinon mudhun hiki, mring Palumbon hiku
35. Kang Bupati Gowong Selamanika, pinaringken mangko, lawan panjer kang tengga Sang Katong, nanging kantun niyaka Mentawis, pan kapalan sami, wus datan cinatur.
36. Raden Basah Mertanegareki, wahu dennya mudhon, kawarnaha Sang Nata grerahe, haneng Lobang Handongsanget hiki, celep Sri Bupati, pan hasring puniku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

37. Supenira kawarna kang rayi, Kangjeng Pangran mangko, Ngabdul rahim hasring pamuwune, yen tumingal marang Sri Bupati, sabab risak hiki, kang salira hiku.
38. Lawan hasring pan kinen meteki, kang rayi niku, mring Jeng Sultan pan sring pamuwunne, Kangjeng Sultan hangandika haris, heh sira Dul Rakim, sun takon satuhu.
39. Kaya paran sireku sok nangis, hapa heling mangko, marang hanak bojonira kuwe, lamun heling muliya sireki, hiya mring Mentawis sun lilani hiku.
40. Pangran Ngabdul Rakim haturneki, tan supena katong, lamun hamba derbe tyas mengkono, nilar dhateng Kangjeng Sri Bupati, nolih anak rabi, pan hamba sahestu.
41. Datan gadhah niyat mapan kalih, nging paduka katong, hawal hakir tan sumedya malih, mapan Ratu dhumateng liyaning, lawan hamba nguni, hubangi puniku.
42. Hinggih lamun tan kangkat karsaji, laknattolah mangko, yen tan sirna sing tanah jawane, mapan hamba kapingin sayekti, pejah margineki, hing sabillolahu.
43. Pan tan sedya hamba hangging siri, mring niyat puniku, nanging hamba punika yektosa, lamun dulu salira Nrepati, mapan kedah nangis, tan huning satuhu.
44. Hinggih dhateng kajenge kang tangis, mesem jeng Sang Katong, hangandika heh Ngabdul Rakime, yen mengkono tangi sira yekti, mapan hati salim, hingkang nangis hiku,
45. Meksih hana mapan den karepi, tan kaduga mangko, Kangjeng Pangran mengkana hature, kados leres timbalan Nrepati, pan hamba rumiyin, dewaji geguru.
46. Hinggih dhateng Kyahi Taptajani, nanging mapan yektos, dereng ngantos dumugi wulange, manah hamba mapan dereng tampi, pan kaselak hugi, Seh Taptajaniku.
47. Mantun dhateng hing rahmattolahi, mesem jeng Sang Katong, ris hatanya heh Ngabdul Rakime, guru hapa sira dhingin, marang Seh Taptajaneki, jeng Pa[hal.196]ngran wot santun,
48. Bab ing dikir lawan tekat kalih, kadariyah mangko, hinggih lawan kejabariyahe, manah hamba dereng kantos tampi, mring penganggep yekti, mrih selametipun,
49. Mapan langkung sing pakewed neki, peteng tyas sayektos, kadariyah pan kelajeng mangko, jabariyah langkung tunaneki, kalawan bab dikir, dereng padhang tuhu.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

50. Mapan hinggih kang pinandeng yekti, lawan malihipun, hanggep hing tyas dhumateng Hyang Manon, praptanipun mapan margi tokid, mesem Sri Bupati, hangandika harum.
51. Heh ta hiya hiku Ngabdul rakim, petakonireku, mapan ngelmu kang banget langkane, Pangran Ngabdul Rakim hatur bekti, pan hamba dewaji, nuhun berkah tuhu.
52. Hinggih ngelmi kang kalih prekawis, hanggep mring Hyang Manon, pan punika kang dados petenge, manah hamba langkung dereng tampi, hiya Ngabdul Rakhim, mengkene yen hingsun.
53. Marma kadariyah batal yekti, hiku pan mengkono, wus tan ngrasa haneng dunya kiye, lamun hiku hana hingkang kardi, nging pangrasaneki, hana pribadiku.
54. Mapan nora nana liyan maning, pengrasane hiku, kang misesa nging karepe dhewe, dunya kherat ngrasa misesani, dadya batal neki, tekad mengkoneku.
55. Sabab wus tan hangrasa kinardi, jabariyah mangko, pan mengkono dul rakhim tekade, haneng dunya hiku pan kinardi, tan hana pribadi, myang ngakherat besuk.
56. Wus tan nana lamun mati huwis, tekat kang mengkono, marma batal hiku temahane, haneng dunya huripira hiki, nanging kang pinikir, sandhang pangan hiku.
57. Dadya hanglir khewan hurip neki, marma tuna mangko, kadariyah lir Iblis huripe, marma liwat hiku Ngabdul Rakhim, Jeng Pangran tur bekti, lawan ris humatur.
58. Marma peteng tyas hamba sayekti, mapan kalihipun, hinggih nunggil ma[hal.198]pan wekasane, kados pundi hing pengangeneki, dadosipun suni, pan kalih puniku.
59. Pan mengkene karo Ngabdul Rakhim, kadariyah mangko, pan yahiku wong kapir tekade, jabariyah mapan kupur hiki, Islam tekad neki, hingkang suni hiku.
60. Pangran Ngabdul rakhim tur wotsari, marma tyas pukulun, mapan langkung saking pakewede, tekad kalih dadosipun suni, pan punika kalih, sami yektosipun.
61. Margi suni kalih batal sami, mesem kang sinuhun, pan mengkene hiku penganggene, kadariyah hanglir hemas hiki, jabariyahneki, lir tembaga hiku.
62. Tekad loro den dadi sawiji, dadi suni mangko, kadariyah kejabariyahe, tunggalhena hiku Ngabdul Rakhim, dadi haran suni, yen tembaga hiku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

63. Yen wus hamor lawan hemas pesthi, hilang rane roro, pan sawusa dadi ku harane, kapir kupur yen wus hilang hiki, Islam haran neki, wus den hawas hiku,
64. Kangjeng Pangran Ngabdul Rakhim nuli, ngusweng pada katong, riwusnya gya humatur malih, kados pundi punika bab dikir, kang pinnandeng hugi, hing wekasannipun.
65. Kangjeng Sultan mesem ngandika ris, tan kaya renning ngong, mundur kaya wong nanempuhake, dene hingkang dikir hiku hadhi, pan sira yun milih, hing wiwitan hiku,
66. Pan kalimah tayiban kang pesthi, den beneren ning ngong, kalimahe mring nabi hesbate, nabi suwung mapan karepneki, hesbat hana hiki, lamun hisbat tuhu.
67. Mapan hana kang pinandeng yekti, hiya hisim mangko, mapan hisim jalalaha rane, hiya hingkang haneng jroneng ati, mapan den harani, sanubari hiku.
68. Pan hing jantung mengko lahireki, jeng Pangran turnya lon, kados pundi malih hing ngindhakke, kang bab dikir kathah hingkang warni, mesem Sri Bupati, mapan kabehiku.
69. Yen wus ngumpul mapan mulih maning, marang hisim mangko, hiya sipat jalalaha rane, dene dikir papat haran neki, mapan hiku dhingin, napi hesbat hiku.
70. Yen wus tutug hing niskara neki, mapan hing sim mangko, hiya hedat hadhi ku harane, mapan nuli dikirhisim haib. lan haib hinaib, hiku papatipun.
71. Papat hiku mulih mring san kamil, kang kinarya gedhong, marma yen wus teka san kamile, hadhi hilang pan harane hiki, kawula lan gusti, hing Kuran tinutur.
72. Hana lapal marjalbahrahenni, yal takinni niku, lan barjakunlibahinna mangke, poma sira den wespada hadhi, sabab nunggal huwis, dadi siji hiku.
73. Hisbat lawan hadhi hingkang napi, pan tan hana loro, sebut lawan kang sinebut kuwe, nanging kari pandengira hiki, yen wus weruh hadhi, poma haja weruh.
74. Lamun katon ja sira tingali, pan dating Hyang Manon, pan mung hiku Islam wekasane, dikir salat pan padha pribadi, yen sira wus kamil, lawan kangi turu.
75. 75.Lara pati wus tan hana hadhi, pan hiku wor-winor, pan ning dunya lawan ngakherate, nanging dunya bedanne ta hadhi, sipat ngaral meksih, kang manungsa hiku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

76. Kangjeng Pangran Ngabdul Rakhim nuli, ngaraspada katong, mapan langkung padhang hing galihe, mapan hangsal karilaning Widi, sagung hingkang ngelmi, landhep tampenipun.
77. Wus kerahos surahosing ngelmi, karsaning Hyang Manon, Kangjeng Pangran mengkana ciptane, mring Nalendra pan tigang prekawis, sudarma sayekti, guru lawan ratu.
78. Dadya kang tyas wus tan sedya gingsir, lumampah sepakon, henengngenna tan winarna lire, kawarnaha Kangjeng Sri Bupati, mapan sampun lami, haneng Bulu Badhung.
79. Dennya gerah pan wus dhangan hiki, karsane Sang Katong, karsa tedhak mring tanah panjere, nusul mring den Basah Mertanagari, henyjang budhal nuli, saking Bulu Badhung.
80. Datan kantun kang para dipati, mengkana winuwus, Jayacapa kedah wangsul bahe, nging pineksa mring gamelireki, westa Sumatali, pan lagya tumurun.
81. Saking Bulu Bandhung mapan nuli, cobaning Hyang Manon, laknattolah mapan methukhake, langkung kathah pan Mayor Magilis, nenggih tindhihneki, lajeng ngedrel hiku,
82. Kangjeng Sultan samya den haturi, mring niyaka sagung, wangsul dhateng Bulu Bandhung malih, sabab laknat langkung kathahneki, Sang Nata nuruti, mring sagung turipun.
83. Kang punggawa mapan wangsul nuli, Sang Nata neng ngayun, hingkang wingking hing pan binereg bahe, laknattolah ngedrel minggah sami, wus karsa Hyang Widi, kapal samya kantun.
84. Pan tan kenging samya den tunggangi, nging Jeng Sultan mangko, mapan sampun tebih hing lampahe, hing ngaturan lumebet wanadri, kang dipun titihi, Ki Jaya Kresneku.
85. Mapan dadya kasesre Nrepati, cobaning Hyang Manon, hayun wangsul wus tan saged mangke, hingkang jurang langkung lebetneki, gya tedhak nerpati, sing turongga hiku.
86. Pan kaselak laknat hanututi, sarta ngedrel mangko, Kangjeng Sultan nulya lenggah bahe, haneng ngandhap hing jurang puniki, kinarutug bedhil, saking nginggil wahu,
87. Laknattolah langkung kathahneki, kang nututi mangko, lawan ngedrel sing nginggil jurange, Sri Nalendra pan wus nedya yekti, yun sabillolahi, wus tinilar hiku,
88. Marang sagung kang para dipati, nging kang rayi mangko, lan kang putra mapan kalih mangke, hanungkemi pada muwun sami, ngaturan Nrepati, lengser saking ngriku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

89. Ponakawan satunggal nameki, pan Pun Rata mangko, nangis lawan prungu man humane, nenggih dhateng RahaDen Dipati, dene nilar hiki, lumajeng sang Prabu.
90. Den Dipati nulya wangsul nuli, prapta ngarsa katong, lawan nangis mengkana hature, Sri Nalendra mapan den haturi, lengser lan kang rayi, sanget haturipun.
91. Lwan kalih kang putra puniki, Sang Nata nebda lon, wus ta padha sun tinggalen bahe, mapan ingsun yen pareng Hyang Widi, hayun hangleboni, mring sabillolahhu.
92. Putra kalih tiga lan kang rayi, sanget haturipun, nuhun sarta nungkemi padane, nging Sang Nata wus tan keguh hiki, mengkana winarni, laknattolah hiku.
93. Mapan samya nedya hangedhuni, Den Dipati mangko, mapan langkung kasesa manahe, gya rumiyin mapan pados margi, mapan Lurah Kasim, Jamenggala wahu.
94. Bantheng Wareng kang samya rumiyin, mengkana Sang Katong, mapan lajeng dipun peksa bahe, mring kang putra kalawan kang rayi, mapan sampun manyjing, dhumateng wana gung,
95. Sampun tebih lawan laknat sami, gya kendel Sang Katong, Gamel Sumatali prapta mangko, pan dinangu Ki Jayacapeki, lan Jaya Kresneki, Sumatali matur,
96. Lamun sampun pun kenging laknat kalih, titihan Sang Katong, lawan sagung kapal sedayane, datan wonten kantun mapan sami, dadya Sri Bupati, mapan hayun wangsul.
97. Nging kang rayi Pangran Ngabdul Rakhim, sanget denya matur, mapan hewed dewaji rahose, lamun prapta sabillolah yekti, mangsuli turanggi, lan wus tebih langkung.
98. Hagem dalem Ki Jayacapeki, yen pareng Hyang Manon, paduka ji meksih jumenenge, kados hinggih nunten panggih malih, pan sampun ginalih, luhung lajeng sampun,
99. Dadya Nata nurut mring kang rayi, sabab turnya mangko, kasinggihan Sang Nata kersane, Sri Nalendralawan haningali, kang pusaka hiki, tugel lawungipun,
100. papak ngantos mapan wakid godhi, sasmita Hyang Manon, Kangjeng Kyahi Rondhon wus hadate, yen Sang Nata badhe susah mangkih, nulya mretandhani, dadya les sang prabu.
101. Kang kahesthi basah hing Mentawis, pan katiga hiku, kados sampun hasedheng manahe, sabab hingkang pusaka Nrepati, tiga putung sami, pan landheyanipun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

102. Kyahi Gagak Sara lawan Kyahi, Mundhingwangi hiku, ning Sang Nata kendel langkung tyase, sampun mupus mring purbaning widi, dadya namung haji, hangentosi wektu.
103. Praptanira mring sabillolahhi, hingkang dipun hantos, Sri Nalendra mengkana hing tyase, sampun pasrah mring Rabilngalamin, nging sanget Nrepati, hing panamuripun.
104. Datan montra ketawis karsaji, lamun wus mangkono, yen Mentawis kang dadi galihe, malah dangu kewala Nrepati, mapan datan hapti, laminya Sang Prabu.
105. Jengkar saking hing tanah Mentawis, mangkya telas sampun, lamun basah kang neng Mentawise, tiga samya sampun sedheng yekti, pan Kangjeng Kyahi, Rondhon tengeripun.
106. Dadya lajeng lampahnya Nrepati, pan nare sedalu, haneng marga Den Dipati ture, Sri Nalendra mapan den haturi, nusul basah maring, Palumbon puniku.
107. Laknattolah wus datan winarni, kawarna Sang Katong, mapan langkung rembening lampahe, sabab hingkang pada Sri Bupati, mapan rempuka lih, datan nate hiku.
108. Pan lumampah dharat Sri Bupati, marma samya haboh, hingkang pada Sang Nata kalihe, mapan ngrempong hing samargi margi, wus nemah Nrepati, lamun sanggenipun.
109. Prapta dhateng hing sabilolahhi, nemah tyas Sang Katong, saking sanget Sang Nata grerahe, kawarnaha Raden Basah hiki, Mertanegareki, pan sampun kapethuk.
110. Haneng marga lan Sri Narapati, mapan sedyannipun, hinggih nusul mring Bulu Bandhunge, pan pinuju kapethuk hing margi, dadya kendel haji, neng luwan sedalu.
111. Basah Mertanagara ningalli, dhumateng Sang Katong, mapan lajeng kumembeng wespane, lan winartan mring Raden Dipati, marang solahneki, duk neng Bulu Bandhung.
112. Langkung ngungun Basah Mertanagari, Sang Nata Tanya lon, basah sira nusul pa karane, mapan hingsun hiku huga yekti, yun nusul sireki, pan kepareng hiku.
113. Panujune kepapag sireki, Den Basah turnya lon, badhe hatur huninga wiyose, habdi dalem sampun samya prapti, hingkang tebih-tebih, Gowong Ledhok Kedhu.
114. Lepen Beber Lamuk Sela Manik, Sang Nata nebda lon, kaya paran basah sun mangkene, pan ginanjar lara mring Hyang Widi, haja ngantep jurit, dhingin sira hiku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

115. Hantenana dhingin hingsun dhingin, bab ing haprang hiku, haja ngantep, yen tan waras hing ngong, Raden Basah hesmu cuwa galih, hayun meksa hajrih, mengkana sang prabu.
116. Hingngaturan mesanggrahan hiki, haneng Lobang Handong mapan tanah hing panjer wanane, tumenggungnya wasta Kala Paking, kang kinon ngladosi, dhumateng sang prabu.
117. Hing ngaturan turangga satunggil, mring Den Basah mangko, riwus sira Den Basah gya lengser, wangsul marang hing Palumbon malih, sapraptanya nuli, Raden Basah hiku.
118. Hing Palumbon nulya rembag sami, lan kang pra tumenggung, dek meksih habaris Palumbone, kaselakken lawan Sri Bupati, menawa nekani, laknattolah hiku.
119. Lamun jurit dadya baribini, dhumateng Sang Katong, sabab celak sampun rembag mangke, lawan sagung kang para dipati, kelamun hangalih, mring Roma puniku.
120. Raden Basah nulya budhal hiki, sing Palumbon mangko, lawan sagung kang pradipatine, sedya nunggil kalawan kang rayi, Raden Basah hiki, Gondakusumeku.
121. Neng kejawan nenggih denya baris, sang wadyanya mangko tan winarna Den Basah praptanne, sampun nunggil kalawan kang rayi, kang warna Nrepati, kang neng Panjer hiku.
122. Lobang Handong pesanggrahan aji, nging karsa Hyang Manon, Kangjeng Sultan sangsaya grerahhe, mapan sanget tan saged lumaris, laknattolah hasring, langkung celak hiku.
123. Den Dipati langkung marasneki, bok konangan mangko, dadya matur dhumateng sang rajeng, nuwun pamit kinaryaseng adi, mapan yun nyepuhi, basah kalihipun.
124. Lawan sagung kang para dipati, sinuwun sedarum, mapan lawan pangran katigane, haturira nenggih Den Dipati, hamrih samuneki, Sang Nata pan nurut.
125. Nging jeng pangran ngabdul rakhim nenggih, lan kang putra mangko, kangjeng pangran dipanagaranne, langkung mopo pan tan tega yekti, nilar sri bupati, pan lumuh kelangkung.
126. Nanging meksa nenggih Den Dipati, mring panuwunipun, Sri Nalendra wus huning wekase, nanging hesmu wirang mring Hyang Widi, yen datan nuruti, mengkana nebda rum.
127. Heh ta Ngabdul Rakim ari mami, pagene sireku, nganggo datan sukur hing Hyang mangko, hapa lali sira Ngabdul Rakim, mring jangjining ngelmi, nurut taren ingsun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

128. Dadi hilang pasrahira yekti, marang hing Hyang Manon, mundur jisim sira heman kuwe, Ngabdul Rakim mapan jisim hiki, pratondha sayekti, nanggung loro hiku.
129. Marma kenna ngaran donya hiki, sabab nanggung loro, hiya donya lawan ngakherate, haneng jisim mangko lahir neki, hala lawan becik, kono tethari pun.
130. Dadya wenang ngaran ngamal jisim, sabab nanggung roro, lara waras neng jisim lahire, Ngabdul Rakim wus haja ko tolih, mundhak mametengi, mring iman ren ingsun.
131. Pan katisnan lahir hiku Iblis, kang godha ren ingong, kang den suprih hiya pembawure, tingalira marang kang sejati, pan iman sayekti, nora kena lampus.
132. Nanging lara hiku kena hadhi, sabab ngaral mangko, pan larane hing ngiman mangkene, kaya sira lumuh pakon mami, sabab ngeman yekti, mring jasmanen ingsun,
133. Hiku huga mapan godha yayi, nepsu rane mengko, hanglarani mring iman temahe, teges laraning iman pan hadhi, peteng tingalneki, marang hing Hyang Ngagung,
134. Pangran Ngabdul Rakim matur haris, pan hamba Sang Katong, mapan dereng khusus sadayane, bab ing iman surya kang hupami, mendhung nepsu yekti, nging tetelanipun,
135. Pan sedaya wonten sipat yekti, pan wicalanipun, kang dat sipat Apngal lan Asmane, kados pundi gen-ipun nyinggahi, sipat wujud lahir. mesem kang sinuhun.
136. Pan mengkene hiku ngabdul rakim, yen wus sira mangko, hanekaddi mring iman rening ngong, hiya lawan pitulung Ilahhi, supangat ing nabi, lir hangilo hiku,
137. Den halanga den hujura hiki, pan tunggal rening ngong, lir brerambang sabungkul pamane, den kongsi tek denira ngonceki, tan beda rupeki, lir hangubak banyu,
138. Banyu dandang hanglir sumur hiki, klebon najis mangko, kabeh hiku mapan tunggal bahe, teges hedat pan lahiring hurip, sipat rupa hadhi, Apngal gahoteku,
139. Asthama hisim kang jalah yekti, marma padha mangko, sirnaning dat kalimput sipate, sirna haran haneng apngal hiki, lamun mulih maning, pan hanglir puniku.
140. Nanging hedat hingkang mesengseni, denne sipat mangko, pan kinnarya kennyatahan bahe, Apngal Asthma kumpul sipat neki, dadi nanging keri, dat lan sipat hiku,

141. Denne sipat kang lahir, tan prebeda mangko, hiya lawan kang sipat batinne, hingkang rusak lan tan rusak hiki, mapan tunggal yekti, kang wus sirna hiku,
142. Hingkang kadim kari neng donyaki, mapan haran mangko, hiya kanthi kalawan ngapngale, marma sira haja mamang hadhi, dadi batal hiki, makripatireku,
143. Pan wus nora kena rusak pesthi, kadime Yang Manon, pan srengenge hiku hupamane, bundherira mapan wus pinasthi, karsannya Illahhi, mengkono lir hujud,
144. Pan padhangnge hiku dat sayekti, apngalira mangko, hiya hiku pan wira wirine, lamun bengi leren tan lumaris, kari asmaneki, haja salang surup,
145. Marmanira ja sumelang hadhi, haninggal maring ngong, mapan Allahhu sahekikin muhkhitatin, gung manungsa haneng donya hiki, tan kena ngowahi, mring papesthen hiku,
146. Hanneng donnya ngalam rusak hiki, pan derbe lelakon, ngalam langgeng besuk katemune, pan wus pesthi nora howah hiki, marma haja kongsi, batal hareningsun.
147. Kangjeng pangran ngabdul rakim nuli, ngaraspada katong, mapan langkung padhang hing galihe, kadya hangsal rilanning Widi, marang wejang hiki, pan sampun kecakup,
148. Dadya sampun sumendhe mring tekdir narah karsakatong, kang sinuhun langkung sokur tyase, hingkang rayi landhep tampineki, pasah dhateng ngelmi, lan wespada sampun,
149. Mapan dhateng karsa kang sejati, salang surupipun, hingkang ngelmu pan wespada mangke, tan winarna niskaranya sami, pan wus budhal hiki, sing ngarsa Sang Prabu
150. Pan lestari nenggih lampahneki, marma tan winuwos, sampun prapta hing Kejawan mangko, nulya nunggil lawan basah kalih, nengna kang winarni, Lobang Handong hiku,
151. Sri Nalendra mapan kang winarni, neng tengah wanna gung, Lobang Handong hiku pan harane, grerah sanget mapan kang ngladosi, ponakawan kalih, meksih halit hiku,
152. Lare bajang nenggih kang satunggil, tur beler puniku, pinnaringngan nama bantheng wareng, kang satunggal pun rata nameki, pan selamineki, lelana Sang Prabu.
153. Datan kantun Ponakawan kalih, mengkana Sang Katong, mapan wonten mayare grerahe, hingngaturan ngalih tiyang siti, sabab langkung watir Lobang Handong hiku

154. Mapan ragi celak lawan margi, Lepen Kajar mangko, Sri Nalendra pan nurut hature, marang Bekel Lepen Kajar hiki, pan pinaring nami, hannenggih pun Petruk,
155. Hing sebadha Bekel kangladosi, dhumateng Sang Katong, mapan kalih pinaring namane, Semar Gareng samya patut neki, kalawan kang warni, tiga sampun rembug,
156. Sri Nalendra hingngaturan ngalih, mring sebadha mangko, sampun mangkat sing Lobang Handonge, mring sebadha tan winarna margi, wus rawuh Nrepati, hing Sebadha hiku,
157. Mesanggrah haneng tengah wanadri, Labanamannipun, dadya kambuh Sang Nata grerahhe, langkung sanget Ponakawan kalih, mapan samya nangis, maras manahipun,
158. Bantheng Wareng lan Pun Rata hiki, neng dagan Sang Katong, lare kalih pan sanget tangise, Semar Gareng Petruk tumut nangis, ngandika Nrepati, nora mati hingsun,
159. Wus ta padha menenga hanangis, pan kuwus tyas hingong, nulya kendel samya panangise, hing Sebadha na dhukun sawiji, wus sepuh pawestri, gumati kelangkung,
160. Mapan dhateng kangjeng sri bupati, ragi kenes mangko, rondha Nyahi Hasmaraturune, gamel kalih wasta Sumatali, mapan sikepneki, Jaka Dholok hiku.
161. Sampun lama nenggih Sri Bupati, haneng Laban mangko, ragi sampun hadhangan grerahe, kang ngladosi tiyang wolu hestri, henengna sang ngaji, Kejawan winuwus,
162. Basah kalih lan Raden Dipati, pangran tiga mangko, kang prajurit pan sewu cacahhe, nanging hasring kasesre kang jurit, sabab laknat hiki, langkung kathahipun,
163. Tigang tanah pan dados satunggil, mapan langkung bingung, Raden Basah sring mundur kimawon, heneng ngena wahu hingkang jurit, kawarna kang prapti, nenggih Mas Pangulu,
164. Lawan Dolah Khaji Badarrodin, Kyahi Mlangi mangko, Khaji Himam Raji sarengnge, samya nusul pan saking Mentawis, panggih Den Dipati, kathah wertanipun,
165. Den Dipati saya lit tyasneki, sareng mirsa mangko, yen Mentawis basah katigane, sampun teluk mring laknattolahhi, nulya rembag hiki, lawan Mas Pengngulu,
166. Mapan taken dalil hingkang kenging, yen bedhami mangko, Mas Pangulu Kyahi Melangine, Khaji Raji matur lamun kenging, sabab den ing langip, mapan rembag sampun,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

167. Gya ngaturi Pangran Ngabdul Rahkhim, Den Dipati mangko, mapan lawan Pangran Dipanegarine, Pangran Dipakusuma wus prapti, lawan Basah kalih, gya rembagan hiku,
168. Kajengira nenggih Den Dipati, yun bedhami mangko, mapan kenging nenggih ngelmine, Pangran Ngabdul Rakhim ngandika ris, pan senadyan kenging, nging kula tan payun,
169. Lamun panggih lan laknattolahhi, wus hubanggi hing ngong, lamun hingkang sinuhun pamine, yen tan jaya nenggih jurit neki, luhung kula dhingin, mati rila tuhu,
170. Marmanipun prakawis puniki, kakang lamun rampung, hinggih lawan bicanten pamine, datan rampung lawan pedhang hiki, lung sampun menangi, boten saged dulu,
171. Pan dhumateng kangjeng Sri Bupati, Kangjeng Pangran mangko, nulya kesah kondur mring pondhoke, Pangran Dipanagara pan sami, lan kang paman hiki, basah kalihipun,
172. Pan mengkana samya haturneki, pan kawula mangko, sami datan gadhah kajeng sanes sakit pejah punapa karsaji, mapan hanglabuhi, tan sumedya tuhu,
173. Darbe kayun Ki Lurah sayekti, nulya kesah mangko, wangsul marang hing barisan maneh, dadya datan hangsal rembag neki, nenggih Den Dipati, lawan Mas Pengulu,
174. Nulya wonten hingkang serat prapti, saking Kurnel Nahos, lawan Kurnel Kokis pan srerate, hingkang bekta pan kengkenanneki, basah hing Mentawis, lawan seratipun,
175. Kurnel Kleres hingkang bekta hiki, pan kengkennanipun, Basah Ngabdul Latip lawan maleh, Jendral Dhekok kengkenan pribadi, tuwan Samparwadi, kang kinengken hiku,
176. Bekta serat samya hungelneki, hangaturi mangko pan bedhami yen kangge hature, Jendral Kurnel samya sagah hiki, pan sohan pribadi, dhateng kang Sinuhun,
177. Dadya hageng tyasnya Den Dipati, hangaturi mangko, marang Pangran Ngabdul Rakhim maleh, lawan Pangran Dipane gareki, lan kang basah kalih, nging samya tanpa yun,
178. Nanging samya jrih wangsulanneki, datan tumut-tumut, Pangran Ngabdul Rakim hatanya lon, mring kang Putra Basah Mretanagari, kulup hingkang ngendi, Sirnabaya hiku,
179. Raden Basah matur hawotsari, redi hinggil puniku, Kangjeng Pangran hangandika halon, kulup hiya seksenana mami, yen hupama hiki, sun nora katemu,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

180. Hiya lawan kang sinuhun maning, wis dhamen neng kono, pinundhuta Sirnabaya bahe, maring Allah kang Rabilngalamin, lan wus rela mami, nora bisa dulu,
181. Tigang dinten pan hatawisneki, nulya laknat mangko, mapan minggah kelangkung kathahe, Raden Basah mapan tan nangledi, ngaler hiki, nenggih hunduripun,
182. Lawan sagung kang para prajurit, myang dipati mangko, lawan Pangran Dipanagarane, Kangjeng Pangran Ngabdul Rakhim hiki, wus karsa Hyang Widi, mapan tapa nuju,
183. Ngidul ngalen lan Raden Dipati, Mas Pangulu mangko, sakanycane myang pradipatine, prapta Wukir Sirnabaya nuli, Pangran Ngabdul Rakim, gya lenggah neng ngriku,
184. Laknattolah pan samya nututi, wus karsa Hyang Manon, Kangjeng Pangran Ngabdul Rakim mangke, hingngaturan dhateng Den Dipati, lumajeng tan apti, lawan Mas Pangulu,
185. Pan sadaya samya hangaturi, Jeng Pangran tan payun, mapan lajeng hangrupak tingalle, wasiyating guru kang den hesthi, mapan hanglabeti, dhateng ngelmi lahut,
186. Dikir kamil mukamil den hesthi, marmanning Hyang Manon, pan katrima Jeng Pangran karsane, raga jiwa mapan sampun nunggil, tan pantara prapti, mring Ramattolahhu,
187. Hingkang layon dhawah haneng siti, samya kaget mangko, gya sinundhang mring mas pangulunne, nanging sampun lajeng kondurneki, marang ngalam suci, kang kantun lir pucung.

PUPUH XXXIX
P U C U N G

1. Datan ngantos sinnahenan layonipun, pan selak kaseso, laknattolah hanututi, hingkang layon mengkana lajeng den tilar.
2. Pan lumajeng mengkana harebut dhucung, kantun gilang-gilang, kang layon neng pucak ngardi, Sirnabaya lawan hiku marmennira.
3. Nulya hana mapan marmaning Hyang Agung, kang wahidulkahar, nenggih kang tengga wanadri, sima langkung hageng Tepeng namanira.
4. Pan punika lajeng tengga layonnipun, kalih renycangira, samya hageng hageng neki, dadya wangsul sagung hingkang laknattolah.
5. Mapan ngantos wayi tigang dinten hiku, kang layon jeng Pangran, Ngabdul rakhim kang nenggani, nging pun Tepeng kalawan sakanycanira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

6. Den Dipati Mas Pengulu samya wangsul,lan sakanycanira, sareng tigang dinten neki, mapan sedya hanyaheni kang kunarpa.
7. Sima hingkang nama pun Tepeng puniku, lan sekanycanira, pan nulya samya sumingkir, mring grerumbul mengkana wus tan winarna
8. Hingkang layon sampun sinahenan sampun, lir sare ke[hal.224]capa, kinubur pucaking ngardi, Sirnabaya henengena hingkang seda,
9. Kawarnaha hinggih hingkang sinuhun, haneng Wonalaban, sampun dhangan grerah neki, mapan lajeng hingadhep kang Ponakawan.
10. Bantheng Wareng lawan Pun Rata puniku, pan nuju punika, Semar Gareng Petruk sami, Maratruna pan samya mantuk punika,.
11. Sabab sampun samya heca manahipun, Sri Nalendra dhangan, mengkana pun Tepeng prapti, yen jalma hapan kadya hatur huninga.
12. Hing tyasira Sang Nata langkung kumepyar, nanging tan ngandika, mengkana pun Bantheng Wareng, lan Pun Rata hesmu hajrih kalihira.
13. Bakda ngisa pun Tepeng praptanipun, haneng Wonalaban, lajeng nyepeng kidang hiki, sadangunya kinarya dolan kewala.
14. lare kalih pendirangan hulatipun, sabab langkung celak, yen padhanga pan kaheksi, samya matur dhumateng Sri Naranata,
15. Pan punapa punika swaranipun, mesem Sri Nalendra, nulya hangandika haris, hasu hajak mapan hiku buru kidang,
16. Sirep jalma Gareng Petruk praptanipun, lajeng tinakenan, dhateng Ponakawan kalih, marma dangu kapethuk lawan pun tepang,
17. Bujung kidang wahu wonten margi ngriku, yun laju kawula, pan hajrih kula hantosi, sakesahe Bantheng Wareng hatatanya.
18. Hingkang nama Tepang punapa puniku, Gareng Petruk nebda, sima geng lurahing ngriki, pan sedaya sagung hingkang buron wona.
19. Bantheng Wareng lan Rata samya gegetun, sangsaya hajrihnya, sadangunya wonten ngriki, datan tebih mesem Kangjeng Sri Nalendra.
20. Sampun lami Sang Nata neng Laban hiku, datan mirsa warta ngajeng-hajeng Kalapaking, pan wus lama Kalapaking datan prapta.
21. Pan pun Petruk, hasring den hundang puniku, marang laknattolah, pan langkung den titi-titi, nging pun petruk, meksa kumbi kewala.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

22. Malah lajeng sinakitan meksa hiku tan ngaken punika, lan nyahi Maratrunane, yen mring pasar tetumbas sri, tinakonnan.
23. Dadya Semar Gareng Petruk samya matur, lawan Maratruna, Sumatali samya watir, pan dinuga laknat sampun mirsa warta.
24. Malah hasring kinepang hing Laban hiku, nging tan ngantos prapta, mapan pitulung Hyang Widi, binedhilan saking tebih han kewala.
25. Nulya wangsul sagung laknattolah hiku, mengkana Nalendra, pindhah saking Laban hiki, mesanggrahan haneng Wona Wadhas Malang,
26. Siti Miring hingkang wonna namanipun, nging kangdherek hika, kantun pan Gareng puniki, Semar Petruk punika tiyang ketara.
27. Sabab bekel marma tan kalilan hiku, nyahi Maratruna, kedah dherek tan marengi, hangrubedi dadya kang dherek Nalendra.
28. mapan nanging kantun tiyang gangsal hiku, mengkana tan lama, Sang Nata neng Siti Miring, karsanira Sang Nata tedhak mring rema,
29. Sampun mamgkat Siti Miring hiku, prapta Wadhas Malang, mengkana kapethuk hiki, lawan seratira Residhen punika,
30. Nging Sang Nata tan harsa ningali hiku, dene kang kengkenan, kinen bekta wangsul hiki, hingkang serat lajeng lampahnya Nalendra.
31. Mapan langkung cobaning Hyang wektu hiku, dhateng Sri Nalendra, dumadakan Sumatali, lan pun Gareng bingung datan pirsa marga.
32. Pan kalintu kesasar maring wanna gung, mapan margi warak, hingkang den westanni margi, hayun Tanya satunggal tan manggih jalma.
33. Mapan jawah hinggih langkung deresipun, neng satengah wona, mapan langkung peteng neki, marmaning Hyang titihanira Sang Nata.
34. Datan wang-wang ngambah jurang curi paluh, kalen lelumpatan, wot saking marmaning Widi, dadya sayah kendel haneng tengah wona.
35. Pan Pun Rata hangrempong sanget puniku, dadya nyare wona, wus tan na baya kaheksi, buron wona sedaya malah rumeksa.
36. Kalih dalu Sang Nata haneng wana gung, ngentosi Pun Rata, lan bingungnya sumatali, lawan Gareng Bantheng Warang langkung kuwat.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

37. Sareng sampun samya mantun hingkang bingung, kalawan Pun Rata, pan sampun saged lumaris, nulya mangkat Sang Nata sing tengah wona.
38. Bantheng warak sima kang lumampah ngayun, hanglir karya marga, marmanya Sri Narapati, kang titihan saged hanurut punika.
39. Mapan hanglir radinan wona puniku, sagung kang gelagah, lan hreripan sirna sami, kang kamargan mengkana wus tan winarna.
40. haneng marga pan lestari lampahipun, mengkana Nalendra, mapan sampun rawuh hiki, tanah rema haneng pagre tipis hika.
41. Wahu denya mesanggrahan kang sinuhun, mapan nulya kinen nimbala Raden Dipati, lawan Basah kalih mapan sampun prapta.
42. Raden Basah Martanagara puniku, lawan Raden Basah, Gondakusuma puniki, nanging Raden Dipati kang datan prapta.
43. Sabab tebih pan sanes panggennanipun, Basah kalih nulya, dinangu mring Sri Bupati, Den Dipati dene tan wonten katingal.
44. Raden Basah Martanagara humatur, pan sanes panggenan, saking ngriki langkung tebih, mapan ngiwa lawan kang sepuh sadaya.
45. Pan rembagan, hesmu kagyat kang sinuhun, hingkang tuwa sapa, Raden Basah haturneki, pan pun Paman Pangulu nusul punika.
46. Khaji Badarrodin Khaji Mamrajiku, Ki Mlangi punika, mapan sampun prapta sami, rembagipun samya ngengingken bedhama,
47. Den Dipati langkung lega manahipun, kawula den hundang, hinggih kalawan pun adhi, rayi dalem putradalem sampun prapta.
48. Kang niskara wus mungel ngajeng puniku, dupi harsa nata, mring haturnya basah kalih, yen kang rayi Pangran Ngabdul Rakim hika.
49. Sampun kondur mring rahmattolah puniku, mapan tilar donya, punika kang dados margi, geseh karsa lan Raden Pati Danureja.
50. Dadya kendel Sang Nata dangu hanjetung, kathah kang gagas, dadya mut purbaning Widi, haneng donya wekasan hamung punika.
51. Nulya dangu Nata Pangran kalih hiku, Den Basah haturnya, putra dalem Kangjeng Gusti, mapan sareng tinilar dhateng kang paman.
52. Kalih samya sanget muring muringipun, dhumateng Ki Lurah, tan kenging hamba pambengi, lajeng tedhak dhateng ler lepen punika.
53. Hing Srerayu hingkang dherekken puniku, Tumenggung sekawan, Pacittan lan Sela Manik, hing Parakan lan Lepen Beber punika.
54. Mapan harsa hanyjenengi prerangipun, Basah Iman Mesbah, lawan Raden Basah nenggih, mapan Suryawinata putra handika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

55. Hingkang hanem hamba datan huning tuhu, nenggih karsanira, hingkang dherek Lurah Kasim, pun jaga lalawan pun prawira bawa.
56. Sareng rayi dalem seda kang sinuhun, di dalem sadaya, kang bektan saking Mentawis, mapan samya telas kang manah punika.
57. Mas Pangulu lawan Kyahi Mlangi hiku, pan nulya katingal, Basah kalih mapan sami, dadya medal malih hingkang nepsu samya.
58. Sabab hiku hingkang dadya margi sagung, harang kasusahan, nulya matur basah kalih, pan sinuhun ngulami kalih punika.
59. Pinnejahan gya mesem hingkang sinuhun, nora kaya sira, heh basah hingsun tuturi, wruhanira sagung manungsa neng donya.
60. Mapan huwis pinanyjing hing lokilmapul, begja lawan lara, wekasan marganing pati, gung manungsa mapan hiku beda beda.
61. Nanging siji kang wong hurip hingkang tuhu, pan ngugeri jasad, lamun jasad hira kapir, mapan kudu ngantepi mring kapirira.
62. Lamun Islam hangantepi Islam tuhu, dadi tan kebandhang, lara pati tan gumingsir, hiya hiku hingkang hing nyanan iman.
63. Sabab dene hanglakoni tekdir hiku, Basah wong neng donya, rahmad kang gumelar hiki, hing ngakherat, mapan mung rakhim kewala.
64. Marmanira padha den hawas sireku, kawulaning Allah, neng donya nging loro hiki, kapir Islam ngakherat timbanganira.
65. Hiya loro surga nreraka hiku, marma wong neng donya, mapan hakeh hingkang kapir, kang nreraka sabab murah reganira.
66. Kang suwarga banget lara hajeneku, marma kapir harang, hingkang manyjing Islam hiki, malah Islam hakeh manut kapir padha.
67. Sabab nora kelar hing petukonneku, yen tan holeh hika, sihing Hyang tan kelar pesthi, patukunya marma milih hingkang murah.
68. Basah kalih samya padhang manahipun, pan wus narah karsa, nulya kinen hanimbali, Mas Pengulu lawan Ki Melangi hika.
69. Nanging sareng kalawan kengkenanipun, Kurnel Kleres hika, mapan hatur surat neki, nging kengkenan Kurnel kinen mangsulhena.
70. Mapan dhateng Raden Dipati puniku, nging kang ti[hal.233]nimbalan, Mas Pengulu Kyahi mlangi, kalih sampun prapta ngarsaning Nalendra.
71. Mapan lajeng nguswengpada kalihipun, pan sarya karuna, ri wus Nata ngandika ris, heh Pangulu hingsun takon marang sira.
72. Den belaka dene sira prapta hiku, paran karepira, mapan nganggo ngirid hiki, kongkonane Kurnel pa wus tepung sira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

73. Lawan Kurnel Mas Pengulu haturipun, pan boten kawula, pan srengan wonten margi, nadyan kalih kengkenanipun Den Basah.
74. Prawiradirja mapan sarengan batuhu, bekta hingkang surat, Kurnel Kukis Kurnel Nahis, lawan Jendral Dhekok hinggih kengkenan.
75. Tuwan Sarip Samparwadi kang hingutus, duk mirsa Nalendra, mring hatutur mengkono yekti, mapan dangu kendel tan mawi ngandika.
76. Langkung ngungun tyasira hingkang sri nuhun, yen samya mengkana, gya hewut purbaning Widi, lamun Islam, imanipun warna warna.
77. Mapan sanes lawan iman kapir hiku, sajuga kewala, marma samya kajeng neki, lamun Islam kang iman patang prekara.
78. Iman maksum hingkang para nabi hiku, wali pan hidayat, mekbul pan imaning mukmin, nging tegayur punika hingkang warata.
79. Laknattolah nanging mermud imanipun, marmanira samya, sagung laknat kajengneki, dadya nata haris hing pangandikannya.
80. Heh pangulu dene kang mangkono hiku, hiya wertanira, kabeh kanycanira hiki, yen mengkono dadi kuwus nora pira.
81. 79. Hapa lali kabeh mring Islame hiku, lan dhingin saguhnya, hujare padha ngantepi, mring Islame lara pati tinemaha.
82. Dene mengko mapan padha mengkoneku, mati yen waniya, lara bahe nora hapti, liwat nistha iman den hurupken donya.
83. Mas Pengulu mengkana hing nganturipun, pan yektos kawula, lawan pun adhi Melangi, hamanggihi dhateng den Prawiradirja.
84. Mapan saking sanget kuwatosing kalbu, pitakon kawula, dene mekaten puniki, pan punapa kasupen dhateng Nalendra.
85. Raden Basah mekaten wangsulanipun, punapa wong hedan, nging kawula mapan yekti, pan hanghaso sakedhap kewala.
86. Sri Nalendra mesem hangandika hiku, sira kaya ngapa, pengulu lawan melangi, hapa nora kasiku marang hagama.
87. Yen wong Islam nganggo ngresula pan hiku, wong salah tegesnya, pan ngresula batenneki, hora kurang hiya kagunganing Allah,
88. Misih jembar lamun sedya ngaso hiku, kaya nora kurang, gunung halas mapan hakeh, teka ngaso tunggal lawan laknattolah.
89. Paran sira Mas Pengulu pan tumungkul, tan saged matura, kalawan Kiyahi Melangi, Sri Nalendra mapan nulya hangandika.
90. Mapan dangu dhateng basah kalihipun, heh Mertanagara, lan Gondakusuma hiki, prajuritnya hapa wus padha sumekta.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

91. Raden Basah Kalih mengkana turipun, pan dereng punika, pan hamba ken haso sami, hinggih benyjing hing wulan ngajeng punika.
92. Mapan hamba samya ken prapta sedarum, lawan dhawah hamba, paduka yun ngantep jurit, yen marengi hing karsa paduka nata.
93. Mapan sahe mesanggrahan Sampang hiku, ngrika watos hamba, sabab didalem prajurit, dereng pepak, marma bilih rahmattolah.
94. Minggah kedhik pan hamba tangledi hiku, yen kathah ba tilar, marma sinuhun prayogi, mesanggrahan, wonten hing Sampang punika.
95. Sri Nalendra hanuruti haturipun, Den Basah punika, nging mengkana sebda haji, heh ya Basah hingsun turut haturira.
96. Nanging besuk yen wis padha teka hiku, gung prajuritira, den henggal tutura hiki, Raden Basah haturnya mapan sandika.
97. Sri Nalendra ngandika mring Mas Pengulu, heh Pengulu sira, kelawan sira Melangi, pan hing mengko hiya hapa karepira.
98. Lamun sedya haso tunggal laknat hiku, pan luwih prayoga, mapan hiya hingsun hiki, wus hanedya nglabuhi parentahing wang.
99. Nora kena lamun tunggal laknat hiku, Mas Pengulu turnya, lawan Kyahi Malangi, sakit pejah pan hamba dherek kewala.
100. Nulya budhal Sang Nata saking hing ngriku, pager tipis hika, hingkang dherekken Nerpati, Raden Basah Gondakusuma punika,
101. Lawan hingkang prajurit mantri jro hiku, nenggih Raden Basah, Martanagara pan meksih, kantun baris neng redi condhong punika.
102. Pan Pun Rata lawan Sumatali hiku, tan saged lumampah, samya kantun neng Kemuning, pan pun Gareng sampun mantuk mring Sebadha.
103. Bantheng Wareng hingkang boten kantun kantun, mapan langkung kuwat, nging kuciwa besur hiki, mring Nalendra ta yun mirsa sirna baya.
104. Mapan tuwi dhateng kang rayi puniku, nenggih Kangjeng Pangran, Ngabdul Rakhim Sri Bupati, pan sedalu nyare haneng Sirnabaya.
105. Lenggah aneng pesareyan kang sunuhun, saking tresnanira, wahu dhumateng kang rayi, meksih hanem dene legawa palastra.
106. Henjang mangkat saking sirna baya hiku, tan winarna marga, Maratega sampun prapti, lajeng nyare sedalu neng Maratega.
107. Pan ngentosi Ahmad Pekih praptanipun, lagya tinimbalan, punika pengageng neki, pan ning sampan mengkana dulu winarna.

108. Mapan wonten hanenggih kengkenipun, pan Raden Dipatya, Den Menggung Purwadirjeki, mapan lawan Den Menggung Sinduhatmaja.
109. Raden Basah Gondakusuma gya matur, dhateng Sri Nalendra, yen wonten hutusanneki, Den Dipati mapan bekta serat tiga.
110. Saking Kurnel Kokis lawan Kurnel Nahus, Kurnel kleres hika, Sang Nata henget kang rayi, dadya medal dukanya mring Den Dipatya.
110. Heh ta Basah Si Purwadirja hiku, lan Sinduhatmaja, karo padha konnen bali, dene layang mapan hingsun nora harsa.
111. Mung meksa kudu seba loro hiku, padha patenana, sandika den Basah lengser, mapan saking ngarsanira Sri Nalendra.
112. Henengena pan wus tan winarna hiku, henyjang mapan prapta, nenggih Ki Muhamad Pekih, mapan lawan prajuritira sadaya.
113. Pan ing ngirid mring Raden Basah puniku, sowan mring Nalendra, nulya raden Basah nuli, kinon wangsul mring Condhong tunggil kang raka.
114. Datan kantun lawan Mantri Lebetipun, kang dherek Nalendra, nanging kantun Bantheng wareng, Beja Katika lawan Jayeng Manggada.
115. Mas Pengulu lan Ki Melangi puniku, kang saking Mentaram, samya bekta renycang ngalih, nulya budhal Sang Nata saking maratega.
116. Kurhungkuran lawan Raden Basah hiku, mengkana Nalendra, dalu nyare hing gendhing, buron wona rumeksa samarga marga.
117. Hawit mangkat saking siti miring hiku, wus karsa Hyang Sukma, buron wona kang neng ngarsi, mapan kadya punika hakarya marga.
118. Marma saged titihannya kang sinuhun, pan hanglir radinan, sima warak lawan bantheng, kang neng ngarsa kadya jajari punika.
119. Pan pratela heloking dat kang satuhu, kang waki Dul Kahar, wus datan winarna malih, kang niskara rawuh Sampang Sri Nalendra.
120. Datan harsa nata haneng hing dhusun, mesanggrahan wona, laknattolah mirsa warti, yen Nalendra neng sampang pesanggrahannya.
121. Mapan nulya hinginggahan kang sinuhun, dhateng laknattolah, nanging pitulung hing Hyang Widi, sagung laknat, mapan tan wonten huninga.
122. Pan dhumateng pesanggrahan kang sinuhun, ningali Sang Nata, mring solahe laknat sami, mapan ngantos sipeng sedalu punika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

123. Haneng Sampang hangobongi sakeh gubug, henjang mundur nulya, laknat saking Sampang sami, haneng marga pan cinegat mring sima.
124. Mapan gangsal laknattolah hingkang lampus, lan sekapalira, sima kang samya mejahi, dadya kapok datan purun malih minggah,
125. Nulya marga kewala den pepet iku, sagung laknattolah samya baris haneng margi, pan pun tepang nimbangi baris punika.
126. Sakanycanya haneng ngiring hiring gunung, pan samya hatingal, rakite hanglir geladi, hesmu giris manah hira laknattolah.
127. Sareng dalu pun tepang pan samya mudhun, mapan hangsal gangsal, saradhadhu den bektani, pan welonda kalawan sanjatanira.
128. Nanging datan tinedha mapan puniku, kinecer hing marga, bangkennya dipun sempali, nging senjatanira kang datan kepanggya.
129. Dadya giris laknat mapan samya mundur, mengkana pun tepang, lamun dalu mudhun hiki, sakanycanya laknat murtad kathah risak.
130. Mapan hasring laknat dalu gegeripun, murtad kathah pejah, pun tepang hingkang mejahi, pan mengkana lampahan wektu punika.
131. Buron wona kathah hingkang samya medhun, karsaning Hyang Sukma, hangresahi laknat sami, warni kapal lembu pan samya binekta.
132. Marma pun tepang mengkana wus tan cinatur, mengkana Nalendra, haneng wona sampang hiki, Mas Pengulu Kyahi Mlangi hasring mothah.
133. Ngaturaken mapan pejah gesangipun, nuwun mring Nalendra, mugi liliha tyas haji, hingkang bendu mring Basah Prawiradirja.
134. Pan punika marmi mekaten sinuhun, saking pangowelnya, mring sagung di dalem sami, hingkang halit jalu hestri badhe risak.
135. Sabab laknat pan langkung pangudenipun, sareng mirsa warta, yen paduka wonten ngriki, babasah tiga tan kuwawi nadhahana.
136. Dados susah sedaya di dalem sagung, Mentawis punika, hageng halit jalu hestri, marmanipun den Basah Prawiradirja,
137. Hanglampahi kados mengkaten sinuhun, saking tan kuwawa, hanadhahi prerang neki, rembagipun sedaya pan hamba priksa.
138. Lamun sampun paduka ngantep prang pupuh, badhe ngamuk samya, dadya mesem Sri Bupati,yen mengkono, bener Si Mertanagara.
139. Sira dhingin karo pan padha jinaluk, hayun pinatenan, tinerka ngewuh-ewuhi, pan hing mengko sireku dadi wus nyata.

140. Bareng rembug dhasar sira hawit hiku, hingsun pan tan nedya, kalamun ngowahi dalil, kang parentahing Kuran pan wus tan kena.
141. Lamun mukmin kang sicerak lawan hiku, ngalamat cilaka, lara pati sapa kardi, Mas Pengulu mengkana hing ngaturira.
142. Hinggih leres lawan rumiyen puniku, sabab meksih celak, sapunika sampun tebih, gung manungsa kalawan Allahtongala.
143. Lan jeng nabi sampun langkung lamenipun, hantawis punika, jeng sultan mesem nebda ris, heh pengulu becik maning hangajiya.
144. Lan den banget sira tobata satuhu, mring Allah-tangala, lamun sira hiku meksih, ngimanake hiya marang ngelmunira.
145. Sabab sira hangarani hadoh hiku, mring Allah-tangala, lamun hadoh hiku dadi, Gusti Allah karuhan panggonanira.
146. Kangjeng Nabi sira rani lawas hiku, pan wus nora nana, yen mengkono tanpa kardi, sira ngaji ngagunghaken Kuran-nira.
147. Panjang jinnya hing Kuran parentahiku, prapta hing kiyamat, jeng nabi sarengat neki, pan hing mengko Kuran mesih tulisira.
148. Hapa lali dene mengkono sireku, yen Allah manggona, dadi hana rupaneki, lamun rupa pesthi nganggo hanom tuwa.
149. Lamun nganggo hanom tuwa pesthi hiku, bakal kena rusak, marma tobata den haglis, lamun nora tobat wus pesthi duraka.
150. Hapa lali Dalil Sahean Muhkitun, lan ing Kulhu hika, lawan hiku Kangjeng nabi, sira ran ni wus lawas dadi tan nana.
151. Pan ing mengko hiya hing mupangat iku, Kuran mapan hana, lamun niku Kangjeng nabi, pinasrahan prapta hing kiyamat pisan.
152. Mapan mengko durung kiyamat Pangulu, Mas Pengulu nulya, tumungkul pan hesmu tangis, pan rumahos kathah lepa haturira.
153. Mapan wonten hantawis let tigang dalu, Mas Pengulu nulya, matur malih mring sangaji, kados pundi punika kasa Nalendra,
154. Sabab sampun samya kelajeng sedarum, habdi dalem basah, prajurit lan pra dipati, nanging kantun di dalem basah sekawan.
155. Hingkang teksih santosa hing manahipun, mesem sri Nalendra, heh Pengulu sira hiki, dene bisa nganggo ngarani santosa.
156. Mas Pengulu mengkana hingaturipun, sabab meksih kekah, gennipun nyepengi dalil, ngestokhaken hing karsa panduka nata.
157. Mapan habdi dalem punika sedarum, nangge dalil wenang, sabab manahipun langip, Sri Nalendra mengkana kang pangandika.
158. Heh pangulu mangkene pangrasaningsun, dalil langip hiya, kalamun nora miwiti, yen mawiti hiku nora lawan wenang.
159. Lir hupama wong kagepok najis hiku, hingkang gepok neja, lawan kang ginepok hiki, hapa tunggal hapa beda khukumira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

160. Loro hiku pan wus padha serak hiku, sabab langipira, Mas Pengulu haturneki, mapan sanes kang neja gepok punika.
161. Sabab maha hingkang ginepok Sinuhun, pan saking kabitah, ngalap ngudur sabab langip, dalil wenang sinuhun hinggih punika.
162. Sri Nalendra malih hangandika hiku, hiku dhingin sapa, hiya hingkang hamarahi, Mas Pengulu mengkana hing ngaturira.
163. Warni warni mapan di dalem sadarum, Den Prawiradirja, mapan yektos hamarahi, Ngabdul Latip mapan kacepeng punika,
164. Hing ngawusan malih ngandika sang prabu, yen mengkono hiya, Badarodin hana ngendi, lawan Khaji Maraji hing wertanira.
165. Mas Pengulu mengkana hingaturipun, rumiyin Nalendra, paman Dolah Badarrodin , lawan Khaji Maraji kalih punika.
166. Mapan samya mudhun dhateng Sumalangu, Sang Nata ngandika, yen mengkono karsa mami, heh pengulu hing mengko sira mudhuna.
167. Timbalana Khaji Badarrodin hiku, lan Khaji Maraji-ka, karo lamun prapta iki, siro konen banjur mulih mring Mentaram.
168. Dhawuhena padha konen momong hiku, mring Si Prawiradirja, lan dhawuhna duka mami, Mas Pangulu haturnya mapan sandika.
169. Nulya lengser sing ngarsa hingkang sinuhun, lajeng mangkat hika, pan wus tan winarna hiki, ngantos pitung dinten mapan dereng prapta.
170. Ki Melangi mengkana hingkang winuwus, pan sanget haturnya, dhumateng Sri Narapati, nuwunhaken hapunten Raden Dipatya.
171. Sabab sampun sanget kasusahanipun, bilih tan kuwawa, dados hawon temah neki, dene hing bab srerat mapan sedaya.
172. Datan wonten sinuhun hing cacatipun, kalamun pinirsa, hinggih dhateng ngelmineki, pan rumiyin, duk jenneng jeng rasullolah,
173. Lamun wonten serat pan pinirsa tuhu, hawon sahenira, mapan lawan den wangsuli, Sri Nalendra mengkana kang pangandika.
174. Heh Melangi si dhingin nora matur, hing selawasira, Ki Melangi haturneki, mapan hajrih dhumateng Kyahi Maja,
175. Yen mengkono sira timbalana hiku, hiya Si Danurja, lan sakehe layangneki, hiku kabeh padha sira konen gawa.
176. Lan layange Jendral haja kari hiku, wus sira mangkata, sandika nulya turbekti, sampun mangkat saking ngarsanya Nalendra.
177. Tan winarna hing marga wus prapta hiku, nenggih hing Kejawan, Ki Melangi lajeng sakit, sampun panggih lawan Mas Pengulu hika.
178. Nanging Raden Dipati kelajeng teluk, mengkana winarna, Mayor Bokus mirsa warti, lamun wonten hutusanira Narendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

179. Mas Pengulu hanenggih Kejawan puniku, malah sinusulan, nenggih Kiyahi Melangi, nulya mayor malah kengkenan hangundang.
180. Hapan ngantos ping tiga mapan tan purun, Mas Pengulu hika, nulya Badarodin prapti, Mayor Bokus pan malih kengkenan hika.
181. Kang kinengken Raden Ngabdul Latip hiku, lumampah pribadya, mengkana pan sampun panggih, Mas Pengulu Khaji Badarrodin hika.
182. Ki Melangi Raden Ngabdul Latip muwus, kang pengulu kula, kinengken mring Mayor yekti, hangaturi mapan dhumateng sampeyan.
183. Saking delap Mayor hajeng hapepangguh, hinggih lan sampeyan, yen sampeyan datan apti, dhateng beteng Mayor mariki pribadya.
184. Mapan datan damel sedya hawon tuhu, nging sedya hatanya mring karsane Sri Bupati, yen sampeyan manggih hawon pan kawula.
185. Hingkang nanggel mengkana pan rembag sampun, Mas Pengulu hika, lawan Khaji Badarodin , Ki Melangi mapan sahe tinurutan.
186. Sab ngudur nulya mangkat Mas Pengulu, saking hing Kejawan, dhateng Beteng Soka hiki, lawan Khaji Badarodin hika.
187. Ki Mellangi pan datan tumut puniku, kantun neng Kejawan, sabab sanget sakit neki, tan winarna hing marga pan sampun prapta.
188. Mas Pengulu haneng Beteng Soka hiku, Mayor methuk nulya, mapan langkung hurmat neki, riwus tata lenggah Mayor haris tanya,
189. Mas Pengulu kawula taken satuhu, punapa kang karsa, nenggih Kangjeng Sri Bupati, Mas Pengulu mengkana hingaturira.
190. Mapan boten gadhah karsa kang sinuhun, mayor malih tanya, wonten pundi Ki Melangi, Mas Pengulu mengkana hing ngaturira.
191. Mapan kantun wonten Kejawan puniku, sabab sakit hika, Mayor nulya taken malih, wertanipun nimbaliRaden Dipatya.
192. Mas Pengulu mapan hinggih sahuripun, mayor sahurira, mapan sampun kasep hiki, Den Dipati holehe katemu kula.
193. Sampun helet pitung dina wertanipun, lawan praptanira, nenggih Kiyahi Melangi, pan sakniki Den Dipati lagi lunga.
194. Lagi lunga mring Magelang puniku, pan katemu Jendral, sabab Jendral sapuniki, hayun lunga mring Betawi punika.
195. Pitung dina Lurah kula kados mantuk, lan Raden Dipatya, dene mawi den timbali, Den Dipati kang sinuhun yun punapa,
196. Mas Pengulu mengkana hing sahuripun, hayun mirsa srerat, sedaya punika sami, pan rumiyin sinuhun pandereng pirsa.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

197. Sabab lagya marengi duka puniku, mring Raden Dipatya, marma srerat sagung sami, meksih wonten nenggih Rahaden Dipatya.
198. Sapunika sampun lilih kang sinuhun, marmanya ngandika, lawan kinon bekta sami, sagung srerat kelawan srerate Jendral.
199. Lamun teksih hinggih kinon bekta hiku, Mayor Bokus mojar, Mas Pengulu kados pundi, lamun boten wonten karsane Sang Nata.
200. Hinggih tepang tumunten lan Jendral hiku. Mapan konca kula, langkung susah manahneki, sareng miring Kangjeng Sultan sanget grerah.
201. Kados pundi yen ngantosa seda hiku, Mas Pengulu nebda, Mayor niku kados pundi, dene mungsuh lerese pan mindhak bingah.
202. Mayor Bokus mengkana pan sahuripun, Mas Pangulu dika, hinggih mapan dereng ngreti, tanah jawa kang keringan mung punika.
203. Kangjeng Sultan Ngabdul Khamid pan satuhu, marmanya sakedhap, tan kantenan wertineki, dadya kathah hingkang padha derbe karsa.
204. Mas Pangulu mring nagara jawa hiku, bingung [hal.253]konca kula, sareng Kangjeng Sultan meksih, pan sakniki pun sami kendel sadaya.
205. Marma henak konca kula manahipun, mung den harsa harsa, kang sinuhun tepangneki, kalih Jendral hing siyang dalu punika.
206. Yen hupama boten kelakona tepung, mapan konca kula, hingkang gedhe-gedhe sami, tanah jawa bakal buwang polet padha.
207. Kang Sinuhun kelawan Jendral puniku, wus samya hubaya, Mas Pengulu nulya pamit, mantuk dhateng pondhokan Kejawan hika.
208. Mayor Bokus pan mengkana welingipun, Mas Pengulu dika, sampun kesah kesah hiki, sing Kejawan ngentosana Lurah kula.
209. Boten lami kados henggal dhatengipun, Mas Pengulu nebda, gih kula yun hatur tulis, mring Nalendra nulya, mantuk saking Soka,
210. Lawan Dolah kaji Badarodin hiku, wus prapta Kejawan, nulya kengkenan turtulis, mring Nalendra tan winarna sampun prapta.
211. Mapan jujug mring Muhamad Pekih hiku, gya hatur Nalendra, suratnya pangulu hiki, tinupiksa kang serat hijem manira.
212. Mapan kadya kang mungel ngajeng puniku, hingkang saneskara, dangu kendel Sri Bupati, ris wusnya tupiksa hingkang nuwala.
213. Pan mengkana hosiking tyas kang sinuhun, baya karsaning Wyang, hingsun kinon hanglakoni, lara wirang mapan gon ingsun neng donya,
214. Dene temah mangkene hiki pangulu, hingsun nora meksa, wus tekdire hawak mami, Sri Nalendra nulya haris hangandika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

215. Ahmad Pekih hapa wus dhemen sireku, Pangulu karepnya, tur sembah Muhamad Pekih, sampun remen sinuhun pados punapa.
216. Dadya mesem Sang Nata ngandika hiku, wus padha kewala, sagung huwong dadi hiki, yen mengkono hagawe halayang sira.
217. Timbalana marene hiku pangulu, lan Mertanagara, lawan saprajuritneki, dene Basah Gondakusuma meksiha.
218. Kari baris haneng hing Kejawan hiku, lan prajuritira, haja kari Badarrodin, Ki Melangi sabab jare lagi lara.
219. Lan sira ta kelamun wus waras hiku, gamel Sumatalya, tur sembah Muhamad pekih, nulya lengser saking ngarsannya Nalendra.
220. Karya surat nimbali punika sagung, tan winarna prapta, sedaya hing Sampang sami, Mas Pengulu Badarrodin tinimbalanya.
221. Lawan Basah Mertanagara hiku, tiga prapta ngarsa, sekawan Muhamad pekih, Sri Nalendra dangu Kaji Mamrajika,
222. Kaji Badarrodin mengkana turipun, pan kelajeng Nata, sampun mantuk mring Mentawis, Sri Nalendra dangu mring tingkah punika.
223. Heh pengulu hapa wus henak hatimu, lawan sira padha, dene nganggo tepung hiki, hapa nora kasiku hing ngelmunira
224. Mas Pengulu lawan Badarrodin matur, pan boten punika, sabab hamba tan miwiti, mapan saking pengajakipun punika.
225. Hinggih Mayor Kokus punika sinuhun, pan ngelmi kalilan, lamun laknat kang miwiti, Sri Nalendra mesem haris hangandika,
226. Heh pangulu lan Badarodin sireku, hapa wus precaya kabeh Mayor hujarneki, Mas Pengulu Badarrodin haturira,
227. Hinggih sampun tiyang punapa sinuhun, hingkang cinepengan, yen dede wirahos neki, pedah kapal kendhang sulipun punika
228. Sri Nalendra nulya nantun Basah hiku, Basah paran sir, Raden Basah haturneki, mapan hamba sinuhun punapa karsa.
229. Yen mengkono sun coba ngelmune hiku, Si Pangulu hiya, lawan Kaji Badarrodin, heh pangulu Badarrodin wis baliya,
230. Mring Kejawan tutugena tepung hiku, lawan mayor sira, kalawan Kurnel wus prapti, dhawuhena hingkang dadi karsaning Wyang.
231. Lamun Kurnel ngajak bedhama lan hingsun, kalawan bicara, hapa dene Jendral hiki, sun turuti nanging hiya karsaningwang.
232. Bab ing ngon bocah prajurit keh sagung, lan pangrembenira, hapa Kurnel hanyaguhi, sabab hiku hingone pan rong prekara.
233. Dhuwit bandar kalawan pajeg ta hiku, padha pretelakna, pajeg wetune deseki, hingkang bandar pan hiku wetuning pasar.
234. Lamun Kurnel nora hanyaguhi hiku, tan bisa bicara, pasthi yen ngeronhoroni, nora wurung pasthi manggu rerebutan

235. Pan sak hiki sekalane durung rampung hiya kang bicara, bumi bandar kasa mami, hiya Kurnel kang sun lilani nyekela.
236. Wus mangkata marang Kejawan sireku, kalih tur sandika, gya lengser saking ngarsaji, tan winarna hing marga Kejawan prapta,
237. Mayor Kokus sampun pirsa wartanipun, Mas Pengulu prapta, lawan kaji Badarodin, saking Sampang mapan mentas megatruhnya.

PUPUH XL
M E G A T R U H

1. Langkung bungah kang tyas mayor manahipun, nulya kinen hangaturi, mapan dhateng Mas Pengulu, lawan Kaji Badarrodin, tan winarna panggih sampun.
2. Mayor lajeng hatetakon karsanipun, nenggih Kangjeng Sri Bupati, sampun pinajar sedarum, Mayor langkungleganeki, hingkang tyas sarya ngling halon,
3. Mas Pengulu mapan punika sedarum, nenggih hing satanah jawi, kagungan hingkang Sinuhun, konca kula mapan nanging, ngempek tilem nedha ketos.
4. Marma benyjing yen tes hak hingkang sinuhun, sagung beteng mapan sami, sampun dhinawuhaniku, mungel kang mariyem hiki, hurmat ing nyelawe mangko.
5. Lawan hedrel sanjata halit sedarum, marma kawula puniki, hanglir katibanan daru, langkung dede waweratneki, lurah kula khabaripun.
6. Sampun dhateng wingi sonten lawan hiku, nenggih Rahaden Dipati, saking Magelang puniku, nulya Mayor Bokus nuding dhumateng Kapitanipun,
7. Gegancangan ngaturi mring Kurnelipun, mring Kedhu mahesa hiki, Mas Pengulu sampun mantuk, lawan Kaji Badarrodin , dhumateng Kejawan mring ko,
8. Mayor Bokus kengkenan ngaturi suguh, marang Raden Basah nuli, mapan langkung kathahipun, nging hingkang kinengken hiki, kelentu wicantenipun,
9. Pan mengkana hanenggih wicantenipun, hingkang hingutus puniki, raden pan kula dene hutus, mring mayor nenggih maringi, rangsum mring sampeyan mangko.
10. Raden Basar Gondakusuma puniku, sareng mirsa tembungneki mring mayor kengkenipun, pan langkung bramatyaneki, heh tutura marang Mayor.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Mapan hingsun hiki dudu batureku, dene nganggo den paringi, kelawan rinangsum hiku, mapan nora kurang mami, wus gawanen bali mangko.
12. Tuturhena mring mayor mengkono hingsun, mapan datan hapti mami, kang kengkenan nulya wangsul, mengkana pan lajeng warti, wahu dhateng mayoripun.
13. Saneskara mayor lajeng srengen hika, dhumatengkengkenanneki, bener Raden Basah hiku, hujarira hingkang sisip, yen sira kawekan iku.
14. Kaya paran hing mengko patembungamu, kang kinengken sahurneki, pan hinggih nyahosi suguh, mayor mengkana sebdeki, nadyan hiku ya mengkono,
15. Hingsun mapan lan Raden Basah tuhu, pesthi gedhe Basahneki, Basah Kurnel timbang hiku, lawan maning hingsun hiki, dadi wong desa samangko,
16. Wus ta sira baliya matura hiku, lamun hingsun hangaturi, suguh mring Den Basah hiku, nulya wangsul matur hiki, mapan mengkana turipun.
17. nging den Basah mapan meksih hajrih hiku, sabab dereng dipun weling, kelamun wonten sesuguh, hiku kinen hanampeni, Mas Pengulu hingkang nanggung.
18. Lawan Dolah Badarodin mapan hiku, yen dadya duka Nrepati, mengkana wus tan cinatur, kawarnaha Sri Bupati, mapan nimbali mring hiku.
19. Raden Basah Mretanagara dinangu, wahu dhumateng kang rayi, Basah Gondakusumeku, pepak hira kang prajurit, menawa wus hana lapur.
20. Basah Mertanagara mangkya turipun, pan sampun lapuran hadhi, prakawis prajuritipun, pan sampun pepak pun adhi, Tumenggung Panjiranggeku.
21. Mapan kendel Ngabehi prapta sedarum, nanging kang jajar prajurit, mapan kathah kirangipun, pan dugi prapta sepalih, Sang Nata ngandika halon,
22. Pira kehe pepakke prajurit hiku, hiya hadhenira hiki, Raden Basah haturipun, sewu sagung kang Dipati, pun hadhi pan gangsal atus.
23. Hingkang dipun cepeng pribadi puniku, kalawan lapur pun hadhi, yen mentas tampi puniku, segahipun mayor nanging, pun hadhi pan sanget nepsu.
24. Sampun katur hingkang niskara sedarum, mesem Kangjeng Sri Bupati, mengkana wus tan cinatur, Kurnel Kleres winarni, lan Raden Dipati mangko,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

25. sareng tampi nenggih mayor suratipun, kelangkung bungah tyasneki, mapan lajeng mangkat hiku, saking Kedhu maheseki, Den Dipati datan kantun.
26. Lawan Basah Ngabdul Latip prapta sampun, hing panjer nulya ngaturi, wahu dhateng Mas Pengulu, lawan Kaji Badarrodin , hing ngirid dhumateng mayor.
27. Tan winarna panjer mapan prapta sampun, mas pangulu sampun panggih, kalawan Kurnel puniku, Kurnel langkung bungahneki, mengkana nulya ngling halon.
28. Mas Pengulu Kaji Badarrodin hiku, punapa karsa Nrepati, manah kawula pan langkung, sareng praptaseratneki, mayor mapan halit gunung.
29. Dadya hical pan sayah kula sedarum, sawek prapta kula niki, pan saking Magelang hiku, hangirid Den Dipati, kepanggih lan Jendral mangko,
30. Lajeng mangkat maring kitan ngantos tuhu, haso Mas Pengulu hangling, Kurnel kawula hing ngutus dhateng Kangjeng Sri Bupati, maring ngaken tabe katong.
31. mapan sampun dhinawuhaken sedarum, barang kang dadya karsaji, wus muni hing ngajeng hiku, sagung hingkang niskareki, hanglir dhawuhnya mring mayor,
32. Kurnel mapan langkung bungah manahipun, pan aris dennya nahuri, mapan sandika sedarum, punapa karsa Nrepati,sampun hanyagahi hing ngong,
33. Nadyan silih wontena sadasa hewu, kawula hingkang nyagahi, hingon habdi dalem sagung, prajurit pangrembe sami, riwus sinamur paguyon.
34. Mas Pengulu kawula yun tanya tuhu, handika hing ngutus hiki, lah pundi pretandhanipun , kang serat Sri Narapati, Mas Pengulu hanebda lon,
35. Mapan boten pinaring serat puniku, Kurnel mengkana sebdaki, mas pengulu dika luput, leresa dipun dhadhelli, paran Den Dipati mangko,
36. Napa leres napa boten lir puniku, sabab hutusan nerpati, boten bekta serat hiku, Den Dipati hanahuri, mapan leres Kurnel yektos.
37. Mayor Bokus mengkana nulya sumambung, senadyan Raden Dipati, pan iku pan melu luput, seratipun Kurnel katri, lan Jendral mapan tan katur,
38. Dadya pirang pirang serat kendel hiku, wonten Rahaden Dipati, mangke neng pundi sedarum, Den Dipati hanahuri, pan kula kengkenan pados.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

39. Ngaturaken sagung kang serat puniku, Kangjeng Sri Nuhun tan panggih, sakniki hical sedarum, lawanhingkang bekta hiki, gih mayor hingkang beburu.
40. Tan buh mati hurip kula datan weruh, tan prapta ngantos sapriki, hingkang hanggawa puniku, Kurnel malih hanambungi, kados pundi Mas Pengulu,
41. Lamun Kangjeng Sultan tan tumunten tulung, pan konca kula sakniki, mapan banget dennya bingung, sabab kathah hingkang sami, nenggih handuweni kayun,
42. Mring negara Jawa niki Mas Pengulu, yen Kangjeng Sultan pribadi, pan hinggih mongsana purun, hing Sala Yogja puniki, sabab kang sentana sagung.
43. Lawan buron wona mapan tumut nimbrung, salaminnya Sri Bupati, mesanggrahan ngardi hiku, beteng kang celak wanadri, mapan hasring gegeripun.
44. Sima lawan sawer kang ngrusuhi hiku, saradhadhu kathah hiki, binekta mring macan tuhu, pan lawan senjataneki, binekta lawan kang kantun.
45. Yen linuru bathangira pan katemu, nging bedhilnya tan kepanggih, marma giris konca sagung, myang kang desa desa sami,hing mangke pan kathah suwung,
46. Hingkang celak beteng hangladosi hiku. mring beteng tinedha sami, sawer lawan sima hiku, lamun dalu praptaneki, lawan pitik hiwen sagung,
47. Lamun siyang macan tan wonten kadulu, marma sagung susah sami, kados pundi Mas Pengulu, punapa Sri Narapati, tan ngowel habdi sedarum.
48. Ming risake punika di dalem sagung, sedaya hing tanah jawi, nging kawula Mas Pengulu, pan dereng narima yekti, mring laku dika puniku.
49. Kudu nuhun pratondha dalem satuhu, dirapon den handel yekti, mring konca kula sedarum, lan kawula hangaturi, dhumateng Kangjeng Sang Katong,
50. Mas Pengulu pan nanging sawontenipun, saking lega kang tyas yekti, mapan warni warni hiku, lan harta punika kedhik, ngaturi penjajahipun,
51. Habdi dalem Punakawan mapan sagung, sampun mas pangulu yekti, kawula pan gadhah nuhun, pratondha dalem pribadi, hamrih den handel sayektos,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

52. Dhateng bongsa kawula mapan satuhu, Mas Pengulu hanulya met, mapan lawan Khaji hiku, Badarrodin tan winarni, margi sampang prapta sampun.
53. Panggih lawan Raden Basah mas pangulu, lawan Khaji Badarrodin , gya hingirid Mas Pangulu, sowan dhumateng Nrepati, mring Raden Basah puniku,
54. Khaji Badarrodin mapan datan kantun, katri wus prapta ngarsaji, mas pangulu nulya matur, sagung kang niskara sami, Kurnel Kleres haturipun.
55. Kang niskara wus mungel ngajeng sedarum, kendel dangu Sri Bupati, rumahos yen tiwas tuhu, sabab kang tyas teka gampil, hanuruti mas pangulu,
56. Mapan lawan Kyahi mlangi puniku, tiga Khaji Badarrodin , Sang Nata mapan kelangkung, kewran hing tyas hewed mangsuli, sabda kang sampun kawiyos
57. Dadya nembah Sang Nata nging sedya hiku, habela kalih prekawis, kang sabil kalih kang kantun, mapan sedya den belani, lan nrerah tekdir Hyang Manon.
58. Hemut jangji dhumateng dundumanipun, manungsaneng dunya hiki, wus pinasthi lokhil mahpul, lamun tankena sumingkir, lara wirang pati mangko,
59. Kangjeng Sultan wekasan ngandika hiku, heh paran pengulu hiki, lan Badarrodin sireku, prakara pa nuhun iki, layang Kurnel marang hingong,
60. Hapa patut lamun sun turuti hiku, kalih samya haturneki, pan langkung prayoginipun, dene cacat dhateng ngelmi, pan hamba kang nanggel katong.
61. Sabab hamba pan pun paman Khaji tuhu, tan wonten kang dados haji, sumelang mring Kurnel tuhu, sebarang paturon neki, pan nanging baras kimawon,
62. Marma kang tyas pan langkung pitajeng sampun, nulya Sang Nata nuruti, pan sampun pinaring hiku, hingkang pratondha Nrepati, Mas Pengulu kinon wangsul,
63. Panggih malih lawan Kurnel Kleres hiku, Badarrodin tan kari, lan bekta pratondha hiku, tan winarna margapanggih, Kurnel lawan Mas Pengulu.
64. Mapan nuju samya pepekan sedarum, mayor lan kelan sami, Kurnel langkung sukanipun, sareng Mas Pengulu prapti, sarta bekta surat katong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

65. Pan sedaya samya ngadeg hurmat hiku, sadangu nyahos tulis, sagung hingkang ngagung hagung, mengkana parentah haji, heh Kurnel, Kleres sireku.
66. Lawan Mayor riwus tabeningsun, karo marang hing sireki, sira hangaturi hiku, bedhama lan Jendral hiki, hiya sun turuti mangko,
67. Nanging Kurnel hingsun mapan hamemundhut, gawekna pesanggrahaning, hing Rema Kamal ta hingsun, lawan hing Kejawan hiki, telu hing Kalireceku.
68. Besuk lamun rawuh Kalireca hingsun, habdiningsun Basah hiki, hing Mentaram loro hiku, lawan saprajuritneki, kabeh methuka maring ngong.
69. Lawan Jendral Dhekok kono hapan iku, hiya mapaga mring mami, patemon Kalireceku, wus tita Karsa Nrepati, Kurnel langkung sukanipun.
70. Lawan mayor myang sagung kelana hiku, nulya samya tata linggih, Kurnel hatetaken hiku, Mas Pengulu kados pundi, pan kawula datan ngretos.
71. Dene hingkang pratondha Kangjeng sinuhun wonten satengah hingtulis, pan tan wonten hadatipun, kula dereng ning ngayekti, kados pundi hartosipun.
72. Mas pangulu mengkana wangsulanipun, tan huninga karsa haji, Kurnel nulya karya hiku, kang srerat katurNrepati, sebarang karsa Sang Katong.
73. Kurnel Kleres mapan hanyagahi sampun, mas pangulu sampun pamit, lawan Badarrodin hiku, tan winarna marga prapti, Sampang wus katur Sang Katong.
74. Saneskara hangandika kang sinuhun, yawis ta wruha nireki, Kurnel Kleres mapan hingsun, besuk senen tedhak mami, marang Roma Kamal mangko.
75. Kurnel mapan sun timbali kono hiku, hing roma methuka hiki, haja kadhinginan hingsun, lawan den samekta hiki, tundhan haja Kurang mangko,
76. Mas Pangulu sandika hingaturipun, gya lengser putusan hiki, marang Kurnel hapa ring wruh, sebarang karsa Nrepati, Kurnel Langkung bungahipun.
77. Pan rumahos lamun kaprecaya hiku, dhateng Kangjeng Sri Bupati, sabarang parentahipun, Mas Pengulu den saguhi, maring Kurnel Kleres mangko.
78. Mapan lajeng parentah Kurnel puniku, mring mayor hakarya hiki, pesanggrahan roma hiku, lan Kejawan mapan sami, kinerig sarupaning wong

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

79. Langkung hasri kinen tha kedhaton sagung, Roma Kejawan sami, mawi gepura puniku, pasowan pinancak suji, neng jawining gapureku.
80. Sapambedhil hawetara tebihipun, pasanggrahan lawan hiki, pasohan katarub hagung, panyce palenggahan haji, hingurug wedhi sedarum.
81. Kang pasohan halit samya ngapit hiku, yen tinon palangkung hasri, lawan dadak karya lurung, mapan ngantos dugi margi, hing Sampang rinadin sampun.
82. Lawan samya hingurug wedhi puniku, toya padasan lan malih, jembangan marapit hiku, gapura lan panycak suji. punika mawi sedarum.
83. Sekar mayang pan mayor pribadi hiku, sedaya hingkang jenengi, karya pesanggrahan hiku, roma lan Kejawan sami, mengkana wus samya dados.
84. Kurnel lajeng tur huning mring mas pangulu, lawan nerang wan cineki, hanenggih pamethukipun, dhumateng Sri Narapati, lan tamtune dintenipun,
85. Mas pangulu lajeng hamangsuli hiku, tamtu hisnen tedhak haji, dhumateng Rema puniku, lawan Kurnel kinen prapti, jam kalih welas puniku.
86. Sri Nalendra pan dinugi rawuhipun, dinugi yen jam satunggil, mengkana wus tan winuwus, kawarnaha hisnen prapti, Mas Pengulu karsa katong.
87. Mapan lawan Kaji Badarrodin hiku, pan samya kinon rumiyin, mring Rema Kamal puniku, mengkana Sri Narapati, saking Sampang nulya bodhol.
88. Datan tebih Rahaden Basah puniku, Mertanagara lan haji, pan tansah haja geng kewuh, lawan Ki Muhamad Pekih, tenapi prajurit sagung.
89. Kawetara nanging kalih belah hiku, kang dherek Sri Narapati, tedhak hira saking gunung, marma Den Basah tyasneki, pan meksih sedayeng kewoh.
90. Mapan dereng Den Basah pitajeng tuhu, mring laknat barang turneki, mapan nanging Mas Pengulu, lawan Khaji Badarrodin , kang sampun pitajeng yektos.
91. Raden Basah Mertanegara puniku, karsanya Sri Narapati, mapan kinon ngampil hiku, hinggih Kangjeng Kiyahi, Bondayuda karsa katong,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

92. Sabab lamun selaya barang turipun, Mas Pengulu lawan Khaji, pan lajeng rerempon hiku, marma den Basah pinaring, pusaka cinnothengayun
93. Kangjeng Kyahi Bondayuda mapan hiku, lawan hingkang samya ngampil, kang pusaka tiga hiku, nenggih Kyahi Hamad Pekih, mapan lawan Mas Tumenggung.
94. Sanegara lan Den Dipayana hiku, tan winarna haneng margi, hing Roma Kamal wus rawuh, nanging Kurnel dereng prapti, mapan teksih henjing mangko,
95. Sawek pukul sedasa wetaranipun, rawuhira Sri Bupati, Kurnel mapan sedyanipun. pan karsa ngelon heloni, ja kongsi kasesa mangko.
96. Mapan pukul sedasa Kurnel puniku, hangkatira saking Kemit, kalawan husar sedarum, sareng wonten margi myarsi, kunel lamun jeng Sang Katong,
97. Sampun rawuh pesanggrahan Rema hiku, Kurnel mapan langkung hajrih, lajeng sasanderan hiku, lawan sagung husar sami, tan winarna prapta sampun.
98. Pan hing Rema lawan husarira sagung, kang pelangkir maksih kari, dadya kasesa sedarum, Kurnel mapan teksih tebih, wahu denya medhun iku.
99. Saking kuda neng jawining gapureku, lawan datan mawi topi, pan nuju panas kelangkung, kang ngiring Den Dipati, lawan Ngabdul Latip hiku.
100. Lan hajidan satunggal mapan kang tumut, Hajidan Tennis nameki, wus cundhuk lan kang sinuhun, Kurnel hesmu langkung ajrih, tumungkul denira lunggoh,
101. Sri Nalendra mengkana ngandika hiku, heh Kurnel dene hakari, sira hiku lawan hingsun, Kurnel matur hesmu hajrih, mapan kawula sayektos.
102. Nging parentahipun didalem puniku, Mas Pangulu lawan Khaji, Badarrodin pan satuhu, hingkang kawula lampahi, pan hingrema pukulipun.
103. Kalih welas kawula kinen puniku, dhateng methuk padukaji, mapan sampun ngantos hiku, krumihinan mring Nrepati, mapan pan duka Sang Katong.
104. Jam satunggil dhawuhipun Mas Pangulu, rawuh dalem wonten ngriki, marma kawula sinuhun, pan sedya ngelon-heloni, sampun ngantos kantun mangko,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

105. Lan paduka sareng prapta margi tuhu, kawula miharsa warti, yen paduka sampun rawuh, marma kasesa puniki, mapan kathah hingkang kantun.
106. Dados kirang hurmat kawula satuhu, dhumateng Sri Narapati, nging nuhun punten den agung, sabab sing kasesaneki, mesem ngandika Sang Katong,
107. Heh ya Kurnel wus tan dadi hapa hiku, Kurnel nulya matur haris, yen pareng hingkang Sinuhun, kawula badhe ngaturi hurmat Sang Nata nebda lon,
108. Yawus nora pan hingsun tarima hiku, sabab sira during hiki, bisa nyembadani hiku, hiya lawan karsa mami, Kurnel mangkya matur halon,
109. Mapan sampun kalajeng beteng sedarum, hinggih kawula prentahi, pasang mriyem sedarum, mapan pingnyelawe hiki, lan drel sanjata lit sagung.
110. Nora Kurnel wis wurungna kabeh hiku, lamun sira bias hiki, hiya ngurmati marang sun, ping pitung puluh ya becik, lawan punjul lima hiku,
111. Pan mengkene hiku Kurnel hartineku, pan ingsun kaliphah nabi, neng tanah jawa kabeh sun, Kangjeng Nabi hiku yekti, sekhabate pitung puluh,
112. Punjul papat lima Kanjeng Nabi hiku, marma padha sun hurmati, dadi mung nyawiji hiku, dene ya hingsun pribadi, mapan wus tan kurang tuhu.
113. Kurnel holehira hangurmati hingsun, sajroning haprang hiki, Kurnel pitung tahun, satus hewu kaya luwih, kurmatira maring hing ngong.
114. Lawan Kurnel marmane pratandhaning sun, hiku sun prenahiki, neng tengah tulisan hiku, sabhiya Kangjeng nabi, negaranne Mekah mangko.
115. Mekah iku satengahing jagad tuhu, marma yen sira tan hapti, hiya hangurmati hiku, mring Kangjeng Nabi ta hiki, Muhamad Sam sun tan hayun,
116. Sabab hingsun mapan hiki darma tuhu, kang duwe hagama nabi, dadya Kurnel kendel dangu, wekasan humatur haris, yen paduka datan hayun.
117. Hinggih hurmat mariyem, yen pareng iku, mapan kawula ngaturi, hurmat selompret lan tambur, Sang Nata mesem nebda ris, Kurnel prayoga hiku.
118. Nulya Kurnel parentah mring Tennes hiku, gya lumajeng handhawuhi, mring husar pelangkir sagung, gya mubeng pasohan sami, nulya Kurnel matur halon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

119. Kados pundi hing karsa hingkang sinuhun, punapa nyare hing ngriki, Kangjeng Sultan nulya dangu, mring Basah Mertanagari, heh Basah Kejawan hiku.
120. Tekakenne hapa meksih hadoh hiku, Raden Basah matur haris, mapan lawan Mas Pengulu, yen panduka tedhak saking, ngriki mapan bakda luhur.
121. Kados boten nenggih hakir hasaripun, dadya nata ngandika ris, heh Kurnel pan hingsun banjur, mengko bakda luhur hiki, lan sira hapa wus cahos
122. Tundhan Kurnel mapan sampun haturipun, nanging kawan dasa hiji, lan kawula bekta tuhu, titihan pantiga bilih, paduka karsa sang katong.
123. Pan katura kawula kalih puniku, kang saking mayor satunggil, mapan lajeng kinen mundhut, tiga wus prapta ngarsaji, langkung suka tyas Sang Katong.
124. Tiga pisan kang kuda samya gengipun, bagus hinggilira sami, nging satunggil hingkang dhawuk, mapan habrit hingkang kalih, Sang Nata ngandika halon.
125. Heh ya Kurnel pan hingsun tarima hiku, pan kudaningsun pribadi, wus banget sayahe hiku, nulyaKurnel matur malih pan punika hingkang dhawuk.
126. Nenggih mayor hingkang ngaturi puniku, kawula kang habrit kalih, mapan katura sedarum, lawan sapa ngangge neki, ya Kurnel tarima hing ngong.
127. Kurnel malih humatur dhateng sang prabu, kawula bilih marengi, mapan rumiyin pukulun, sabab badhe hurmat baris, wonten hing kemit Sang Katong.
128. Sri Nalendra ngandika prayoga hiku, nging Tennis tinggalen hiki, dimon kari ngarsaning sun, pan jaga hutusan mami, Kurnel haja kongsi rikuh.
129. Kurnel mapan sangsaya bungah tyasipun, hangrahos den pitajengi, lan tan walang hati sampun, Kurnel pamit sing ngarsaji, haji dan tinilar mangko,
130. Mapan lawan husar sekawan puniku, Kurnel gya mangkat rumiyin, lan husar pelangkir sagung, tan kantun Raden Dipati, lan Basah Dul Latip hiku.
131. Henengenna Kurnel mapan prapta sampun, hing kemit hingkang winarni, Sang Nata neng ngema hiku, sareng bakda luhur nuli, Sang Nata sing ngrema bodhol.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

132. Pan Hajidan Tennis gya hutusan hiku, husar kang kinon rumiyin, hamaringi priksa hiku, mring Kurneldhumateng kemit, lamun wus tedhak Sang Katong.
133. Saking Remakamal sawadya kusweku, mengkana Kurnel winarni, mapan langkung hurmatipun, mapan hing samargi margi, tan kirang jalma lumaku.
134. Sareng ngajengaken prapta kemit hiku, satengahe jam wetawis, mapan hingkang marga sagung, tinurut hing panycak suji, langkung hasri lamun tinon.
135. Lawan mawi tinurut sekaran hiku, myang gepura ngapithapit, sekar mayang sri di[hal.283]nulu, sareng wus celak nerpati, mapan saking Kemit hiku,
136. Pan hajidan Tennis gya nander rumuhun, hingkang munggeng hing ngarsaji, pan Raden Basah puniku, lan sagung kapal lan sami, mengkana Kurnel gya methuk.
137. Haneng Lurung kelawan Mayor puniku, myang sagung hingkang prahupsir, kang nindhihi baris sagung, husar kelawan pelangkir, pan nanging Litnan kemawon.
138. Langkung rame salompret kalawan tambur, nging kuciwa mringyemneki, hingkang datan mungeliku, mapan lawan sanjatalit, mengkana Kangjeng Sang Katong.
139. Meksih manggung haneng saluhur kudeku, dene hingkang den titihi, sahosane Kurnel hiku, Kurnel Mayor mapan nuli, hatur tabe mring Sang Katong,
140. Lawan sagung hingkang pra hupasir sedarum, riwus Kurnel matur haris, Sang Nata ngaturan hiku, kendel sakedhap pu[hal.284]niki, sabab sahosan wus cahos,
141. Nalendra haris hangandika hiku, wus Kurnel tarima mami, Sang Nata hanulya laju, mring Kejawan karsa haji, Kurnel langkung cuwanipun.
142. Sabab sampun sahosan rakit sedarum, mengkana wus tan winarni, margi hing Kejawan rawuh, hingkang dherek nanging Tennis, lan husar sekawan hiku,
143. Raden Basah Gondakusuma pan methuk, haneng Kejawan jajari, neng lurung prajurit sagung, sedaya mapan wus rakit, tan wonten kuciwanipun.
144. Mapan lawan duk haneng hing kemit hiku, hingkang niskara pan sami, mengkana wus tan cinatur, Raden Basah den timbali, dinangu prajuritipun.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

145. Dereng pepak sadaya prajuritipun, teksih kathah kirangneki, mapan sawek sangangatus, mengkana wus tan winarni, dalu henjing winirahos.
146. Kurnel sohan kalawan mayor puniku, tenapi Kapitanneki, kelana binekta hiku, sedaya tan hana kari, samya tur tabe mring katong.
147. Rriwus tata lenggah Kurnel nulya matur, kados pundi karsaji, punapa hinggih hatamtu, pamundhut dalem dewaji, karya pesanggrahan katong.
148. Lepen Reca Kangjeng Sultan ngandika rum, hiya Kurnel matur haris, lamun marengi sang prabu, bok sampun miyos dewaji, mapan hinggih tanah Ledhok.
149. Mapan sanget sinuhun hing susahipun, sabab margi langkung Halit, kalawan wona sedarum, jurang harga lawan malih, sampun datan wonten dhusun.
150. Hinggih wonten satunggal kalih kang dhusun, mapan sampun suwung sami, datan wonten tiyangipun, tan wonten kula ken kardi, hinggih pasanggrahan katong,
151. Saking ngriki hing Lepen Reca sinuhun, pitung dinten tan dumugi, dados langkung susahipun, sagung habdi dalem sami, lawan kang margi wanagung.
152. Lamun kirang tedha sinten hingkang tulung, kalawan malih marengi, sinuhun kang jawah hagung, dene yen treranga hugi, dadosa nebahi mawon.
153. Mapan datan patos kasusahanipun, sabab lampah ageng yekti, kados pundi kang sinuhun, hewa sapunika hinggih, yen sampun karsa sang katong.
154. Pan sandika nanging kula kedah matur, menggahna susahanneki, Sri Nalendra nulya dangu, dhumateng Raden Dipati, mring hature Kurnel hiku.
155. Haturira den dipati lawan sagung, hingkang praniyaka sami, hinggih leres haturipun, Kurnel sampun tamtu hugi, lamun kathah susahipun
156. Sri Nalendra mapan dhahar haturipun, hingkang praniyaka sami, nulya hangandika hiku, wus Kurnel pikiren hiki, hendi kang prayoga mangko.
157. Ri wus sira Kurnel mapan pamit mundur, lan Mayor sakoncaneki, sonten sowan malih hiku, mapan kalawan hangirid, hingkang dereng sowan hiku,
158. Hawit Kemendhan sapanginggil pan sadarum, kang Sinuhun kinon prapti, dadya Kurnel sowanipun, hajeg sadinten ping kalih, datan kantun lawan mayor.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

159. Walangati pan sampun tan wonten hiku, Hajidan Tennis karsaji, pinundhut mring Kurnel hiku, hajaga ngarsaNrepati, sebarang karsa Sang Katong.
160. Lawan Basah barang kakiranganipun Hajidan hingkang nindhihi, sebarang parentah iku, mengkana wus tan winarni, henjing Kurnel sohan mangko,
161. Lawan mayor mengkana hing ngaturipun, wahu dalu Sri Bupati, kawula nampeni hiku, lapuranipun hanenggih, Kumendhan malihan Sang Katong,
162. kedhatengan nenggih pan kanggenipun, Basah Prawiradirjeki, pan kaji kalih puniku lan satunggal kang ngulami, Kaji Ngisa westanipun.
163. Khaji Raji ngulami Barmawi hiku, bekta Jendral seratneki, Sang Nata ngandika hiku, heh Kurnel tutur hireki, Jendral Dhekok lunga mangko.
164. Mring betawi Kurnel mengkana turipun, mapan tamtu kesah neki, kawula ngentosi tuhu, huninga duk hangkatneki, mapan kang serat puniku,
165. Dugi kula sampun meling wahonnipun, hinggih dhateng Kurnel kokis, sabab serat kang rumuhun, paduka dereng mangsuli, Sang Nata malih tanya lon.
166. Layang ngapa Kurnel panduganireku, Kurnel mengkana turneki, pan mongsa sanesa tuhu, nenggih lawan kang rumiyin, samya bedhami puniku,
167. Paduka ji winestan maksih neng gunung, pan dereng huninga yekti, yen sampun tedhak pukulun, mesem Nata ngandika ris, heh Kurnel pan karsaning ngong,
168. Lamun teka pan layange Jendral hiku, haja katurake mring mami, sabab pan wus kasep hiku, wus tampanana pribadi, lawan sun tan sudi hanon.
169. Hiya marang kang padha kinongkon iku, Kurnel sandika tureki, mengkana wus luwar hiku, sonten Kurnel sowan malih, tan kantun lan mayoripun.
170. Kurnel matur dhumateng hingkang sinuhun, mengkana pan haturneki, kawula yun nrerang tuhu, paduka punapa meksih, remen pesanggrahan katong.
171. Wonten ngriki hingkejawan kang sinuhun, mengkana ngandika haris, heh Kurnel hapa rembugmu, kelamun prayoga hiki, hiya lawan karsaning ngong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

172. Sun turutti mengkana Kurnel turipun, hingkang kepanggih dewaji, rahosing manah pukulun, padukamapan prayogi, ngrumiyinnana mring Kedhu.
173. Mupung Jendral pan dereng dhateng puniku, pan dugi kula dewaji, datan ngantos siyam tuhu, Jendral pesthi nunten prapti, sabab kawula pan sampun,
174. Hanusuli serat, yen paduka hestu, pan harsa panggih pribadi. mila dugi nunten wangsul, punika yen sahupami, karsa dalem boten dados.
175. Paduka ji kawula haturi wangsul, hinggih mring Pagelen malih, senadyan dados satuhu, pan tangled sami Welandi, kawula pan nemah katong.
176. Nging panuhun kawula mapan satuhu, panjenengan dalem hugi, mapan sampun ngantos hiku, kagepok mring lepatneki, lan damel prekawis mangko.
177. Hamiwitti kalamun cidra sinuhun, pan mongsa wandeya panggih, mring hawak pribadenipun, mengkana Sri Narapati, sareng mirsa haturipun,
178. Kurnel Kleres lawan Mayor Bokus hiku, hingkang tyas nata pan gampil, kadya wus karsa Hyang Agung, nanging sumendhe mring tekdir hesmu wirang jeng Sang Katong.
179. Lmun ngantos sumingkir duduman hiku, hiya wong haneng dunyeki, mengkana hingkang sinuhun, mapan nulya ngandika ris, heh Kurnel haturireku.
180. Sun turuti nanging metu ngendi hingsun, bab ing Kalireca hiki, mapan sireku wus matur, lamun banget susahneki, dalan maring Kedhu mangko.
181. Lamun seka kene wus tan kena hingsun, kejaba hing ledhok hiki, lawan bali mring Mentarum, kalawan hing Kedhu ngendi, karepira kang jinujog.
182. Kurnel Kleres mengkana pan haturipun, hing Menoreh yen marengi, lawan kang karsa sinuhun, sabab boten susah mawi, sedaya sampun mirantos.
183. Sri Nalendra mengkana timbalannipun, heh Kurnel ya wus miranti, mapan sebarange hiku, nanging hingsun nora keni, sabab hiku nganggo metu.
184. Balabudhur mapan lawan Kalihabu, kalawan hanyabrang kali, hiya Bogawonta hiku, sun kawetonhake ngendi, pan telu tan kena hing ngong.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

185. Kurnel Kleres mengkana pan haturipun, sinuhun bilih marengi, pan miyos Cacaban hiku, hing ngriki kawula turi, mapan miyos Hurutsewu.
186. Mapan nyabrang Sinuhun hing Kadilangu, Kangjeng Sultan ngandika ris, Kurnel dadi mubeng hiku, susah kang prajurit hiki, sarupane dharat hiku,
187. Kurnel matur di dalem kang dharat sagung, mapan kajengipun sami, medal hing ngriki sedarum, hing Kedhung mahesa haji, pan inggih leres kemawon.
188. Kajengipun sareng lan plangkir sadarum, dene paduka Nrepati, kawula pribadahiku, hingkang dherekken dewaji, kalawan husar puniku.
189. Sri Nalendra ngandika heh Kurnel hingsun, sesuk mankat karsa mami, hapa kadugang sireku, hingsun mundhut mring sireki, hiya jaran pitung puluh,
190. Den sumekta tekakna mengko bengiku, pukul wolu hangkat mami, sira praptaha den hesuk, sandika Kurnel tur neki, nulya nantun mring Mayor.
191. Heh ta Mayor hapa kaduga sireku, hing pamundhut dalem hiki, hiya jaran pitung puluh, mayor sandikaturneki, ngandika malih Sang Katong.
192. Heh ta Kurnel sun parentah mring sireku, mapan sa Pagelen hiki, wus sun gawe kreta hiku, tanah Jawa sarupaning, pan wus leren pre[hal.294]rang mangko.
193. Heh ta Basah Mertanagara lan hiku, Basah Gondakusumeki, prajurit dhangan sagung, mapan wus tan sun lilani, hiya lamun prerang hiku.
194. Basah kalih samya sandika turipun, ngandika malih Nrepati, heh Kurnel parentah hingsun, hiku poma mring sireki, dhawuhna mring sireku.
195. Hingkang padha tunggul beteng kabeh hiku, hiya sarupanne hiki, nak rabi prajurit sagung, hingkang padha dherek mami, padha den reksaha hiku.
196. Den kareksa haja kongsi kurang iku, kang pinangan kabeh hiki, derapon ja rongeh hiku, holehe dhedherek mami, lan maning parentahing ngong.
197. Lamun hana prajurit hagawe rusuh hiya hing sawuri mami, den henggal cekelen hiku, nuli pasrahena paring, Basah Mertanegareku.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

198. Hapamaning lamun kancanira rusuh, Basah gya tuturra maring, hing Kurnel kalih puniku, samya sandika katurneki, Kurnel parentah mring Mayor.
199. Heh ta sira weruh dhewe hiku, timbalane Sri Bupati, buri sira kang katempuh, sebarang karsa Nrepati, sabab bakal dherek hing ngong,
200. Mayor Bokus sandika pan haturipun, Sang Nata ngandika malih, Kurnel praptaha den hasuk, Kurnel sandika turneki, hanulya luwar Sang Katong.
201. Wektu hiku Kurnel Kleres puniku, pan hanglir hingkang pepatih, mring Kangjeng Sultan satuhu, sebarang karsaNrepati, Kurnel kang nadhahi mangko.
202. Hingkang jawi lebet Raden Basah hiku, mengkana Raden Dipati, lan Basah Dullatip hiku, mapan kadya magang kalih, hangiring mring Kurnel hiku.
203. Hingaturken Sang Nata tan karsa hiku, myang sagung hingkang Bupati, sedaya kang tumut mangsul, mengkana wus tan winarni, hing dalu pan winirahos,
204. Kapal pitung dasa mapan prapta sampun, malah mayor hanyahosi, dados jangkepipun satus, Hajidan Tennis hanuli, lapur mring den Basah mangko.
205. Lawan Kurnel nyahosi pasangon hiku, mring sagung hingkang prajurit, Hajidan Tennis puniku, mapan jaga siyang latri, neng ngarsane Basah hiku.
206. Mapan lajeng dinum kapal lan harteku, pitung hatus kathahneki, sareng henjing Kurnel hiku, sowan lan Raden Dipati, Ngabdul Latip datan kantun.
207. Kurnel matur yen paduka sampun rawuh, sinuhun Menoreh benyjing, lamun Jendral dhateng sampun, kajengipun methuk benyjing, dhumateng Menoreh katong,
208. Lan paduka yen panggih lan Jendral sampun, sampun ngandika pribadi, sebarang karsa pukulun, kawula hingkang nyagahi, sagung kang wicanten mangko.
209. Lawan Jendral Kangjeng Sultan ngandika rum, ya Kurnel tarima mami, kalawan sira hapa wus, karyapesanggrahan hiki, palerenan nginep hiku.
210. Kurnel matur mapan sampun wahu dalu, hutusan kawula haji, karya pesanggrahan sagung, hingkangkamregen Nrepati, Kurnel nulya muwus halon.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

211. Mring den Basah sinten hingkang ngirid hiku, mring prajurit dharat sami, Raden Basah hanebda rum, Tumenggung Suradirjeki, lan rongga bapang puniku.
212. Nenggih Gomawijaya Kurnel ris muwus, sahe sampeyan timbali kajengipun tepang hiku, sebarang kalih pun tenis, pan punika kanthinipun.

PUPUH XLI
K I N A N T H I

1. Raden kang ngirid sedarum, nenggih dhumateng pelangkir, sebarang kirangannira, neng marga mundhuta hiki, dhumateng Tennis punika, kalih tinimbalan prapti,
2. Mapan tinepangken sampun, kalih lan Hajidan Tennis, riwus kinon mundur samya, Sang Nata handangu hiki, mring mayor Kurnel haturnya, sampun baris wonten margi.
3. Kalawan sakanycanipun, hingkang badhe kantun sami, hatur hurmat mring Nalendra, Sang Nata ngandika malih, heh Kurnel sira dhingina, sandika gya budhal haji,
4. Saking Kejawan puniku, langkung rame swaraneki, sagung hingkang tatabuhan, mapan pukul wolu henjing, hinggih hisnen dintenira, karsanira Sri Bupati
5. Pan tinnata lampahipun, hingkang kinon wonten ngarsi, sagunge welandi husar, kalih belah winetawis, hingkang dadya pangiridnya, Kapitan Huta puniki,
6. Lan Kapitan Jida puniku, Kapitan Pilman lan Jeli, wingking Kurnel Kleres hika, wahu hingkang hanindhihi, hingiring Raden Dipatya, lawan Basah Ngabdul Latip
7. Lawan hingkang Bupati sagung, hingkang samya teluk hi[hal.299]ki, wingking nulya sinambungan, Basah Gondakusumeki, pan lawan prajuritira, kang samya kapalan hiki,
8. Kawan dasa kathahipun, Tumenggung Rongga lan Panji, wingking kang nambungi hika, den Basah Mertanagari, lawan saprajuritira, nulya Kangjeng Sri Bupati.
9. Dhinerek ngulama hiku, lawan kaji datan tebih, ngampil lawan Punakawan, datan wonten dharat sami, mapan kapalan sadaya, yen tinon langkung ngajrihi.
10. Methuk baris hiku, neng Lurung Soka puniki, myang sagung hupsir samya, hingkang badhe kantun sami, salompret tambur wurohan, kendel sakedhap Nrepati,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

11. Nging meksih neng kuda hiku, mayor hatur tabe nuli, kalawan Hupesir ira, riwus lajeng Sri Bupati, kendel haneng Petanahan. mapan Kurnel kang ngaturi,
12. Kelangkung sunggatanipun, Kurnel mring Sri Narapati, tan kirang samarga marga, myang sagung kang dherek sami, hatenapi kang rerenggan, sedaya mapan sinami,
13. Riwus gya budhal sang prabu, tan hewah hing lampahneki, sedalu nyare hing ngambal, henyjang nulya budhal malih, kendel dhahar haneng wawar, riwus budhal Sri Bupati.
14. Rawuh Jagaresan hiku, mengkana nulya ningali, nata marang Khaji Ngisa, mapan lawan Khaji Raji, Barmawi katiganira, bekta Jendral seratneki,
15. Sri Nalendra lajeng bendu, tiga samya lajeng hiki, panggih lan Kurnel punika, Sri Nalendra nyare hiki, haneng Semanggen punika, henyjang nulya mangkat malih.
16. Mapan miyos kadilangu, punika samargi margi, welandi pan samya hurmat, wit kumendam sapenginggil, lawan sagung beteng ngira, kang kamargen Sri Bupati,
17. Samya hurmat baris hagung, tan hewah samargi margi,wonten Kumendam satunggal, humatur dhateng Nre[hal.301]pati, sinuhun hinggih paduka, kelamun dipun haturi.
18. Dhumateng Magelang tuhu, sampun karsa padukaji, mapan tan sahe dadosnya, ya ta mesem Sri Bupati, ya Kumendam sun tarima, sira weh peling mring mami,
19. Sedalu nyare sang prabu, haneng hing tanggel puniki, henjing nata nulya budhal, tan hewah lampahireki, rawuh sawong kendel nulya, salat luhur Sri Bupati.
20. Sareng sampun bakda luhur, mas pengulu nulya prapti, sowan dhumateng Sang Nata, kinengken mring Kurnel hiki, nenggih ngaturi huninga, mengkana hatur hireki,
21. Kurnel mapan meling hatur, mangke paduka dewaji, yen beteng sampun katingal, hing Menoreh den haturi, nenggih kendela kewala, ningalana saking ngardi,
22. Mila sapunikannipun, Kurnel nuhun ngrumiyini, lan sagung prajurit samya, paduka dipun haturi, dewaji sampun tumedhak, sampun dereng den haturi.
23. Haris ngandika sang prabu, hana hapa hiku dening, Mas Pengulu haturira, nuhun hapunten dewaji, wahu satingal kawula, Kurnel sanget nepsuneki.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

24. Mengkaten wicantenipun, Mas Pengulu dipun haglis, handika matur Nalendra, nging pangestu dalem yekti, kelamun lepat punika, pan tangled samya Welandi.
25. Mapan hinggih bejan sampun, welandi Kedhu puniki,lawan hing Pagelen hika, badhe keprukan pribadi, panbekta rempukawula, mapan beja Kurnel kokis.
26. Hingkang pecahendhasipun, marmanya Sri Narapati, paningalan kewala, hinggih saking nginggil hardi, mapan sampun tedhak-tedhak, yen dereng kula haturi.
27. Mesem ngandika sang prabu, ya wus ta hingsun lilani, wangsul Mas Pengulu nulya, Kurnel sampun den dhawuhi, nulya hanembang tengara, nyelompret lannambur hiki,
28. Tinata prajurit sagung, pelangkir kang munggeng ngarsi, hajidan tenis tindhihnya, nulya husar kang nambungi, Kapitan Huta tindhihnya, jahid Pilman lawan Jili,
29. Nulya wadya dharat sagung hanenggih hingkang hangirid, mas Tumenggung Suradirja, lan MasRonggabapang hiki, Gamawijaya punika, Kurnel Kleres hanambungi.
30. Lan Raden Dipati hiku, myang sagung Tumenggung sami, hingkang hateluk sadaya, hangiring mring Kurnel hiki, wingking sinambungan Basah, Gondakusuma hanuli.
31. Basah Mertanegareku, nulya Kangjeng Sri Bupati, kang wingking kaji ngulama, mengkana katingal hiki, beteng Menoreh puniki, Kangjeng Sultan kendel nuli,
32. Wonten saluhuring gunung, prajurit kang kendel sami, wit Basah Gondakusuma, mapan sapawingking neki, hingkang ngadhep Sri Nalendra, ningali neng ngiring hardi.
33. Mring Kurnel Kleres hiku, mengkana Kurnel winarni, kendelan neng Ngapus hika, kalawan Raden Dipati, lawan pra Tumenggung samya, nanging Basah NgabdulLatip.
34. Hingkang tumut lajeng hiku, hangirid sagung prajurit, wus dangu wangsul hanulya, nenggih Basah Ngabdul Latip, mapan lestari kewala, lampahnya sagung prajurit.
35. Kurnel gya ngaturi hiku, dhumateng Sri Narapati, Sang Nata hanulya tedhak, saking ngardi sawadyeki, Kurnel mapan methuk nulya, wus cundhuk lan Sri Bupati.
36. Kurnel haris haturipun, dhumateng Sri Nrapati, hangsal pangestu Nalendra, sampun tan wonten punapi, hingMenoreh sapunika, konca sampun pepak sami,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

37. Kang hageng-hageng sedarum, kang tan wontena nging kalih, pan Kurnel Kokis punika, kalawan Mayor Magilis, mapan Kurnel Nahus Nata, tumut dhumateng Betawi,
38. Kalawan residhen Kedhu, nanging wakil Suketaris, pun Kokis tengga Magelang, suwawi lajeng dewaji, SriNalendra nulya budhal, lawan sawadya kusweki.
39. Kurnel pamit mring Sang Prabu, mapan nuhun ngrumihini, kalawan Raden Dipatya, wus kalilan nander nuli, praptanira tan winarni, mengkana Sri Narapati,
40. Hing Menoreh sampun rawuh, mapan langkung rameneki, nging kuciwa mriyemira, wahu hingkang datan muni, mapan langkung pangranggannya, Kurnel mring Sri Narapati,
41. Sareng katingal sang prabu, Kurnel lajeng methuk hiki, pan lawan sakanycanira, hingkang hageng-hageng sammi, Kurnel Lebron dheprok hika, Mayor Bower kepriyeki,
42. Suketaris Maglang hiku, myang sagung Kapitan sami, gennya rawuh Sri Naranata, pesanggrahan mapan meksih, manggung haneng luhur kuda, Kurnel kang samya ngampingi,
43. Kelawan Mayor puniku, Suketaris datan keri, nulya tedhak Sri Nalendra, Kurnel Kleres nampeni, denya tedhak saking kuda, wus lenggah Sri Narapati,
44. Sagung hingkang hagung-hagung, mapan meksih ngadeg sami, Kurnel gya matur Nalendra, kalamun pareng dewaji, lan sagung konca sadaya, nuhun hatur tabe sami.
45. Sang Nata marengi hiku, nulya sagung majeng sami, hatur tabe gentya-gentya, pan Kapitan sapenginggil, riwus Kurnel matur nulya, punapa kalilan linggih
46. Ngandika hingkang sinuhun, ya Kurnel singsun lilani, nulya samya lenggah tata, hingkang celak lan Nrepati, nanging kleres pribadya, mapan lawan Suketaris,
47. Pan wakil residhen Kedhu, mengkana wus tan winarni, hingkang niskara sadaya, Sri Nalendra mapan nuli,kondur marang pesanggrahan, sagung mapan dherek sami,
48. Riwus rawuh samya wangsul, mring Kleres pondhok neki, sonten Suketaris sowan, nuhun pamit mring Nrepati, mapan mantuk mring Magelang, sabab badhe nata hiki.
49. Nenggih badhe hingonipun, sagung di dalem prajurit, Sang Nata sampun kalilan, nulya mundur Suketaris, saking ngarsanya Nalendra, hing dalu wus tan winarni,

50. Kawarnaha henyjangipun, Kurnel Kleres sapuniki, sowan lawan ngirid hika, hingkang hageng-hageng sami, mapannuhun pamit hika, dhumateng Sri Narapati,
51. Sedaya pan badhe mantuk, mring prenahira pribadi, kalilan Sri Naranata, mengkana wus tan winarni, Kurnel Kleres punika, pan ajeg pasowaneki.
52. Sadinten ping kalih hiku, pukul songa lamun henjing, sonten mapan pukul gangsal, Kurnel pamit mring Nrepati, mengkana pan haturira, bilih marengi dewaji
53. Kawula yun kesah iku, sakedhap mapan dewaji, hinggih dhumateng Magelang, punapa weling Nrepati, Sang Nata haris ngandika, pan tan derbe karsa mami,
54. Lamun sira lunga hiku, poma haja lawas hiki, Kurnel mengkana haturnya, sedalu kemawon prapti, mengkana sampun kalilan, Kurnel lajeng mangkat hiki.
55. Saking ngarsa kang sinuhun, kang tinilar hanampeni, sebarang karsa Nalendra, Kapitan Huta puniki, mengkana Kurnel wus prapta, saking Magelang puniki.
56. Pan kathah sal hangsalipun, kang sinyjang pan warniwarni, sedaya katur Nalendra, hatenapi Basah kalih, pan tumut ngangsal-hangsalan, Sang Nata ngandika haris.
57. Heh Kurnel hapa karyeku, mengkana Kurnel turneki, hing benyjing yen dhateng Jendral, sampun ngantos hanglingsemi, kalawan malih kawula, sampun ngantos den westani.
58. Pan kirang hurmat pukulun, hinggih dhumateng dewaji, mesem ngandika Nalendra, heh Kurnel paran sireki, lamun Jendral besuk teka, hiya sun temoni ngendi.
59. Kurnel Kleres haturipun, sakarsa dalem dewaji, Jendral wong salengganaha, mengkana wus tan winarni, hing kala wektu punika, prajurit kathah kang prapti,
60. Nusul dhateng kang sinuhun, sumekta gagamanneki, Mentawis Kedhu punika, hing nguni pan samya dhelik, sedaya dhumateng wona, myang Pagelen kathah sami.
61. Wahu hingkang prapta nusul, dhumateng Tumenggungneki, dadya sewu langkung kathah, kejawi pangrembeneki, mapan prajurit kewala, mengkana Sri Narapati,
62. Pan dereng heca tyasipun, sabab hingkang putra meksih, jeng Pangran Dipanagara, harosa denira jurit, laknattolah kathah modar, marmanya Mayor Magilis.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

63. Datan saged prapta hiku, sabha sring meksih jurit, lawan Basah Iman Musbah, lan Raden Basah puniki, Suryawinata mengkana, Sang Nata hosiking galih.
64. Lamun sun tan hundang hiku, hamesthi ngeron-eronni, hiya gonningsun bicara, lan Jendral Dhekok sayekti, lan maning sun wus parentah, hanglereni gung prang hiki,
65. Nora wurung hiku besuk, hagawe luput mring mami, tur ta mongsa nguwisana, kejaba nugrahan Widi, sun nedya nerah kewala, mring tekdir sun neng donyeki,
66. Mengkana hingkang sinuhun , pan lajeng kinen nimbali, mring Kurnel Kleres hika, tan pantara nulya prapti, pan lawan Kapitan Huta, hingiring Raden Dipati.
67. Lan Basah Dul Latip hiku, wus prang arsa Nerpati, Sri Nalendra hangandika, heh Kurnel pan karsa mami, kelamun rembug lan sira, pan ingsun hayun nimbali
68. Marang Dipanegareku, lawan saprajurit neki, hapa hiya saguh sira, gawe pamondhokanneki, kelawan sesuguhira, sabab prajurite hiki,
69. Basah loro padha hiku, lan kang haneng kene hiki, yen nora sun timbalana, pan banget kuwatir mami, sabab Basah hanom hika, nging wani kang hana yekti.
70. Lan Basahe loro hiku, mapan padha sugih wani, sun dhingin pan wus parentah, duk haneng Kejawan mami, hanglereni sagung hing prang, tanah jawa kabeh hiki.
71. Kurnel kleres puniku, sareng miyarsa karsaji, langkung lega manahira, mapan hayun matur hajrih, nulya haris haturira, pan leres karsa dewaji.
72. Yen tan ngandikan satuhu, putra dalem sampun yekti, ngeroni galih Nalendra, dene pesanggrahanneki, lawan tedhanipun samya, sagung hingkang praprajurit.
73. Kawula sagahi sagung Sang Nata ngandika malih, sapa Kurnel kang prayoga, hingkang pantes hingsun tuding, kang gawa layange hika, Basah Mertanegareki,
74. Kurnel kleres hu[hal.312]matur, barang punapa dewaji, kawula sumongga karsa, Sri Nalendra ngandika ris, heh ta Kurnel karsaningwang, lamun rembug lan sireki,
75. Hajidan Tennis lan hiku, Tumenggung Jaya lanneki, Kurnel sumongga haturnya, mengkana wus den dhawuhi, Sri Nalendra hangandika, mring Basah Mretanegari,
76. Heh Basah gaweya hiku, layang gawana Tennis, Den Basah Mertanagara, mengkana wus tan winarni, wus luwar Sri Naranata, Kurnel lan Den Basah hiki,

77. Mapan lajeng madik hiku, badhe pesanggrahanneki, jeng Pangran Dipanagara, sahundurnya sang ngarsaji, mapan hing wektu punika, Welonda kalawan Jawi.
78. Tan wonten selayanipun, den Basah lan Kurnel hiki, tanapi mapan kalawan, Mas Pangulu Kurnel hasring, gegujengan pan mengkana, sun duga kelakon mami,
79. Hangayonni mas pangulu, hing besuk katekan mami, pan kawula yun[hal.313] ngupaya, nenggih Kuran jawineki, mapan badhe kulakarya, mabenni sagung ngulami,
80. Mas Pengulu sahuripun, gih Kurnel pan sokur yekti, handika hayun huninga, mring Kuran parentah neki, mengkana wus tan winarna, Kurnel gya matur Nrepati.
81. Kawula hingkang sinuhun, mapan hangsal kabar sidik, lamun Jendral sapunika, hing Semawis sampun prapti, mapan pan dugi kawula, tigang dinten kados prapti.
82. Jendral Magelang sinuhun, kalawan tur kawuleki, benyjing yen padukanata, panggih lan Jendral prayogi, pan sampun mawi ngandika, Sri Nalendra hanyagahi.
83. Mengkana wus tan cinatur, henjing Basah Ngabdul Latip, sowan dhumateng Nalendra, humatur Kurnel hing latri, hanglempakken kang kelana, Ki Lurah lan kawulaji,
84. Mapan samya pista sagung, kelana pan pepak sami, Kurnel Kle[hal.314]res hanebda, heh sakehe konca mami, lan dika Raden Dipatya, lawan Basah Ngabdul Latip
85. Wus datan ngarani hingsun, mring sagung kang pista hiki, hapa ta wus mantep padha, hanglabuhi mring Nrepati, golek ratu kaya ngapa, sun duga wus nora holih,
86. Tanah jawa kabeh hiku, goroh yen hana nimbangi, hiya ratu kang hutama, pan hanglir nemu sun iki, dhasar wis patut kewala, lamun padha den labuhi.
87. Lamun nemu karya hiku, Kapitan Huta winarni, mapan lajeng nyanydhak gelas ngadeg nginum hasru hangling, heh ta kabeh konca-konca, mapan hingsun tan ngarani.
88. Kalamun hingkang sinuhun, nemu pakewuh ta hiki, kabeh haja na selaya, pan rempuha hanglir hiki, kang gelas binanting nulya, Kurnel lajeng hanimbangi,
89. Mapan banting gelas hiku, sedaya samya nimbangi, pan dadya telas sadaya, piring gelas pecah sami, myang kang lilin samya pejah, Sri Nalendra hatanya ris,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

90. Basah hana hapa hiku, Raden Basah matur haris, kawula datan huninga, hingkadados hawit neki, sareng pukul songa nulya, Kurnel mapan sowan hiki,
91. Myang sagung kelananipun, humatur mring Sri Bupati, pan kawula mireng khabar, lamun Jendral benyjingenyjing, dhatengipun hing Magelang, Sri Nalendra gya miharsi,
92. Swaranning sanjata hiku, mengkana ngandika haris, heh Kurnel pan hika hapa, kaya bedhil swaraneki, mengkana Kurnel haturnya, kados Jendral sampun prapti.
93. Lamun marengi sinuhun, pan kawula benyjing-enjing, sakedhap yun mring Magelang, paduka meling punapi, Sri Nalendra hangandika, tan hayun mamekas mami,
94. Nanging hiya ta ben ingsun, tekakhena mring Jendral hiki, Kurnel sandika haturnya, gya lengser saking ngarsaji, Kurnel lan sakanycanira, pan lajeng Kurnel pribadi,
95. Dhumateng Magelang hiku, hingkang kantun hanadhahi, sebarang karsa Nalendra, Kapitan Huta puniki, pan tan hewah pasowannya, pukul gangsal sowan sami.
96. Sagung Kapitan puniku, pan huta hingkang pangirid, mengkana Kapitan Huta, humatur dhateng Nrepati, sinuhun kawula nadar, lamun rawuh Kangjeng Gusti.
97. Pangran Dipanegara, kawula badhe ngaturi, titihan mesem Nalendra, ngandika Kapitan becik, wus luwar henjang winarna, Kurnel Kleres hapan prapti.
98. Saking Magelang puniku, lajeng sowan mring nerpati, mengkana Kurnel haturnya, kawula pan sampun panggih, lan sudara dalem Jendral, kintun tabe lawan malih.
99. Kintun harta mring pukulun, sedasa hewu dewaji, dangu kendel Sri Nalendra, mengkana ngandika haris, ya Kurnel hingsun tarima, pasrahna mring Basah hiki.
100. Pan hapa karepe hiku, hingsun nora hamangeni, gya tinampen mring Basah, Mertanagara lawaning, den Basah Gondakusuma, hingkang harta warni kalih,
101. Habrit lawan pethak hiku, Kurnel lajeng matur malih, bilih marengi Nalendra, pan prayogi kintun tulis, paduka dhumateng Jendral, Sri Narpa ngandika haris,
102. Kurnel layang hapa hiku, Kurnel mengkana turneki, punapa karsa paduka, dewaji mapan prayogi, Sang Nata mesem ngandika, Kurnel hewuh hing tyas mami,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

103. Mapan rong prekara hiku, kang dhingin bebasanneki, lawan kapindhone hiya, hingsun pan tan darbe hati, mapan Jendral durung hana, layange kang prapta maning.
104. Dadya hewuh hing tyas ingsun, kalamun hingsun dhingini, dene hingkang bab bicara, halalayang mapan mami, hayun tetemu pribadya, yen wis teka wektuneki.
105. Kurnel mengkana turipun, pan serat sanes dewaji, hinggih lawan bab bicara, dene Jendral seratneki, mapan sampun langkung kathah, kang katur padukahaji.
106. Paduka mapan satuhu, satunggal dereng mangsuli, mesem Sang Nata ngandika, heh Kurnel bener sireki, nanging ta wus kasep padha, lan hewuh bebasanneki,
107. Kurnel Kleres haturipun, hinggih hadat kang rumiyin, mapan sagung nama Sultan, samya Eyang sebutneki, dhumateng Jendral sadaya, Sri Nalendra ngandika ris,
108. Heh Kurnel baner sireku, lamun hadat hingkang dhingin, pan Sultan gaweyannira, Jendral hingsun tan kinardi, kalawan maninge hiya, Kurnel mapan hewuh yekti.
109. Mapan Jendral ku wus nebut, mring Basah layangnge dhingin, hiya wayah sebut ira, layange hingsun hudani, lawan wangsulane Basah, hiya Eyang sebutneki,
110. Apa dadi padha hingsun, lan Basah pan habdi mami, Kurnel mengkana turira, pan hestu sanes dewaji, pan hinggih wayah punika, wonten handhap wontenhinggil.
111. Sang Nata ngandika hiku, heh Kurnel wus hora dadi, kejaba kalamun hana, layangira Jendral maning, pan kena sun harah-harah, hiya wesangsulan mami,
112. Kurnel Kleres tumungkul, tan kena matura malih, pan sampun luwar Nalendra kang siwaka luwar sami, Kurnel mantuk mring pondhoknya, mengkana pan sareng henjing.
113. Kurnel malih sowan hiku, Sri Nalendra ngandika ris, paran Kurnel wertanira, jendral hapa sida prapti, marene Kurnel haturnya, mapan sampun tamtu haji,
114. Jendral hinggih praptanipun, ngawonni dhateng mariki, nging daweg nimbali Basah, punika hingkang den tosi, benyjing ngenyjing kadosa prapta, Basah Prawiradirjeki.
115. Lan pangeran Basah hiku, Sumanegara dewaji, lan kanycanipun sedaya, lamun sampun samya prapti, pan hinggih padugi kula, nunten prapti.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

116. Mengkana hingkang sinuhun, pangesthining jroning galih, yen Jendral kongsiya prapta, hingkenne pan hingsun pesthi, mongsa wurunga den hundang, hutawa prapta pribadi.
117. Nora gawa bali hiku, pasthi sun den kon malesi, den hundang tan gawa bala, paran gon ingsun mangsuli, sabab sun wus kadhenginan, tondha nganggo hangenteni.
118. Kalamun tan gelem hingsun, dadi kalah bener mami, sabab Jendral dhingin prapta, hiya marene ngalahi, kalamun gelema hing wang, pan kasor temahaneki,
119. Lan banget pakewuhiku, yen tan gawa bala mami, mengkana Sri Naranata, sarwi mesem hatanya ris, heh Kurnel hapa ta sira, nora kasusahanniki,
120. Lamun Jendral dhateng iku, hiya kapondhoke ngendi, mengkana Kurnel haturnya, hinggih gen kawula haji, Sri Nalendra hangandika, sira Kurnel hanangendi.
121. Kurnel Kleres haturipun, pan sahenggen-enggenneki, kalawan sakonca kula, datan wande dipun hendhih, dhateng hingkang dherek Jendral, mesem ngandika nerpati,
122. Lamun kaya mengkoneku, dadi hakeh susah neki, Kurang cukup dadinira, mapan hiku durung prapti, Dipanagara halawan, hingkang ngiring kabeh hiki,
123. Hiya yen tekaha hiku, saya wuwuh susahneki, Kurnel lamun rembuk sira, prayoga hingsun pribadi, kang ngalahi mring Magelang, lawan hingsun hayun huning.
124. Mapan hing Magelang hiku, yen Jendral sun duga hiki, kaya meksih sayah hira, karo dene Kurnelmaning, pan mongsa nuli rampunga, hiya hanengkene hiki,
125. Senadyan lawas sa hingsun, neng Magelang manggon hiki, sabab hiki sasi ramlan, wus tan kena bicareki, lamun Jendral saguh hiya, kang gawekhaken mring mami,
126. Pesanggrahan mring hingsun, cukupe hingsun henggonni, kabeh lan sawadyanningwang, mengkana Kurnel turneki, sinuhun dugi kawula, yen Jendral kados kadugi.
127. Lan pan dugi kawuleku, Jendral langkung dhanganneki, sabab paduka Nalendra, mapan kathah mikawoni, hantawis manah kawula, mapan langkung leganeki,
128. Dados panduka sinuhun, tan kirang legawa yekti, lawan panuhun kawula, hing salebettipun nenggih, mapan hing wulan ramellan, paduka den kerep panggih.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

129. Kalawan Jendral sinuhun, drerapon wanuh dewaji,mapan kahot Sri Nalendra, wanuh lawan dereng yekti, kalamun tiyang rembagan, pan kenging dipun sedambi,
130. Lawan pagujengan tuhu, yen sampun wanuh dewaji, Sang Nata mesem ngandika, kaya paran, Kurnel dening, gennya nyambi guyon hika, lamun rembug nora dadi,
131. Mapan sun dadi kabutuh, yen ningsun tan haweh bali, mring Pagelen maning hika, Kurnel Kleres turneki, sinuhun nadyan tempuha, neng Magelang lun lampahi,
132. Mongsa tega hapukulun, dhumateng Kangjeng dewaji, Sri Nalendra hangandika, ya Kurnel tarima mami, lawan sapa kang prayoga, sun kongkon mring Jendral hiki,
133. Dhawuhake karsaningsun, Kurnel kleres haturneki, kajawi karsa Nalendra, pan kaji ngisa prayogi, kalih Basah Pengalasan, sabab punika kekalih.
134. Lawan Jendral sampun wanuh, lawan sumurup karsaji, lamun kawula hutusan, saliyanipun dewaji, tan sumerep karsa nata, mindhak ngaping kalih kardi,
135. Mapan hinggih sampun tamtu, Jendral lega manahneki, dhumateng karsa Nalendra, Sang Nata ngandika haris, wus Kurnel kon mangkata padha, nanging hiya tabe mami.
136. Kirim na mring Jendral hiku, lawan haja bali bali, lamun hiku durung dadya, bakal pesanggrahan mami, Kurnel Kleres haturnya, sandika gya luwar haji.
137. Kurnel Kleres wus mantuk, Khaji ngisa den dhawuhi, mapan lajeng kinon mangkat, lawan Basah Ngabdul Latip, wahu dhumateng Magelang, lan winelling niskareki,
138. Hing karsa hingkang sinuhun, mring Kurnel Kleres hiki, datan winarna hing marga, Magelang pan sampun prapti, nulya panggih lawan Jendral, Khaji lawan Ngabdul Latip.
139. Wus dhinawuhken sedarum, hingkang niskara karsaji, Jendral Dhekok langkung suka, nulya handhawuhken hiki, dhateng residhen Magelang, karya pesanggrahan haji.
140. Sagung griya hagung-agung, pan lajeng kinon bedholi, griyanya Den Danuningrat, lawan Mangunkusumeki, mapan den helih sadaya, sabab Basah Ngabdul Latip.
141. Hing pundi pinilih iku, kang papan Jendral nuruti, residhen mapan tan kena lamun suwolaha hiki, hingkang pinilih mring Basah, prenah lor kulon ing loji,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

142. Hing metesih namanipun. mapan hangong kang peragi, kinerig sagunging tiyang, Kedhu samya nyambut kardi, pan Jendral Dhekok pribadya, lan residhen palek hiki.
143. Hingkang jenengi puniku, ngantos kathah tiyang mati mapan katiban dandanan, pan saking kasesaneki, sabab nanging winangenan, pitung dinten mring Nrepati.
144. Jendral hesmu hisin hiku, pitung dinten tan dadi, marma langkung kasesannya, mengkana mapan wus dadi, nging kedhik kedhik kewala, lan kantun resikanneki,
145. Jendral gya hutusan hiku, mring Kurnel pan mawi tulis, tur huning mring Sri Nalendra, lamun pesanggrahan dadi, nging kirang kedhik kewala, lan Basah wus samya prapti.
146. Mapan sampun kenging hiku, lamun dipun pesanggrahi, Jendral sumarah kang karsa, mengkana Kurnel hanuli, sohan dhumateng Nalendra, lan bekta nuwalaneki
147. Nenggih Jendral Dhekok hiku, nanging haksara welandi, winaca Kurnel pribadya, nanging hingkang nama meksih, hanyebut kang nama lama, dadya bendu Sri Bupati.
148. Dene Jendral tembung laku, howah lan hadate hiki, nadyan Komasaris Jendral, Dhebos pan wus nebut dhingin, hiya marang namaningwang, dadi ngajak nora becik.
149. Wus Kurnel mulih ya hiku, pan durung karuwan mami, nulya kondur Sri Nalendra, manyjing pasarehan nuli, Kurnel langkung hajrihira, rumahos kelajeng hiki,
150. Pan sanget denya kaduwung, sapraptanya pondhok neki, lajeng datan hajeng nedha, mapan langkung susah neki, lawan datan tinimbalan, yun sohan pribadi hajrih.
151. Pan Raden Dipati hiku, tur huning mring Sri Bupati, yen Kurnel langkung susahnya, mapan datan mijil-mijil, gung kelana hayun panggya, Kurnel tan purun manggihi.
152. Yen pareng hingkang sinuhun,luhung den dhawahna yekti, kang dados karsa Nalendra, kantenan wawrat tan neki, nenggih Kurnel manahira, hawon lawan sahe neki,
153. Mengkana nulya tinurut, haturnya Raden Dipati, kaji kalih kang dinuta, handhawuhken duka kaji, Kaji Badarrodin lawan, Kaji Ngabdullah puniki.
154. Mas Pengulu gya mantuk, mapan lawan Ki Melangi, dhumateng pondhokanira, saking hecane tyasneki, pan badhe nusul kewala, dhumateng metaseh kalih,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

155. Sabab Kurnel sagahipun, sebarang karsa Nrepati, mapan wus datan suwala, myang sagung kelana sami, tepangnya lan pra Dipatya, tan hana tinaha hiki,
156. Badarrodin prapta sampun, mring Kurnel pondhokanneki, hing ngundang mring patilemman, Kurnel saking susah neki, mapan datan medal-medal, gya dhinawuhaken nuli,
157. Hingkang dadya tyas sang prabu, kelawan Kurnel tan nyagahi, Sri Nalendra datan karsa, panggih lan Jendral sayekti, yun kondur malih kewala, Kurnel mring Pagelen malih,
158. Kurnel Kleres haris muwus, heh ta dollah Badarrodin, pan tanggel karsa Nalendra, mapan sampun prapta ngriki, lan sampun dhawuhken hika, hubaya lan Jendral panggih.
159. Dene prakawis puniku, bok sampun sinuhun galih, kepanggih hamring kawula, pengngrahos kawula yekti, punika nanging bebeka, derapon lepat Nerpati,
160. Rumiyin kawula matur, punapa kersa Nrepati, hupami tan kedadosan, senadyan tangled sayekti, pan hinggih samya Welanda, sayekti kula lakoni.
161. Yen dereng pitajeng tuhu, Kangjeng Sultan maring mami, den Basah Mertanagara, heh ta Kaji Badarrodin, wus den henggal haturana, marenne katemu mami,
162. Ningalana jangjen ingsun, payo padha sumpah hiki, den Basah Mertanagara, nyepenga pratondha mami, pratondhane Raden Basah, hingsun ya nyekella hiki.
163. Heh ya Badarrodin hingsun, pan wus tan sumedya gingsir, sebarang karsa Nalendra, wus sumedya sun labuhi, pan tan sedya huriping wang, lamun tan dadi karsaji,
164. Lan kabeh sakanycaningsun, wus sedya tan nana mulih, marang negara Wellonda, badane nyawanne hiki, katur kabeh mring Nalendra, hapa kang karsa Nrepati,
165. Senadyan rerempon hiku, neng Magelang sun lakoni, yen tan dadi karsa nata, heh ta Kaji Badarrodin, Sri Nalendra mapan kena, hiya lamun den cidranni,
166. Gusti Allah hingkang hagung, pan mongsa kilappa pesthi, hatase sagung manusa, hingkang gawegung sawiji, kawula lamun dinukan, dhumateng Sri Narapati.
167. Pan banjur hilang tyas hingsun, wus Dolah matura hiki, hiya mring Sri Naranata, hingsun nuhun praptaneki, den Basah Mertanagara, mapan kalawan kang rayi.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

168. Den Basah Gondakusumeku, nulya Khaji Badarrodin, kalawan Kaji Ngabdulah, humatur mring Narapati, mapan hanglir hingkang mungel hing ngajeng puniki.
169. Gya lilih duka sang prabu, mengkana ngandika haris, heh Badarrodin baliya, dhawuhna marang Kurnel hiki, pan banget wus sun tarima, prasecane maring mami
170. Nora susah nganggo hiku, layang pan wus sun sekseni, muga Allah-hutangala, hanetepna gung prejangji, pan wus nora susah Basah, santosa Rabilngalamin,
171. Kaji Badarrodin wangsul, lan kaji Ngabdullah hiki, wus panggih lan Kurnel, nulya, dhinawuhaken sagunging, kang pangandikan Lendra, mring Kurnel Kleres sahiki.
172. Mengkana wus tan cinatur, sareng henyjang tan winarni, kaji ngisa mapan prapta, lajeng sohan mring nerpati, kinengken Jendral punika, mengkana hing ngatur neki,
173. Sinuhun kawula ngutus, dhateng Jendral Dhekok haji, mapan lawan kinanthenan, satunggal Kurnel kang patih, sudara dalem pribadya, Jendral langkung ngarsi-harsi.
174. Mring rawuh dalem sinuhun, sadinten punika yekti, sampun jangkep kang hubaya, pitung dinten pan semangkin, dening pasanggrahan Nata, mapan sampun dados sami,
175. Pan Jendral pribadi tuhu, hingkang hasring hanjenengi, marmannya henggal punika, lawan Kurnel haturneki, hinggih sadinten punika, rawuh dalem serta neki,
176. Marmanipun ngayun-hayun, Jendral mring paduka haji, pan sareng siyang punika, tita yen tan rawuh haji, Jendral langkung gugupira, tinerka wonten prekawis.
177. Pramila hamba sinuhun, hingkang kinengken dewaji, lawan Jendral patih hira, nenggih Kurnel namaneki, pan samya numpak kareta, mrih henggaling lampahneki,
178. Mengkana hingkang sinuhun, mesem hangandika haris, heh ta hiya kaji ngisa, pan samengko hana ngendi, Jendral Dhekok kongkonannya, Kaji Ngisa haturneki,
179. Kendel wonten pondhokkipun, Kurnel Kleres dewaji, wahu dawek hayun nedha, Sang Nata ngandika haris, heh Kaji sira hundanga, Kurnel sekarone hiki.
180. Kaji ngisa nembah mundur, saking ngarsanya Nrepati, tan pantara nulya prapta, ngarsaji Kurnel kekalih, riwus sira tata lenggah, Kurnel kengkenan turnya ris,

181. Mapan kawula hingutus, ngaturaken tabe neki, nenggih sudara panduka, Jendral Dhekok lawan malih, sudara dalem pan nerang, benyjing punapa dewaji,
182. Rawuh dalem kang sinuhun, mring Magelang tamtu neki, kalawan kinon hangatas, punapa duka haji, mawi hamundhut kareta, lan Jendral badhe ngaturi,
183. Hurmat mring paduka tuhu, mriyem ngandika Nrepati, heh Kurnel wus sun tarima, kreta lan mariyemneki, lan maning sira tutura, mring Jendral pan hangkat mami,
184. Mapan hiya hisnen sesuk, Kurnel mangkya matur malih, lawan Basah sampun prapta, punapa karsa Nrepati, Sri Nalendra hangandika, wus mapan kewaleki.
185. Kurnel Kleres humatur, kawula nrerang dewaji, hing benjing-ngenjing punika tedhak dalem saking ngriki, sinuhun wanci punapa, Sri Nalendra ngandika ris.
186. Mapan sesuk pukul pitu, Kurnel mengkana tur neki,habdi dalem hingkang dharat, punapa sareng dewaji, kelawan tedhak paduka, Sri Nalendra ngandika ris,
187. Heh ya Kurnel karsaningsun, sagung dharat dimondhingin, sabab hiku yen barenga, kasusu panduga mami, mengko bengi pukul papat, kang dharat mangkata dhingin.
188. Kurnel mapan malih matur, menggah dharat kadospundi, punapa hinggih hewaha, punapa hinggih hamesih, kados hingkang kelampahan, Sri Nalendra ngandika ris,
189. Ya Kurnel pan meksih hiku, ja howah kaya kang dhingin, wus rampung karsa Nalendra, Kurnel patih hanulya mit, dhumateng Sri Naranata, Sang Nata ngandika haris,
190. Kurnel nanging tabeningsun, mring Jendral tekaken hiki, wus mundur Kurnel kalihnya, mengkana wus tan winarni, hing dalu kang kawarnaha, Menoreh rame gung jalmi,
191. Samya tata tata hiku Magelang mengkono maning, mapan datan wonten nendra, sabab badhe methuk sami, pan sareng pukul sekawan, dalu plangkir mangkat nuli,
192. Langkung rame swaranipun, salompret myang tamburneki, hing wuri pan sinambungan, gung prajuritdharat sami, mengkana wus tan winarna, sareng pukul pitu henjing.
193. Kurnel Kleres puniku, wus tinata husar neki, habaris neng lurung samya, lajeng sowan mring Nrepati, den Basah Mertanagara, wus tinnata kang prajurit.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

194. Sagung kang kapalan hiku, habaris pasowan sami, sampun sumekta sadaya, Kangjeng Sultan ngandika ris, heh Kurnel sira dhingina, gung husar kon haneng ngarsi.
195. Kapitan Huta puniku, mapan lajeng den dhawuhi, mapan sekawan Kapitan, hingkang ngirid husar sami, nyelompret hanulya budhal, yen pinirsa gigirisi.

PUPUH XLII
G I R I S A

1. Kurnel Kleres hanulya, mundur sing ngarsa Nalendra, hingiring Raden Dipatya, lan Basah Dul Latip hika,
2. Neng wingking husar lampahnya, nulya sinambungan hika, den Basah Gondakusuma, ngirid sagung pradipatya.
3. Naneng wingking lampahira, mring sagung prajurit samya, hingkang kapal lan sedaya, punika kang haneng ngarsa.
4. Den Basah Mertanagara, hingkang nambungi punika, kalawan sawadyanira, mapan kapal lan sadaya. Nulya Kangjeng Sri Nalendra, Ponakawan kang nengarsa, wingking kaji lan ngulama, samarga samya gumbira.
5. Kendel lampahnya Nalendra, haneng hing sakilen Praga, sabab rendhet lampahira, saking kathah hingkang wadya.
6. Ngantos ngendhelong kretegnya, kang kuda tinuntun samya, mengkana Kurnel winarna, ngirid Khaji ngisa.
7. Sowan Kangjeng Sri Nalendra, kinengken Jendral punika, kaji ngisa haturira, sinuhun mapan kawula.
8. Ngaturaken tabenira, nenggih sudara paduka, pan Jendral Dhekok punika, mertelakhaken sadaya.
9. Hinggih sagung kang niskara, den Basah Prawiradirja, lan Pangran Basah punika, Sumanagara kalawan.
10. Sagung kang pra Dipatya, nanging kendel Panji rongga, hingkang pinethuk ken samya, prajurit jajar sadaya.
11. Meksih kantun gowok samya sabab tan kangkat papannya, sinuhun pan sapunika, kendel sawetaning praga,
12. Jendral semongga Nalendra, lan husar Magelang samya, pinethuk haken sadaya, hingkang hangirid punika,
13. Mayor priye tunggil samya, pinethukhaken sedaya, hingkang hangirid punika, wonten sawetaning praga.
14. Kalawan sakanycanira, mangke yen rawuh punika kang badhe methuk paduka, Kurnel kukis pan kelawan,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

15. Nenggih residhen Magelang, kalih welingipun Jendral, sinuhun mapan kawula, nenggih kinon hangatasa.
16. Yen sampun rawuh Nalendra, sagung kang pra hupsir samya, punapa linilan hana, hatur tabe mring paduka,
17. Yen Jendral penuhunira, punapa samya linilan, sinuhun halenggah tata, nenggih neng kursi sadaya.
18. Lamun tan linnilan hika, datan kawrat panggennannya, sabab rupak panggenannya, Sri Nalendra ris ngandika.
19. Heh ta hiya Khaji Ngisa, wus hapa saprayogannya, Jendral sun turutti hika, wus haja sumelang driya.
20. Wus kaji sira dhingina, tabeningsun wenehenna, mring Jendral Kurnel haturnya, lamun marengi Nalendra.
21. Kawula yun rumiyina, Sang Nata haris hatanya, dhingin hapa karyanira, Kurnel Kleres haturira.
22. Badhe nglebeti sadaya, dhusun hingkang celak marga, bilih wonten kang dursila, sinuhun dhateng paduka.
23. Wus Kurnel sakarepira, nulya budhal Sri Nalendra, datan hewah tatanira, wus rawuh sawetan praga.
24. Mayor priye mapan nulya, hatur tabe mring Nalendra, riwus Sang Nata ngandika, heh mayor sira dhingina.
25. Kabeh lan sakancanira, mayor sandika haturnya, gya budhal husar sedaya, Kedhu lan Pagelen hika.
26. Wus kumpul dadya sajuga, hingkang lumampah neng ngarsa, hing wuri Kurnel punika, pan lawan Raden Dipatya.
27. Hingiring kang Basah tiga, kalawan sakanycanira, nulya sinambungan hika, den Basah Gondakusuma.
28. Den Basah Mertanagara, nulya Kangjeng Sri Nalendra, ginarebeg pra ngulama, lan kaji Magelang prapta.
29. Kurnel mudhun saking kuda, humatur mring Sri Nalendra[hal.340] punika mapan meh prapta, sinuhunpunapa karsa.
30. Sedaya konca punika, punapa meksih neng ngarsa, punapa neng wingking nata, lan sampun resik sadaya.
31. Sinuhun ngajeng punika, Sri Nalendra hangandika, heh Kurnel hiya meksiha, lumaku ngarep kewala.
32. Wus mara padha hangkatna, Kurnel sandika haturnya, gya mangkat wus tan winarna, hing ngloji Magelang prapta.
33. Sagung husar baris samya, nging Kurnel Kleres pribadya, hingkang mudhun saking kuda, hangampingi Sri Nalendra.
34. Sareng tedhak saking kuda, Sri Nalendra mapan nulya, Kurnel Kokis pan kelawan, Residhen Palek punika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

35. Methuk kalih ngampil hasta, Sri Nalendra sampun pangya, lan Jendral Dhekok punika, Jendral methuk sawetara.
36. Riwus tata lenggah samya, Jendral lawan Sri Nalendra, nging Jendral bebasanira, meksih nama lami hika,
37. Dadya Nata tan ngandika, nulya prahupesir prapta, sareng sagung praniyaka, pan samya ngadeg sadaya,
38. Nging Jendral lan Sri Nalendra, hingkang halenggah punika, nulya Jendral tembungira, dhumateng Sri Naranata.
39. Tuwan punapa kalilan, hupsir hatur tabe samya, Sang Nata manthuk kewala, nulya tur tabe sadaya,
40. Gya sagung kang praniyaka, tabeyan lan Jendral samya, riwus Jendral malih nebda, punapa kalilan samya.
41. Lenggah neng kursi sadaya, Sang Nata hinggih sebdannya, majeng ngaler lenggahira, Jendral lan Sri Naranata
42. Gung hupsir neng wetan samya, pan majeng ngilen sadaya, Basah lawan den Dipatya, myang sagung kang pratiwa.
43. Haneng kilen lenggahira, majeng mangitan punika, Kurnel Kleres pan mengkana, tumut neng kilen punika.
44. Mapan jeng-nganjengan hika, lan Kurnel Kokis punika, Jendral Dhekok datan suka, kinen ngalih ngetan nulya.
45. Kurnel hesmu hisin ika, Sri Nalendra kondur nulya, dhumateng pesanggrahannya, Sri Nalendra dhinerekhaken punika.
46. Residhen palek kalawan, Mayor Dustus tan winarna, metesih rawuh Nalendra, Mayor lan Residhen hika.
47. Sampun pamit kalihira, mengkana wus tan winarna, Jendral pan kengkenan hika, nenggih den Mangunkusuma.
48. Ngaturi hingkang pratondha, sobat dhumateng Nalendra, kuda dhawuk cemeng hika, pan langkung genghinggilira.
49. Bagus meksih hanem hika, kinasiyan mring Nalendra, wonten hantawis punika, kalih dinten pan mengkana,
50. Nenggih Den Mangunkusuma, kinengken mring Jendral hika, pan mengkana tembungira, sinuhun hamba dinuta.
51. Dhateng sudara paduka, Jendral ngaturhaken hika, nenggih jeng hibu paduka, Kangjeng Ratu Ageng hika,
52. Lan putra dalem katiga, nenggih jeng Pangran Dipatya, lawan Raden Ayu Basah, Den Ajeng Muntheng punika.
53. Sareng mirsa Sri Nalendra, dangu kendel tan ngandika, duk nguni tan mirsa warta, yen kang ngibu kawlas harsa.
54. Tan wonten purun matura, wahu dhumateng Nalendra, dadya hesmu duka, mring Basah Mentawis tiga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

55. Punika kang sagah ngreksa, wusana temah mengkana, hesmu sanget lingsemira, nging henget purbaning sukma.
56. Den menggung Mangunkusuma, tumingal Sang Nata duka, mapan sanget hajrihira, nulya haris haturira
57. Sinuhun Jendral punika, mapan rumeksa kewala, dhateng jeng ibu Nalendra, lan putra dalem katiga.
58. Marma hing mangke katura, Sang Nata haris ngandika, heh hiya Mangunkusuma, sira tutura tarima.
59. Mengkana wus tan winarna, kalih dinten wetaranya, Kurnel Kleres punika, sowan dhumateng Nalendra.
60. Mapan nuwun pamit hika, mantuk mring Pagelen lawan, nenggih Rahaden Dipatya, Sri Nalendra hangandika.
61. Heh Kurnel yen mulih sira, hiya saparewang hingwang, kang sun hajak rerembugan, Kurnel Kleres haturira.
62. Pan kawula boten lama, nunten wangsul Sri Nalendra, nenggih Jendral parentahnya, mapan kinen bayar konca,
63. Sri Nalendra hangandika, dene mayor meksih hana, Kurnel mengkana turira, pan kirang cekap Nalendra.
64. Yen wonten karsa paduka, Kapitan Huta punika, hingkang kula tilar nata, lan husar satus punika,
65. Sri Nalendra hangandika, heh hiya nging poma-poma,Kurnel haja lawas sira, Kurnel sandika haturnya,
66. Mengkana wus tan winarna, den Basah Prawiradirja, lanBasah Sumanagara, kalawan sakanycanira.
67. Nuhun pamit mring Nalendra, mantuk mring Mentaram samya, sabab tan cekap papannya, mapan Jendral welingira.
68. Yen sampun bakda kewala sedaya kinen wangsula, wus marengi Sri Nalendra, kala hing wektu punika,
69. Habdinya Sri Naranata, hing Mentawis mapan samya, prapta hanusul sadaya, prajurit pangrembe hika
70. Ngampil gandhek priyataka, merta lulut pan dhe singa, kemasan Singanegara, Kalang Gowong gamel galadhag.
71. Padharan lan Ponakawan, keparak pepak sadaya, pajang Kedhu Pagelen hika, kang kantun nusul wus prapta.
72. Prajurit pangrembenira, dadya langkung kathahira, kebekkan Magelang hika, hesmi giris manahira.
73. Pan Jendral Dhekok punika, Maglang kathah ngili samya, pan langkung hawrating karya, pan hiya sadina-dina.
74. Karya pesanggrahanika, pan kebak-kebak kewala, langkung kathah segah hika, mahesa gangsal sadina.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

75. Dhateng prajurit kewala, lawan pangrembe punika, Tumenggung sapanginggilnya, mapan matengan sedaya.
76. Segahnya Jendral punika, tan wonten hingkang kendela, tiyang Magelang sadaya, hing siyang dalu mengkana.
77. Dene hing wektu punika, Residhen Palek kalawan, Mayor Duktus lampahira, sowannya gilir kewala,
78. Pan henjing sonten punika, Raden Basah pan mengkana, saben dalu panggihira, kalawan Jendral punika,
79. Kalawan sakanycanira, wangkit Tumenggung punika, kang hageng-ageng kewala, pan hasring hing ngajak pista.
80. Dhumateng Jendral punika, nging Sang Nata datan karsa, pan nanging basah kewala, hingkang kinen lumampaha,
81. Nanging hasring hapepangya, Jendral kalawan Nalendra, mapan gentos panggihira, terkadhang Jendral kang prapta.
82. Dhateng hing Meteseh hika, terkadhang Sri Naranata, kang dhateng Magelang hika, wus tan hana jaga ta ha
83. Lan hasring gujengan hika, sabarang kinarya suka, Kangjeng Ratu Geng winarna, handangu dhateng kang putra,
84. KLangen kang wayah sadaya,mengkana kang pangandika, Sultan pa sira pitaya, sahupama hangundanga.
85. Mring sagung rerepotira, hingsun kangen putu padha, Sri Nalendra haturira, kelamun purun duraka.
86. Hinggih sakedhik kawula, kados sampun tan punapa, sabab Jendral tepangira, mapan langkung sapunika,
87. Hinggih dhumateng kawula, Kangjeng ratu geng ngandikan, bok hiya yen tan ngapaha, Sultan wus haja kedawa.
88. Kadya wus karsaning sukma, Sang Nata gampil tyasira, nuruti kang hibu hika, nulya kinon nimbalan,
89. Wahu dhateng Khaji ngisa, hing ngutus mring Jendral hika, mundhut sagung repot hika, nenggih praptanya sadaya.
90. Samya neng Gowok punika, tunggil lan Basah kalihnya, halong neng kedhaton hika, marmanira Sri Nalendra.
91. Pinundhut mring Jendral hika, mundhut sagung repot samya, mring Jendral pamundhutira, hinggih praptanya sadaya.
92. Marma mring Jendral punika, lawan ngiras kang wahana, hatenapi hingkang bekta, Jendral langkung sukanira.
93. Rumahos yen Sri Nalendra, mring Jendral sampun precaya, mengkana Seh Khaji Ngisa, gya binekta surat nulya.
94. Dhateng residhen ngayokja, Jendral sanget parentahnya, haja kongsi Kurang hika, mengkana wus tan winarna,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

95. Kalih dinten nulya prapta, sagung rerepot sedaya, mengkana Sri Naranata, kang hingutus methuk hika,
96. Den Basah Gondakusuma, lan Mantri Lebet sadaya, kapethuk hing Tidhar hika, kawarna putra Nalendra.
97. Meksih timur kalih hira, Raden Mas Jonnet namannya, lan Raden Mas Rahab namanya, kalih sanderan kewala.
98. Saking kangen mring kang rama, hingaturan datan kena, kelajeng mring loji hika, lawan Jendral sampun panggya.
99. Marengi neng ngemper hika, kalawan residhennira, lawan seja yun huninga, dhateng repot praptanira.
100. Hesmu kaget Jendral hika, tumingal putra kalihnya, denetan hing ngiring jalma, kalih meksih timur samya,
101. Mendahane yen hagenga, tinerka wanter badhenya, nanging Jendral sampun dugi, yen hiku putra Nalendra.
102. Pan tanya mesih neng kuda, pesanggrahannya kang rama, Jendral tedah mesem hika, kalawan haken kendela.
103. Raden mas kalih tan kena, lajeng nander kalih hika, samarga marga mengkana, hataken dhateng walonda.
104. Singakapethuk tinannya, mapan hing wektu punika, walonda sanget heringnya, dhumateng Basah Islam sadaya,
105. Mengkana kalih wus prapta, haneng ngarsane Nalendra, pan lajeng nungkemi pada, Raden Mas kalih karuna.
106. Sang Nata mesem ngandika, wis kulup padha menenga, mengkana wus tan winarna, praptanya repot sadaya.
107. Sangsaya malih kathahnya, selaminya Sri Nalendra, haneng Metesih punika, sagung wong Kedhu sadaya,
108. Tan wonten hingkang kendela, sebarang parentah hira, den Basah Mertanagara, Jendral nuruti kewala.
109. Lawan kathah samya prapta, hatur hatur mring Nalendra, sebarang gadhahanira, saking samya bungahira.
110. Sagung wong Kedhu punika, residhen dados manahnya, pinenging pan datan kena, tan keringan parentahnya.
111. Selaminnya Sri Nalendra, wonten hing Kedhu punika, residhen palek haturnya, nyereg mring den Basah hika.
112. Wonten ngarsanya Nalendra, pan mengkana sebdanira, den Basah Gondakusuma, pan tiyang Kedhu punika.
113. Kathah kang lumebet hika, prajurit dhateng paduka, dados kether damel kula, kelawan suda pahosnya.
114. Kalih samangke kawula, rumahos yen tan keringan, saben wonten tiyang prapta, hatur hatur mring Nalendra.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

115. Kawula ken margi kula, mring kula tan kenging hika, dados kula sapunika, den Basah pan tan pakarya.
116. Residhen nganggur kewala, den Basah Mertanagara, pan mengkana sahurira, Residhen pan bab punika.
117. Sagung tiyang hingkang samya, handhatengken tresnanira, dhateng kang sinuhun samya, residhen kula tanninga.
118. Pan inggih sedayanira, sebab harang metu kula, lawan dika malih nerka, mring konca Kedhu kang samya.
119. Malebet prajurit punika, hanyar pan tan weruh kula, kejaba kang lawan samya, Residhen hewa puniki,
120. Menawa saking kathahnya, dadi kula tan huninga, residhen malih hanebda, Raden Basah pan punika,
121. Tiyang Majegan sadaya, lawan nyanggi dalem samya, lamun kirang pajegira, kalih kether hingkang karya.
122. Tan wande dinukan kula, Sri Nalendra hangandika, lamun mengkono ku hiya, bener Palek dadinira.
123. Sabab hing samengko hiya, wong Kedhu pan lagya nongga, sebarang parentahira, Basah Residhen kang nongga.
124. Sekalaneng kene hika, mapan sun Kedhu kang dadya, geladhag ngladheni sira, yen hupama tan cukupa,
125. Pasthi Basah srengen sira, lamun kaya mengkonoha, dadi siraku kinarya, hampungan wong hing nganika,
126. Yen mengkono karsaning wang, prajurit Kedhu kumpulna, hiya Si Mangunkusuma, sira kona milihana,
127. Kelamun hana kang nyata, wong ngira sira hulungna, den Basah matur sandika, nulya lengser saking ngarsa.
128. Lan Raden Mangunkusuma, ngandika malih Nalendra, heh Residhen wruhanira, prakara wong padha prapta,
129. Kang we[hal.353]weh mring hingsun padha, haja dadi hatinira, pan wus hadate wong jawa, lamun hiku ngrungu warta,
130. Hingsun perak pan padha prapta, hanggawe saduwekira, tan hetung tebu lan gula, den penging mongsa kenaha.
131. Jer hiku wis padha ngrasa, yen lajering jawa hika, kalamun sira cegaha, dadi kanihaya sira.
132. Marma haja dahwen sira, den cegah mongsa gelema, senadyan Basah ku hiya, harang weruh dhasar nyata.
133. Raden Basah kang winarna, denya ngumpulaken hika, prajurit Kedhu sadaya, lan Raden Mangunkusuma,
134. Pan sampun pepak sadaya, nulya Den Mangunkusuma, kinon milihi punika, kang hanyar mapan tan hana.

135. Mapan sajuga kewala, sedaya sami punika, nulya wangsul kalihira, wus prapta ngarsa Nalendra.
136. Gya warti Mangunkusuma , dhumateng residhen nira, kalamun tan hangsal ika, prajurit lami sedaya
137. Palek sanget hisinira, pan luput panerkanira, dhumateng Basah punika, dadya tumungkul kewala,
138. Sinamur mring Sri Nalendra, mengkana kang pangandika, Residhen sira tutura, mring Jendral Dhekok yen lega,
139. Pan hingsun mundhut Welonda, sun kon ngenggalaken hika, hiya mring Dipanagara, pan wus lawas during prapta.
140. Lan tan nana kabarira, pan dadya sumelang driya, wantu wong hanom pan hika, menawa kaliru tompa.
141. Si Tennis dhingin sun duta, lan Tumenggung Jalilana, wis lawas tan hana prapta, kang dadya watiring driya.
142. Basah kang ngampingi hika, karo padha kaduk sura, Iman Musbah mapan lawan, Suryawinata marmanya,
143. Dadya sumelanging driya, nging gawa halayangira, ya Basah Mertanagara, residhen matur sandika.
144. Sri Nalendra hangandika, heh Basah Mertanagara, hagawe halayang sira, den terang mring kakangira.
145. Wenehna Residhen nulya, den Basah matur sandika, mengkana wus tan winarna, henyjang malih kawarnaha.
146. Mayor Duktus sohan ika, dhumateng Sri Naranata, pagujengan lawan Basah, Mertanagara mengkana.
147. Ta hingarsa-harsa, mring Jendral mapan wus lama, tan panggih lan Jendral hika, Raden Basah haris nebda.
148. Gih mayor leres handika, nadyan Jendral gih pan lama, datan mariki punika, dadya walesan kewala,
149. Kados mekaten handika, mapan sohan saben dina, kalih residhen handika, mayor senadyan kawula.
150. Lan Basah Gondakusuma, hinggih saben dalu pangya, lan Jendral mayor sahurnya, kalawan gumujeng suka.
151. Gih Basah Mertanagara, sesuk Jendral mariki hika, mengkana wus tan winarna, henjing Jendral kawarnaha,
152. Panggih lawan Sri Nalendra, dhateng meteseh punika, lenggah munggeng kursi dawa, wus tan mawi subasita.
153. Nging Jendral lan Sri Nalendra, tunggil sakursi kewala, Kurnel mayor residhennya, mapan neng kursi lit samya.
154. Tannapi Basah kalihnya, mengkana Jendral haturnya, kengkenan kawula prapta, pangeran Dipanagara.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

155. Mapan hinggih sampun prapta, lan mayor magelis hika, benyjing-enyjing kados prapta, hing ngriki pan dugi kula.
156. Nanging mayor wartinnira, kang dherek putra pan duka, mapan nanging seket ika, Sri Nalendra hangandika.
157. Gih sahonten-hontenira, ger tika ngriki kewala ngilangke sumelang driya, besuk hesuk wayah napa.
158. Jendral mengkana haturnya, pukul papat dugi kula, mapan hing wektu punika, wus tanna rasa rumongsa.
159. Jendral lawan Sri Nalendra, hupsir lan para Dipatya, mengkana henjing winarna, Sang Nata hangarsa harsa.
160. Mring Pangran Dipanegara, Residhen Palek gya prapta, humatur yen tamtu prapta, sinuhun putra paduka.
161. Nanging geseh seratira, Mayor Magelis wartanya, nging kedhik kang dherek hika, mangke kathah yektosira.
162. Mesem Kangjeng Sri Nalendra, ngandika pan mengko hapa Residhen haris haturnya, mapan tamtu sapunika.
163. Pukul sekawan punika, sonten pan wus tan winarna, sareng pukul papat prapta, kalawan sawadya kuswa.
164. Mapan lajeng panggih hika, lan Jendral Dhekok punika, riwusnya lenggah hatata, Jendral Dhekok haris nebda.
165. Pangeran Dipanagara, sagung prajurit paduka, kajengipun mondhok samya, neng Danuningratan hika,
166. Sabab Metesih punika, pan sampun kebek sadaya, tan wonten panggenan ira, jeng Pangran ris hangandika.
167. Senadyan kebak punika, pan kawula boten suka, hinggih kelamun pisaha, lan prajuritnya Nalendra.
168. Kalih wong santri punika, datan saged tebih toya, Jendral mengkana sabdanya, yen susah prakawis toya.
169. Kawula sagahi hika, hingkang hamendhetna toya, Kangjeng Pangran malih nebda, hinggih kelamun kedhika,
170. Tiyang semanten kathahnya, tan wande suker punika, lamun tebih lan lepennya, Jendral mengkana sebdanya.
171. Pangeran dika pribadya, tunggil lan rama handika, nanging Basah kalihira, datan purun kantun meksa.
172. Mengkana wus tan winarna, hing metesih sampun prapta, dadya sanget kebakira, beleber sakilen Praga.
173. Jeng Pangran Dipanagara, lajeng sohan mring Nalendra, riwus hangabekti hika, kalawan Basah kalihnya.
174. Sri Nalendra hangandika, dangu dhumateng kang putra, pagene lawas ta sira, sun hundang hapa karannya,

175. Kangjeng Pangran haturira, saking tan pikajeng hamba, lawan basah kalihira, myang sagung hingkang pratiwa.
176. Kawula tantun punika, pan samya mopo sedaya, pan minnokhallaken ika, lamun paduka karsaha.
177. Tedhak mariki yektosnya, pan sareng sumadilaga, prapta bekta suratira, pun hadhi Basah punika.
178. Mertanagara Nalendra, kenipun ngandel sadaya, nunten malih wonten prapta, hangenggalaken punika.
179. Seratipun hadhi hika, mapan kang bekta Walonda, marmannya lajeng kasesa, sinuhun lampah kawula.
180. Mmesem Kangjeng Sri Nalendra, bener kang mahido hika, hingsun hiki kulup prapta, nurut pangulu ngelmunya.
181. Lan pira prajuritira, kabeh kang bareng lan sira, Kangjeng Pangran haturira, gangsal belas sapunika,
182. Kathah hingkang kantun samya, pan hamba tilar kewala, dewaji saking kasesa, Sri Nalendra hangandika.
183. Kulup Jendral tuturira, nging seketa prajuritira, mayor hingkang tutur hika, Kangjeng Pangran haturira.
184. Kados pun Magelis nata, punika pan tan huninga, sagung prajurit sedaya, hingkang wonten pradipatya.
185. Nging kang wonten ngajeng hamba, punika mayor huninga, lan ning wingking dugi hamba, kathah hingkang nusul samya.
186. Tumenggung kalih Nalendra, kawula tilar punika, ngantosi kang kantun samya, mengkana wus tan winarna,
187. Den Basah Mertanagara, mapan sinereg punika, mring residhen palek hika, kelamun prajuritira.
188. Pangeran Dipanagara, sedaya mapan punika, hakathah titiyangira, mayor hingkang hurut marga,
189. Samya tumut dherek hika, marma kathah sapunika, den Basah matur Nalendra, gya Pangran Dipanagara.
190. Tinimbalan sampun prapta, dinangu mapan mengkana, kangjeng Pangran haturira, dewaji hamba tan priksa,
191. Kejawi Basah punika, nulya kinon nimbalana, Basah kalih sampun prapta, hingarsanira Nalendra,
192. Dinangu kalih haturnya, dewaji boten punika, sedaya prajurit lama, Sang Nata haris ngandika.
193. Heh ta Basah lamun nyata, kanycanira lawas padha, sesuk padha pepakna, dimon pinilihannika,
194. Marang Si Magelis hika, yen nyata bilahisira, Basah kalih haturira, sinuhun hinggih sandika,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

195. Malah kathah kantun samya, dereng sepalih punika, mengkana henjing winarna, pan lajeng pepak sadaya,
196. Den Basah Mertanagara, pan lajeng hutusan hika, Mayor Magelis mapan, samya kinon milihana,
197. Sagung prajurit sadaya, kelamun nyata wong ira, nanging Mayor datan prapta, Wakil Residhen kewala.
198. Hing beteng tan hangsal hika, dadya sanget hisinira, mapan nanging hangsal sapta pan getho momor punika.
199. Dadyan den gegujeng samya, mengkana hingkang winarna, pan kang nusul kathah prapta, Welonda giris tyasira.
200. Dadya den gegujeng samya sagung hingkang jalma prapta, Jendral hasmu giris hika, kelawan hupsir sadaya.
201. Residhen Palek hanulya, humatur dhateng Nalendra, sinuhun kados punapa, pan langkung kathah punika.
202. Sagung hingkang jalma prapta, tan kantenan petangira, dados wewah segah kula, lan ngantossagen henggenira.
203. Mesem ngandika Nalendra, heh Residhen hiku hiya, prakara susuguh ira, pan haja kuwatir sira.
204. Wus haja kapikir hika, nging hapa sahadatira, mongsa nora den pikira, marang basah-nya pribadya.
205. Lan maning Residhen sira, haja sumelang ten-ira, prakara jalma kang prapta, senadyan silih kebaka.
206. Hing Magelang kabeh hika, pan hiya sun tanggung padha, kelamun hiku dadiya, nora becik dadinira.
207. Senadyan rusuh kewala, pan ingsun kang nanggung hiya, nanging hanggreyasa duga, hingsun lan Jendral kewala.
208. Residhen haja selaya, marma hingkang hanggresira, baya wus karsa Hyang Sukma, kalamun hingsun kinarya,
209. Hiya babuning wong jawa, marma hanggrengrungu warta, kawula hanuli prapta, pan sahenggon ingsun mengkana.
210. Marma haja kaget sira, mengkana wus tan winarna, residhen kang kawarnaha, jeng Pangran Dipanagara.
211. Selaminnya rawuhika, haneng meteseh mengkana, Jendral langkung reseppira, hasring hingaturan pista.
212. Pan saben dalu kewala, lan Basah sekawan hika, myang sagung kang pradipatya, kepala prerang sadaya,
213. Den Mas Jonet rahap hika, tan kantun lawan kang raka, kalamun tan wontenika, Jendral hasring hatetanya .
214. Kelamun sonten mengkana, hingaturan pesiyar hika, Jendral hamrantosi kreta, mapan hing sacekapira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

215. Basah myang kang pra punggawa, lamun sampun lajeng pista, pan saben-saben mangkana, dadya heca tyasnya samya.
216. Lan hical kang subasita, Raden Mas kalih punika pan hasring sareyanika, neng kursi Jendral sandhingnya,
217. Pan wus tan na jagataha, Jendral mengkana sebdannya,pangeran Dipanagara, gih punika hingkang tondha.
218. Yen rare heca tyasira, marmane hinggih kawula, howel yen ngantos selaya, kalih rama jengandika.
219. Pangeran Dipanagara, kawula nedha pan donga, lawan basah-basah samya, myang sagung kang pradipatya.
220. Mugi sampun ngantos selaya, sebarang rembag punika, lawan rama jeng ngandika, kelangkung hing ngowelira.
221. Tulus sasobat punika, Basah myang kang pradipatya, lan kang prahupsir samya, pangeran samya tulusa.
222. Pan sobat hanglir kawula, kalih rama jeng ngandika, punapa dene handika, pangeran kalih kawula.
223. Pan kula nyukani tondha, sobat dhateng jengandika, mapan punika kang renda, sami lan hanggen kawula.
224. Lan basah-basah punika, kawula sukani samya, sami lan Kurnel hanggennya, mengkana wus tan winarna.
225. Hing kala wektu punika, metesih sagunging wadya, pan lagya kasengsem samya, dhateng ngibadah samya.
226. Sagung bar jumungah samya, prajurit satus kedhiknya, punika golonganira, ngantos gangsal latus hika, sagolongannya pribadya, mapan langkung rahab samya, kelamun dedolan samya, yen nuju kapethukhika,
227. Saradhadhu nyimpang samya, mengkana hingkang winarna, Sang Nata henyjang pan samya, meng-ameng mring gedhongira.
228. Rresidhen sapinggir marga, Sri Nalendra yun huninga, lir panggungan rakitira, Sang Nata nitih turongga.
229. Hingkang dherek dharat samya, Pangeran Dipanagara, Basah sekawan punika, lan putra timur kalihnya.
230. Sabab pancelak punika, lan Metesih gedhongira, lawan haneng pinggir marga, mapan hasri yen pinirsa.
231. Jendral Dhekok sareng mirsa, pan lajeng methuk pribadya, satunggil tan wonten hingkang, hupsir kang tumut punika,
232. Den Basah Mertanagara, humatur dhateng Nalendra, sudara dalem punika, Jendral hesmu kagyat nata.
233. Panuju ningali liya, Jendral wus celak turongga, nulya tedhak Sri Nalendra, gya Jendral hanyandhak hasta.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

234. Lajeng kekanthen hasta, Jendral lawan Sri Nalendra, geng gujengan hurut marga, hanglir tan rasa rumongsa,
235. Sang Nata haris hatanya , dene tan wonten renycangnya, Jendral mengkana turira, pan saben wektu kewala.
236. Subuh pan hinggih kawula, sampun neng ngriki pribadya, Sri Nalendra hangandika, residhen lan mayor hika.
237. Jendral mengkana haturnya, mayor mapan pijer nendra, dene residhen punika, pan pasiyan dugi kula.
238. Lawan kang hestri punika, mengkana kalih gya prapta, samya lumajeng kewala, pan langkung hesmu kasesa.
239. Dadya den gegujeng samya, mengkana pan sampun prapta, ri sawusnya lenggah tata, Sri Nalendra hatetanya.
240. Heh Mayor Residhen sira, dene padha kari hika, lan Jendral kalih turira, pan kawula tan huninga,
241. Mengkana Jendral haturnya, dhumateng Sri Naranata, yen mayor mapan punika, katungkul tilem kewala,
242. Dene residhen punika, dadak nedha pamit hika, mring kang ngestri sanget jrihnya, marmanya mapan kawula.
243. Hing saben dalu mengkana, mapan sampun wonten ngrika, tan mawi rencang pribadya, ngangge gebayak kewala.
244. Samongsa mungel punika, salompret tambur tengara, sagung kang salat sadaya, kawula nunten marika,
245. Yen henjing pan nusul samya, residhen ngantosi hika, mring kang hestri tanginira, tan purun lamun gugaha.
246. Mapan lumampah kewala, tan purun beribenana, pan mawi jingjit punika, hajrih den srengeni hika,
247. Residhen gumuyu nulya, wicanten mapan mengkana, Den Basah Mertanagara, pan hinggih kados kawula.
248. Dhateng den ayu punika, pan nyonyah hayun panggihya, hingkang rama sampun suka, pradene tan purun meksa.
249. Hinggih saking hajrihira, Sang Nata mesem ngandika, dene Si Mertanagara, wedi benneh lawan sira,
250. Wedi mring sun satuhunnya, tan wedi mring hayonira, sireku wedi kang nyata, sabab dening hayonira.
251. Jendral sumambung mangkana, mayor lir Basah punika, teng sing wadon wedi huga, te[hal.369]napi dhateng kawula,
252. Dadya lir kasupit hika, pan samya gumujeng suka, Sri Nalendra hatetanya , mayor hayu bojonira,
253. Mayor mengkana haturnya, hupami hinggih nganggeya, rasukan sangkelat hika, lir tuwan besar punika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

254. Jendral mengkana haturnya, nging tuwan lawan kawula, hingkang samya kawelas harsa, sabab hinggih samya lamba,
255. Dene sedaya punika, samya mukti suka wirya, kawula lawan paduka, dadya jodho samya priya,
256. Dadya samya sukanira, hing kala wektu punika, sabab Jendral lan Sang Nata, tan wonten selaya karsa.
257. Lan Jendral langkung sagednya, hangladosi mring Nalendra, dadya tan rasa rumongsa, mengkana wus tan winarna.
258. Kondurira Sri Nalendra, sareng malem Jendral nulya, ngaturi harta punika, sewu dhateng Sri Nalendra.
259. Kinarya maleman ika, marma samya datan nyana, yen dadossa dedenira, Jendral kalawan Sang Nata.
260. Tanapi kang nambut karya, tan pedhot sadina-dina, kestalan pasanggrahannya, sagung kang para Dipatya.
261. Lawan saprajuritira, galidhig sadina-dina, sebarang parentahira, Basah Jendral tan suwala
262. Kalawan sasegahira, pan mentah mateng punika, tan wonten kirang sadaya, tenapi mring Sri Nalendra.
263. Mapan hiya warna warna, Jendral langkung kurmatira, marmannya katungkul samya, tan mikir pakewedira.
264. Nanging ngibadah kewala, langkung rame swaranira, pan siyang dalu mengkana, bareng lan kang nambut karya,
265. Sareng ngajengaken bakda, Jendral hangaturi hika, harta malih mring Nalendra, mapan kalih hewu hika,
266. Mengkana hingkang winarna, jeng Pangran Dipanagara, Basah lan kang pradipatya, pesiyar hanitih kreta,
267. Sareng prapta ngloji hika, hing ngampirken Jendral nulya, Jendral mengkana kang sabdannya, pangeran Dipanagara.
268. Benjing-enjing sampun bakda, leres sahi jengandika, lan Basah Basah punika, myang sagung kang pradipatya.
269. Samya mariki leresnya, selametan sahenira, jeng Pangran wangsulanira, hinggih lamun sampun karya,
270. Sabab wong islam punika, mapan kathah rubedira, hing benjang-ngenjang punika, yen sampun salin rihaya.
271. Lajeng pikir pitrah samya, kalamun sampun punika, Jendral pan langkung prayoga, lawan malih Kangjeng rama,
272. Kula haturi punapa, Jendral mengkana sahurnya, lamun ra jengandika, pangeran hajrih kawula,
273. Nanging punapa kang karsa, kawula mapan sumongga, nging jeng ngandika pribadya, lan Basah Tumenggung samya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

274. Yen sampun pitrah sadaya, sahe kepanggih kawula, jeng Pangran sagah punika, nulya matur mring Nalendra.
275. Yen Jendral meling mangkana, marengi Sri Naranata, mengkana henjang winarna, pan lajeng salat riyaya,
276. Gumremeng swaranira, pan saking gunging kang wadya, ngantos luber tarubira, pan halong ngadeg kewala.
277. Kathah kang jajari hika, mengkana Sri Naranata, mapan nuju grerahika, tedhak ngampingan kewala.
278. Mring Basah Mertanagara, lan Basah Gondakusuma, salat lan lenggah kewala, mengkana Jendral winarna,
279. Tumut ningali punika, nanging sing tebih kewala, langkung tanpa rungyanika, bareng salempret tamburnya,
280. Mengkana wus tan winarna, sareng sampun samya bakda, pitrah Kangjeng Pangran nulya, tedhak mringMagelang hika,
281. Lawan Jendral sampun panggya, Basah myang sagung punggawa, pan samya dherek sedaya, Jendral haris hatetanya .
282. Pangeran Dipanagara, kawula wahu tupiksa, dhateng prajurit sadaya, tenapi kang salat samya,
283. Nanging rama jeng ngandika, kawula datan huninga, Kangjeng Pangeran ngandika, kados Jendral lan huninga.
284. Sabab Kangjeng Sri Nalendra, pan lagya grerah punika, pan miyos dalem kewala, tan miyos plataran hika.
285. Saking ngriki tan tupiksa, mengkana wus tan winarna, Pangeran Dipanagara, nulya matur mring Nalendra,
286. Sagung hingkang saneskara, mengkana Sri Naranata, hanantun dhateng kang putra, lan basah basah sedaya,
287. Paran padha prayoganya, hiya gon sun temu hika, lan Jendral samya haturnya, lamun marengi Nalendra,
288. Pan benjing-ngenjing punika, prayogi tedhak paduka, Sang Nata haris ngandika, hiya sun turuti sira.
289. Yen mengkono dhawuhena, marang Si Mangunkusuma, lamun sesuk sun pan arsa, katemu lan Jendral hika,
290. Den Basah matur sandika, mengkana wus tan winarna, kawarnaha Sri Nalendra, henjang lir mas kentir toya.

PUPUH XLIII
MASKUMAMBANG

1. Sareng henyjang mengkana Sri Narapati, bakda subuh hika, lenggah ngemper langgar hiki, den Basah Gondakusuma.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

2. Sowan nerang humatur mring Sri Bupati, sinuhun patikbra, punapa datan hamawi, nata prajurit sadaya,
3. Handherekken wiyos dalem dhateng loji, mapan hewed haya, sinuhun bakda puniki, jeng Sultan mesem ngandika.
4. Wus dilalah kadya tekdiring Hyang Widi, KangjengSri Nalendra, kinarya lampahan hiki, heh Basah Gondakusuma.
5. Aja nganggo handhawahi mring prajurit, lir hadat kewala, menawa ngeget-hegeti, pan mongsa ngaraha hapa,
6. Raden Basah mapan hayun matur hajrih, yen tan heca tyasnya, mengkana wus tan winarni, sareng pukul wolu nata.
7. Lajeng tedhak langkung data nyana hiki, lir hadat kewala, tan mawi busana hiki, lir hameng hameng kewala,
8. Hingkang putra timur samya dherek kalih, tan mawi hampilan, lawan hingkang dherek sami, sedayamapan mengkana,
9. Kangjeng Sultan mapan sampun rawuh ngloji, Jendral methuk hika, sareng tata lenggah sami, haneng paseratannira.
10. Pang sangsaya samya datan nyana hiki, yen temah mangkana, sabab Jendral sanget sandika, lan tan hewah lir hadatnya.
11. Hingkang dherek lumebet Sri Narapati, mring pangkeng punika, Pangran Dipanegareki, lan Basah Mertanagara.
12. Kaji ngisa lawan Khaji Badarroin, kalih Ponakawan, Rata Bantheng Wareng hiki, putra timur kalih hira,
13. Dn mas Joned kalawan Raden Mas Rahib, Jendral nanging tiga, hingkang tumut hamanggihi, dhateng Kangjeng Sri Nalendra.
14. Pan Residhen Palek Mayor Duktus hiki, Kapitan Rup hika, Basah Gondakusumeki, lan Basah Suryawinata.
15. Basah iman musbah samya, haneng jawi, lan kang pradipatya, sedaya pan munggeng kursi, samyahatingal kewala,
16. Marma heca sedaya kang tyas sami, Jendral pan tan hewah, patrapnya lir hadatneki, mengkana Jendral risnebda,
17. Mangke tuwan mapan sampun kondur malih, hinggih prayoginya, wontena ngriki pribadi, pan inggih lawan kawula.
18. Sri Nalendra mengkana ngandika haris, pan sebab punapa, yen kula tan haweh mulih, neng ngriki punapa karya,
19. Mapan kula prapta yun sobat sayekti, sadhela kewala, pan hadat jawa puniki, lamun sampun bakda pasa,
20. Hingkang hanom lumaku mring homahneki, hingkang prenah tuwa, ngilangken sagung puniki, marang sakeh luputira.
21. Hingkang tuwa Jendral pan mengkoten malih, dadya sama-sama, mengkana Jendral luhuri, pramila ngandheg kawula.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

22. Sabab sagung hingkang prekawis pan sami, yun ngrampungi kula, hinggih sadinten puniki, dadya kagyat Sri Nalendra.
23. Hangandika prakara punapa dening, Jendral mapan kula, yekti mapan datan mikir, lan datan derbe prakara.
24. Mapan nulya residhen palek turnya ris, pan Jendral punika, kalawan sakonca sami, selamenipun panduka.
25. Wonten ngriki mung prakawis kang den pikir, nulya Raden Basah, Mertanagara nahuri, sudara Sri Naranata.
26. Mapan hestu lamun tan galih prakawis, sakedhik kewala, marma sahenipun hinggih, mapan kondur sapunika,
27. Pan sumados hing dinten punapa panggih, Kangjeng Sri Nalendra, pan kelawan Jendral malih, Jendral mengkana sebdanya.
28. Nora kena pan harep hora sahiki, sun rampungi hiya, Kangjeng Sultan duk miharsi, wuwusira Jendral mengkana.
29. Mapan henget lamun tinitah Hyang Widi, ratu tanah jawa, kalawan ngiras prajurit, nulya henget satru hika,
30. Dadya ngadeg Sang Nata suraning galih, nulya hangandika, heh ta basakhena hiki, wong hanganjak padu nora.
31. Nana hiya hingkang dadi huwitneki, lan kelamun sira, mapan hayun bebeneri, sun tan jaluk bener sira
32. Lamun sira Jendral Dhekok ko sayekti, kudu padu ngajak, lah mara tekakna dhingin, Kurnel Kleres lawan Basah.
33. Karo hiku yen wis prapta ngarsa mami, Si Prawiradirja, lan Kurnel Kleres hiki, sun hayun priksa kewala.
34. Sabab hingsun prapta kene hiki, mapan nora sedya, hangluru pepadon mami, jaluk bener yen harepa.
35. Temahane hiya mengkono sireki, wong loro haturnya, sireku ngajak bedhami, mapan kelawan bicara,
36. Hingsun takon jawane bedhama yekti, tepung tuturira, bicara rembug kang becik, lawan dhingin hiya sira,
37. Pan kongkonan haweh tondha jaran siji, sobat tuturira, Mangunkusuma turneki, banjur sun takon tegesnya.
38. Hing jawane sobat hiku pan ngulihi, pesanakan hiya, ngilangken sakehe hiki, barang kaluputan padha,
39. Yen wong islam hangger wus tepung ya huwis, nging rembug kang hana, mapan lawan patutneki, hingkang padha renanira.
40. Dene sira wus haweh pratondha hiki, hangur hingsun hiya, mapan durung hanimbangi, pradene mengkono sira.
41. Sayektine hingsun datan harep hiki, hing kestorinira, marma Basah Kurnel hiki, karo padha tekakena.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

42. Jendral Dhekok tumungkul dennya nahuri, lamun tuwan nedha, dhatengipun kalih sami, sampun kasep sapunika.
43. Mapan nguni duk meksih siyam puniki, tan mundhut paduka, Kurnel Basah dhateng neki, rumiyin lamun mundhuta.
44. Sampun pesthi kula dhatengaken kalih, Jeng Sultan ngandika, heh Jendral Dhekok sireki, habanget dursilanira.
45. Nganggo mujar kelamun kasusu hiki, hiya hana hapa, lawan kala pasa dhingin, mapan sira nora montra.
46. Lamun duwe pingkir mengkono sireki, yen hingsun weruha, hatinira nora becik, pasthi sun kukuhi padha.
47. Karohiku hingsun nora haweh mulih, sabab hiku padha, kang duwe prakara dadi, marma sun banget pracaya.
48. Marang sira Jendral Dhekok sabab hiki, karo hiku padha, dene sira hakon mulih, sun duga yen wus tan ana.
49. Kang prakara mung rembug kang patut hiki, lan padha dhangannya pan hiki tetela mami, dursilane hatinira,
50. Pan duk hingsun hiya prapta kene dhingin, bagekake sira, meksih nebut nama mami, dursilane hatinira.
51. Pan ing mengko wus sun wenehake yekti, marang hanak hingwang, dadi pan tetela yekti, Jendral lamun rusuhsira.
52. Mapan bapa tinunggalan hanak hiki, hiya sebutira, Jendral Dhekok hanahuri, sarwi tumungkul punika.
53. Gih punapa dede nama tuwan nguni, pangeran punika, Dipanagara sayekti, kelawan malih kawula.
54. Mila taken hing karsa tuwan semangkin, tuwan mapan sagah, lamun tan gadhah prakawis, punika hing tanah jawi,
55. Haprang hingkang semanten laminireki, sinten pengagengnya, marmanya taken sayekti, kawula karsa paduka.
56. Kang semangkin mengkana sebda nerpati, heh ya Jendral sira, mapan takon nama mami, Pangeran Dipanagara.
57. Dhasar nyata Kangjeng rama kang marabi, kala dhinginhiya, nging samangko mapan huwis, sun paringkenputraningwang.
58. Hiku sapa lamun nyeluk sira hiki, marma dhingin sira, bagekake marang mami, mapan sun sahuri nora.
59. Malah banjur sira sun hungkurken dhingin, dene takon sira, hingkang dadi karsa mami, dhingin mangko hingsun hiya.
60. Nora seja duwe karep loro mami, sira pan wus wikan, hing sebarang karsa mami, mengko dadak pindho karya.
61. Lawan maning hiya namaningsun hiki, saben-saben sira, kirim layang lawan mami, nora howah sebutira.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

62. Namaningsun Kangjeng Sultan Ngabdul kamid, Komasaris Jendral, Dhebosan mengkana maning, nora howah sebutira.
63. Mengko dadak sireku ngowah-howahi, marma dadinira, hewuh basannya mring mami, lawan maning sira huga.
64. Tembung laku takon panggecene hiki, prang satanah jawa, pan hiya tan hana maning, Dhekok saliyaning hingwang.
65. Nging wong islam mapan nora tinggal huwit, sanadyan wong haprang, yekti hana tandhing neki, wong paduka na rewangnya.
66. Sira Jendral mung karepira pribadi, kang siranggo hika, dene hayun bebeneri, lah hendi kang padu hika.
67. Lamun dira kang padu di jeksa neki, yen mengkono sira, nging dursilanira dadi, hingsun tan weda palastra.
68. Bab ing haprang kabeh kang sun luput dadi, kabeh mapan derma, hanglakoni prentah mami, prang hikisatanah jawa.
69. Pan wus yekti lamun hora nana maning, jaba pinatenan, hingsun tan sedya gumingsir, nanging sun mekas mringsira,
70. Lamun mati pan hiki kunarpa mami, sira hulihena, marang jimat tan sebab dening, tunggal lawan garwaningwang.
71. Jendral Dhekok tan saged tumenga hiki, hesmu sanget wirang, sebarang kaweleh sami, dadya tumungkulkewala.
72. Ris turira mapan kawula sayekti, tuwan datan nedya, lamun hayun karya pati, dene prekawis punika.
73. Sagung serat mapan boten dados sami, lawan kang hagama, boten patut den turuti, sabab lamun tinurutan.
74. Mapan sun kados sanget hisinneki, Sang Nata ngandika, heh Jendral hingkang sun pikir, wong mengkono tekad hira.
75. Yekti hewuh yen mungguh hagama mami, lawan maning Jendral, sira nganggo mujar hiki, nora nuruti hagama.
76. Mapan hingsun nora sumedya sayekti, jaluk marang sira,hagamaningsun pribadi, hingkang sun lakoni hiya.
77. Nadyan silih sira wenehana mami, mring hagamanira, sayekti tan sudi mami, mapan hingsun gawe hapa.
78. Nanging hiku wong islam kang padha munkir, hayun hingsun tata, hiku hewuh haranneki, milu sira mapanora.
79. Melu hingsun mapan iku nora yekti, leh hapa harannya,wong mengkono patrapneki, Jendral hapa dhemen sira.
80. Wa semono coba padha konen milih, mring hagamaningwang, lan sira den pilih endi, jaba mengkono ketara.
81. Hingkang padha den hantepi hatineki, Jendral sahur ira, punika kula remeni, Kangjeng Sultan hangandika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

82. Yen mengkono Jendral kang sira dhemeni, hingsun wus tan bisa, lamun tepung lan sireki, kelawan maning bab layang.
83. Nora dadi mapan layang kabeh yekti, pan gaweyanira, lawan Jendral Dhebos hiki, dadi hora karepira.
84. Mapan layang hiku huga hujar yekti, hiya hujarira, lawan Jendral Dhebos dhingin, dadi hora karepira,
85. Hingsun hiki prapta nanging hayun nagih, hiya hujarira, kang padha neng surat dhingin, saguh ngestokhaken sira.
86. Jumeneng sun ratu islam tanah jawi, mengko sira bubrah, pan ingsun nanging nekseni, sebarang hing cidranira.
87. Kurnel Kleres mapan dhingin duwe jangji, marang hingsun huga, kelamun rembuk tan dadi, hingaturan balihingwang.
88. Mring Kejawan, Jendral mengkana turneki, yen tuwan wangsula, tan wande haprerang malih, Kangjeng Sultanhangandika
89. Wedi hapa haprang yen padha prajurit, lawan nyata lanang, Jendral Dhekok sahurneki, kelamun kados punika,
90. Mapan sampun kawula tan saged yekti, lamun ngrampunghana, sabab kula sapuniki, pan sampun kendel punika.
91. Hinggih wonten kang gadhah bebahan malih, wonten Salatiga, punika saged ngrampungi, sahe dhateng Salatiga
92. Kangjeng Sultan mengkana ngandika haris, nganggo kaliban, marang Salatiga mami, hiya Jendral hamek hapa.
93. Mapan hingsun hiki nora sedya yekti, jaluk benerira, marang Salatiga maning, hingsun Dhekok yen gelema.
94. Haneng kene bahe hingsun nora hapti, Jendral Dhekoknulya, medal gura gadhaneki, ngundang saradhadhunira.
95. Linnebetken sadaya dhumateng ngloji, mengkana winarna, Jeng Pangran Dipanagari, wantu meksih hanem ika.
96. Mapan lajeng jumeneng saking hing kursi, hemut prajuritnya, residhen kang den celaki, mengkana Sri Naranata.
97. Raden Basah Mertanagara hanuli, sampun kinejepan, lawan ngandika Nrepati, heh Jendral Dhekok ta sira.
98. Mapan gawe hewuh sebarang hireki, wus karsa Hyang Sukma, den Basah Martanagari, datan darbe napsu hika
99. Dadya mesem Sang Nata sareng ningali, dhateng RadenBasah, Khaji Ngisa Badarrodin , hemut mringpurbanning sukma.
100. Lawan hemut mring sagung rerepot sami, lan maringkanesthan, mengkana Sri Narapati, Jendral Dhekokmapan nulya.
101. Dipun candhak tangannya mring Sri Bupati, pan lajengbinekta, lenggah kursi panyjang hiki, nging Jendral nurut kewala,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

102. Pan sangsaya henget mengkana tyas haji, lamun matenana, hingsun marang Jendral hiki, nora becik temahira,
103. Dadi ngilanghake kramaning Nrepati, haprang mukhamukan, pan rusuh pocapanneki, tan karuwan hingkang cidra.
104. Seprandene sun wus tan derbe kanthi, haneng tanah jawa, hangur sun sumendhe tekdir, kang kari mongsa bodhowa.
105. Hanglabuhi hiya hing parentah mami, hing pati myang lara, pan wus hakeh kang nglakoni, mapan ngur sun belanana.
106. Sri Nalendra nulya kinen hanimbali, Mas Pengulu prapta, Jendral haris haturneki, dhumateng Sri Naranata.
107. Pan punika Mas Pengulu sampun prapti, Sang Natangandika, heh paran pengulu hiki, dene mengkene dadinya.
108. Mas Pengulu pan mengkana haturneki, prayogi Nalendra, sahudara dalem yekti, tinurutan haturira.
109. Dadya mesem Sang Nata ngandika haris, Mayor payomangkat, Jendral mengkana turneki, punapa tan mawi putra,
110. Lawan Basah hatenapi kang prajurit, Sang Nata ngandika, dhekok mundhak ngrerubedi, Sang Nata gya nitih kreta.
111. Ponakawan hingkang dherek mung satunggil, hanenggih Pun Rata, hingkang ngampil ganten haji, lan Kangpitan Rup punika.
112. Mayor Duktus hing wingking datan winarni, mengkana Nalendra, langkung wirang hing tyasneki pan wus sedyatilar donya.
113. Mapan nuju hing dinten hakhat puniki, hing kalihtanggalnya, wulan sawal tahunneki, jimmawal sri narata,
114. Jengkar ira nenggih saking tanah jawi, karsannya Nalendra, mapan lajeng minggah kaji, saking sanget wirangira.
115. Datan tolih mring sagung kawiryan hiki, myang sagung katresnan, kang hibu kang putra sami, hatenapi sagung wadya.
116. Nanging kantun ngentosi wektu Nrepati, kumambang wasesa, sumendhe tekdir Hyang Widi, nging sedya labuh kewala.
117. Lan ngantepi timbalan kang wus kawijil, marmannya mengkana, tyasira Sri Narapati, hing lara pati sumongga,
118. Haneng dunya nanging hingkang den labuhi, hubanggi Nalendra, lamun tan sageda wradin, Agami satanah jawa.
119. Marmanira temah mengkana karsaji, pan sangsaya kathah, kagagas driya Nrepati, nging wirang marang Hyang Sukma.
120. Tan winarna Sri Nalendra haneng margi, rawuhing Ngungaran, Mayor Duktus matur haris, punika loji Ngungaran,
121. Pan paduka kahaturan kendel ngriki, dhateng tuwan Jendral, Sang Nata ngandika hiki, hapa hiki Salatiga.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

122. Mayor Duktus mengkana pan haturneki, ngungaran punika, mesem ngandika Nrepati, dhasar mayor bapak ira.
123. Nging gorohe hingkang hana hiku yekti, yen mengkono sisan, hing Ungaran tuturneki, mapan cedhak hingSemarang.
124. Mapan hingsun mayor hayun hidhep hiki, hiya hing Semarang, payo banjur sesuk hiki, mayor marang hing Semarang.
125. Sareng dalu mengkana hingkang winarni, Pun Rata karuna, Kangjeng Sultan hatanya ris, pagenne sira karuna.
126. Hana hapa Pun Rata matur wot sari, yen pareng Nalendra, kawula hanuhun pamit, mantuk ngandika Sang Nata.
127. Sira mulih sapa kang ngladenni mami, Pun Rata haturnya, kang sinuhun kados pundi, mapan pun biyang punika.
128. Lamun boten huninga kawula yekti, hanglir tiyang hedan, mara yun mantuk rumiyin, murugi pun bok kewala.
129. Mapan badhe kawula hajak Nrepati, nusul mring paduka, mesem ngandika sang ngaji, hingkang tyas sampun huninga
130. Yen Pun Rata mapan giris haningali, mring sagung Welonda, hingkang dherek sang Nrepati, Pun Rata namung pribadya.
131. Heh ta Rata lamun sira harsa mulih, pan sesuk kewala, lamun hing Semarang prapti, hingsun hiki sayektinya.
132. Mapan hayun banjur lunga munggah kaji, senadyan pribadya, tan sedya hingsun hunduri, hiya gon ingsun mring Mekah.
133. Henenghena hing dalu kawarna henjing, mengkana wus prapta, hingkang methuk sing Semawis, husar kalawan kareta.
134. Sareng pukul pitu henjing Sri Bupati, budhal sing Ngungaran, Mayor lan Kapitan hiki, Pun Rata samya neng kreta.
135. Husar saking Magelang pan sampun tunggil, lan husar semarang, hing marga datan winarni, sampun rawuh SriNalendra.
136. Loji Bojong Rsidhen pan methuk sami, lan pra hupsirsamya, hingkang hageng-hageng hiki, lawan Dipati Semarang.
137. Hing samarga Magelang rawuh Semawis, Kangjeng Sri Nalendra, datan hewah niskareki, nging kuciwa mariyemnya.
138. Sareng sampun haso Kangjeng Sri Bupati, mengkana Pun Rata, mapan meksa nuhun pamit, dhateng Kangjeng Sri Nalendra.
139. Mayor duktus tinimbalan sampun prapti, Sang Nata ngandika, heh mayor hulihna hiki, sira ta marangMagelang.
140. mayor matur paduka sinten ngladosi, Sang Nata ngandika, hingsun mayor duwe maning, Ponakawan cilik hika.
141. Lamun gelem konen nusul loro hiki, mapan haranira, Bambang Mertaleksaneki, lawan Bantheng Wareng hika.

142. Lan wong wadon loro konen nusul hiki, Retnaningrum rannya, mapan lawan Retnaningsih, mayor sandika haturnya,
143. Nulya karya serat marang Jendral hiki, riwus sira dadya, Sang Nata ngandika malih, Mayor dene hiki sira ta.
144. Ora sira kon bareng lan layang hiki, mayor haturira, dereng wonten kang nyulihi, mengkana wus tan winarna.
145. Sagung hingkang tinimbalan samya prapti, lan bok-hipun Rata, myang sedherekira hestri, pan samya nusul punika.
146. Lan Den Ayu Dipayana sarengneki, lan Tumenggungira, Sang Nata pan ngantos lami, haneng Semawis mengkana.
147. Mapan nuju Sang Nata lenggah pribadi, nging lawan Pun Rata, Mayor Duktus sowan iki, dhumateng Sri Naranata,
148. Ris haturnya kawula, nuhun karsaji, punapa kang karsa, sampun lami neng Semawis, prayogi kondur kewala.
149. Lawan lajeng dipun jumenengken benyjing, Sultan Sri Nalendra, sareng mirsa haturneki, mayor duktus lajeng duka,
150. Heh ta mayor hingsun mulih hapa kardi, lawan maning sira, nganggo matur marang mami, den jumenengaken Sultan.
151. Pan kejaba wong picak budhek puniki, hiku nora wikan, lamun Sultan jeneng mami, nadyan picak budheg hika.
152. Kaya huwis weruh sun ratu jawi, gya Kapitan prapta, nusul sowan mring Nrepati, Sri Nalendra hangandika,
153. Heh Kapitan sira dhengrehena hiki, mayor karsaningwang, lamun sun tan sedya mulih, pan wus banget wirang hingwang.
154. Hiya lamun tan katekan karsa mami, banjur kaji hingwang, mring Mekah mayor sireki, tutura mringramakira.
155. Dadi hiki sagunge gennya ngrampungi, hing sun nama Sultan, wis Mayor hingsun tan sudi, tepungan lan ramakira.
156. Tutur lamun Salatiga kang ngrampungi, hiku dhuwurannya, wekasan tan hana yekti, mara hendi benerira.
157. Mung cidrane ramakira hingkang dadi, sun wus banget wirang, dene ramakireki, mayor gumujeng kewala,
158. Datan saged kelamun matura malih, lan Kapitan hika, nanging samya merbes mili, Sang Nata malih ngandika.
159. Heh ta mayor sun wis lawas tan na hiki, hiya neng Semarang, tuture ramakmi dhingin, mapan duwe dhedhuwuran.
160. Hiya Jendral pan dhebos harane hiki, kang hendi rupanya, Walonda wus hakeh hiki, hingkang nemoni maring wang.
161. Hingkang hana tengere kang gedhe hiki, mayor haturira, mapan meksih neng Betawi, Sri Nalendra hangandika.

162. Yen mengkono tan karuwan laku mami, dadi saya wirang, ramak ira ngapusi, lah mayor sira dugaha.
163. Lan Kapitan Jendral Pan Dhebos ku hugi, hapa kirim layang, hatawa prapta pribadi, Mayor Kapitan haturnya.
164. Kula nuhun mapan boten saged dugi, Sang Nata ngandika, lamun kirim layang hiki, lah mara pikirena padha.
165. Kaya paran hiya hing wangsulan mami, mayor lan kapitan, kalih mengkana turneki, pan langkung hawed punika.
166. Sabab dereng kantenan wit-ipun yekti, Jendral kajengira, gumujeng Sri Narapati, dadi lumrah yen mangkana.
167. Sumabarang nora bisa tunggal hiwit, ramak hira nora, ngendi hana ya wong hiki, ngajak padu nora nana.
168. Hingkang dadi wiwitan hayun beneri, hiya nora nana, hingkang jaluk bener yekti, tumungkul mayor Kapitan.
169. Henengena kawarnaha Sri Bupati, residhen pan sohan, humatur marang Nrepati, lamun Dipati Semarang,
170. Nuwun sowan lawan gangsal koncaneki, dipati sadaya, pasisir Sri Narapati, ngandika mapan tan harsa.
171. Hamanggihi mengkana yen den haturi, dhahar datan harsa, sabab dening kathah Hupsir, maring Residhen punika.
172. Lawan nyonyah marma Sang Nata tan hapti, nging mayor kewala, lan Kapitan kang ngladosi, kalamun dhahar Nalendra.
173. Mayor Matir dhumateng Sri Narapati, lamun hing ngaturan, tedhak dhumateng betawi, Jendral Pan Dhebos yun panggya.
174. Sri Nalendra mesem hangandika haris, becik mayor hiya, besuk hesnen hangkat mami, mengkana hingkang winarna,
175. Raden nayu retnaningum hing tyasneki, hajrih yen dherekka, wahu dhumateng betawi, dadya pamit mring Nalendra.
176. Nuwun wangsul mantuk dhumateng Mentawis, kathah hingkang samya, tumut nuhun mantuk sami, mapan linilan kewala.
177. Nging den Ayu Retnaningsih datan apti, tinantun punika, mantuk kedah dherek hiki, sanget lumuh yen kantuna.
178. Pejah gesang pan datan sumedya keri, kalih pawongannya mapan hingkang hanglabuhi, hanama bok tutur uga.
179. Mapan lawan Bok Sarinten namaneki, dene Ponakawan Pun Rata lan Bambang hiki, Mertaleksana punika.
180. Bantheng Wareng Sadikrama Rujak Beling, lawan sataruna, mapan hiku jaler hestri, Honggamerta punika mekana.
181. Jaler hestri lan bok hipun Rata hiki, westa Hamad Dolah, rujak gadhung rujak hiki, kecubung lan jagal,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

182. Raden Ayu Dipayana kedah hiki, dherek datan harsa, kantun wangsul mring Mentawis, pan lawan Tumenggungira.
183. Bekta renycang hestri satunggal westeki, pun Melik punika, sedaya pan sedya neki, handherak sakit palestra.
184. Henengena wus tan winarna sakehing, kang wangsul sadaya, sareng dinten hesnen hiki, Sri Nalendra lajeng budhal.
185. Sing Semawis nitih kareta Nrepati, myang sagung punika, tan hewah hurmat Nrepati, Kyahi Dipati Semarang.
186. Derek haken mapan lawan prahupsir, husar kang neng ngarsa, sarawuhmu hara puniki, nulya hanitih bahita.
187. Kapalhapi hingkang pinethukken hiki, husar wangsul samya, kalawan Kyahi dipati, residhen lan hupsir samya,
188. Nanging mayor hingkang dherek lajeng hiki, lan Kapitan hika, kapal api lampahneki, mapan langkung henggalira.
189. Kawan dinten Sang Nata rawuh Betawi, nulya labuh jangkar, haneng Muwara Betawi, Mayor Duktus gya kengkenan.
190. Ngrumiyini sung wikan mring Jendral neki, riwus Sri Nalendra, gya pinnethuk bahita lit, pan mawi tinarik jaran.
191. Kalih sareng sampun tedhak Sri Bupati, hingkang methukhika, nenggih residhen betawi, lan kang hageng-hageng hika,
192. Hing Betawi pan nanging Jendral pribadi, kang tan tumut hika, methuk dhumateng pasisir, langkung kathah hingkang kreta.
193. Lawan mawi baris datan ewah hiki, hurmatnya Nalendra, nging kuciwa mriyemneki, kang datan mawi punika.
194. Sareng sampun samya hatur tabe sami, nulya Sri Nalendra, mapan hingaturan nitih, kareta nging meksih hika.
195. Gennya nitih lawan mayor duktus iki, neng ngajeng pribadya, nulya residhen puniki, lawan Raden Ayu hika.
196. Retnaningsih Kapitan lan Suketaris, lan Den Ayu hika, Dipayana sareng prapti, Sang Nata gedhong bicara,
197. Gya Residhen mudhun saking kreta dhingin, ngampil hasta nata, Mayor Duktus pan nampeni, marang Raden Ayu hika.
198. Retnaningsih nulya lenggah Sri Bupati, tan hewah renggannya, hanglir hing Meteseh nguni, Bojong Betawi punika.
199. Nanging Jendral Pan Dhebos kang tan manggihi, dhateng Sri Nalendra nulya Residhen Betawi, Pan Der Kapen namengkana.
200. Hatur tabe nuhun pamit mring Nerpati, myang sakanycanira, Kurnel Mayor Suketaris, lan Hedler mapan sedaya.
201. Hingkang hageng-hageng samya bubar hiki, mantuk sowing-sowang, hingkang kantun hingarsaji, nging Mayor Duktus punika.

202. Lan Kapitan Rup ngandika Nrepati, heh Mayor temuwa, lawan Kapitan sireki, lan Jendral Pan Dhebos padha.
203. Hingsun kongkon hing mengko hingsun wus prapta, hapa kareppira, Jendral Mayor haturneki, sandika nulya lumampah,
204. Lan Kapitan wus lengser saking ngarsaji, pan wus tan winarna, hing dalu henyjang winarni, mayor lan Kapitan hika.
205. Samya sowan humatur mring Sri Bupati, sampun panggih kula, lan Jendral Pan Dhebos hiki, mengkaten wangsulanira.
206. Heh ta Mayor pan dhingin sobat sayekti, mengko pan baliya, hiya dadi sobat maning, wus padha balen kewala,
207. Sri Nalendra handangu mring mayor hiki, hana ngendi Jendral, mayor mengkana turneki, sampun mantuk sapunika.
208. Dhateng Bogor mapan sareng sampun nedhi, Sang Nata hatanya, hing wingi hana hing ngendi, mayor mengkana haturnya.
209. Wonten ngriki henengna wus tan winarni, mapan sabendana, Residhen sowan hangirid, kang hagenghageng punika.
210. Hingkang dereng panggih Jeng Sultan hinguni, pan wangkit Kapitan punika kang sapenginggil, kang sowan mring Sri Nalendra.
211. Mayor lawan Kapitan mengkana maning, mapan sabendina, hasowan mring Sri Bupati, wetara sadinadina,
212. Mayor duktus nuwun pamit mring Nrepati, matur yen den hundang, dhateng Jendral Dhekok hiki, wus nglilani Sri Nalendra.
213. Hangandika heh Kapitan Rup sireki, pa tan melu sira, Kapitan ris haturneki, sinuhun boten kawula.
214. Mapan teksih hanenggani Sri Bupati, malah yen kenginga, paduka tedhak mring pundi, hayun dhedherek kewala.
215. Sri Nalendra mesem hangandika haris, sun yun marangMekah, Kapitan Rup haturneki, senadyan tedhak mringMekah,
216. Mapan lajeng kawula yun dherek yekti, Mayor ris haturnya, punapa boten mameling, paduka dhateng kawula.
217. Mayor nora mapan mekas hapa mami, mayor duktus turnya, bilih hayun padukaji, nimbali putra lan Basah.
218. Sri Nalendra mengkana ngandika haris, yen sun nimbalana, mayor marang putra mami, sun duga hakarya susah,
219. Sababe ya meksih padha tanggung hiki, lawan tahu hika, mapan hanglakoni mukti, lan jembar pasabanira.
220. Sun neng kene pan kaya mengkene hiki, nadyan silih Basah, pan sangsaya hewuh maning, wus mayor hingsun tarima,
221. Oleh hira maringna mring hingsun yekti, nging besuk kewala, menawa na sih Hyang Widi, holeh dalan marang Mekah,

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

222. Hiku pasthi kabeh hanak putu mami, lawan Basah Basah, Tumenggung sagung prajurit, padha sun kon nari hika,
223. Sarupane wong jawa sun gawa khaji, hingkang gelem hika, heling mring panutanneki, hapa dene maring hing wang,
224. Pan ing mengko hingsun dhewe kang nglakoni, hiya lara wirang, neng dunya samangko hiki, Mayor lan Kapitan hika.
225. Sareng samya mirsa timbalan Nrepati, kalih pan karuna, Sang Nata ngandika haris, wus mayor sira mangkata.
226. Nanging hingsun nyangoni selamet hiki, marang lakunira, mengkana wus tan winarni, mapan hing waktu punika,
227. Kangjeng Sultan kelangkung hangarsi-harsi, mapan sampun lama, hangsalnya wonten Betawi, Jendral Pan Dhebos punika,
228. Mapan dereng wonten hantawis neki, Mayor haturira, sagahnya badhe ngantuki, sobat hanglir duk kingkina.
229. Nging Residhen saben dinten sowan hiki, ngirid hingkang samya, hingkang sowan mring Nrepati, kang tebih-tebih sadaya.
230. Pan Residhen Kurnel Hedler mapan sami, hingkang dereng panggya, kalawan Sri Narapati, mengkana kang kawarnaha.
231. Kapitan Rup hingutus mring Sri Bupati, mring Bogor punika, panggih lan Jendral puniki, Pan Dhebos karsa Nalendra,
232. Mertelakken sebarang kersa Nrepati, Kapitan wus mangkat, saking Betawi puniki, hing Bogor mapan wus prapta
233. Panggih Jendral Pan Dhebos Kapitan hiki, haris haturira, kawula hingutus yekti, dhateng sudara paduka.
234. Mapan kinen mertelakken karsaneki, yen dhangan paduka, pan mundhut tulung puniki, bahita kelawan yatra.
235. Dan wontena kalih kethi pasmat hiki, dene hingkang harta, mapan sumerepa hiki, kang yatra bandar punika.
236. Dene sagung hingkang sentana Mentawis, kang kantun sadaya, samya trimaha rumiyin, hadhahar pamedalira.
237. Hingkang siti lamun sampun jangkep, benyjing, pan tuwan wangsulna, hinggih harta kalih kethi, mring Mentawis malihika,
238. Milannipun sudara paduka yekti, mekaten karsannya, mundhut harta kalih kethi, dinamel sangu cekapa.
239. Sabab badhe binekta sadaya sami, hingkang putra wayah, myang sentana Basah hiki, Tumenggung prajurit lawan,
240. Sagung jawi kang purun binekta kaji, nanging Sri Nalendra, datan sedya kondur malih mring tanah jawa pribadya.
241. Dene sagung pan sasenengnya pribadi, Jendral sareng mirsa, Kapitan Rup haturneki, kendel dangu tanngandika.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

242. Riwus sira mengkana wangsulanneki, Kapitan mulih ya, matura sesuk pan mami, hayun mrona pribadya.
243. Kapitan rup wus lengser prapta Betawi, lajeng sowan Nata, wus katur niskara neki, Jendral Pan Dhebos welingnya.
244. Sri Nalendra mapan sanget ngarsi harsi, marang praptanira, Jendral Pan Dhebos puniki, mapan sampun tigang dina,
245. Dipun hantos Jendral mapan dereng prapti, nulya Sri Nalendra, pulisi kinon nimbali, mring Kapitan Rup wus prapta,
246. Dereng dangu nulya na hutusan neki, Jendral mapan ngundang, mring Kapitan Rup puniki, pan dhumateng Bogor hika.
247. Nulya pamit Kapitan mring Sri Bupati, pan lajeng kewala, saking ngarsanya Nrepati, Kapitan Bogor wus prapta.
248. Kapitan rup mengkana pan sampun pangih, lan Jendralpunika, Jendral Pan Dhebos ling baris, Kapitan marmane sira.
249. Hingsun hundang sun hayun merana dhingin, mapan banjur lara, pan kaya mengkene hiki, pan tan kena hingsun peksa.
250. Nanging hatining sun wus terang sahiki, yen ban Khaji hika, hingsun tan wani ngrampungi, sabab durung hana hika.
251. Hingkang hadat yen wong gedhe munggah Khaji, hingsun hayun nrerang, mring Negara Wlonda dhingin, dene bab ing sangu hika.
252. Lan preratu mapan rup hingsun saguhi, kelamun wus terang, sing raja Welonda hiki, sun dhingin hayun kongkonan.
253. Gelisira sun wetara pitung sasi, hangkat hulihira, mapan dadi pak belas sasi, marma becik hing ngantenan.
254. Neng Menadhu mapan kiwa lawan sepi, gedhe homah hira, lan jembar polatanneki, lan perak gunung segara.
255. Kebon jembar hakeh hobat becik-becik, lamun hayun dolan, mring gunung pan prerak hiki, haneng hing kene pan hiya.
256. Nora nana lamun hayun dolan hiki, lawan srerawungan, lan wong hakeh kene hiki, sireku weruh pribadya.
257. Tutur ira jare dhemen hingkang sepi, neng Menadhukana, tan hana kuciwa neki, lan maning Kapitan sira.
258. Pan dene hundang marang Kurnel Kokis hiki, kabeh kanycanira, saradhadhu susah hiki, Kapitan tan hana sira,
259. Lawan banjur pamittana Rup sireki, Kapitan Rup nulya, lengser saking Bogor hiki, datan winarna neng marga.
260. Sampun prapta Betawi Kapitan nuli, henyjang sowan nata, wus katur niskaraneki, Jendral Pan Dhebos welingnya.
261. Sri Nalendra mengkana ngandika haris, kapittan tutura, mring Jendral tarima mami, dene sun kon nganti hiki,

262. Neng Mennadhu hangenteni praptaneki, Jendral kongkonannya, yun nrerang mring raja neki, nanging sakalane hika.
263. Durung prapta Jendral pan kongkonnanneki, hingsun titip hika, kabeh hanak putu mami, kalawan sadulur hing wang.
264. Lawan maning hing Tegalharjaku hiki, lan sebalannira, pan sun wenehaken iki, marang Si Dapanagara.
265. Sakalanne hingsun durung munggah kaji, nadyan besuk hiya, lamun prapta Mekah mami, hingkang gumantung tyas hingwang.
266. Nora seja Kapitan sun mulih maning, nanging kang sun seja, mati haneng daganneki, hiya Kangjeng Rasullolah.
267. Marma besuk menawa hana kang mulih, hiku ya Kapittan, mapan hingsun hiya titip, mring Jendral mongsa bodhoha,
268. Pan wong hakeh Kapitan hiku wus pesthi, mapan warnawarna, hatine tan nunggal hiki, senadyan sedulur hingwang.
269. Kawan hanak wus pesthi tan nunggal hiki, lawan hatiningwang, lamun padha harep mulih, mring jawa hingsun pan lega.
270. Marma hingsun titip mring Jendral sireki, sebarang sun wekas, sabab menawa sun iki, tan nganti maning bicara,
271. Lawan hingsun marma hasangu rong kethi, pan hiya cukupa, ginawe sangu lan mulih, kalawan maning hanaha,
272. Kang pinangan hingkang meksih tunggu mami, hiyahaneng Mekah, cukupa marma sun iki, hasangu rongkethi hika.
273. Lan prerahu marma jaluk tulung mami, pan iku kenaha, tinunggangan hingkang mulih, marma kabeh pratelakna.
274. Marang Jendral Pan Dhebos sakarsa mami, lan maning Kapitan, hingsun banget lega yekti, sira mulih mring Mentaram.
275. Pan den bisa sireku ngopen-hopeni, mring kang keri padha, sabab bocah padha maksih, tanggung pesthi keh kurangnya.
276. Hingkang pikir lawan maning jaluk mami, hiya marang Jendral, hiya Walonda sawiji, sun gawe lelirunira.
277. Nging kang bisa cara jawa lir sireki, sabab hingsun hiya, cara Lumayu tan ngreti, Kapitan matur sandika.
278. Sri Nalendra mengkana ngandika malih, heh Kapitan sira, tutura mring Jendral hiki, Pan Dhebos lan jangji hingwang,
279. Sagoningsun mapan nora gelem mami, haneng ngisorira, Residhen kelawan maning, haja den ladaki padha.
280. Dene hangkat ingsun besuk hesnen hiki, mapan dhemeningwang, wus Kapitan Rup sireki, tutur mring Jendral sira.
281. Lawan soma haja sira hangowahi, sebarang karsengwang, mring Jendral Pan Dhebos hiki, heh wus Kapitan mangkatta.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

282. Tur sandika Kapitan Rup lengser nuli, sing ngarsa Nalendra, mapan lajeng mangkat hiki, mring Bogor datan winarna.
283. Haneng marga hing Bogor kapitan prapti, pan lajeng hingundang mring Jendral Pan Dhebos hiki, dhumateng pangkeng kewala.
284. Sabab Jendral teksih sanget gennya sakit, pan kalih tileman, wahu denira manggihi, mring Kapitan Rup punika.
285. Mapan wektu punika nagri Betawi, pageblug pan lagya, kapitan matur haris, mring Jendral hingkang niskara.
286. Datan kirang sebarang karsa Nrepati, Jendral ris sebdannya, heh Kapitan sun saguhi, hingkang tinitipken padha.
287. Lawan Tegalharja pan sebalanneki, pinaringken hika, mring Pangran Dipanegari, mapan sun turuti hiya.
288. Mapan mangkat hesnen hiku mapan maning, hing sakarsanira, hiki bakal layang neki, kang sun gawakhake hiya.
289. Marang Kurnel Kapitan parentah mami, mring Residhen kona, lah mara delengen hiki, lamun Kurang wahonana.
290. Sakarsane mapan sun nurut sayekti, lan jaluk Welonda, siji hingkang bisa hiki, cara jawa lirunira.
291. Hiya hana kene pan hajidan mami, hiku saguh bisa, cara jawa nanging cilik, luguhnya Litnan kewala.
292. Bener luput mapan hingsun nora ngreti, sesuk sun kon mrona, Kapitan wus tan mahoni, marang Jendral seratira.
293. Hingkang badhe mring Residhen Mennadhu hiki, Jendral parentahnya, kang binektakhaken iki, mring Kurnel hinggih punika.
294. Sampun rampung sedaya sagung karsaji, Kapitan Rup nulya, kinon matur mring Nrepati, mengkana wus tan winarna.
295. Sampun prapta lajeng sowan mring Nrepati, Kapitan Rup nulya, humatur niskaraneki, Jendral Pan Dhebos welingnya.
296. Karsa haji Jendral Pan Dhebos nyagahi, pan wus tan winarna, sareng dinten hesnen hiki, Residhen Betawi nulya.
297. Sareng henjing sowan lawan Suketaris, lan sampun sumekta, sebarang gya budhal haji, saking Betawi punika.
298. Lan Kapitan herup mapan datan keri, Kurnel kalih ika,hingkang dherekken Nrepati, pan samya nunggangkareta.
299. Lawan sagung ponakawan para nyahi, mengkana Nalendra, rawuh Muhara Betawi, lajeng hanitih bahita.
300. Halit lawan Residhen Panderkapenni, Kurnel kalih hika, Kapitan Rup Suketaris, lan Raden Ayu kalihnya.
301. Pan Residhen Panderkapenni turneki, sampun susahnata, sebarang kang karsa benyjing, mapan dhawuhnakewala,

302. Mring Residhen Menadhu kelawan malih, sampun supe benyjang, paduka mring kawuleki, mesem ngandika Nalendra.
303. Heh Kapeni lamun hana karsa mami, pesthi sun kongkonan, kang mundhut marang sireki, Residhen haris haturnya.
304. Langkung tebih Menadhu lawan Betawi, hing ngriki kewala, Residhen tan sanes hugi, mapan kalawan kawula.
305. Sampun rawuh hing kapal prang Sri Bupati, Kurnel kalih nulya, methuk lan hajidanneki, lawan para hupsir kapal.
306. Riwus sira minggah kapal lawan sami, Den Ayu kalihnya, ponakawan para nyahi, residhen betawi nulya.
307. Nuhun pamit Kurnel lawan Suketaris, myang Kapitan hika, Herup marang Sri Bupati, pan wus linilan sadaya,
308. Kang gentosi Hajidan lan Kurnel hiki, dherekken Nalendra, sedasa hingkang prahupsir, saradhadhu kawan belah.
309. Nulya babar layar mangkat sing Betawi, mring Menadhu hika, mapan datan hangsal hangin, langkung remben kang bahita,
310. Lawan laknat mapan kathah hingkang sakit, myang kang lajeng modar, sajroning bahita sami, susah kang tyas Sri Nalendra.
311. Bok menawa telas jidhet tan dumugi, Menadhu punika, mengkana wus tan winarni, hing Menadhu sampun prapta.
312. Mapan ngantos kalih tengah wulan iki, lampahnyaNalendra, Menadhu saking Betawi, sabab tan wonten hanginnya.
313. Ri sawusnya nulya tedhak Sri Bupati, sing kapal punika, pan lajeng ngaturan manyjing, hing kitha Menadhu hika.
314. Residhennya methuk Pitermat westeki, pan wus tan winarna, tan hewah hanglir Betawi, sagung hingkang saneskara.
315. Pitung dinten Kurnel hinggih nuhun pamit, lan hajidan hika, myang sagung hingkang pra hupsir, mantuk mring Betawi hika.
316. Kang tinilar pan nanging Litnan satunggil, saradhadhunira, seket langkung tiga hiki, hingkang tengga Sri Nalendra.
317. Haneng kitha Menadhu Kurnel winarni, lan hajidan hika, humatur marang Nrepati, paduka mapan ngaturan,
318. Dhahar dhateng Jendral Pan Dhebos puniki, nem atus sawulan, tigang ngatus pethakneki, habrit tigang ngatus hika.
319. Saben wulan nem atus nebda Nrepati, ya Kurnel tarima, Kurnel nulya matur malih, paduka meling punapa,
320. Lawan malih punapa tan kintun tulis, mring Jendral paduka, Nata mesem ngandika ris, pan hingsun tanderbe karsa.
321. Kirim tulis pan ingsun tan bisa nulis, nangingtabeningwang, sira tekakhena hiki, mring Jendral PanDhebos hiya.

WWW.ALANGALANGKUMITIR.WORDPRESS.COM

322. Kurnel hinggih lan hajidan haturneki, pan samya sandika, mengkana wus tan winarni, hing Menadhu kawarnaha.
323. Mapan langkung pageblug hageng dhatengi, laknat kathah modar, mengkana wus tan winarni, Residhen Pitermat hika.
324. Nuwun priksa dhumateng Sri Narapati, punapa karsa bab paduka rawuh hing ngriki, mesem ngandika Nalendra.
325. Heh Residhen lamun takon hingsun jangji, hapa sira bisa, nekakhake layangneki, marang hing Raja Welonda.
326. Lamun saguh ya sira hingsun turuti, marma hingsun prapta, hiya hing Menadhu hiki, yen tan saguh tan pakarya.
327. Hingsun haweh khabar yekti mring sireki, Residhen pan sagah, hanulya dipun paringi, sarta malih duk wiwitan.
328. Ngantos prapta wekasan Minnadhu hiki, Residhen Pitermat, sareng mirsa yektosneki, dadya sanget hisinira,
329. Sabab dene bangsanira cidra sami, pinuju sageda, kendel haprang cidra hiki, mengkana wus tan winarna.
330. Sareng sampun lami Sri Bupati hiki, wonten hing kitha, Mennadhu sangsaya hiki, gung coba mring Sri Nalendra.
331. Hingkang rayi pribadi sing karya hiki, lingsem mring Nalendra, Den Ayu Dipayaneki, pan katut Tumenggungira.
332. Nging Sang Nata pan wus tan ningali kalih, nging Allahtangala, kang linindhungan Nrepati, lan supangat Nabi kita.
333. Siyang dalu mengkana marma Hyang Widi, Raden Ayu babar, Retnaningsih jalu hiki, mapan hanuju tahun dal,
334. Wulan sakban tanggal sapisan puniki, dinten rebo hika, dalu wanci pukul kalih, mapan pinaringan nama.
335. Mring kang rama Kangjeng Sultan Ngabdul kamid, Raden mas punika, Menadhu Rahman puniki, tamate serat punika.
336. Mapan samya tahun dal nging wulanneki, ramelan nging tanggalira, sapisan jumengah wanci, bakda luhur hingkang dina.
337. Mapan meksih haneng jroning kitha hiki, Menadhu punika, walahuaklam hing benjing, harsaning Allahtangala.
338. Nanging hingkang sinuwun hing siyang latri, mring Allah-tangala, kalawan supangat nabi.

@@@